

E. W. Védrine – *Yon koudèy sou pwoblèm lekòl Ayiti*

## ***YON KOUDEY SOU PWOBLEM LEKÒL AYITI***

Copyright © 2007 Emmanuel W. Védrine

*A look at the problem of schools in Haiti*  
(Text written in *Haitian Creole*)

**Note:** *Atlantic Creole, Creole linguistics, Education in Haiti, Document on the problem of schools in Haiti, French Creole, French-based Creole, Haitian Creole, Haitian language and culture, Haitian linguistics, Haiti's language, Teaching materials for Haitian Bilingual*

*Second edition (2007, electronic version) revised and updated by the author*  
Copyright © by Emmanuel W. Védrine

2èm edisyon (2007), vèsyon elektwonik  
revize e ogmante - Janvyè 2007  
Dwadotè © Emmanuel W. Védrine

*First edition 1994*  
*Publisher: Soup to Nuts.*  
*Cambridge, Massachusetts*

*ISBN 0-938534-28-9*

*Library of Congress Catalog Card #*  
*94-65943*  
Dwadotè © 1994, (premye edisyon)

For information | Pou enfòmasyon

E. W. VEDRINE CREOLE PROJECT  
P.O.Box 255110  
Boston, Massachusetts 02125-5110 (USA)  
evedrine@hotmail.com, e\_vedrine@yahoo.com

## **TAB MATYÈ YO**

### **ABSTRÈ**

### **ENTWODIKSYON**

#### **CHAPIT I**

##### **1.0. LEKÒL AYITI**

- 1.1. Santralizasyon lekòl nan kapital la
- 1.2. Sou refòm eskolè Ayiti
- 1.3. Santralizasyon lekòl o nivo nasyonal
- 1.4. Yon nouvo metòd pou anseye nan tout nivo
- 1.5. Prepare pwofesè pou anseye
- 1.6. Chanjman nan korikilòm
- 1.7. Yon salè rezonab pou pwofesè
- 1.8. Baz lengwistik refòm nan ta dwe chita sou lang matènèl la

#### **CHAPIT 2**

##### **1.9. RESTRIKTIRASYON LEKÒL AYITI**

- 10.0. Leta
- 10.1. Monopòl lekòl
- 10.2. Anseyan (fòmasyon yo)
- 10.3. Elèv
- 10.4. Ki jan elèv ka ede nan devlopman Ayiti?
- 10.5. Fidbak (reyaksyon)
- 10.6. Ki koutmen edikatè ka bay Ministè Edikasyon Nasyonal?
- 10.7. Korespondans ak anseyan Ayiti

#### **CHAPIT 3**

##### **10.8. PLAN POU DEVLOPE TI LEKÒL KOMINOTÈ AYITI**

- 10.9. Pwojè alontèm
- 11.0. Objektif
- 11.1. Monitè
- 11.2. Peye monitè
- 11.3. Sipèvizyon monitè
- 11.4. Fon
- 11.5. Materyèl didaktik
- 11.6. Kreye sal resous (ti bibliyotèk anndan lekòl)
- 11.7. Nivo lekòl sa a
- 11.8. Trening pou monitè yo

#### **CHAPIT 4**

##### **11.9. ANFAZ SOU RECHÈCH: PWOBLÈM AK SOLISYON POU ELÈV AYISYEN**

12.0. Pwoblèm dokimantasyon pou fè rechèch Ayiti, sou Ayiti

12.1. Ki koutmen Kiba ka bay Ayiti nan domèn edikasyon ak rechèch?

#### **CHAPIT 5**

##### **12.2. ENFLIYANS EDIKASYON AYITI GENYEN SOU ELÈV AYISYEN KI VIN LEKÒL ETAZINI**

12.3. Pwoblèm elèv bileng ayisyen ka konfwonte nan lise ameriken

12.4. Sistèm lekòl Ayiti ak Etazini (nivo segondè)

12.5. Dezavantay kèk lekòl segondè ameriken

12.6. Rate materyèl nan Pwogram Bileng Ayisyen (Etazini)

#### **CHAPIT 6**

##### **12.7. ALE NAN KOLÈJ (ETAZINI): PWOBLÈM AK SOLISYON POU ELÈV AYISYEN**

#### **CHAPIT 7**

##### **12.8. LANG AN(N) AYITI AK NAN LEKÒL**

12.9. Dyalèk, varyasyon dyalektal

13.0. Sa Ayisyen panse lè moun ap pale fransè Ayiti

13.1. Ki lang ki dwe itilize nan lekòl Ayiti? Èske si sèl lang kreyòl la te ofisyèl 100% (san pou san) moun t ap konn li ak ekri?

#### **CHAPIT 8**

##### **13.2. KREYÒL AK LANG ETRANJE NAN LEKÒL AYITI**

13.3. Konplèksdenferyorite lengwistik

13.4. Ki jan lòt edikatè ayisyen wè ansèyman lang kreyòl la Ayiti ak lòt lang

13.5. Ansèyman lang etranje nan lekòl Ayiti

13.6. Fransè kòm lang dominan nan lekòl Ayiti

#### **CHAPIT 9**

##### **13.7. SELEBRASYON MWA KREYÒL: MWA JEAN-JACQUES DESSALINES**

## CHAPIT 10

### FASON KÈK EDIKATÈ WÈ ITILIZASYON KREYÒL NAN LEKÒL

13.8. Itilizasyon kreyòl nan lekòl Ayiti: estrè nan yon chita pale ak André Vिलाire Chéry

13.9. Nan ki lang pwofesè yo pale nan saldeklas?

14.0. Òtograf ofisyèl la

14.1. Kreyòl ak refòm edikatif Bernard la

14.2. Kreyòl nan lekòl Ayiti: pwoblèm ki prezante ak manifestasyon ensekirite o nivo idantite

14.3. Itilizasyon ak pèsepsyon kreyòl nan lekòl Ayiti

## CHAPIT 11

### 14.4. YON PWOGRAM MILTILENG PA SOLISYON VRÈ PWOBLEM LEKÒL AYITI

14.5. Nan ki lang vrèman elèv dwe jwenn pen lenstriksyon?

14.6. Men edikasyon nan lang matènèl la p ap izole pèsòn, okontrè se yon avantaj bab e moustach pou edike pi rapid ladan

14.7. Sitiyasyon lengwistik Ayiti pa menm ak lòt peyi ki itilize plis pase yon lang

14.8. Valorizasyon lang vènakilè a

14.9. Sou lang matènèl Ayiti ak frankofoni

15.0. Fidbak (reyaksyon) kèk natifnatal sou itilizasyon kreyòl

15.1. Rezime sitiyasyon lengwistik Ayiti: bilan ak previzyon

## APENNDIS

Pati A: Kèk kesyon pou ouvè deba sou pwoblèm edikasyon Ayiti

Pati B: Yon koudèy sou pwoblèm lekòl Ayiti: kesyonè - sikilè

Pati C: Devlopman materyèl didaktik an kreyòl, entèvyou #1

Pati D: Devlopman materyèl didaktik an kreyòl, entèvyou #2

Pati E: Devlopman materyèl didaktik an kreyòl, entèvyou #3

Pati F: Devlopman materyèl didaktik an kreyòl, entèvyou #4

Pati G: Konbit piblikasyon elektwonik pou ede nan difizyon lang kreyòl la Ayiti

Pati H: Konsèy pou paran (nivo elemantè: matematik, lekti, jeneral)

Pati I: Rechèch bibliyografik sou kreyòl ayisyen: *An annotated bibliography on Haitian Creole: a review of publications from colonial times to 2000*

\* \* \* \* \*

«Ansèyman an(n) Ayiti pa t janm reyèlman preyokipe elit yo. Li te toujou konsidere yon cheval batay pou kandida alaprezidans. Men yon fwa yo fin monte sou pouvwa, rapidman, yo bliye pwomès yo. Se youn nan rezon ki fè Ayiti rete yon peyi kote analfabetis koze ravaj yon fason dramatik» (Jean Metellus, *Haïti une nation pathétique*(1).

«Demisyon leta nan zafè edikasyon depi nan tan menmbo rive jouk jounen jodiya, anpwazonnen sektè fè lekòl la ak lespri fè lajan an, se bagay sa yo ki esplike an gwo kalte glise desann nivo lekòl nan peyi d Ayiti a ak kesyon lekòl k ap pwodui yon bann ak yon pakèt entelektyèl zoukoutak ki pa kapab reflechi, ki pa kapab panse ...

Jounen jodiya kisa lekòl peyi d Ayiti bay? Kisa leta peyi a bay? Si nou rete de bra kwaze, kisa lekòl Ayiti ak leta ap bay nan jou k ap vini yo? Èske se pa devwa dirijan kounye yo pou yo pran, prese prese, tout kalte mezi pou sitiyasyon gògmagòg sa a ki dire twòp deja kote premye viktim yo se avan tout lòt elèv yo, pwofesè yo, paran yo e apre nasyon an ...?»(2).

«Pou ki rezon sistèm lekòl Ayiti a tèt anba? Anvan moun reponn kesyon an, se pou yo chonje lekòl fèt pou moun, espesyalman pou timoun. Timoun gen entelijans tankou yo gen je, janm, pye. Pye tout timoun sou latè gen menm wòl: se kanpe, mache, kouri, sote, glise. Men pye ti Ayisyen ki Ayiti pa pile lanèj ak glas tankou pye ti Kebekwa ki Kanada. Pye ti Kanadyen o Kanada ki pwonmennen nan bwa pa pile po kann, po bannann, fèy veritab, fèy labapen, fèy mango, tach palmis. Je yo pa wè pòpòt bannann, rejim bannann, kokoye, papay, kenèp, pat lalwa, vetivè, zandolit ak mabouya. Se lòt bèt yo wè, se lòt fèy nan bwa yo wè. Men se menm travay je yo fè ak je ti Ayisyen an(n) Ayiti...». (Iv Dejan, *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba*, pp.259)

«Ayisyen konprann valè edikasyon, e yo reyalize ke edikasyon se youn nan sèl fason pou sòti nan povrete. Ti Ayisyen konnen edikasyon se yon privilèj, epi yo fyè pou abiye ak inifòm lekòl yo . . . Pifò fanmi fè gwo sakrifis pou voye pitit yo lekòl – y al san manje. Yo travay depi solèy leve jis solèy kouche nan mache yo . . . Sa k pi touchan, menm avèk tout sakrifis sa yo sa pa sifi pou peye 14 ane lekòl suivi suivi pou yon elèv fini lekòl segondè. Sèlman 5% (senk pou san) timoun ki kòmanse lekòl rive fini». (ii)

\* \* \* \* \*

## ABSTRÈ

Dokiman sa a pibliye deja sou fòm liv (an 1994), men li pa t gen tout nouvo enfòmasyon sa yo ki ajoute, revize ak sa k diskite nan plizyè chapit ak mizopwen sou **pwoblèm lekòl Ayiti** (sijè prensipal la), ansanm ak kèk entèvyou kle mwen te twouve enpòtan ki ta ale ak filozofi rechèch la. Entèvyou sa yo gen pou wè ak **enpòtans devlopman materyèl didaktik**. Pa ka gen lekòl tout bon san materyèl didaktik pou anseyan ak elèv jwenn, e si nou vle wè bonjan lekòl kote lang kreyòl la ta dwe jwenn tout plas ke l merite, nou kwè li enpòtan pou leta ak tout moun ki konsène (pwofesè lekòl, otè, chèchè, moun ki ta renmen wè chanjman) panse a enpòtans *devlopman materyèl didaktik an kreyòl*.

Nan diskisyon sou **itilizasyon kreyòl nan saldeklas la**, bon nou konnen jounen jodiya se yon reyalye li ye: **kreyòl domine nan tout sans o nivo oral**, men li poko domine nan nivo ekri; sa vle di, sipoze gen devlopman materyèl an kreyòl ki kouvri tout sijè, tout nivo, tout aspè, ak tradiksyon liv ki sipoze fèt (patikilyèman liv elèv bezwen, liv y ap itilize kòm tèks), e se sa ki kapab pèmèt elèv li lè yo ka jwenn liv an kreyòl aladispozisyon (sou tout dimansyon) nan lekòl, nan bibliyotèk piblik kou prive.

Lè nou gade gwo pwoblèm Ayiti nan tout domèn, li enposib pou tout Ayisyen ta rete tann se leta ki pou ta vin fè tout bagay depi «**A**» jiska «**Z**» pou peyi a vanse. Wi, n ap di patisipasyon leta enpòtan e li sipoze omniprezan nan tout gwo desizyon ki gen pou pran nan peyi a, e pou byennèt peyi a. Men an menm tan tou, fò tout moun (san distenksyon kòmanse) chanje atitid ak fason yo panse e sou sa, nou kapab repete yon fraz

trè enpòtan nan youn nan diskou prezidan John F. Kennedy: «*Pa mande sa peyi w fè pou ou men mande pito sa ou ka fè pou peyi w*». Se yon fraz ki gen yon enfliyans kapital jounen jodiya, kote plizyè endividi tout kote nan lemonn (patikilyèman sa yo k ap viv nan dyaspora, lwen peyi yo) ap chèche yon mwayen kèlkonk pou ede peyi yo jan yo kapab. Donk nou panse li trè enpòtan pou Ayisyen panse tou nan sans sa a e konsa, sou pwoblèm lekòl Ayiti, nou ka di: *pa mande sa lekòl Ayiti fè pou ou men mande pito sa w ka fè pou lekòl Ayiti.*

Rechèch sa a, kòm nou remake, divize an 11 chapit (plis apenndis, bibliyografi, nòt) ak detay. Sètènman, se premye gwo rechèch ki blayi sou entènèt la an kreyòl sou **pwoblèm lekòl Ayiti**. Mwen deside mete l sou entènèt la dekwa pou tout Ayisyen ka gen aksè avè l (pou pa di pa gen dokiman sou sijè a), pou sa yo ki konn li (fransè, kreyòl) fè efò li l, e pa sèlman sa, men reflechi tou sou li dekwa pou chak moun antre nan yo menm pou kòmanse pran konsyans de sitiyaasyon grav sa a nan lakou lakay, e kisa chak kapab fè pou ede Ayiti, kèk lekòl, kèk pwogram alfabetizasyon, sipòte moun ak gwoup moun k ap eseye fè yon travay kèlkonk pou ede Ayiti (pa sèlman nan domèn lekòl). Mete ou alèz pou enprime dokiman sa a pou fè plis kopi l pou lòt moun (si l posib), epi moun ki gen askè a gwo zouti ki rele **entènèt la** ki konn ekri va panse mete kèk dokiman gratis ti cheri tou sou li pou ede lekòl Ayiti oubyen pou pote yon kontribisyon kèlkonk nan domèn sa a.

Ak gwo **pwoblèm dokimantasyon** Ayiti ap konfwonte depi lè konkonm t ap goumen ak berejèn, nou si e sèten ke gen kèk kolòk, papye ki ta prezante sou tèm nan (pa tèlman lontan), e ke yo pa ta parèt nan bibliyografi rechèch

sa a. Men malerezman, pa egziste yon seri **sant rechèch ayisyen** byen ekipe pou ta fè yon seri enfòmasyon sou Ayiti pase trapde ni yon seri revyè literè ou peryodik ki ta sòti regilyèman (byenke pa reyèlman gen anpil), e ke moun ta jwenn yo fasilman pou fè rechèch. Epi tou, majorite Ayisyen k ap fè rechèch pa sèvi ak entènèt la kòm sadwa pou ta pibliye rechèch yo fè (dekwa pou lòt moun ta gen aksè a yo, kritike yo) oubyen pou ta fè yon jan pou yo parèt nan yon paj wèb kèlkonk.

An tèm **estativistik** (oubyen chif) sou yon seri **done** enpòtan konsènan pwoblèm lekòl Ayiti, pou nenpòt moun k ap fè rechèch y ap wè an majorite, done sa yo ta date depi yon ventèn ane. Donk sa pa grav pou ta repete enfòmasyon lontan sa yo (la a) ki pa touche reyalye resan sou pwoblèm nan (byenke nan rechèch sa a gen kèk referans ki ta date plis pase ventan, men sa enpòtan pou mansyone). Men, kòm se yon dokiman ak yon vèsyon elektwonik (avan li ta parèt sou fòm liv), donk nou espere jwenn kèk dokiman resan sou kèk done (atravè kontak dirèk sou teren an, Ayiti) dekwa pou anbeli rechèch la. Ou menm, lektè, kritik, pa ezite voye kòmantè ou bay otè a. Finalman, malgre tout kritik ki ka fèt sou *pwoblèm lekòl Ayiti*, ti efò senp sitwayen bon kè ka fè, men si leta (ki gen pouvwa fè e defè), pa pran desizyon vrèmanvre pou jwe patisyon pa l, n ap met plizyè pwendentewogasyon sou ki lè vrè chanjman yo va tanmen toutbon o nivo nasyonal dekwa pou tout pitit peyi a ta benefisye de yon edikasyon (gratis jiska yon sètèn nivo) jan konstitisyon an deklare l.



## ENTWODIKSYON

Li enposib pou ta layite rechèch sa a sou entènèt la san koutmen enfatigab wèbmastè paj wèb peyi kreyolofòn yo ([Potomitan.info](http://Potomitan.info)), **Francesca Palli**. Avèk èd imanis sa a, li tounen yon gwo resous pou tout peyi kreyolofòn nan lemond kote depi kèk ane li tanmen yon travay dyanm atravè kontak dirèk li avèk atis, chèchè, ekriven, jounalis, otè peyi kreyolofòn kat kwen nan lemond k ap feraye pou onè ak respè pèp e kilti kreyolofòn. Byenke Francesca poko pile tè Desalin nan, men manmzèl li anpil sou Ayiti atravè entènèt la, e atravè kontak li ak entelektyèl ayisyen (nan plizyè domèn). Li pote soufrans Ayiti sou kè l tou, e menm jan ak anpil Ayisyen, rèv li se ta wè yon pi bèl Ayiti ki nan avantay tout Ayisyen. Mwen remèsye tout moun ki te patisipe, yon fason kèlkonk, nan kèk rechèch mwen te lanse sou Ayiti atravè fowòm ayisyen sou entènèt la e atravè *mailing list* mwen, «**Védrine Land**». Konsa, tanzantan mwen jwenn enspirasyon ladan yo, swa pou m ekri yon atik, swa pou m fè kèk kòmantè.

*Yon koudèy sou pwoblèm lekòl Ayiti* se yon dokiman ki fè yon espozisyon kèk nan pwoblèm lekòl peyi d Ayiti. Lekòl se youn nan sektè enpòtan Ayiti ki chaje ak pwoblèm. Pou anpil nan nou, youn nan vrè sous pwoblèm sa a ta gen pou wè ak **politik**, kote nou ta konkli ke anpil **move gouvèlman** pa enterese nan edike mas pèp la. Nan analiz sa yo, anpil moun je klere kapab wè yon tras **sistèm fewodal** la kote se yon ti gwoup moun ki toujou gen mayèt pouvwa a, ki toujou benefisye de tout bagay. Sètènman, ti gwoup sa a vin egoyis; li ta renmen tout pou kont li san ke l pa wè lòt frè ak sè ayisyen k ap souffri. Anpil deba fèt deja sou pwoblèm lekòl Ayiti men anpil fwa, deba sa yo pa atake pwoblèm nan de yon pwendvi politik kote nannan pwoblèm nan chita. Anpil nan nou ka konprann pou kisa: Ayiti se yon kote diktatè

monte desann; gen moun ki wè pwoblèm nan men ki, pafwa, prefere rete bouch be (fèmen) pou ka pwoteje pwòp tèt yo oubyen enterè pa yo. Sou diktati ventuitan an (an referans a rejim Duvalier a: papa ak pitit), medya a te totalman kontwole e espyon te tout kote t ap kontwole sa bouch ap di. Vàn lapawòl te bloke pou l rapòte sa k te kache nan fon kè.

Lè m obsève pwoblèm anseyan ayisyen ap konfwonte (sitou Ayiti), mwen fè kado plizyè kopi nan premye edisyon dokiman sa a, ki pibliye an 1994, pou ede anseyan, sant alfabetizasyon, bibliyotèk Ayiti kou nan dyaspora a. Mwen si e sèten ke moun ki li oubyen potko li premye edisyon an ta byen renmen di kèk bagay sou pwoblèm lekòl Ayiti ap konfwonte. Konsa, mwen te devlope yon [kesyonè - sikilè](http://www.palli.ch/~kapeskreyol/vedrine/school2.php) (http://www.palli.ch/~kapeskreyol/vedrine/school2.php) ak yon lis pwoblèm ke m te sikilè sou entènèt la; se yon fason pou bay plizyè moun aksè pou ta di sa yo panse libreman, ou bay kèk sijesyon sou ki jan pwoblèm yo te ka amelyore. Donk, mwen ta trè kontan si nenpòt moun ta voye kòmantè /sijesyon yo ban mwen (fason pou ta amelyore sitiyasyon an) ki an rapò ak tèm sa a. Yo ka toujou jwenn kèk ti plas nan vèsyon elektwonik lan (ak yon ralonj wèb). Mwen espere dokiman sa a va sèvi yon bon gid pou tout moun k ap fè rechèch sou tèm nan, e yon gid pedagogik tou pou tout anseyan Ayisyen.

Apa **yon analiz kritik sou pwoblèm lekòl Ayiti** ki prezante nan dokiman sa a, n ap obsève yon gwo kout bwòs sou pwoblèm lang **kreyòl** la ak **fransè** pou eklèsi bagay yo jan yo ye. Gen yon ti rale tou sou **ansèyman lang etranje** nan lekòl Ayiti, yon apèsi sou **enfliyans edikasyon Ayiti ta genyen sou elèv ayisyen k ap etidye Etazini**, epi kèk **entèvyou** ak kèk pwofesyonèl ki antre nan filozofi rechèch la.

## CHAPIT I

### 1.0. LEKÒL AYITI

Depi sou prezidan bann machwè, lekòl Ayiti ap travèse yon pwoblèm totalkapital. Anpil pale anpil fèt deja: diskou senèryen, pwoblèm lang, eksetera era, men tout se pale pou gen mesi. Pou rive konprann pwoblèm lekòl nan peyi d Ayiti, fò ou gen yon ti limyè sou **politik** e ki jan li makònen ak domèn edikasyon an. *Politik*, sou diktati Duvalier (François, Jean-Claude) ke anpil moun familye ak li, se yon mo ke moun te toujou ap evite pale de li Ayiti e Ayisyen an gen plizyè rezon pou sa: swa li te pè pran prizon, swa li te pè pou yo pa denonse l, li te kapab byen yon move je tou ki t ap benefisye de sistèm koripsyon /eksplòtasyon an, oubyen tou, endividi a kapab pa t nan yon nivo pou konprann tout reyalite bagay yo. Konsa, tout sijè ki ta an rapò ak *politik*, moun ta evite touche yo.

Si n a pale de kò moun pa egzant, li nesèsè pou n ta mansyone tèt la kòm pati ki pi enpòtan. Yon moun kapab fraktire nenpòt manm nan kò l nan yon aksidan: tèlke li kapab kase pye l, bra l, oubyen li kapab blese lòt kote nan kò l men sa pa vle di pou otan li ka mouri. Men, si pa malè li ta fraktire nan tèt, sa ka vin grav pou li. Ebyen, se konsa nou ka rive gen yon ti limyè sou politik ak enfliyans li ka genyen sou tout bagay nan lavi, e la a li gen yon enfliyans kapital nan tout pwoblèm edikasyon Ayiti ap konfwonte.

Nan jounen jodiya, Ayiti gen yon total 85% (katrevensenk pou san) analfabèt, moun ki pa ka ni li ni ekri, oubyen sou chak 100 moun nou kapab jwenn 15 ladan yo ki konn li ak ekri.

*«An 1982, yo te estime to moun ki analfabèt a 75%, men apeprè mwatye timoun ki eskolarize pase lekòl sèlman pandan youn ou dezan; fò nou admèt ke peyi a gen apeprè 85% iletre (iletre a kapab li avèk anpil difikilte, moun ki analfabèt la pa t janm an kontak avèk alfabè...)*

*Rate etablisman eskolè, klas ki gen twòp elèv lakoz yo double; sa koze echèk yo e tout pwoblèm sa yo ki fatigue timoun yo se fondèt sityasyon dezastrez sa a».*(3)

Depi swadizan **endepandans** Ayiti, gouvènman monte, gouvènman desann, men pwoblèm lekòl la pa reyèlman fè yon pa kita yon pa nago. Si n ap gade pwoblèm sa a de yon pwendvi sistèm fewodal, nou wè ti gwoup ki gen brid pouvwa a, anpil fwa, pa ta renmen bay mas pèp la yon chans pou je l vin ouvè. Rezon politik ti gwoup sa a byen klè: dapre li, se yon menas si pèp la ta rive konn li ak ekri. Jean-Pierre Boyer\*, kòm yon ansyen diktatè ayisyen, di: «edikasyon mennen revòl». Si n ap analize fraz sa a byen, li vle di anpil bagay nan sityasyon lekòl Ayiti ye e ki jan move gouvènman toujou kontwole renn edikasyon. Donk, ti gwoup konsèvatif sa a pa ta renmen oken konpetisyon pou vin ba li tèt fèmal, pou evite menase privilèj l ap jwi. Se toujou yon ti pousantaj nan bidjè peyi a ki ale nan edikasyon e ti pousantaj sa a anpil fwa, malfini disparèt sa avan l gen tan kase yon koub. Kidonk, pafwa nou ka wè ide bèl pwojè, bèl diskou an fransè, bèl tilititi, pale anpil men yo pa abouti a anyen konkrè pou amelyore sityasyon peyi a ap viv. Donk tout pale anpil sa yo abouti nan koridò pawòl tafya. Pwoblèm edikasyon Ayiti se pwoblèm tout Ayisyen konsekan ki ta renmen wè tout ti Ayisyen resevwa yon pen enstriksyon pou sèvi sosyete a, e youn k ap nan avantaj yo demen.

«Entelektyèl ayisyen an, jan Piram dekri l, pa ni adwat ni agoch. Se yon vrè komedyen, yon majisyen. Yon moun k ap pale bèl pawòl, ki gen don pou l di bèl fraz. Responsablite nan dezaz ki fè Ayiti tonbe an degraba pa rete nan mansonj ou nan sa ki verite a mwaye ki miltipliye, men o depa nan analiz lojik /gramatikal; sètadi nan fason endividi a ap manipile itilizasyon lang fransè a».(4)

### 1.1. Santralizasyon lekòl nan kapital la

Mo **santralizasyon** an vle di ke tout lekòl enpòtan yo ta konsantre nan Pòtoprens sèlman, epi ta manke lekòl nan tout rès peyi a. Tout lekòl pwofesyonèl yo ta chita nan Pòtoprens. Yon grenn inivèsite leta ki genyen, li chita nan Pòtoprens (san kanmpous inivèsite ki ta epapiye nan dis departman peyi a). Majorite lise yo, ki rive nan klas filozofi, chita nan Pòtoprens. Se ta yon mèvèy si ta gen yon kanmpous inivèsite piblik la nan chak departman peyi a. Pou awondisman yo, nou konnen gen plis pase 27 (aktyèlman) e se pa nan chak n ap jwenn yon lise (ki byen ekipe). Lè nou rale yon ti bak (sou Duvalier pou pi resan), nou wè majorite lise pwovens yo ta rive nan klas twazyèm e kisa sa vle di? Bon, anpil bagay: premyèman si paran elèv la pa t gen mwayen voye l Pòtoprens (oubyen jwenn yon kote pou l ta fè ladesant la pou al lekòl), ebyen li ta bloke. Elèv sa a te kapab vin yon tèt pou ede fanmi l ak yon nivo edikasyon pi avanse e petèt, yon tèt tou pou peyi l demen. Sa te pi rès toujou nan komin yo: se gran chans si ta rive gen plizyè lekòl nan komin yo ki rive nan klas **mwayen II** oubyen sa yo te konn rele **sètifika** (lontan). Li enposib pou ta pran tout timoun, ki nan yon komin, pou boure yo nan yon grenn lekòl piblik. Kidonk, pwoblèm plas, plis lekòl (piblik) ta dwe bati nan plizyè seksyon riral komin yo pou fasilite tout timoun ale lekòl.

Daprè Jacominan P. De Reget, sistèm edikasyon ayisyen an fè fas ak anpil pwoblèm pou l founi yon **edikasyon de baz** pou tout ti Ayisyen. Pa gen ase timoun ki konplete edikasyon primè e menm sa yo ki rive konplete l, anpil fwa pa resevwa yon bonjan preparasyon. Pwoblèm sa yo parèt espesyalman nan zòn riral yo, e yo pran orijin yo twa kote: premyèman, mwens pase mwatye timoun nan zòn riral yo ale lekòl; dezyèmman, sèlman anviwon 20% (ven pou san) timoun sa yo ki ale lekòl konplete nivo primè a; twazyèmman, nivo timoun ki kite yo trè ba. Li enpòtan pou gen yon devlopman nasyonal ak bonjan èd finansyè gouvènman an pou ta rezoud pwoblèm sa yo.(5)

Donk, sistèm edikasyon Ayiti a konfwonte anpil pwoblèm. Lè nou gade pa egzanp, sistèm nan pa menm founi yon edikasyon de baz pou tout timoun. Majorite timoun pa rive konplete nivo elemantè a ki ta ba yo yon sòt de baz. Menm sa ki rive konplete nivo elemantè a, anpil fwa, pa resevwa yon bonjan trening. Lè w ap analize pwoblèm nan, li plis frape timoun nan zòn riral yo paske gen mwens timoun ki gen aksè a lekòl nan zòn sa yo. Yon bon 20% (ven pou san) nan timoun sa yo ki rete nan zòn riral yo pa rive konplete sik elemantè a. Gen yon nesite pou yon devlopman nasyonal ki ta ka ede nan solisyone pwoblèm sa a.

## 1.2. Sou refòm eskolè Ayiti

Sou gouvènman Janklod la (Jean-Claude Duvalier), te gen yon koze **refòm eskolè** ki te vin parèt. Majorite moun ta konnen l sou non *Refòm Bèna a* (an referans a Joseph C. Bernard, minis Edikasyon Nasyonal alepòk). Vrèman

vre, anpil Ayisyen (ki panche sou pwoblèm Ayiti) pa konnen vrèman dekipreyen refòm sa a, an tèm **chanjman** li ta reyèlman pote jounen jodiya nan pwoblèm lekòl Ayiti ap travèse, epi fò n mansyone tou: se raman yon nouvo gouvènman ki monte ta fè suit a yon travay ki ta kòmanse, e ki petèt ta gen kèk aspè pozitif ladan.

Youn nan pwen enpòtan refòm sa a, se ta pwopozisyon pou itilizasyon lang kreyòl nan saldeklas kòm lang ansèyman (nan nivo elemantè) men, ak entansyon pou sa yo rele «pasaj o fransè» pi devan. Nou ka devine kijan elit la reyaji, e enfliyans reyaksyon l sou mas pèp la. Ann gade ti mòso rechèch ki pibliye sou sa pou ta ouvè plis deba:

*«Menm gouvènman ki deklare yo ta reprezante mas (pèp) la ezite bay kreyòl ak fransè menm estati legal. Se te sèlman nan fen ane 1970 yo ke gouvènman an apwouve itilizasyon kreyòl nan edikasyon. Nan kòmansman ane 1980 yo, te toujou gen kèk dout si kreyòl ta dwe itilize nan edikasyon primè ou pa.*

*Lengwis ayisyen fè prèske senkant ane ap debat òtograf kreyòl la. Men nan fen ane 1970 yo, Enstiti Pedagoji Nasyonal (IPN) devlope yon òtograf ki enkli eleman 2 sistèm yo t ap itilize avan yo. Gouvènman an bay nouvo òtograf la yon estati ofisyèl a mwatye kòm pati refòm 1978 la.*

*Aspè ki te ka jenere plis diskisyon ladan, se te itilizasyon kreyòl kòm medyòm pou ansèyman lekòl primè. Nan plizyè lekòl riral e iben, liv yo te an fransè, men diskisyon liv sa yo nan saldeklas te fèt an kreyòl. Poutan, fransè te toujou rete lang ofisyèl kòm lang ansèyman, e youn nan bi prensipal pou pifò elèv se te metrize fransè ekri e fransè pale.*





*Lokitè (moun ki pale) yon sèl lang pa t gen anpil aksè a literati kreyòl. Bon Nouvèl, jounal prensipal yon gwoup legliz katolik romen pibliye chak mwa, te gen 20,000 egzemplè an sikilasyon an 1980. Yon gwoup potestan pibliye Nouvo Testaman an an kreyòl an 1972. Plizyè livrè sou ijyèn ak fason pou pratike agrikilti te parèt an grann kantite nan ane 1970 ak 80 yo. Poutan, literati kreyòl la kontinye pou l yon bagay ra nan fen ane 1980 yo. An patikilye, enfòmasyon an kreyòl sou politik e sa k ap pase aktyèlman, pa t tèlman rete anpil kopi ladan yo. Nan fen ane 1980 yo, lokitè inileng (oubyen moun ki pale kreyòl sèlman) itilize lèt kreyòl yo regilyèman ak nòt pèsònèl. Lidè kominotè ak moun k ap travay pou devlopman te itilize lang lan tou lè y ap anrejistre plizyè minit miting ak nan rapò pwojè yo».* (Sous: U.S Library of Congress).

Tout tan tout ti Ayisyen pa kapab benefisye de yon edikasyon 100% (san pou san) de leta ak lòt bagay ki sipoze enkli ladan, nou p ap kapab pale de **refòm eskolè** vrèman. Nou pa nye kèk bèl ide ki kouche sou papye (an palan de *refòm eskolè*) men nou kapab di se yon tibebe ki nan vant toujou, nou espere akouchman l yon lè. Omwen, fò pwen sa yo ta enkli nan yon refòm eskolè Ayiti:

- \* **Santralizasyon lekòl o nivo nasyonal**
- \* **Materyèl pou elèv**
- \* **Yon nouvo metòd pou anseye nan tout nivo**
- \* **Prepare pwofesè lekòl pou anseye**
- \* **Chanjman nan korikilòm**
- \* **Yon salè rezonab pou pwofesè**

### 1.3. Santralizasyon lekòl o nivo nasyonal

*Santralizasyon lekòl o nivo nasyonal* vle di ke sipoze gen lekòl nan tout peyi a. Konsa, elèv pa t ap bezwen vin nan kapital la pou kontinye etid yo. An palan de **materyèl pou elèv**, li enposib pou elèv la ale lekòl si l pa gen materyèl nesèsè pou l travay. Se kòm yon ouvriye ki ta al nan travay san zouti. Lòt mo nou kapab itilize pou **materyèl**, se sa yo rele **founiti** e sa vle di *lajan*.

Nan sitiyasyon ekonomik peyi d Ayiti ye, li enposib pou ti minorite ki gen posiblite al lekòl la posede tout sa l bezwen kòm founiti tèlke **liv** pa egzanp. An(n) Ayiti, swadizan **lekòl leta**, yo pa kreye yon sistèm bibliyotèk nan lekòl sa yo pou pèmèt elèv pase yon moman pou li. Sa ta kapab pèmèt elèv, ki pa gen posiblite achte liv, kopye nòt enpòtan. Nan menm faz sa a, n ap jwenn yon **rate pwofesè** (ki kalifye) o nivo ansèyman piblik.

### 1.4. Yon nouvo metòd pou anseye nan tout nivo

Li enpòtan pou ta genyen **yon nouvo metòd** pou anseye nan tout nivo. **Metòddansèyman** (ou metodoloji) non sèlman an rapò ak *nivo elèv* la, men li pa bon pou yon pwofesè suiv yon sèl woutin pou anseye. Nou konnen deja ke peyi d Ayiti se yon kote elèv etidye **pakè**. Se yon woutin ki pa nan avantay elèv la. Elèv la tou, se pa fòt li ki fè l etidye pakè, men se konsa yo anseye l. Nou kapab pran egzanp **resitasyon pakè** kote elèv vin resite devan pwofesè yon leson ke yo te sipoze etidye. Resitasyon sa a pa vle di pou otan ke elèv la konprann sa li sot resite a paske anpil fwa, pwofesè a pa esplike leson sa a an detay nan klas la.

Yon pwofesè sipoze kreye plizyè aktivite nan yon klas pou kapab ankouraje elèv travay, patisipe nan klas, devlope yon konesans de matyè a. Pwofesè sipoze kreye yon moman espesyal nan klas la kote elèv gen chans pou diskite, pou chak bay ide pa yo. Pwofesè a kapab tandè elèv yo e si l posib, korije yo oubyen fin eklèsi yon ide kèk elèv ta renmen bay, oubyen youn kèk ap eseye devlope. Fason pou pwofesè a teste elèv sou yon leson li te travay sou li pa egzàn, sa kapab fèt **oralman**. Li ka bay yon ti egzamen ki anglobe esans leson an. Li kapab adrese li a tout klas la, oubyen chwazi kèk elèv an patikilye. Pafwa, gen elèv ki briye anbachal men ki timid pou patisipe nan klas la. Anka pwofesè a ta remake sa, li kapab itilize yon filozofi ki apopriye pou ankouraje menm elèv timid patisipe.

### 1.5. Prepare pwofesè pou anseye

Nan katriyèm pwen an, *prepare pwofesè pou anseye*, se yon bagay ki enpòtan. An patan, li bon pou n mansyone **lekòl pedagojik**. Anpil pwofesè lekòl Ayiti pa t gen tan pase lekòl pedagojik oubyen yo pa t gen chans suiv plizyè atelye ki an rapò ak preparasyon sa a.

*«Nan ane 1980/81, kèk 14,900 pwofesè te anseye nan lekòl primè – 5,500 nan piblik; 9,400 nan prive. Anviwon 27% (vennsèt pou san) pwofesè yo te konsidere kòm pwofesè kalifye (sa k te diplome nan pwogram pedagojik oubyen ekivalans pwogram pedagojik), enkli 20% (ven pou san) nan sektè prive e anviwon 40% (karant pou san) nan sektè piblik la. Anplis, yon 19% (diznèf pou san) konplete edikasyon segondè».*(6)

Bon, se pa yon sòt prejije ant sa ki te pase nan yon pwogram pedagojik ak sa ki pa t pase, men se jis pou eklèsi bagay yo jan yo ye Ayiti. Gen moun, de

nesans ki te ka gen yon amou pou ansèyman epi ki vin anseye. Li posib ke moun sa a pa t gen opòtinite pou te prepare l kòm sadwa, men sa p ap anpeche l fè yon bon pwofesè pou sa. Nan lekòl pedagogik, pi souvan, nou fè plis teyori kòm elèv k ap prepare pou vin pwofesè, men se lè l w ap anseye ou vin mete teyori sa yo an pratik. Li ta bon pou pwofesè ki pa t gen tan suiv yon pwogram pedagogik oubyen ki pa t gen opòtinite patisipe nan plizyè atelye pou ta pran kontak ak kèk ansyen pwofesè (ki gen tan pran yon fòmasyon). Yo kapab moun yo konnen oubyen tou, pwofesè nan lekòl kote yo ye a ki deja genyen yon fòmasyon ak esperyans e kòm nou konnen, **esperyans se manman lasyans**. Li enpòtan tou pou elèv pwofesyonèl sa yo ta vizite plizyè lekòl, plizyè klas nan diferan nivo. Konsa, yo ta kapab rive tire kèk paralèl ant teyori y ap etidye ak sa y ap obsève. Yo ta kapab rive konpare metòddansèyman chak pwofesè.

Anseye yon matyè pa sèlman vle di ke pwofesè a ta dwe konnen matyè sa a filanngui (fen e byen) sèlman. Tanzantan kòm pwofesè, ou kapab ap fè ti dekouvet e se konsa ou vin aprann plis nan rechèch w ap fè. Anpil fwa, pwofesè a kapab konnen matyè a tèt kale, men li pa kapab anseye l, oubyen li pa devlope yon metòd pou anseye l fasilman. Youn nan filozofi yon pwofesè sipoze devlope, se chèche tout mwayen posib pou fè elèv enterese nan sa l ap anseye a. Li pa dwe janm bay elèv enpresyon ke tèt matyè difisil. Si yon elèv la pa t enterese deja nan yon matyè patikilye epi pwofesè a al bay enpresyon li difisil, se apse sou klou. La tou, elèv la gen tan dekouraje epi l pa wè ki lè pou klas fini pou l mete deyò.

Yon pwofesè pa dwe janm menase elèv sou koze nòt elèv sa a nan klas la. Gen jan yon pwofesè kapab pale ak li, endividyèlman, pou pa fè l wont

devan kondisip li. Pa egzanp, mwen sonje lè mwen te jenn ti bway (ti gason) nan lekòl primè Pòtoprens, pwofesè a pafwa te konn chwazi elèv ki konn vèb yo byen lè jedi. Li pran elèv sa yo epi l fè yo konjige vèb (nou te sipoze etidye) nan zòrèy elèv ki pa t ka resite yo byen. Bon, se yon wont pou elèv sa yo nan klas la (pou devlope yon konplèksdenferyorite), e an menm tan tou, sa vin kreye yon sòt baryè ant elèv ki ta parèt pi entelijan ak sa ki pa t fin yès (anfòm entelektyèlman). Anplis, anpil fwa, elèv sa yo toujou make pwofesè a (ak yon hèn kache), ki pa fin yon konpliman pozitif pou li. Byenke Desalin te fini avèk sistèm esklavay la, men mantalite Ayisyen an tèlman kolonize, donk li toujou kenbe yon seri vye souvni sa kolon yo te konn fè.

Anpil pwofesè ayisyen abize elèv nan fason yo bay pinisyon, e se yon **vyolasyon dwa elèv la**. Nou ka pran egzanp sistèm **bat elèv**, sitou nan nivo primè (espesyalman nan lekòl piblik yo lontan, an pwovens kou nan kapital la) ki te reyèlman yon dezaz atravè peyi a. Mwen p ap janm bliye **trant kout rigwaz** yon pwofesè te ban mwen nan plamen pou yon leson mwen te rabache ak yon lòt pwofesè ki te manke pete yon zye m ak yon kout rigwaz. Mwen te fè plizyè jou ap li ak yon sèl zye paske lòt la te fèmen, byen anfle. Mwen te oblije kontinye al lekòl (men ak yon hèn kòm timoun san oken defans).

Sistèm **kale elèv**, anpil fwa fè elèv devlope yon **santiman rayisab** pou kèk pwofesè lekòl. Genyen ki konn dekouraje al lekòl si yo bat yo souvan. Si elèv la pa t ka fonksyone byen nan klas, donk li vin gen plis tandans fè bak olye li avanse. Chak elèv pa aprann ak menm vitès.

«Nan klas preparatwa II, mwen te pami yon ti gwoup ki te konn premye nan klas. Paske m pa t rive fè meyè nòt, mwen te pran yon baton menm jan ak lòt ki te jwenn pinisyon yo paske yo pa t rive atenn mwayèn nan. Mwen te dwe premye, men avèk yon mwayèn enferyè a 8 sou 10, yo te bat mwen».(7)

Metye pwofesè se yon bagay ki mande yon konesans filozofik e sikolojik alafwa. Kòm pwofesè, konstaman, ou dwe ap panse sou plizyè aspè: pa egzanp, si ou fè tèt bagay ki konsekans li kapab genyen, oubyen ki efè sa ka pwodui. Etan pwofesè, ou dwe konnen ke chak endividi aprann yon fason ki pi fasil pou li. Ann pran egzanp **etidye pakè**, nan woutin sa a, gen elèv ki kapab li leson an twa ou kat fwa avan y al dòmi. Yo kapab eseye konprann li tou pandan y ap li l epi pandan y ap dòmi, ide leson an nan tèt yo; konsa, yo reve leson sa a. Imedyatman aprè rèv la, yo konn ap medite sou li pandan zye yo klè epi nan de tan twa mouvman lè yo leve byen bonè, yo kapab fè de ti revizyon epi tout bagay frèch nan tèt yo. Gen elèv se an gwoup yo kapab etidye kote youn kenbe leson pou lòt. Se kapab yon tip **estimilan** pou yo oubyen tou, yo kapab santi yo distrè lè y ap etidye pou kont yo.

### 1.6. Chanjman nan korikilòm

*Chanjman nan korikilòm* se senkyèm pwen mwen mansyone nan sa ki ta dwe enplike nan yon refòm eskolè Ayiti. Mo **korikilòm** se yon mo derive laten ki gen pou wè ak «**kou**», an palan de lekòl e ak sa ki an rapò ak kou. Bon, pa egzanp ann pran liv pou kou yo. Pou jiskounye, gen liv ki pa janm revize oubyen chanje; sètadi menm bagay oubyen menm ide otè yo te bay, yo asepte ide sa yo san oken kritik. Ekri yon liv pa vle di pou otan otè a se yon konesè pou sa. Otè a kapab bay ide pa li, men ou menm kòm lektè, ou sipoze an mezi pou kritike, di sa ou panse. Si pa gen kritik, pa gen chanjman

e san chanjman, pa gen amelyorasyon. Ou menm kòm lektè oubyen anseyan, li ta bon pou li lòt liv ki an rapò ak sijè a oubyen tou, ou kapab li liv kritik ki pale de menm sijè a. Men kòm nou konnen, sitiyasyon ekonomik lan pa pèmèt tout pwofesè posede liv nesèsè; anplis, pa gen yon **sal resous** nan chak lekòl oubyen yon **bibliyotèk santral** (byen ekipe) ki ta bay pwofesè aksè pou apwofondi konesans yo. Kidonk, anpil fwa, pwofesè a ka itilize ti nòt li te genyen depi sou prezidan bann machè ak pakè li te gen tan bat avan li vin nan klas.

*Chanjman nan korikilòm* se bagay ki mande *lajan*, e ki kote pou lajan sòti si gouvènman pa sipòte sa? Li ta yon bèl bèl bagay si pwofesè lekòl te ka jwenn tout materyèl yo bezwen pou travay. Ayiti se yon peyi ki kontinye ap domine pa **puisans enperyalis**, e sa gen yon reflè oubyen yon enfliyan sou edikasyon Ayiti. Pa egzanp, nan menm ide *korikilòm* nan, anpil liv timoun ap sèvi reflekte imaj etranje. Sètadi, pa gen yon reflè de sa elèv la esperyans nan pwòp kilti l, oubyen sa ki egziste Ayiti. Se yon pwoblèm ki pran rasin li nan **diznevnyèm syèk** aprè endepandans Ayiti paske se blan (etranje) ki te pran edikasyon Aysiyen an men. Sètadi edikasyon sa a vin yon bagay ki mezire, ki kontwole tou epi tou pi devan, li pral enfliyanse mantalite pèp sa a ki te an kaptivite byenke Desalin sakrifye vi l pou libere l men li ret kolonize sikolojikman.

*«Menm si Desalin te mande pou kèk Fransè enpòtan rete nan peyi a, sa pa t retire mantalite dominasyon an nan tèt yo. Okontrè, se te yon fason pou yo te kontinye travay dominasyon an pi byen, yon fason pi klasik. Yo te konprann trè byen ke pou domine yon pèp, edikasyon se youn nan zouti ki pi*

*enpòtan. Sa vle di dominasyon kiltirèl la rann dominasyon politik ak ekonomik pi fasil.*

*Travay dominasyon an te kòmanse vin pran fòm li pi byen aprè kontra gouvènman ayisyen te siyen ak Vatikan an 1860. Kontra sa a te mande pou legliz katolik egzèse l libreman nan peyi a. Se te yon seri pè Jezuit ki te Ayiti ansanm ak reprezantan Vatikan. Mesye sa yo te pran edikasyon sou responsablite yo. Se te yon edikasyon relijye nan sans reyalyte peyi Ewòp. Liv pou ti Ayisyen te sèvi, se yo ki te ekri l (e.g: gramè, jewografi, menm istwa peyi a). Se sa k fè nou wè ke yo te make 'par F.I.C'. Mesye frè yo te egzije ti Ayisyen respekte kilti etranje nan dezavantaj kilti ayisyen. Foto ki te nan liv yo se te toujou foto ti blan cheve swa, kostim ewopeyen, mantalite ewopeyen, koutim ewopeyen».(8)*

Iv Djean (ansyen pè ayisyen ki konn koze a fen e byen) fè yon bèl rale sou sijè a. Konsa, nou kapab gen plis detay sou sa nan yon liv li pibliye an 2005. Ann gade sa l di:

*«Aprè lagè endepandans lan fini, nan fen ane 1803, jiska konkòda\* gouvènman Jefra siyen ak Vatikan (an 1860), lang afriken moun yo te bwote sot an(n) Afrik (ant 1783 ak 1793), te fin disparèt an(n) Ayiti. Tout moun te konn pale kreyòl. Yon ti ponyen moun te konn pale kreyòl ak fransè tou. Depi lè sa a, sityasyon lang, se pa te menm kalite pwoblèm ki te la nan tan lakoloni. Men, se kèk grenn pè ki te rete an(n) Ayiti. Yo pa te sou zòd okenn otorite, ki te an rapò ak Pap la ni Pap la ta nonmen oubyen ta rekonèt. Se yon sityasyon ki dire swasant ane.*



*Aprè konkòda 1860 lan, yon pwoblèm klas sosyal vin makònen ak yon pwoblèm misyonè ki sot an Frans. Sitiyasyon lang pa te konplike menm nan peyi a lè sa a. Men, mwen pa kwè pèsonn te analize l. Mwen pa panse pèsonn te kapab analize l kòrèk. Poukisa se an Frans, espesyalman an Bretay, Vatikan t al chèche pè, frè ak mè pou Ayiti? An Bretay, se yon kote an Frans ki te gen anpil pè, frè ak mè. Men an(n) Itali, an(n) Espay, te gen anpil pè, frè ak mè tou. Men, pa bliye, sa Demesva Delòm (1870: 182-183) te ekri a: ('Ce pays parle français), sa Lwi Jozèf Janvye (1885: 178) te di a: 'Haïti est une colonie intellectuelle de la France' (Bawos 1984: 677). Se pawòl konsa reprezantan Vatikan ki t ap mennen negosiyasyon ak gouvènman ayisyen, depi sou tan Petyon ak Bwaye jis sou reny Jefra, te tandè nan bouch ofisyèl ayisyen. Epi kreyòl la menm, sa li ye, dapre Bawòs (1984: 673), ki pase 10 ane an(n) Ayiti e ki te reskonsab Enstiti Fransè, sou Divalye? 'yon depo ansyen fransè'. Se manti anpil etranje, ki lwen Ayiti, kapab vale. Ata plizyè Ayisyen enstwi, ki tounen etranje, pou mas pèp pwòp peyi yo, kapab kwè tenten konsa an 2003! Fòk se misyonè ki deja pale fransè, Vatikan ta chwazi pou 'koloni entelektyèl' Lafrans sa a.*

*Epi misyonè fransè sa yo debake an(n) Ayiti. Ti lelit ki pale fransè a, akeyi yo ak 2 bra. Yo te bezwen lekòl pou pitit yo. Yo jwenn lekòl pè, frè ak mè nan kapital la epi nan kèk vil pwovens: Sen Masyal pè Sentespri, Sent Woz de Lima, mè Sen Jozèf Klini, Lali (1865), Sen Lwi d Gonzag, Frè Enstriksyon Kreytyèn (1890). Yo jwenn pè pou batèm, premyè kominyon, maryaj, antèman, ni nan kapital la, ni nan kèk vil pwovens. Travay pè fransè ki te lavil te pi fasil pase pa konfrè yo ki te andeyò. Yo vin wè, kreyòl pa fransè. Men èske se yon lang? Ak prejije yo te deja ranmase nan pwòp peyi yo, yo tounen jwenn nan bouch kèk gran save ak entelektyèl ayisyen, kòman yo ta*

*kapab fè reponn yon kesyon konsa? Se etranje yo te ye. Yo mande yo preche an Fransè, fè katechis an Fransè, mete lekòl an Fransè. Se konsa sa te fèt depi Fransè te rive nan lòt zile tankou Gwadeloup, Martinik. Epi si yo ta pote Fransè pou Ayisyen ki pa konn pale Fransè, se yon byen yo ta fè pou yo. Yo te santi sa pa te kapab fèt fasil. Men se pa t fòt yo. Daprè kwayans lekòl te foute nan sèvèl yo, se paske Fransè se yon gran lang ki fè li sitèlman difisil. Li te rive menm wotè ak laten. Èske anpil ti nèg te kapab aprann Fransè? Menm jan tou, èske anpil ti nèg te kapab aprann pè? Jis 1924, se 5 grenn Ayisyen ki te pè, sou 200 pè ki te genyen (Bawòs 1984: 696). Jis 1957, yon ka nan klèje a te ayisyen, men se 5 evèk etranje, Fransè, ameriken, kanadyen, ki te alatèt dyosèz yo. An 1953, premye evèk ayisyen an, monseyè Remi Ogisten, te la pou li ede achevèk Fransè Pòtoprens lan.*

*An 1981, sa vle di 121 ane apre dat konkòda a, Chomski (2003: 372) kritike vye lide moun gran konnen genyen sou lang. Men sa li ekri: ‘O mwen Ozetazini, petèt an(n) Angletè tou, moun tande bon valè radòt sou lang oubyen sou dyalèk ki ta ‘yon ti jan pòv daprè pwòp òganizasyon anndan yo’ oubyen ki ta ‘manke gramè’, eksetera. M sipoze lengwis kapab fè kichòy pou bare lide kwochi, lide malveyans sa yo. . . ‘Lide konsa soti nan sa Chomski rele ‘eta maladi kwayans kiltirèl mantal nou an’. . . M pa dakò ak yon sèl pwèn. Elas! Se pa Ozetazini oubyen an(n) Angletè sèlman, moun tande vye radòt sou lang. Se menm bagay an Frans tou, an(n) Ayiti ak anpil lòt kote. Sa te pi grav toujou an 1860. . .’». (Iv Dejan, *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba*, pp.225-27).*

Tout pwoblèm sa yo ka enfliyanse elèv la sikolojikman. Sa kapab fè l konnen ke pwòp kilti l enferyè a yon lòt. Se pou sa li enpòtan pou ta revize

liv yo avan itilizasyon yo. Pa egzanp, nan yon kou ki an rapò ak reyalite agrikòl Ayiti, li pa nesesè pou ta pale oubyen mete anfas sou *pòm frans, pèch ak frèz*. Li ta pi bon pou pale de *mango, zaboka, mayi, kachiman, kawosòl, gwayav* ak lòt fri twopikal ki gen Ayiti. (Gade atik sa yo sou entènèt la: «*Agrikilti ta dwe premye sib nan devlopman Ayiti*», «*Ann pale de bwa ak fri Ayiti!*», «*Dyalòg sou rebwazman an(n) Ayiti*», «*Estrateji pou rebwaze Ayiti*», «*Kèk plant kreyòl ak non yo an laten*», «*Ki jan yon plant fèt*» (Jean Eric René), «*Rasin yon plan*» (Jean Eric René). Yon korikilòm, anpil fwa, sipoze gen yon reflè anviwonman elèv la e lè elèv la wè reflè sa a, li santi l nan bòl grès li.

An menm tan, pwofesè a pa dwe limite elèv la paske bi li kòm pwofesè sèke li dwe devlope konesans elèv la tank li kapab. Pa egzanp, nan yon kou **istwa jeneral**, li ta enposib pou konsantre sèlman sou gouvènman ki pase nan peyi d Ayiti byenke li enpòtan pou elèv la konnen istwa l avan tout lòt istwa. Yon kou istwa jeneral anglobe yon konesans jeneral nan tout aspè sosyal. Byenke li enposib pou ta kouvri tout sa nan yon klas, men li enpòtan pou mete elèv la okouran de kisa kou a ka anglobe.

Anpil fwa nan peyi d Ayiti, pwofesè a jwe yon wòl diktatè nan klas la oubyen li parèt kòm sèl kòk chante. Nan yon klas, elèv dwe gen lavwa o chapit. Relasyon pwofesè a ak elèv yo anpil fwa, se yon **relasyon vètikal** (yon relasyon kote youn toujou anwo, youn toujou anba). Nan ansèyman, yon pwofesè pa dwe egoyis. Sa pa ni nan avantaj li ni nan avantay elèv la. Anpil pwofesè ayisyen pa ta renmen elèv la devlope konesans li oubyen tou li ta renmen elèv la asepte ide pa l sèlman. Bon, se yon tip ansèyman san pwogrè oubyen yon ansèyman kokobe ki paralize fakilte entelektyèl elèv la. Sipoze gen yon **relasyon orizontal** ant pwofesè ak elèv; sètadi, yo dwe

mache kòt a kòt tankou 2 ray tren pou kapab genyen yon sòt balans. Pwofesè a dwe kreye yon atmosfè nan klas la kote tout elèv santi yo alèz pou patisipe, bay ide pa yo tou.

Estrikti klas la toujou mande yon akonplisman nesèsè pou amelyore e pou aprann kominikasyon ki genyen ant pwofesè ak elèv. Yon pwofesè responsab pou l kreye yon atmosfè pozitif nan klas li, men an menm tan, pwofesè a dwe gen sipò administratè, paran ak elèv yo pou l reyalize sa. Pwofesè a dwe prepare pou l ede elèv yo pou aprann tout sa k nesèsè nan sa l ap anseye a. Jeneralman, yon bon pwofesè eseye konprann sifizamman plizyè sikonstans ki kapab enfliyanse abilite elèv yo pou y aprann. Li trè enpòtan pou pwofesè a konnen bezwen elèv yo.

Pwofesè a se yon figi otoritè nan klas la; yon pwofesè dwe toujou gen kontwòl klas la. Se pa mwayen sa a li kapab rive atenn bezwen elèv yo pou kapab devlope fakilte entelektyèl yo. Anviwonman klas la kapab pran plizyè fòm kominikasyon ki fèt espontaneman. Li trè enpòtan pou pwofesè a sousye de sa k ap pase nan atmosfè sa a; se konsa li kapab genyen yon enfliyanse k ap sèvi l yon benefis nan rezilta li atann nan.

Pwofesè a dwe toujou motive; li dwe toujou gen yon dezi pou l anseye. Yon pwofesè kapab sèvi kòm yon modèl enpòtan nan lavi yon elèv. Lè pwofesè a sousye de sa l ap anseye a, li kapab enfliyanse elèv yo pou reyalize sa l ap fè a epi y ap vin enterese tou nan sa l ap anseye a. Konpòtman pwofesè a ak elèv yo kapab fè elèv yo vin admire l oubyen dezapresye sa l ap fè a. Lè yon elèv apresye pwofesè l, li kapab fè plis efò pou l enpresyone pwofesè sa a nan devlopman mantal li, men lè yon elèv dezapresye pwofesè a, li kapab

difisil pou l motive elèv sa a pou rekonèt enpòtans pou l aprann ase nan men pwofesè a. Fason elèv la wè pwofesè a kapab enfliyanse abilite devlopman l pou aprann nan men l. Li kapab enpòtan pou pwofesè a vin sansib konsènan jan elèv la santi l. Nan devwa pwofesè a bay fè, li kapab transmèt valè yo an relasyon ak bi yo pandan ke anviwonman pou aprann nan se yon anviwonman agreyab. Pandan pwofesè a ap kontwole klas la, li dwe founi elèv yo enstriksyon ki ale ak nivo yo pou abilite entelektyèl yo. Pwofesè a dwe mentni yon plan òganize pou reprezante, evalye enfliyans materyèl edikatif la genyen sou elèv yo. Korikilòm nan dwe prezante yon fason byen estriktire e tanzantan, pwofesè a dwe ranfòse entelijans elèv la. Atravè modèl leson estriktire, pwofesè a dwe travay apa e an gwoup pou l ankouraje patisipasyon elèv yo sifizamman nan pwogram akademik pandan l ap ede elèv devlope prestij yo.

Pwofesè a dwe devlope yon bon **plan** pou anseye e pou **evalye pwogrè elèv yo**. Li dwe gen yon plan jeneral pou l prezante bay elèv yo; nan ka sa a, yo pa gen oken konfizyon ak sa ki obligatwa pou fè. Li enpòtan pou pwofesè a fè elèv yo konnen apwopo rekonpans ak pinisyon l ap bay pou kapab motive yo pou fè devwa. Sa ap ankouraje chak elèv aprann.

Plan pwofesè a dwe gen anfas sou enpòtans **prezans elèv** la nan klas, **konduit li, devwa l bay fè**. Fason l aprann nan klas la ak egzamen ki montre konpreyansyon elèv la. Li enpòtan pou pwofesè a kenbe yon dosye elèv yo ki montre kòman yo travay nan klas la (**nivo pwogrè yo**). Elèv la ak lòt moun k ap obsève l kapab gen opòtinite revize pwogrè li, rekonèt talan li oubyen konprann si gen yon nesosite pou amelyore.

Pwofesè a dwe enfòmè elèv yo sou fason li bay nòt oubyen metòd li itilize pou bay nòt. Pwofesè a kapab bay elèv la pwen pou prezans, patisipasyon nan klas la, devwa l fè ak egzamen. Tout sa ansanm vin fè yon **nonb total pwen** e tout pwen sa yo kapab reflekte mwayèn total elèv la. Li kapab itilize yon sistèm lèt ki reprezante pwen yo:  $90 - 100 = A$ ;  $80 - 86 - 89 = B+$ ;  $80 - 85 = B-$  ;  $60 - 79 = C$ ;  $50 - 59 = D$ . Yon nòt ki pi ba pase «59» kapab reprezante pa yon lèt «F» ki endike elèv la pa fè mwayèn li. Pwofesè a kapab itilize metòd sa a yon fason pou motive elèv la, pou rekonpanse l oubyen pini l e pou reflekte pwogrès li. Pwofesè a sipoze bay elèv la tout sipò posib. Li sipoze mete anfas sou enpòtans pwogrès elèv la lekòl. Tout estrateji sa yo kapab ede elèv la pou l patisipe nan klas.

Si n ap analize pwofesè a nan yon kontèks **semyotik** (analiz apwofondi sou «**siy**» ou «**etid siy**»), nou wè pwofesè a domine klas la (dirèkteman e endirèkteman). Kisa sa vle di? Bon, li genyen yon pozisyon espesyal nan klas la; li toujou chita pa devan; li abiye yon fason espesyal. Elèv la tou gen tan konnen sa kèlkeswa nivo l ye a. Tout sa se yon seri **siy**. Sa pa vle di pou pwofesè vin lekòl kraze pou sa oubyen tou, pa panse ke tout pwofesè jwe yon wòl diktatè nan klas.

Yon klas an prensip, se elèv ki fòmè l paske si klas la vid pwofesè p ap ka travay. Bon, nou kapab di: **prezans chak elèv enpòtan nan klas la** epi elèv la sipoze lib pou di sa l panse san li pa bezwen dakò ak pwofesè a 100% (san pou san). Pa egzanzp, nan lekòl Ayiti, yo te konn anseye nou ke **solèy la leve a lès epi li kouche a lwès**. Podyab, solèy pa janm gen ni zòrye ni kabann. Solèy pa janm fè yon pa kita, yon pa nago men se boul tou won yo rele **latè**

a k ap vire alawonnbadè pandan vennkatrè ozalantou solèy la. Se menm jan dantan lontan lè lapli t ap tonbe, granmoun te konn di se Bondye k ap pipi.

Fasilman, elèv la kapab pwouve ke solèy la pa janm leve, li pa janm kouche. Ki jan li kapab fè sa? Li kapab pran yon boul li vire l anba yon limyè. Boul la reprezante latè (ki tou won ap vire), epi limyè a reprezante solèy la. Kidonk, pati boul sa a ki anfas solèy la pa klere. Kòm konklizyon (avèk agiman valab), elèv la kapab di ke solèy la pa janm leve, li pa janm kouche, men se latè k ap fè laviwonn anfas li.

### 1.7. Yon salè rezonab pou pwofesè

Sizyèm pwen enpòtan nan refòm eskolè Ayiti, se ta yon salè rezonab pou tout pwofesè. Depi lontan, se te toujou yon ti kraze pwofesè Ayiti ap touche.

*«Salè yo te peye pwofesè nan lekòl piblik yo te monte a \$100 pa mwa pou tout pwofesè an 1979 men li toujou pi ba pase sa chofè oubyen sekretè nan Pòtoprens touche».*(9)

L'UNNOH (*Union Nationale des Normaliens d'Haïti*), nan yon liv yo pibliye (*S.O.S pour l'école haïtienne en péril et la valorisation du métier d'enseignement*), fè yon gwo rale sou pwoblèm salè pwofesè yo Ayi e vrèman vre, poko gen oken vrè chanjman nan sitiyasyon dezastrez sa a pou pote yon vrè amelyorasyon. Yo pale konsa:

*«Sitiyasyon pwofesè yo nan zafè lajan, ki te deja ap bay moun tèt fèmal, pa sispann vin pi mal ak lavi a ki chak jou Bondye mete vin pi chè. Lavichè a ki*

*monte pase plis 300% (twasan pou san), vin fè mwayen pwofesè yo te genyen pou achte ki te deja pa t vo anyen vin pa vo anyen pi rèd.*

*Sa pwofesè yo ap panse nan zafè lajan se tèt chaje nèt. Yon kote, ti kòb y ap touche a pa fè yon pa kita, yon pa nago; yon lòt bò depans y ap fè yo, fòk ou ta miltipliye pa twa. Kidonk, si w ta mete sou yon balans kantite kòb y ap touche a ak kantite kòb y ap depanse a, bò kote nan balans lan ki gen lajan y ap depanse a ap file monte nan syèl nèt ale pandan ke bò kote ki gen lajan y ap touche a ap glise desann anba latè. Kidonk, pwofesè yo an(n) Ayiti ap nwaye pi fon nan dèt epitou, yo pa ka mete menm senk kòb nan yon bwatsekrè.*

*Pa gen pyès sistèm ki egzije pou ta pèmèt pwofesè yo prete lajan. Se sa k fè yo lage nan men yon pakèt ponyadè ki fikse yo menm ki valè lajan yon moun dwe mete sou lajan yo prete yon moun, san pyès moun pa di yon mo nan sa.*

*Sitiyasyon pwofesè yo nan koze lajan, frajil tankou yon ze. Li vin pi frajil toujou ak koze lavichè ki gen nan peyi a nan moman n ap viv la. Pwofesè yo twouve yo jounen jodiya nan lenposiblite pou satisfè menm bagay sa yo ke yo bezwen anvan tout lòt yo tankou zafè manje, kay pou yo rete, koze lasante, lekòl timoun pou peye, zafè achte liv pou l prepare kou, elatriye... Sa k pi rèd toujou, sèke sosyete kwense yo nan yon dyagonal kote yo pa ka fè okenn jefò pou chanje reyalite sa a ki bay kè sere epitou, ki ka fè yon moun leve kanpe.*

*Pou l ka genyen yon ti lavi miyò, anpil pwofesè primè ak preskolè sètoblaje al travay nan de lekòl lòt kote kanmarad segondè yo, yo menm yo oblije*



*travay soti setè nan maten pou rive jouk nevè nan aswè. Si nou kontwole, sa fè katòz èd tan kou chak jou Bondye mete, swasanndis èd tan chak semèn soti lendi pou rive vandredi.*

*Genyen ki konn travay menm samdi ak dimanch, san pran souf. Yon nonm k ap travay nan kondisyon sila a, èske l posib pou li prepare kou l ap fè yo, planifye devwa l ap bay yo, korije fèy elèv yo, mete bèt sou li, bay madanm ak pitit li yo yon ti tan, elatriye...?*

*Kidonk, ann poze tèt nou yon kesyon: èske yon nonm konsa ka fè lekòl tout bon vre?...»(9a).*

Anpil fwa, pwofesè yo gen gran responsablite. Genyen ki marye, ki gen pitit, lwaye pou peye, nouriti, abiman ak lòt bagay yo bezwen. Ti kòb la non sèlman pa anyen, men li pran anpil tan pou jwenn li epi l enposib pou yo ta fè yon ekonomi ladan l. Ann pran pa egzanp Pòtoprens, kote pwofesè oblije peye pou transpòtasyon chak jou (ale, retou). Sa mande lajan. Majorite pwofesè pa gen yon bogi ki pou ta fasilite transpòtasyon pou yo. Akoz sitiyasyon ekonomik lan, anpil oblije fè kou nan plizyè lekòl pafwa pou kouvri yon pati nan frè yo. Sa lakoz anpil pwoblèm: pa egzanp, pwofesè a lefèt ke l ap monte desann nan plizyè lekòl alafwa, li konn pa kapab konsantre sou preparasyon kou yo; Anpil papyè pou korije, piwèt agoch, piwèt adwat; lespri l pa poze anpil fwa akoz fatig; dèfwal li konn ap bay tout tèt nan klas la; li manke dòmi oubyen yon feblès ap kraze l. Men, si te gen yon salè rezonab, sa t ap non sèlman rezoud anpil nan pwoblèm sa yo, men tou sa t ap ankouraje yo plis nan travay nòb y ap fè.

### 1.8. Baz lengwistik refòm nan ta dwe chita sou lang matènèl la

Michel St.Germain (1988) nan yon michan rechèch lengwistik li pibliye, *La situation linguistique en Haïti bilan et prospective*, ajoute nan anèks dokiman sa a sèt pwen komite korikilòm fè konnen ‘refòm sistèm edikasyon ayisyen an chita sou verite sa yo’: «

1. *Pèp ayisyen an egal ego ak tout lòt pèp. Li fòje yon lang, li tabli yon kilti menm jan ak tout moun.*
2. *Soti depi li fèt rive jounen jodiya, lang kreyòl ayisyen an kite koridò lang patwa, li pran boulva lang total ki gen fason pa l pou kouche l sou papyè. Nanpwen lang lan verite koulyeya, tout konesans lasyans ak lateknik ka koule dous pase ladan li.*
3. *Men yon verite moun toupatou rekonèt: pou fè aprantisaj lekti ak ekriti se nan lang manman timoun nan sa dwe fèt an premye.*
4. *Pa fouti gen devlopman si pa gen edikasyon. Pa fouti gen devlopman si pa gen inyon, tèt ansanm.*
5. *Gen 2 lang ki sèvi nan peyi a. Men se yon sèl pèp ayisyen an ki genyen. Kidonk, fò gen yon sèl sistèm ansèyman ki pou sèvi ak toude lang yo.*
6. *Pa gen son ki bèl, ni son ki lèd nan yon lang. Son «i» pa ni pi bèl ni pi lèd pase son «u». Sèl sa ki genyen se kèk abitud ki kaye nan nou epi kèk vye lide ki tabli nan tèt nou.*
7. *Pale fransè pa di moun save pou sa. Ni pale kreyòl pa di se betiz ase ou ka di. Se pou chak Ayisyen pran tèt li byen pou li egzaminen pawòl sa yo san paspouki...».*

## CHAPIT 2

### 1.9. RESTRIKTIRASYON LEKÒL AYITI

**Restriktirasyon lekòl Ayiti** se yon tèm ki ta parèt yon ti jan vas pou n diskite, tèlman domèn lekòl Ayiti a chaje ak pwoblèm, e mwen kwè si nou menm edikatè, chèche ayisyen k ap viv nan dyaspora a pa panse seryezman a sa, edikasyon Ayisyen ka efondre nan venteyinyèm syèk la.

Premyèman, nou ka vize pwoblèm nan kòm youn ki sòti anwo desann:

(1.leta ⇒ 2.monopòl lekòl ⇒ 3.anseyan ⇒ 4.elèv)

#### 10.0. Leta

Nan premye kategori a, li enposib pou n pa ta pale de **leta** kòm engredyan pi enpòtan nan koze a ki gen pouvwa fè e defè. Nan kad sa a, nou ka al gade premyèman *Konstitisyon 1987* la kòm bousòl (kisa l di sou zafè edikasyon) e de la, nou ka kesyone responsablite leta (*èske l ap travay nan respè konstitisyon an pou l garanti yon edikasyon gratis a tout moun?*). Men, nan menm kesyon sa a tou nou ka poze, fò n pa kouri blame yon gouvèlman (an patikilye) san n pa ta fè bak nan istwa pou wè sa lòt gouvènman te ki te la avan fè e an menm tan, retounen o prezan pou jete yon koudèy sou **palman** an (*Èske an majorite, l ap regle anyen serye? Èske l ta eseye bòykote yon seri pwojè lwa ekzekitif la ta pwopoze nan kad devlopman Ayiti?*) si n ap suiv de prè konpòtman yo (vizavi travay ki dwe fèt nan kad avansman Ayiti kèk ane de sa).

### 10.1. Monopòl Lekòl

Nan dezyèm kategori a, *monopòl lekòl*, premye kesyon nou ta ka poze avan nou ouvri diskisyon, se: **kilès ki gen monopòl lekòl Ayiti (leta oubyen sektè prive a)?** Se yon kesyon ki fasil pou reponn lè n konnen majorite lekòl Ayiti se prive yo ye. Nan menm klasman *prive* a, nou gen **lekòl bòlèt yo, kolèj prive, ak kolèj relijye yo**. Pou *lekòl bòlèt yo*, se yon seri lekòl w ap jwenn yon direktè Sovè alatèt yo. Se yon **biznis pate cho** pou ouvè yon lekòl Ayiti pou fè lajan, e depi moun nan gen koneksyon ak ti lamama, sa pa pran tan pou l lwe yon kote, bare chak chanm ak kèk nas epi mete yon ansèy Kolèj Prive Sesi Sela Selaba.

Nan menm klasman **prive** a, plizoumwenn, gen kèk anseyan ki ka gen yon fòmasyon pedagogik ki ka fonde yon lekòl, kote plizoumwenn w ap jwenn kèk anseyan kalifye k ap fè kou ladan yo. Pou lekòl relijye yo (**potestan** ou **katolik**), ta sanble yo pi òganize (patikilyèman, katolik yo) e si n pakouri istwa lekòl Ayiti, sòti nan *Le Concordat de 1860*, nou ka remake dominans lekòl katolik yo k ap taye banda depi epòk la pou rive nan fen syèk sa a. Leta konnen egzistans yo, e menm moun k ap travay nan leta panse yo ta ofri meyè edikasyon; donk anpil fwa se la pitit yo ale. Se vre yo gen yon sèt òganizasyon, yo devlope pwòp **materyèl didaktik** yo, men kesyon nou ka poze se: *ki pousantay nan popilasyon elèv Ayiti ki ka benefisye de lekòl sa yo?* Pou reponn kesyon sa a, nou vin tonbe nan **aspè ekonomik** lan, kote majorite timoun Ayiti pa gen aksè pou yo ta resevwa yon edikasyon nan lekòl relijye sa yo pase sa koutè kòb.

Men kit se elèv ki nan **lekòl bòlèt, lekòl prive, lekòl relijye**, yo sèvi ak materyèl didaktik lekòl relijye (patikilyèman katolik) yo devlope; pa egzanp,

lè n ap gade majorite materyèl didaktik **F.I.C** (*Frères de l'Instruction Chrétienne*) devlope ou pibliye. Nou ka gade sa kòm yon **monopòl** tou (pa nan yon sans negatif) nan domèn **devlopman materyèl didaktik** k ap sèvi lekòl. La a, gen kèk parantèz pou kritik ouvè.

## 10.2. Anseyan (fòmasyon yo)

Nan twazyèm kategori a, **anseyan**, kisa n ka di? Repons lan: anpil koze! Premye kesyon nou ka poze se: **ki fòmasyon anseyan ayisyen yo?** Pou reponn kesyon sa a, nou ka pase tout nivo yo an revè (elemantè, mwayen, segondè, siperyè). Majorite anseyan yo pa resevwa yon fòmasyon pedagojik (oubyen youn ki ta adekwa) avan menm yo ta vin dèyè yon tablo (nou ka antre nan faz sa a: *anseyan elemantè, mwayen ak nivo segondè ki pi enpòtan nan gwo pepinyè edikasyon an avan nou ta atake nivo siperyè a*). La a ankò, fò nou pa kouri blame yo, men blame pito **lwa** ak **leta** (pou sa yo ki nan lekòl leta).

Pa gen anyen serye nou ka rive fè san suiv yon seri *lwa* ki tabli. Si n ta deside fè yon rechèch pou n ta tyeke konbyen anseyan nan nivo segondè ki pa gen menm **papye bakaloreya**, vwa yon **lisans inivèsité** (katran etid siperyè), epi pou n ta rekòmande yo tounen lekòl, ebyen tout lekòl Ayiti (nivo prime, segondè) ta fèmen nan yon semèn. Men si ta rive gen yon **refòm** tout bon vre Ayiti (nan avantaj tout moun), fò yo ta pase anseyan an revè, kote yo ta dwe tounen lekòl kanmèm pou pran kèk fòmasyon (pandan yo aktif nan travay yo an menm tan).

Ankò, pou sa fèt, nou vin abouti a **aspè legal** la kote li ta dwe obligatwa avan yon anseyan ta anseye nan nivo segondè pou l ta gen yon «lisans»

(oubyen prèt pou fin prepare youn), epi pou l ta suiv yon seri atelye pedagojik. E pou anseye nan nivo eleman tè /mwayen, yon anseyan ta dwe gen papye bakaloreya l epi pou l ta suiv yon seri atelye pedagojik. Men ankò, kesyon nou ka poze se: **kilès ki gen monopòl lekòl Ayiti (leta oubyen sektè prive a)?** Sètadi, pou ta rive pran yon seri mezi ki ta amelyore sistèm edikasyon an(n) Ayiti, fò ta gen yon seri «lwa» pou respekte e se leta ayisyen ki gen pouvwa akselere sa (si l ta vle kòmanse travay nan chemen yon bonjan refòm).

Pwopozisyon sa yo ta dwe soumèt a palman an pou ta vote yo an majorite. Men kesyon an ankò se: *Ki palman? Ki preparasyon palmantè sa yo? Èske yo reyèlman sousye de pwoblèm edikasyon Ayiti oubyen èske manm yo nan yon nivo pou konprann filyè pwoblèm sa a ak gravite l? Se tout yon seri kesyon ki mande reflechi ak anpil estrateji ak altènatif pou yon Ayisyen ki konsyan de pwoblèm nan (ki jan, pa ki mwayen li kapab pase pou l ede?).*

Donk an gwo, se yon pwoblèm ki dwe konsène Ayisyen Ayiti kou nan dyaspora a. Kèk **altènatif** pou ta eseye rezoud nan pwoblèm konplèks sa a, se ta: **òganize** ou **reòganize kominote yo** (vil, komin) kote lidè kominotè sa yo ta dwe chita ansanm pou analize pwoblèm lekòl la nan zòn yo e kisa yo ta ka fè etan kominote. La a, nou vin tonbe nan filozofi **grès kochon an kwit kochon an**. Nan filozofi sa a, premyèman nou kapab gen **absans leta** (nan yon sans) kote se kominote a k ap repanse pou l restriktire tèt li, pou l bay tèt li sa l bezwen san leta li menm pa debloke **fon** pou sa (an patan).

Nan lòt volè a, nou pa ka iyore leta nonplis. Pou kisa? Kèlkeswa sa k ap fèt nan kominote a, fò otorite ki reprezante leta nan zòn nan envite, fò prezans li

la menm si se yon figi li ta ye men o fon, li konnen li gen yon otorite kèlkonk. La a, nou vize **majistra** vil sa a oubyen **majistra** komin nan. Fò li la, fò li okouran de pwojè yo e fò yo ta apwoche l tou ak sajès pou l ankouraje demach fèt. E pi davan (si l posib), leta ka kontribye, pase se yon fason pou aleje pwoblèm nan pou leta. Donk fò l ta apresye travay devlopman k ap fèt o nivo kominotè, pase li menm gen twòp chay sou zepòl li pou l ta fè tout bagay alafwa.

### 10.3. Elèv

Nan dènye kategori a, nou wè se **elèv yo**. Sa fè n sonje timoun piti, ti inosan imedyatman. Kèlkeswa sa ou bay yon timoun piti, l ap mete l nan bouch li kanmèm. Alò la a, gen yon sèten paralèl ant elèv ak timoun; sètadi gwoup ki anlè nan yerachi a responsab edikasyon timoun yo.

Remake mwen pa enkli **paran** e kèk kritik ka di: **paran ta dwe la nan kategori sa yo**. Wi, paran la souzantandi, men mwen vle poze bousòl mwen plis sou kategori ki ta dwe pi responsab yo. Paran toujou jwe yon wòl kapital nan edikasyon timoun Ayiti. Gen manman timoun ki vann pistach griye, ki mache ak yon zèl sapat men ki di y ap travay di pou pitit yo vin doktè, e rèv yo konn rive akonpli anpil fwa. Gen papa, se machann fresko ki konn gen menm rèv la e tandòt paran ki pa t gen chans pase lekòl, ki nan yon echèl sosyo-ekonomik dezagreyab men, ki gen yon vizyon pou pitit yo rive lwen lekòl pou vin yon bagay nan sosyete a. Donk, fò n bat bravo pou anpil paran ayisyen ki panse konsa pase edikasyon se yon liks li ye Ayiti.

Youn nan bagay ki touche m anpil, se pandan mwen t ap li otobiyografi Manno Sanon\* (foutbolè ayisyen trè popilè) k ap pale de manman l, sa l te fè

pou ede l. Se yon istwa ki fè dlo kouri nan je. Donk paran trè enpòtan nan edikasyon timoun yo, kèlkeswa klas sosyal yo ta apateni. E li enpòtan pou lekòl Ayiti ta mete anfas sou **apresyasyon paran**, kote chak lè yo bay kanè pou ta gen sa yo rele Ozetazini, «*open house*» (reyinyon espesyal kote paran elèv la ta reponn prezan pou rankontre ak anseyan yo pou konnen sou pwogrè pitit li nan lekòl la, yon fason pou sosyalize tou ak manm enstitisyon sa a).

#### 10.4. **Ki jan elèv ka ede nan devlopman Ayiti?**

Se youn nan gwo erè leta ayisyen te ka komèt lè yo neglije aspè sa a. Pa bliye elèv se **pepinyè ki reprezante fiti yon peyi** nan tout sans. Se depi bonè pou n kòmanse angaje yo nan yon seri travay pou byennèt Ayiti e gen fason espesyal sa ka fèt. Li ta bon pou leta ta mete l obligatwa pou elèv bakaloreya ta pase yon ane an pwovens nan yon **travay kominotè kèlkonk** (egzanp: **batisman yon lekòl leta, amenajman yon lekòl leta, batisman yon klinik leta, yon lopital leta, patisipe nan kanpay alfabetizasyon**), yon pwojè kèlkonk leta ta genyen k ap fonksyone nan avantay kominote a. La a, fò leta ta anchaj pou l responsab elèv sa yo pandan dire travay yo (sètadi ba yo yon ti kòb, responsab manje ak dòmi yo tou), epi sa ta garanti yo yon pès nan leta (demen) lè yo aplike pou travay, men fò tout sa ta chita sou **lwa** (konsènan devlopman Ayiti).

Donk, globalman, anpil pwen nou ka touche ki an rapò ak devlopman Ayiti, e patikilyèman **sektè edikasyon an** nou vize, ta dwe chita sou *lwa* dekwa pou leta ta fè **chanjman de baz ki nesèsè yo** (si l ta vin kontwole monopòl sa a tout bon vre). E petèt nan bon konprann nou kòm kritik, obsèvatè ou



Ayisyen konsyan, nou ka panse a **lòt altènatif lè machin lwa a anpàn** oubyen **lè leta demisyone**.

### 10.5. Fidbak (reyaksyon)

Dr. Dunois Erick Cantave: «*Védrine, mwen li avèk anpil atansyon tèks ou ekri sou kesyon 'restriktire lekòl Ayiti'. Mwen felisite w pou refleksyon sila a. Edikasyon se pilye devlopman yon peyi. Se baz kesyon devlopman peyi a ou poze la a. Mwen wè gen anpil bèl ide nan tèks ou a, men mwen pa wè ou poze pwoblèm edikasyon an nan yon kad byen defini. Sa mwen vle di, se: 'ki edikasyon? pou ki peyi? ak ki devlopman?'*

*Fò gen yon chwa devlopman klè pou kapab konnen ki kalite edikasyon w ap bay popilasyon an e ki estrateji w ap mete kanpe pou rive atenn objektif ou fikse yo.*

*Mwen ta di tou, dabò, fò nou ta kapab klè sou yon premye chwa: alfabetizasyon oubyen eskolarizasyon? oubyen toulede? Èkse mwayen nou ap pèmèt nou fè toulède? Si se te pou mwen, m ta chwazi 'eskolarizasyon' kòm priyorite pou mwen kapab seche sous k ap founi analfabèt yo.*

*Mwen ta di tou: 'ki lekòl? nan ki lang?'*

*Mwen ta gen tandans chwazi yon 'lekòl repiblikèn' kote tout timoun yo ta pataje menm valè yo. Mwen ta di yon sèl lekòl pou tout moun. Anpil moun kwè se ta nan lang kreyòl pou yo ta va eskolarize ak alfabetize pèp ayisyen. Yo di ke se lang manman yo, l ap pi fasil konprann sa pwofesè a ap anseye l la. Mwen pa dakò ak apwòch sila a. Nan anpil peyi kote yo pale kreyòl ak*

*fransè ou kreyòl ak anglè, yo rive eskolarize pifò moun, si se pa tout moun, an fransè ou an anglè. Mwen vle pale de lòt antiy yo ki sou kote nou yo ak kèk peyi afriken. Nan peyi afriken yo menm, ou ta kapab di ke sa ta dwe pi konplike pase yo konn pale menm 20 lang diferan nan menm peyi a. Yo rive kanmenm fè sa tou. Mwen ta kapab site peyi Senegal...*

*Pwendvi sila a, moun ta gen tandans di li se yon pwendvi elitis, men mwen kwè se pa vre. Se yon pwendvi ke nou kapab fè lontan ap diskite. Mwen panse tou ke nou ta dwe fè yon edikasyon ki pou pèmèt nou vini pi louvri sou mond lan. . . Nou kapab fabrike kèk ti materyèl pedagogik an kreyòl, men nou pa gen mwayen pou nou gen aksè a tout materyèl syantifik ak teknik yo nan lang kreyòl la. Ekonomi peyi nou pa kab pèmèt nou sa. Menm si nou ta mete ansanm tout ekonomi peyi ki pale kreyòl yo, nou pa ta kapab atenn objektif sa a. Deja an(n) Ayiti nou yon ti jan izole ak lang fransè a paske tout alantou nou se panyòl ak anglè yo pale. Men sa pa fè anyen, n a pale yo tou. Men kabrit la di ou: sa k nan vant ou se li ki pa ou; annou kòmanse pa lang istwa nou kite pou nou e ki kapab ban nou plis ouvèti sou lemond.*

*Kesyon sila a ta kapab mennen nou nan lòt ankò. Pa ekzanp kesyon pwofesè yo. Fò nou di san demagoji, nou pa genyen vre pwofesè an(n) Ayiti ankò. Fò nou ta fòme anpil lòt pandan nou ta fè vini pwofesè nan tout peyi ki pale fransè yo tankou, Guadeloup, Martinik, Giyàn, Lafrans, Kanada, Senegal elt... Pa gen manti nan sa. Pa kapab gen demagoji nan kesyon fondamantal sila a. Kanada te fè sa, anpil peyi afriken te fè sa. Nou menm ayisyen nou te ede yo anpil nan sa.*

*Mwen p ap kontinye deba a jodiya. Mwen kwè mwen di anpil bagay deja men mwen pa pretann di tout bagay. Mwen kwè mwen di bagay ki kapab choke moun e ki kapab sòlve anpil diskisyon. Mwen prefere tann kèk reyaksyon avan mwen kontinye deba a.*

*Mwen pa yon anseyan, men mwen konnen ke kesyon sa a se kesyon fondamantal la. Si nou pran li mal, nou p ap rive oken kote».*

Donk se pawòl Dr. Cantave nan yon ti rale li ta fè sou pwoblèm [restriktirasyon lekòl](#) Ayiti mwen te diskite sou entènèt la (kèk tan de sa). Byenke mwen pa fin dakò ak tout pwen l touche yo, kòmman l yo jwenn yon ti plas kanmèm nan rechèch sa a pou montre kòman mwen ouvè pou tande diferan ide epi analize yo. E sou koze lang matènèl la ki konekte tout elèv, lang elèv ta aprann pi byen ladan, li ta plis panse pito de [opòtinite elèv la ta jwenn pou l ale lekòl](#), si nou gade peyi Afrik yo li mansyone kote nan yon sèl peyi nou ka jwenn yon ventèn lang epi lekòl fonksone ak [yon lang nasyonal](#) (ki ka anglè ou fransè). Men kòm mwen mansyone kèlkepa nan rechèch sa a: sitiyasyon lengwistik Ayiti pa egal sitiyasyon peyi Afrik yo. An(n) Ayiti, nou gen yon avantaj bab e moustach kote tout Ayisyen (san distenksyon) pale kreyòl kreyòl kòm lang matènèl, donk se tankou yon zouti ou bezwen pou fè yon travay epi zouti sa a nan men ou deja. Sa pou fè, se jis se itilize l epi valorize l.

### 10.6. Ki koutmen edikatè ka bay Ministè Edikasyon Nasyonal?

Bon, se yon kesyon anpil nan nou ka bay kèk repons patikilye pou li. Men kite m di w yon ti bagay: toutan nou menm Ayisyen pa deside travay pou Ayiti toutbon ak nanm, fòs, resous, bòn volonte nou ebyen jenerasyon lan 2000 lan ap toujou gen yon sèl lide nan tèt li: «kite Ayiti». Donk, nan sans sa a, youn nan bagay edikatè ayisyen nan dyaspora a ka panse met aksan sou li, se ta: «*Estrateji pou kolabore ak Ministè Edikasyon Nasyonal Ayiti, bonjan edikatè ayisyen (Ayiti kou nan dyaspora a)*» pou wè kisa nou ka fè (patikilyèman nou menm ki gen ti resous ak lakonesans). Nou kapab etale pwopozisyon sa yo konsa:

Premyèman, kreye yon **paj wèb** oubyen yon **lyenaj wèb** (ralonj) pou mete ladan tout dokiman nou panse lekòl Ayiti ta bezwen. Mete yon lis paj wèb ki gen dokiman sou Ayiti ladan oubyen jis ogmante sou **anyè elektwonik** mwen kreye deja ki rele: *Haiti's Super Web Directory* pou fasilite rechèch sou Ayiti. Dezyèmman, mennen yon kanpay pou ranmase papye rechèch, dokiman rechèch (ki an rapò ak Ayiti, elèv, chèchè k ap ekri sou Ayiti e dokiman rechèch an jeneral pou bay elèv ak anseyan Ayiti (nan tout nivo) aksè a rechèch pou ede yo).

Pou reyalize sa, se yon bagay fasil osilontan nou kwè nan ide sa yo e ke nou ta renmen ede Ayiti elanse nan domèn **edikasyon** ak **rechèch** san tann se kwi pou n al lonje devan zòt pou reyalize yon seri ti pwojè fasil (ke nou menm nou ka fè) pou byennèt peyi nou. Nan sans sa a, koze «**teknoloji**» a nou pa ka kite l dèyè. Anpil Ayisyen ta grate tèt yo lè n mansyone *teknoloji*. Ayiti se youn nan peyi nan lemonn ki kale «**sèvo**», men pwoblèm (majorite

nan) nou sèke nou pa kwè nan **potansyèl** nou oubyen pou n ta pran ti tan reflechi sou ki jan pou n aprann itilize pwòp resous nou. Se yon **konbit konsyantizasyon** kote n bezwen tout moun, tout pwofesyonèl (Ayisyen kou blan), non sèlman pou ban nou koutmen, men tou pou boukante **ide**, ide ki rele ide pou devlope Ayiti. Donk, panse a ki jan ou ka konsyantize edikatè ak espesyalis ayisyen (nan tout domèn pou aprann mete konesans yo o sèvis Ayiti) ak tout lòt moun ki ta vle ede Ayiti ale vè lavan.

Youn nan fondèt koze a tou se ta **kreyasyon yon bonjan sant rechèch Ayiti** (kote premyèman fò ta gen konpwoutè pou kreye yon **sistèm enfòmatisè** pou dokimante e enprime materyèl sa yo). Sa ta pèmèt espesyalis fè yon seri atelye ak monitè, anseyan, elèv dekwa pou bay pi bon randman lekòl (nan kad devlopman ak estrateji pou itilize materyèl didaktik). Ann pa pale anpil oubyen fè yon dal literati ak sa, men wè pito ki ide ou menm ki sousye de devlopman Ayiti ka bay, kisa ou ka pwodui pou Ayiti benefisye de li (nan yon lap de tan), ou menm ki gen tout kalite diplòm pandye nan panno lakay ou. Kòman Ayiti ka benefisye de yo? Panse a konkretizasyon ide sa yo.

Pou rejwenn prestij nou nan istwa, e pou chanje **imaj negatif Ayiti**, sa depann de mwen, de ou, anfen de nou tout e jodiya se youn nan defi ki kanpe an kwa nan wout pwogrè peyi nou pou n leve. Edikasyon se youn nan pòt lakay n ap bezwen chanje seri l pou **kle siksè** ka travay ladan. Mwen swete ou va panse a ide sa yo epi pataje yo ak zanmi ou pou vin bay konkou nan gwo konbit sa a.

### 10.7. Korespondans ak anseyan Ayiti

Kèk sijesyon mwen ta bay konsènan **liv, materyèl** an kreyòl. Bagay sa yo poko egziste vrèman anndan lekòl Ayiti, e si Ayisyen konnen se gouvènman y ap rete tann pou vin fè tout koze sa yo mache, ebyen Ayiti poko ap vanse; nou pral ret tann jis nou tounen pwatann. Li enposib pou nenpòt gouvènman ki ta sou pouvwa chanje tout bagay nan yon espas de katran. An menm tan tou, li enpòtan pou yon gouvènman ta jete yon seri baz enpòtan nan sans sa a nan yon espas de katran ak ranfò pou ta gen suivi lè yon lòt monte. Men patisipasyon chak moun, e gwoup moun (ki konsène e ki ka gen mwayen pou ede, pou fè yon diferans) trè enpòtan.

Gen **sakrifis**, se nou menm (anseyan, chèchè, ekriven, espesyalis nan tout domèn, otè), moun ki gen lekòl ki dwe fè yo, ki dwe vini ak **modèl** ki travay. Chak lekòl an(n) Ayiti ta dwe gen yon **sal resous**. Nan peyi kouwè Etazini, chak lekòl gen yon ti bibliyotèk ladan kote elèv vin chita li liv, ekri papye yo gen pou ekri pou klas, epi fè devwa pandan lekòl sa a ap fonksyone.

Li ta bon pou chak grenn lekòl Ayiti adopte modèl sa a: kreye pwòp ti bibliyotèk pa yo (*sal resous*), ekipe l ak materyèl dekwa pou ede elèv. Sa elèv la pran nan saldeklas la pa sifi. Fò li menm kapab ale dèyè lòt (re)sous, lòt materyèl pou l li e ak pwoblèm ekonomik Ayiti, li enposib si nou menm edikatè ta reyèlman vle pote yon chanjman pou n ta atann pou tout elèv achte liv lè paran yo pa ka menm voye yo lekòl.

Donk elèv ki pa gen liv, ann fè tout mwayen posib ede yo (pa egzanp: **fè fotokopi liv, /materyèl pou yo oubyen mete yo aladispozisyon, materyèl y ap itilize anndan lekòl la**). Entènèt la sèjousi, se yon sous enkwayab pou

tout moun. Aktyèlman gen **yon volim materyèl nan lang kreyòl** ki disponib gratis ti cheri sou entènèt la. Nan rechèch pa m (pa egzanzp) pou m eseye ede Ayiti, tanzantan mwen pran tan òganize sa m ka jwenn epi mwen mete yo nan paj wèb [Haiti's Super Web Directory](#), oubyen nan [Zèv konplè E. W. Védrine sou kreyòl ayisyen](#). Edikatè, elèv, moun k ap fè rechèch ka jis klike sou sit sa yo (etan Ayiti ou nan dyaspora a) pou wè sa k disponib ladan yo, materyèl ki kapab itilize nan lekòl ak elèv. Mwen pibliye gratis ti cheri tout materyèl ki te ka an rapò ak Ayiti sou sit sa yo. Envite elèv, anseyan, moun k ap fè rechèch pou al vizite yo epi enprime materyèl sa yo tanzantan sa posib, distribiye yo bay elèv pou ede yo ak **lekti**, e pou ede yo devlope **lespri kritik**.

### CHAPIT 3

#### 10.8. PLAN POU DEVLOPE TI LEKÒL KOMINOTÈ AYITI

Anpil fwa Ayisyen konn panse fò yo ta gen milyonven pou fè yon seri pwojè k ap ede yon kominote. Ak pwoblèm Ayiti ap travèse depi lontan, mwen kwè youn nan estrateji pou devlopman peyi d Ayiti se «devlopman kominotè». **Ki jan nou ka defini devlopman kominotè?** Se tout sa moun k ap viv nan yon kominote ki kreye nan kominote sa a pou ede moun k ap viv ladan l e pou devlopman l. Pami pwojè sa yo, nou ka site **lekòl, lopital, klinik, sant sante, bibliyotèk, legliz, biznis (komès), otèl, restoran, pansyon, dyòb, sant pou aprann metye, elatriye ...**

Nou pa kapab pale de **devlopman kominotè** epi pou n ta kite **òganizasyon** dèyè. Dayè, fò moun nan kominote sa a ki gen entansyon kreye yon seri bagay pou ta òganize yo. Ki jan pou sa fèt? Sa ka fèt atravè reyinyon kote yon gwoup 3, 4 moun kapab chita ansanm pou panse a sa yo ta renmen kreye nan lokalite kote yo ye a, e kòman yo pral konkretize ide sa yo pou pote fri. Òganizasyon an kapab fèt tou o nivo **dyaspora**, tèlkòm yon gwoup moun ki sòti menm kote kapab reyini pou pale sou sa epi fè yon chenn ak moun ki sou teren an (Ayiti). Kèlkeswa pwojè devlopman moun nan dyaspora a ta renmen tanmen (pou Ayiti), fò yo ta pran kontak ak moun Ayiti pou sonde teren an, gen plis enfòmasyon. E pou moun Ayiti, se ak de bra ouvè yo ta akeyi yon seri mini pwojè ke lokalite yo pral benefisye. Sa kapab vin kreye dyòb tou pou moun zòn nan.

#### 10.9. Pwojè alontèm

Fò group sa a anvizaje yon *pwojè alontèm* e kòman li pral jere l pou kontinye kanpe epi lè yo pa la ankò pou gen larelèv. Nan kad sa a, «rekritman manm» nan òganizasyon an enpòtan. Lè n ap pale de **rekritman manm**, nou kapab panse a yon seri moun ki pral premye benefisye de pwojè sa a e an retou, y ap gen yon devwa pou ede pwojè a kontinye a lavni. Fò n panse a jèn yo paske n ap avanse nan laj. Fò ta gen reyinyon ki fèt tanzantan pou konsyantize yo, ankouraje yo pou aprann renmen e sèvi kominote yo.

#### 11.0. Objektif

Bati yon lekòl kominotè (an premye). Gwoup ki anvizaje kreye lekòl la kapab panse a yon non y ap bay pwojè a. La a, mwen ta di «lekòl» paske lè



pwojè a ap grandi, gwoup fondatè yo kapab anvizaje ofri kominote a lòt sèvis, aprè kreyasyon yon lekòl la (ki ta premye bi pwojè a).

### 11.1. Monitè

Nou pa kapab panse a yon pwojè lekòl, yon pwojè alfabetizasyon san monitè /anseyan. Kòman nou pral jwenn oubyen rekrite monitè pou anseye? Repons lan se: envestige kilès nan zòn lan ki ka fè travay la, kilès ki montre lidèchip nan travay sa a san l pa anvizaje lajan (an patan) menm si se yon grenn monitè pou kòmanse.

### 11.2. Peye monitè

*Kòman yo pral touche.* – Èske monitè sa yo pral touche chak mwa? Fò monitè a touche kanmèm, yon fason pou ankouraje l pase l bezwen ti lajan pou fè depans li bezwen byenke l ka ofri tèt li kòm volontè pou ede nan devlopman kominote a. Men koze lajan an se yon bagay k ap kadre l (piti ou gwo).

### 11.3. Sipèvizyon monitè

*Kilès ki pral an chaj pou sipèvize yo?* – Yon tèl pwojè, fò ta gen yon moun pou sipèvize l, pou wè sa monitè a oubyen monitè yo ap fè, sa yo reyalize, ki pwogrè elèv yo fè. Moun k ap sipèvize monitè yo pa bezwen yon monitè li menm, men yon moun gwoup fondatè a kapab fè konfyans e ki ka fonksyone kòm abit, youn ki net.

### 11.4. Fon

*Ki kote lajan pral sòti pou finansè pwojè a?* – Kòman gwoup oubyen manm fondatè yo pral kreye /chèche moun pou sipòte pwojè a finansyèman oubyen jwenn lòt èd (egz., chèche moun nan legliz, lòt moun k ap bay yon montan

fiks pa mwa, chak 2 mwa, chak sis mwa...). Manm fondatè yo sipoze gen yon lis moun k ap sipòte pwojè a, pran nòt lè yo peye, lè yo an reta pou fè yo konnen. Mande lajan. Pwovèb la di: «*mande ou va jwenn*». Fò manm fondatè yo ta tanmen yon kanpay pou ranmase fon, yon kanpay alontèm. Sa kapab fèt atravè panflè ki esplike bi pwojè sa a, e pouki rezon y ap mande fon pou sipòte sa nan kad devlopman Ayiti. Fò panflè sa yo ta sikile nan plizyè òganizasyon e pou ta gen moun ki konsyan, k ap bay ti tyotyò tanzantan pou travay la kontinye.

### 11.5. Materyèl didaktik

*Ki materyèl didaktik lekòl sa a ap bezwen?* – Nou pa ta ka pale de yon tèl pwojè san nou pa ta pale de **materyèl didaktik**: *ki tip materyèl? ki kote y ap sòti? konbyen y ap koute?* Repons: materyèl didaktik tout tip, materyèl ki ta itilize pou anseye, tout liv ki apopriye pou pwofesè /monitè itilize (nan tout nivo). Materyèl didaktik ka vin sou fòm sa yo: **liv, kasèt (tep), videyo edikatif**, elatriye. Pafwa yo rele sa **founiti** tou (Ayiti) men, n ap eseye itilize **tèm teknik** yo tou ki an rapò ak ‘pedagoji’. Ki lòt bagay nou ka foure anba ‘materyèl didaktik’? Sou kisa elèv pral ekri? Ak kisa yo pral ekri? Sou kisa yo pral chita? Repons tout kesyon sa yo antre anba **materyèl didaktik** (tablo, kaye, plim, kreyon ...).

### 11.6. Kreye sal resous (ti bibliyotèk anndan lekòl)

Nanpwen yon lekòl ki pral fonksyone tout bon vre san l pa gen yon **sal resous**. Men kisa yon *sal resous* ye? Li kapab yon ti bibliyotèk, yon sal apa kote yo mete kopi tout liv k ap sèvi anndan lekòl la, liv pou timoun, liv pou fè rechèch, jounal, kopi atik, revyi elt... Ak sitiyasyon ekonomik lan Ayiti, majorite paran timoun pa kapab achte liv pou yo, e leta pa tabli oken sal

resous nan oken lekòl piblik kote elèv ta kapab chita pou li liv yo pa genyen. Si n ap reyèlman eseye ede moun pòv, timoun ki pa gen opòtinite ale lekòl, li p ap fè sans pou n ta di paran yo achte tout liv pou yo. Deja liv koute tèt nèg Ayiti, e pou elèv ki ka jwenn liv li bezwen oubyen paran l achte liv sa yo pou li, se yon liks. Se youn nan bagay pou n fèt atansyon avè l pou n pa ta bay paran presyon achte liv pou pitit yo. Nan kèk ka, si gen paran ki gen opòtinite a, yon fason pou ede lekòl la bouje, pa gen pwoblèm. Dayè, se yon faktè ekonomik ki fè timoun yo pa gen aksè a lekòl. Donk, menm si elèv la pa ka achte liv li bezwen, l ap fè yon fason kanmèm pou ede paran yo e sa ap ankouraje yo voye timoun yo lekòl menm si yo pòv, y ap kontan tout bon paske y ap wè n ap eseye fè yon travay k ap kore yo tout bon, y ap sipòte nou e fò n ankouraje yo tout jan.

### 11.7. Nivo lekòl sa a

*Ki nivo lekòl sa a ap ye (elemantè, mwayen...)?* – Pou ta debite yon tèl pwojè, nou pa ka panse a yon lise. N ap panse pito a kreye yon lekòl **nivo elemantè** paske se pepinyè n ap fè men, pandan lekòl sa a ap grandi, nou ka ogmante klas yo pou ta rive jis nan nivo mwayen.

### 11.8. Trening pou monitè yo

Kòman monitè sa yo pral jwenn yon fòmasyon avan yo kòmanse anseye? – Avan menm monitè yo kòmanse anseye, fò yo ta resevwa yon trening (menm si yo ta gen esperyans deja). Kilès ki pral ba yo trening sa a? **Èske gen kèk liv yo ka li pou gen ide ki jan moun anseye, anka yo pa ta gen aksè resevwa yon trening?**

a). *Seminè kreyòl pou monitè yo* (kote y ap jwenn fòmasyon sa a?). – Se yon gwo pwoblèm Ayiti kote monitè /anseyan ap anseye san yo pa pase nan oken atelye pou pwofesè, atelye pou aprann anseye, pa suiv oken seminè kreyòl. Lang kreyòl la gen yon enpòtans total kapital nan ansèyman, e fò gen yon travay ki fèt pou dechouke tout vye fason anpil pwofesè konn aji vizavi pwòp lang yo. Lè se nan lang timoun nan w ap anseye, w ap ba l espikasyon, bagay yo antre nan tèt li trapde. An(n) Ayiti, leta toujou rete dan griyen (li pa reyèlman pran responsablite l an men). Mwen kwè fò leta ta mete l obligatwa pou pwofesè kèlkeswa nivo a ta pase nan yon seminè kreyòl avan l ta vin dèyè yon tablo. Se youn nan rezon ki lakoz anpil anseyan ayisyen devlope yon konplèksdenferyorite kont lang matènèl la lefèt ke leta pa t janm mete l obligatwa pou yo gen yon fòmasyon nan lang kreyòl la, ki pwòp lang yo, lang elèv yo pale. La a, elèv la pa pral aprèsye lang matènèl li si l wè pwòp pwofesè l meprize lang nan.

b). *Seminè pou montre yo kòman moun anseye oubyen pou anseye pi byen* (kilès ki pral fè sa pou yo oubyen kote y ap jwenn fòmasyon sa a?) – Anpil moun k ap anseye Ayiti pa t gen chans suiv kèk atelye pou aprann kòman yo anseye. Men si moun nan reyèlman devwe pou l anseye, l ap anseye kanmèm pase majorite anseyan Ayiti pa janm suiv oken atelye oubyen seminè. Kilès ki pral fè seminè sa yo?

c). *Evalyasyon*. – Fò ta gen evalyasyon ki fèt tanzantan pou wè ki randman pwojè a, ki siksè anseyan, elèv, ki reyaksyon moun nan kominote a vizavi pwojè sa a ki fèk tanmen?

d). *Kantin.* – Èske timoun yo ap reyèlman aprann si n pa panse a ki jan n ap ba yo yon ti lasibab? Ann panse tou a ki jan nou ka antre kantin nan lekòl sa a (tou depan de bidjè l).

## CHAPIT 4

### 11.9. ANFAZ SOU RECHÈCH: *PWOBLÈM AK SOLISYON* POU ELÈV *AYISYEN*

*Pou kisa moun fè rechèch?* Moun kapab fè rechèch pou plizyè rezon: pou ekri yon liv, yon atik, disètasyon, tèz, pou fè yon prezantasyon sou yon sijè ki an rapò ak yon tèm kèlkonk.

Youn nan pwoblèm nou gen nan lekòl Ayiti, sèke yo pa antrene nou nan domèn sa a. Donk, (anpil fwa) elèv la se jis **bat pakè, fè jakorepèt** san brenn li pa reyèlman devlope pou l **kritike e kreye**. Majorite lekòl Ayiti pa gen yon **sal resous** kote yo kenbe dokiman ak liv pou bay elèv aksè fè rechèch. Se kèk nan lekòl prive yo ki gen ti bibliyotèk ladan yo men kesyon an se, **èske elèv reyèlman gen aksè a yo?** Kontrèman a peyi Etazini, chak lekòl gen yon ti bibliyotèk ladan l (kèlkeswa nivo lekòl sa a: *primè, segondè, siperyè*) ki fasilite anseyan ak elèv fè rechèch (san yo pa bezwen al lwen dèyè kèk materyèl rechèch yo ta bezwen).

Tip dokiman w ap jwenn nan bibliyotèk lekòl sa yo se **liv** ki sèvi nan lekòl sa a, lòt liv ki an rapò ak tout matyè yo anseye anndan lekòl la, **dokiman** sou tout fòm pou fè rechèch. Sèten lekòl nan peyi Etazini (nivo *primè, segondè*) gen yon orè espesyal pou elèv pase tan nan bibliyotèk lekòl sa yo pou envestige (fè rechèch), travay sou yon devwa oubyen yon pwojè kèlkonk.

Sou koze **bibliyotèk** la, chak zòn ta sipoze gen yon bibliyotèk piblik. Pa egzanp, si n ap pran kapital la, **Repiblik Pòtoprens**, yon elèv Kafoufèy pa t bezwen desann jis **Bibliyotèk Nasyonal** pou al fè rechèch oubyen pou al li yon liv. Te ka gen yon bibliyotèk piblik **Bapedchoz, Bèlè, Dèlma, Kafou, Kafoufèy, Petyonvil, Site Solèy, Tijo...** epi ki gen yon sistèm santral ki konekte tout bibliyotèk piblik sa yo tankou sa fèt Etazini. Pa egzanp, yon moun te ka prete yon liv Kafoufèy epi l remèt li Dèlma, elt. . .

Ak avansman **teknoloji** a tou, sa vin bay elèv Etazini plis aksè nan domèn fè rechèch. Pa egzanp, nan bibliyotèk lekòl sa yo, w ap jwenn **konpwoutè** ki klase materyèl yo, ki kote yo lokalize, sa elèv prete, nan men kiyès yo ye elt... Avan menm elèv la al chèche liv oswa dokiman li bezwen an, li gen dwa tyeke konpwoutè a pou wè si yon moun pa t gen tan prete l, e Si yo prete liv sa a, li gen yon ide kilè y ap remèt li. Elèv yo gen aksè tou a yon seri **videyo edikatif** yo kapab itilize pou fè rechèch.

Èske lekòl Ayiti ka imite lekòl «**gran peyi**» nan sans sa a? Repons lan se: **wi!** Men itilize pwòp mwayen ou resous pa yo. Sa k pi enpòtan pou n gade se **fason nou dwe òganize nou**. Anpil fwa lè y ap pale de **gran peyi**, (anpil) Ayisyen panse fò Ayiti ta gen milyonven oubyen fò yo ta **blan** pou fè yon

seri bagay (ki byen senp). Youn nan pwoblèm anpil Ayisyen (ki swadizan eklere), se yon pwoblèm «**mantalite**» ki kontribye anpil nan soudevlopman Ayiti: *yo pa kwè nan tèt yo menm si yo ta rive atenn yon nivo inivèsitè; pou nenpòt ti bagay senp, yo kwè fò se mouche blan ki pou vin fè l pou yo.* **Konplèksdenferyorite** lakay (anpil) Ayisyen klè la a, e kijan li kontribye nan soudevlopman Ayiti. Fò nou, Ayisyen, derape avèk yon lòt mantalite: *yon mantalite pou leve defi, e youn pou ka kreye tou.* Lè sa a, zòt va di: «Nèg ayisyen entelijan! Nèg ayisyen pwodiktif!». Menm si sa nou fè a ta parèt medyòk (nan zye kèk moun), men pwen esansyèl la sèke se nou menm ki fè l dekwa pou n montre zòt nou pa depann de li totalman epi pou n fyè tou de sa nou pwodui a. Toutan Ayisyen an pa kapab rive panse konsa, li poko yon moun total.

Nan menm absans bagay sa yo nan lekòl Ayiti, fò nou pa bliye tou **responsablite leta ayisyen**. Ki wòl leta nan devlopman lekòl Ayiti? O nivo **lekòl leta yo**, fò se leta ki pou ta pran sa an chaj pou l bay elèv yo aksè a sa yo bezwen kòm nou kapab li nan yon seri atik nan konstitisyon an sou koze «edikasyon»: atik 32, 32-1, 32-2, 32-3, 32-9, 32-10, 33(10).

Atik sa yo bèl anpil; nou te kapab menm ankadre yo epi nou plake yo nan chak saldeklas Ayiti pou fè n sonje **responsablite leta**, men **iwoni** ki dèyè yo sèke yo toujou rete nan yon **nivo teyorik** oubyen yo ta parèt kòm **ilizyon** pou Ayisyen konsekan ki ta renmen wè pawòl sa yo tounen **reyalite**. Wi, yo rete yon **ilizyon** pase poko reyèlman gen yon **politik edikasyon** Ayiti, yon bonjan bidjè pou investi nan domèn sa a (enkli rechèch ladan).

Lòt bagay ankò ki merite fèt, se tout moun k ap travay nan domèn edikasyon an ki dwe panse a ki sòt **chanjman** yo vle anndan sistèm sa a ki gen yon kansè. Sa mande **òganizasyon** ant anseyan, miting regilye pou diskite sou pwoblèm nan e ki jan y ap eseye jwenn solisyon pou li. Fò pwofesè ta òganize yo, kontinye òganize pou revandike dwa yo, rele fò nan zòrèy leta pou tande vwa yo epi tou fè l konnen wòl li nan koze a: mande l pou l fè chanjman nesèsè paske se devwa l jan konstitisyon peyi a mande sa.

Fò nou pa bliye tou gen yon seri **brenn** k ap gaspiye Ayiti. Nou kapab di se yon dal **boul lò** ki nan lari. Sa yo bezwen, se jis yon èd nan men leta pou ta fè yon seri **mini rechèch** senp ki ta ka kontribye nan devlopman Ayiti. Nou kapab pran egzanp dè milye elèv ki fin desann bakaloreya ki sou beton an, p ap fè anyen. Imajine leta ta mete omwen yon bonjan **enstiti teknik** pou elèv sa yo vin fè rechèch, aprann metye, elt. . . Ti nèg ayisyen pa t ap pran lontan pou fè konpetisyon ak syantis lòt swadizan **gran peyi**. Fò w dòmi ak Jan pou konn wonf Jan. Nèg ayisyen an pwouve konptetans li deja nan lekòl *gran peyi*. Sa l bezwen sèlman pou fè tranzisyon an Ayiti se **aksè**, e patisipasyon gouvènman ayisyen an (si sa ta rive fèt) se ta **kle** derapman an.

Devlopman Ayiti nan tout sans, depann de Ayisyen (Ayiti kou nan dyaspora a). Nan sans sa a, kèlkeswa gouvènman Ayiti ki ta gen renn pouvwa a, fò l ta vin ak yon politik pou ankouraje patisipasyon Ayisyen nan dyaspora a pou kontribye nan devlopman Ayiti. E, gen Ayisyen nan dyaspora a ki prè pou sa, men sa k rete yo se apèl **yon gouvènman ayisyen serye** y ap tann pou fè yon dekabès.



Tip chanjman sa yo pa mande milyonven jan anpil Ayisyen ta prezante l (sa k trè pesimis yo, sa k pa ta renmen wè bonjan chanjman pou pa pèdi privilèj yo), yon fason pou chanjman de baz yo pa ta janm rive fèt men, fò gen politisyen serye, fò se pa yon seri **gran manjè**, politisyen bòkyè. Ayiti bezwen moun serye nan gouvènman an pou fè koze yo vanse. Fò moun ki vle wè chanjman yo kontinye revandike (nan lòd ak respè), reveye òganizasyon popilè yo pou epole yo nan objektif y ap eseye atenn.

#### 12.0. Pwoblèm dokimantasyon pou fè rechèch Ayiti, sou Ayiti

Lòt gwo pwoblèm ki prezante nan domèn rechèch la, se jwenn **dokiman sou Ayiti**. Lè n di **dokiman**, ki sòt dokiman? Repons lan se: Liv, jounal, atik, revyi, videyo elt... Tout se dokiman ki ka itilize pou fè rechèch. Pa egzanp, anpil nan jounal ayisyen pa anrejistre nan oken bibliyotèk pou ta jwenn kopi yo pou li yon atik enpòtan pou fè yon rechèch sou yon tèm prensipal. Anpil pa menm sou **mikwofich** menm jan sa fèt pou jounal ameriken Etazini. *Mikwofich* la se yon aparèy ki gen yon ekran tankou yon konpwoutè pou l li jounal la. Jounal sa a anrejistre sou fòm yon fim kodak ki nan yon bobin. Depi w foure l anndan aparèy sa a, w ap kapab li jounal la san pwoblèm.

**Jounal** kapab youn nan sous ki pi soulamen pou yon moun itilize nan fè rechèch. Pou kisa? Gen jounal ki parèt chak jou, chak semèn, chak mwa. Konsa, yo kouvri yon evennman, kèk atik sou yon evennman presi, rapidopresto. Yon otè ap pran plis tan pou l ekri yon liv sou yon evennman patikilye men si ou gen abònman yon jounal, w ap gen tan li sou evennman sa a avan menm yo sòti yon liv sou li. Se sa k fè li enpòtan pou nou menm Ayisyen, ki bezwen fè rechèch, pran abònman jounal ak revyi. Lè n fin li yo,

se pa annik pran yo voye jete, okontrè se pou n anpile yo oubyen koupe atik sa yo pou sere; petèt yo ka itil yon zanmi k ap fè rechèch.

Lè n ap li jounal oubyen pran abònman jounal, li toujou bon pou n eseye li omwen 2 jounal diferan. Pa egzanp, ou ka jwenn kèk jounal ayisyen ki fè yon repòtaj sou yon bagay epi ki prezante l ak yon pwendevi diferan men, lektè oubyen chèrchè a fò l kapab an mezi pou konpare sous enfòmasyon an, e ki pwofondè validite enfòmasyon sa a tou. Pafwa, gen jounal ki ka prezante yon koze sou fòm **fiksyon** (ki pa reyèl), ak manti yo mete nan atik la; lè sa a, li plis parèt yon **fantezi** pou fè moun ri olye pou eseye rive konvenk lektè a, sitou si l deja konnen mòso nan verite sou li.

Koze **fè rechèch** la pafwa parèt yon bagay estraòdinè pou kèk Ayisyen tandike se yon bagay byen senp. Anpil fwa, pou kèk Ayisyen, depi yo tande koze rechèch, imedyatman yo panse a **gran peyi**, bagay blan ap fè. Men reyalyte a se jis antrene elèv la sou ki jan pou l aprann fè fouy, estrateji ak zouti li bezwen kote l pran aplike **teyori** ak **pratik** alafwa. Sa devlope lespri elèv la pou l entèprete, konpare, kritike epi kreye. Li enpòtan pou sa fèt nan tout nivo: **elemantè**, **mwayen**, **segondè** e **siperyè**. Se youn nan egzèsis entelektyèl pou ede elèv la pwogrese.

Yon lòt metòd nou kapab itilize tou nan fè rechèch se **entèvyou**. Nou kapab gen difikilte pafwa pou jwenn dokimantasyon sou tèm n ap fè rechèch la men, enpòtan an se chèche konnen espesyalis nan domèn sa a epi entèvyouye yo, pran bèt nan bouch yo pou al rapòte. Yon zouti enpòtan pou n genyen se yon ti **tepi kòdè**. Aprè entèvyou sa a, nou kapab chita pou n ekri transkrip la.

Finalman, koze fè rechèch la enpòtan nan tout domèn e nan tout nivo. Se akòz yon moun ki te fè rechèch sou yon bagay kèlkonk ki fè jodiya nou menm nou kapab benefisye de sa. Fè rechèch se yon zèv imanité. Ann ankouraje, antrene ti Ayisyen Ayiti kou nan dyapsora a nan fè rechèch, rechèch pou n di zòt nou gen brenn tou, pou n fyè de nou menm kòm premye pèp nwa sou latè e pou devlopman Ayiti Cheri.

### 12.1. **Ki koutmen Kiba ka bay Ayiti nan domèn edikasyon ak rechèch?(11)**

*... Siksè kiltirèl Kiba nan il la alawonnbadè ak kanpay edikasyonèl li previzib. Pèp kiben an, depi triyonf revolisyon an, gen opòtinite ogmante konesans li epi devlope ekspètiz talan atistik li. Donk pakonsekan, yo gen yon gran vowlwa nan kontinye ogmante sou konesans yo gen deja. Sa ki enpresyonan, se tout patisipasyon ak enterè Kiben yo montre chak jou nan gade e suiv kou nan televizyon ki enkli: lang, literati e apresyasyon pou ar. Se nan rekonesans travay gouvènman kiben an ke l fasilite e ankouraje tout moun devlope yon amou e apresyasyon pou pwòp kilti yo, e rekonèt tou enpòtans nan aprann lang etranje pou kapab kominike ak lòt nasyonalite. Yon tip kanpay konsa kapab antreprann nan peyi sosyalis, paske tout resous nasyon an aladispozisyon pèp la. Pakonsekan, medya piblik la ak enstriksyon e anseyan yo kapab atire bezwen nasyon an pito ke bi komèsyal.*

*Konfòm a ideyoloji entènasyonalis Kiba, benefis devlopman yo nan tout domèn, la pou pataje ak lòt peyi ki sou ray devlopman. Yon egzanp resan, se patisipasyon Kiba nan travay alfabetizasyon k ap fèt Ayiti. Ayiti se premye peyi Amerik Latin ki pran endepandans li an 1804. Selon estatistik ofisyèl, Ayiti se peyi k pi pòv tou nan rejyon an ak yon to analfabetis 55%*

*(senkanssenk pou san). Kiba fè esperyans lan nan pwòp kanpay alfabetizasyon gouvènman revolisyonè a te òganize an 1961; yon kanpay, ki ak siksè, eradike analfabetis nan peyi yo. Ekspètiz sa a aladispozisyon kounyeya pou Ayiti. Ane ki sot pase a (2000), ofisyèl ki sot nan Ministè Edikasyon Kiba travay ak Ayisyen, bati chema ak devlopman kou alfabetizasyon nan lang kreyòl...*

*Kreyòl se premye e lang ofisyèl Ayiti; sèt milyon edmi pèp la pale l. Yon pwojè pilòt ak plizyè ankèt fèt deja pou evalye bezwen alfabetizasyon pèp la. Monitè alfabetizasyon pral vizite pwovens yo pou evalye pwogrè patisipan yo epi gade fason metòd la apwopriye. Pandan Kiba ap devlope talan nasyonal pou benefis pèp la, li toujou sonje lòt peyi ki bezwen sipò ak ankourajman pou atenn dwa granmoun yo ak diyite atravè lakonesans, sante anfòm, ak idantite nasyonal.*

## **CHAPIT 5**

### **12.2. ENFLIYANS EDIKASYON AYITI GENYEN SOU ELÈV AYISYEN KI VIN LEKÒL ETAZINI**

Anpil elèv ayisyen gen opòtinite kontinye al lekòl Etazini. Majorite lise ameriken yo piblik. Daprè konstitisyon peyi Etazini, tout elèv gen dwa pou resevwa yon edikasyon gratis jiska laj dizuitan. Youn nan aksè ti Ayisyen te genyen nan kèk lise ameriken, se «Pwogram Bileng» (ki te egziste nan kèk eta).

Anpil elèv ki te kite Ayiti plizoumwon nan yon nivo segondè avanse, pa gen pwoblèm pou fonksyone nan lise ameriken malgre yo ka rankontre kèk

pwoblèm pafwa. Youn nan gwo pwoblèm sa yo se yon pwoblèm **lang**. Elèv ayisyen an non sèlman gen pou aprann lang nan men fò l metrize l avan li antre nan inivèsite. Fasilman aprè kèk elèv ta fin metrize lang anglè a, yo ka jis fè yon transfè bagay ke yo te gen tan konnen o nivo segondè Ayiti tèlke **matematik** ak lòt **syans** pa egzanp.

Pwogram Bileng lan\* se yon pwogram **tranzisyonèl**; sa vle di: elèv la ta pase yon sèten tan ap suiv kou ak pwofesè ki pale lang li epi aprè li ta atenn yon nivo nan kou anglè (kòm dezyèm lang), li ta sipoze janbe nan yon **pwogram regilye** kote li gen pou suiv tout kou nan lang anglè a, ansanm ak elèv ameriken.

### 12.3. Pwoblèm elèv Bileng Ayisyen ka konfwonte nan lise ameriken

Byenke lise ameriken yo ta ofri anpil avantay pou elèv ayisyen, men yo konn rankontre anpil pwoblèm pafwa. Mwen deja mansyone pwoblèm lang anglè a kote tout elèv dwe chèche mwayen metrize l byen rapid. Lòt pwoblèm ki ka vin prezante sèke anpil elèv ayisyen ki antre nan lise ameriken yo pa kapab fonksyone o nivo segondè. Pou rive jwenn rasin pwoblèm sa a, fò nou ta reyanalize **pwoblèm lekòl Ayiti**. Anpil elèv, lefèt ke yo pa t gen opòtinite atenn yon nivo edikasyon avanse Ayiti, vin konfwonte anpil pwoblèm pou fonksyone nan lise ameriken yo. Lòt pwoblèm ki vin prezante ankò se yon pwoblèm **laj**. Koze *laj* la se yon bagay ki gen yon gran enpòtans nan lekòl ameriken, sitou pou sòti nan **nivo elemantè** rive nan **nivo segondè**. Kisa sa vle di? Si elèv la ta gen tèl laj, li ta sipoze nan tèl klas, diferan de lekòl (piblik) Ayiti, sitou an pwovens kote nou

ka jwenn yon elèv ki gen dizan ak youn ventan ki nan **klas preparatwa**. Sa pa fèt Etazini; apati tèl laj, elèv la dwe nan tèl klas. Byen souvan, yo boure elèv bileng ayisyen an nan yon klas kote li pa kapab fonksyone nan nivo klas sa a. Men akoz **la** li, pa gen chwa, li la kòm estennbay ap fè lè pase. Lòt bagay ki konn rann pwoblèm sa a mwen grav se **egzamen klasman** kote elèv la pa t deklare laj li oparavan. Konsa, *egzamen klasman* an vin bay yon ide nan ki nivo pou elèv la ta ye pandan ke yo kapab mete laj li de kote annatandan, men sa pa vle di pou otan ke l pral briye.

#### 12.4. Sistèm lekòl Ayiti ak Etazini (nivo segondè)

An(n) Ayiti, lekòl segondè kòmanse nan **sizyèm** rive nan **filo** oubyen **tèminal II**. Sa pran anvwon sis a sèt ane pou elèv ayisyen an konplete sik segondè a (si l pa double). Nan peyi Etazini, sik segondè a dire **katran**, men ak yon vitès akselere, e tou depan de lekòl la (si se akademi, se *high school* nan milye iben ou nan banlye). Metòddansèyman ki itilize nan lekòl ameriken yo trè diferan de sa yo yo ta itilize Ayiti a. Gen **avantay** ak **dezavantay** nan toulede sistèm yo. Pou elèv ki te resevwa yon bonjan edikasyon segondè Ayiti (elèv ki pa t nan yon lekòl tèt chat), yo ka jwenn kèk avantay nan sistèm ameriken an. Pa egzanzp, yo vin aprann nan yon metòd ki pi fasil, yo pa gen anyen pou etidye **pakè** ankò (si yo te konn pratike woutin sa a ki pa reyèlman bon). Sistèm ameriken an ta oryante l plis sou **pratik** byenke Ameriken yo pa ta kite **teyori** dèyè an menm tan, diferan de Ayiti kote yo ta anseye elèv la teyori anpil fwa san pratik. Lè n pran matyè kouwè **syans** pa egzanzp, nan lekòl Ayiti (prèske) pa gen oken laboratwa pou elèv travay tandike depi nan nivo elemantè elèv ameriken an kòmanse ap fè esperyans nan laboratwa (atravè pratik, kòm jwèt). Ak

avansman teknoloji kounyeya, timoun nan lekòl ameriken kòmanse pran kou konpwoutè nan nivo elemantè (nan sèten lekòl, se yon obligasyon). Byenke materyèl sa yo ta sanble yo ta koute lajan pou mete yo disponib nan lekòl Ayiti, men la a se jis pou n montre kòman **pratik** la enpòtan nan kèlkeswa nivo elèv la ye (kote gen anpil anfas sou sa), sitou pou syans. Donk, yo mete plis anfas sou **pratik** (ke teyori) nan lekòl ameriken yo tandike pou Ayiti, se revè a.

### 12.5. Dezavantay kèk lekòl segondè ameriken

**Dezavantay** ki ka egziste nan «kèk» lekòl segondè ameriken (nou di *kèk* pou n pa jeneralize) sèke yo ta parèt yon ti jan twò fleksib kèk fwa sou koze **korikilòm** (pwogram elèv la sipoze wè avan l diplome). Elèv la gen yon sèten nonm de **kou** pou l suiv avan li konplete sik katran an. Pafwa (nan kèk lekòl dan griyen) pa tèlman gen anfas sou **kou de baz** elèv la ta dwe wè avan l konplete sik segondè a. Li ka peye konsekans lan lè l antre nan inivèsite oubyen *kolèj* (nivo siperyè) kote l ap bezwen yon baz pou l fonksyone nan nivo sa a. Men li te sipoze gen baz sa a depi avan l kite nivo segondè. An menm tan tou, se pa fòt elèv la lefèt ke sistèm oubyen tip lekòl sa a li tonbe ladan an twò fleksib an tèm bonjan **preparasyon akademik**, e **filozofi lekòl la** (*ki vrè objektif li pou majorite elèv? èske l la pou l prepare majorite elèv pou nivo inivèsite ? kilès ki kliyantèl lekòl sa a: pitit malere, pitit moun ki gen lajan? nan ki zòn lekòl sa a sitiye: milye iben, banlye, zòn moun rich?*). La a, nou vin sonje pwovèb kreyòl la : *mezi lajan w, mezi wanga w*.

Diferan de sistèm Ayiti a, sik segondè ameriken an pa divize an **seksyon**. Anpil fwa, seksyon an bon pou elèv la paske li ba li plizoumwèn yon baz deja oubyen yon **oryantasyon** nan nivo segondè pou kòmanse prepare l pou etid inivèsité li pral tanmen.

### 12.6. Rate materyèl nan Pwogram Bileng Ayisyen (Etazini)

*(An memwa otè a, Tony Jean-Jacques, ki ekri tèks la an 1992. Yon kokenn edikatè ayisyen, yon gran edikatè ayisyen ki ale byen bonè: 1960 -2001)*

«Rate materyèl (pedagojik) nan Pwogram Bileng Ayisyen» an se tit yon entèvyou Tony Jean-Jacques (edikatè, powèt) te fè ak kèk edikatè ayisyen ki travay nan Pwogram Bileng Ayisyen (*Boston Public Schools*, USA).

Jean-Jacques ap pale:

Rezon ki fè m fè rechèch sa a sou 'rate materyèl' ki genyen nan Pwogram Bileng Ayisyen an se paske mwen sousye de pwoblèm nan e ke mwen konnen ta kou l ta, m ap konfwonte pwoblèm sa a. Pifò anseyan ayisyen ki apateni a nouvell jenerasyon an konfwonte pwoblèm sa a. Malerezman, yo tout wè l men yo iyore l. Si yon moun ta vle vin anseyan, li enpòtan pou l pale de pwoblèm sa a. Pwoblèm santral la oubyen tèm prensipal rechèch mwen an se pou rekonèt rate materyèl ki egziste nan Pwogram Bileng yo. Pou rele pwogram yo «bileng», fò elèv yo konn li ak ekri nan lang matènèl yo. Pwoblèm sa a enpòtan paske li bay timoun yo yon move enpresyon de lang matènèl yo. Mwen li plizyè atik ak liv ki pale de pwoblèm bileng an(n)



Ayiti. Sou pwoblèm ki relate tèt mwen an, pifò etid yo santre sou pwoblèm alfabetizasyon. Pou rive elimine pwoblèm nan, gen anpil mwayen pou fè sa. Donk edikasyon kreyòl la se pa li ki pwen santral pou vize a. Menm sou tè ameriken an pwoblèm nan reparèt. Erezman, lang fransè a pa la kòm zouti klas elit la. Apwoch pèsonèl mwen pou etidye pwoblèm sa a se pale ak plizyè pwofesyonèl. Metòd sa a apopriye paske l ban mwen yon bèl opòtinite pou konnen toudabò sa k ap dewoule nan klas bileng yo.

Apati rechèch mwen an, mwen jwenn ke egziste aktyèlman yon **rate materyèl** nan lekòl piblik yo. Sepandan, rate materyèl sa a ka sèvi kòm pon pou kreye fenèt atravè sistèm piblik la. Mwen aprann anpil nan rechèch sa a. Malerezman, mwen bezwen plis tan pou kapab mete tout enfòmasyon sa yo ansanm. Mwen itilize plizyè liv, atik, jounal, elt...

Mwen gen pou m entèvyouye 6 pwofesè ayisyen pwofesyonèl ki panse fèmman konsènan pwomosyon **atitid pozitif** sa a ke yo atann kòm kle amelyorasyon ak kreyativite pami elèv bileng yo. Joel Theodat se direktè Pwogram Bileng Ayisyen nan *West Roxbury High School*. Emmanuel W. Védrine se konferansye nan *University of Rhode Island* (depatman espayòl), sepandan Védrine te anseye syans sosyal pandan twazan nan *English High School* (Pwogram Bileng Ayisyen), yon ane fransè ak espayòl nan *Faragut Elementary School* (Boston) ak nan *Murphy Elementary School* (Boston).

Aprè tou, twazyèm pwofesè ke m te kontakte se yon pwofesè lengwistik ak edikasyon bileng nan *University of Massachusetts-Boston*; li se direktè *East Zone* nan pou *Boston Public Schools*, an palan de pwofesè Marc Prou.

Pwofesè Prou, pandan l ap fè fas ak pwoblèm Pwogram Bileng nan, gen pwoblèm tou nan «non» pwogram nan. Li deklare: «*Tout dokiman yo ekri an(n) anglè*». Li kontinye:

*«Mouvman pou anseye sèlman an(n) anglè a bay yon reflè de nyaj politik ki nwasi diskisyon prensip pedagoji fondamantal ki aplike a tout timoun. Prensip sa yo sijere ke diferans kiltirèl yo kapab anpeche timoun k ap aprann si enstriksyon yo iyore diferans sa yo. Nou tout sipoze pase nan etap mantal sa yo tèlke pa egzanzp bagay ki fèt espontaneman, devinèt, konstriksyon mantal e estratejik; chanjman mantal, pwosede mantal e lòt ankò ki mande yon anbyans kote enstriksyon kiltirèl kapab pran pye. Pou kapab konprann edikasyon bagay sila yo e nati travay mantal sa yo, timoun ki gen yon konpetans kiltirèl e lengwistik, yo dwe bay timoun sa yo opòtinite itilize sa yo konnen an. Pwofesè Prou mete plis anfaz sou prensip sa yo lè l di: «prensip sa yo dwe deklare e aplike menm si presyon politik ak prejije rasyal ta tounen yon obstak».*

**Kesyon:** *Pou kapab pwomote e edike elèv bileng yo, nou bezwen materyèl. Èske ou panse nou gen ase materyèl pou Ayisyen?*

**Prou:** Gen ase materyèl ke m wè. Mwen te achte kèk liv Ayiti. Donk, kèk nan materyèl sa yo pa 100% (san pou san) ale ak reyalite elèv yo ap viv. Nan ka sa a, sa mwen reyalize sèke li esansyèl ke nou kreye materyèl ki ta kapab ede elèv pou wè yo menm k ap travay nan yon nouvèl direksyon pandan ke y ap viv nan sosyete a. Donk, materyèl sa yo sipoze devlope selon bezwen lekòl la. Sa ke mwen wè se yon ekip anseyan ayisyen ki pou travay ansanm pou kapab devlope materyèl pou Pwogram Bileng lan nan lekòl Boston yo.

Mwen byen sousye de aktivite sa yo nan kèk vil nan eta *Massachusetts*. Pa egzanp nan vil *Cambridge* ak *Somerville*, gen kèk anseyan ki devlope materyèl pou klas yo.

**Kesyon:** *Èske li nòmal pou di ke gwoup ou mansyone yo ap travay pou founi liv pou tout vil yo kote ki gen pwogram pou Ayisyen?*

**Prou:** Bon, li twò bonè pou di ke gwoup sa yo byen estriktire pou devlope materyèl pou vil kote ki gen pwogram ayisyen kounyeya, gen volontè epi tou priyorite a se nan tranzisyon an li ye. Nan korikilòm nan, yo vle elèv yo aprann anglè rapidopresto. Epi tou, mwen di ke pifò anseyan ayisyen ke nou genyen yo pa t resevwa yon trening adekwa pou kapab devlope materyèl. Pou kèk moun, se premye fwa yo wè lang kreyòl la ap travay. La menm, gen yon limitasyon.

**Kesyon:** *Èske w vle di ke pwofesè ayisyen yo pa kalifye pou anseye kreyòl?*

**Prou:** Bon, mwen pa ta di yo pa kalifye, men yo fè trening diferan. Kèk ladan yo te resevwa yon trening pou anseye lekti. Donk, lekti sa a se lekti anglè. Epi tou, mwen konnen ke gen yon atitud kont lang keyòl la. Donk, pifò pwofesè pa konsidere lang kreyòl la kòm yon zouti fò pou itilize nan klas. Menm si yo bay espikasyon, yo anseye an kreyòl men yo pa mete anfaz sou lang kreyòl la pou ta anseye elèv yo l. Pou pwofesè yo, lefèt ke yo konnen sa pwogram tranzisyonèl yo vle, yo eseye itilize lang kreyòl la oralman pou kapab ede elèv fè tranzisyon an. Donk, tout bagay ki genyen yon rapò ak lekti, yo fè l an(n) anglè. Yo itilize yon sistèm kote ou ka wè ke tranzisyon an fèt rapid. Donk, pwogram nan se yon pwogram bileng oral ki

fèt nan yon sèl lang. Yo itilize toude lang yo (anglè, kreyòl) oralman. Sepandan, lè y ap ekri, yo itilize sèlman anglè.

**Kesyon:** *Ou mansyone pwogram ki ap kreye materyèl?*

**Prou:** Wi, gen anpil materyèl pou nivo primè a ki te kreye an(n) Ayiti pandan ane 80 yo. Sepandan, kèk nan materyèl sa yo pa itilize paske pwofesè yo pa abitye ak yo. Epi tou, mwen dwe di ke *Boston Public Schools* pa ankouraje pwofesè pou gade materyèl ayisyen yo. Donk, apati pwen sa a, nou kapab wè ke gen yon rate. Se pou sa pwogram nan mal ekipe. Nan *Ofis East Zone* lan, nou achte materyèl an kreyòl pou \$4,000. Kòm ou kapab wè, sa pa ase. Nou gen diksyonè, liv istwa; men nou pa gen ase pou tout moun. Pafwa nou ta rekòmande liv men pwofesè yo refize itilize liv sa yo. Nou bezwen gade atitud pwofesè yo tou. Lè w ap gade pwofesè ak paran yo, enfòmasyon nou jwenn sèke timoun yo se Ameriken. Yo bezwen aprann nan materyèl anglè yo. Donk, mwen pa nan klas la 24 sou 24. Pafwa, lè m vizite lekòl yo, mwen obsève ke yo pa itilize materyèl sa yo. Menm si yo genyen materyèl an kreyòl, men kèk nan pwofesè ayisyen yo eseye fè tout sa yo kapab pou kreye pwòp materyèl yo. Yo fè kopi pou elèv yo. Yon moun dwe konnen ke Pwogram Bileng lan se yon pwogram ki la pou l remedye. Mwen kont tout sa. **Edikasyon Bileng** gen yon bèl fondasyon. Donk, pa gen kesyon pou prepare elèv yo pou antre nan yon pwogram regilye. Lè yon moun bileng, li bileng pou lavi. Se yon ensil li ye pou moun ki bileng e pou elèv bileng an jeneral. Anseyan yo anba anpil presyon, espesyalman anseyan bileng yo ki anseye lang natifnatal la. Direktè lekòl la pafwa tache nan kò yo pandan yo mande plis anglè nan saldeklas la. Pafwa, yo mande yo pou itilize lang anglè a paske yo vle elèv yo aprann anglè rapidopresto. Donk, kèk nan

pwofesè yo asepte sa kòm yon siksè lè yo yo di: «ane sa a, kèk nan elèv mwen yo antre nan **Pwogram Regilye** (nan lang anglè sèlman)». Donk, efò pou ta bay lang matènèl la plis pouvwa vin yon tounen yon bagay minim.

**Kesyon:** *Kisa Ofis East Zone nan fè pou kapab fè anseyan pwogram bileng yo sousye de sa k ap fèt pandan ke y ap fè esperyans, y ap anseye elèv nan lang matènèl yo?*

**Prou:** Byenke nou gen atelye pou anseyan yo pou kapab ba yo pouvwa pou anseye pi byen pandan y ap itilize lang matènèl la, aprè yo retounen nan klas yo, yo bliye tout bagay yo sot fè nan atelye yo. Yo kontinye ap anseye menm jan. Mwen dwe di pwosedi sa a pran tan. Se yon travay ti pa ti pa. Kèk nan anseyan yo vle eseye li. Yon moun dwe reyalize ke pwogram nan tounèf. Epi tou, nou bezwen gade ekip ke n ap itilize nan pwogram bileng yo, espesyalman *Pwogram Bileng Ayisyen* an. Pwofesè sa yo te resevwa yon trening nan peyi yo. Trening sa a se te pou anseye an(n) Afrik ak Ayiti. Yo se bon edikatè. Sepandan, yo pa entèprete reyalite anviwonman Etazini an. Donk, lè ou gade travay yo an(n) Amerik, yo pa 100% (san pou san) konplè. Mwen swete kèk nan anseyan bileng ki resevwa yon trening ap nan milye sa a pou kapab mete vi nan pwosedi sa a. Donk, mwen espere yo kapab mete tèt ansanm pou kapab kreye nouvo materyèl ki kapab itilize. Pa sèlman isit Etazini, men Ayiti tou.

**Kesyon:** *Ki kalite materyèl ou ta renmen wè yo itilize nan ane k ap vini yo?*

**Prou:** Bon, nan pwogram sa a, *Pwogram Bileng Ayisyen* an, nou resevwa tout sòt elèv: sa ki iletre, iletre a mwatye, sa ki konn li ak ekri. Kèk nan elèv

nou yo sòti nan meyè lekòl prive Ayiti. Genyen ki vin Etazini ak viza nan paspò yo. Kèk ladan yo pa t genyen papyè legal. Nou bezwen materyèl sou tout dimansyon. Pou elèv ki byen ekipe yo, pa gen oken pwoblèm pou fè tranzisyon sa a. Men sa yo ki pa konn li ak ekri pa gen avantay.

**Kesyon:** *Ki moun ou panse ki responsab rate liv: politik, biwokrasi oubyen pwofesè?*

**Prou:** Non, mwen ta di ke gen anpil lòt bagay. Pa egzanp, pwofesè yo pa enterese nan achte liv nan lang matènèl la pou elèv yo. Si yo gen \$300 pou achte liv, yo ta pito achte liv fonik olye yo achte liv nan lang natifnatal la. Si ou mande yo pou achte liv Istwa d Ayiti pou elèv yo, yo ta di: «bon mwen gen yon kopi. Donk mwen pral fè kopi pou yo» oubyen: «mwen pral ekri sou tablo a pou yo». Yo pa pral depanse kòb yo nan achte liv nan lang natifnatal la. Lè ou pale yo de liv, yo panse ke liv ki enpòtan yo se liv matematik.

Joel Theodat, direktè Pwogram Bileng Ayisyen an nan *West Roxbury High School*, pale de «prejije», kòman li manifeste nan kominote ayisyen an e nan lekòl pa moun ki nan pèsònèl Pwogram Regilye a. Paran ak timoun kapab entèprete sa kòm yon konfli nan valè kiltirèl, pito ke li vin yon filozofi byen pale e ki rasis tou. Souvan, li manifeste nan yon espas kote moun yo angaje nan dyalòg avèk moun ki genyen kilti diferan de yon lòt e anplis, diferans lang e karaktè fizik yo tou. Selon Theodat, tip prejije sa a se yon prejije ki patikilyèman enpòtan pou konbat paske li ka anpeche anseyan e elèv devlope yon relasyon pèsònèl e etwat ke timoun bezwen pou vin aprann lang lekòl la. Daprè Theodat, kèk nan pwoblèm enpòtan nan Pwogram Bileng

Ayisyen an se elèv ki pa pale yon mo anglè gen tout liv yo an(n) anglè. Anseyan bileng yo tou gen yon tandans pou bay esplikasyon sèlman an(n) anglè san oken èd pou elèv yo nan lang matènèl yo. Li kontinye pou l esplike ke premye bi edikasyon bileng nan se pou ede elèv minorite lengwistik pou kapab atenn yon nivo avanse nan alfabetizasyon epi yo kapab aprann de enfòmasyon yo e devlope kalite mantal ke yo rele abilite pou kapab mete bagay yo nan plas yo; sa kapab fèt pi fasil atravè lang matènèl la epi li fasil pou transfere l a yon dezyèm lang. Theodat deklare ke pou itilize lang matènèl la (kreyòl) nan kapasite ki posib la nan anviwonman lekòl la pou fasilite abilite timoun yo kapab devlope panse kritik e konesans kreyatif. Selon li, rezon an sèke aranjman mantal sa a chita sou esperyans lengwistik e kiltirèl ke timoun yo toujou jwenn nan fwaye yo epi yo pote esperyans sa a nan lekòl la. Li kontinye pou l di: *«malerezman, lekòl yo pa toujou genyen resous pou enstwi timoun yo nan pwòp lang yo men itilizasyon monitè yo ak kondisip elèv yo kapab ede anpil nan lekòl mwen an, nou genyen kèk liv nan lang matènèl yo. Anseyan yo dwe fè pwòp tradiksyon yo. Tout sa rann li trè difisil pou anseyan bileng pwomote sa yo espere; kòm nou ka wè, yo vin fè de dyòb alafwa».*

Nan konpreyansyon pa m, mwen aprann yon leson nan entèvyou ak Theodat la, sètadi, nati pwoblèm alfabetizasyon an ke minorite lengwistik yo konfwonte pran rasin li epi tou li an rapò ak rate yon seri bagay tèlkòm konesans ki te devine pa anseyan ak moun k ap ekri liv pou sèvi kòm materyèl yo. Plis konesans timoun nan genyen nan kilti pa li e fason yo aplike l nan liv la kapab ede pèsonèl lekòl la ak liv pou itilize kòm tèks pou kapab bay plis aksè nan kontni leson an ak sans li fè pou minorite pou evite estereyotip epi pou montre kapasite timoun yo genyen pou aprann. Mwen

reyalize ke kèk anseyan nan pwogram bileng yo pa sousye de materyèl ki disponib nan peyi sa a, e an(n) Ayiti. Epi tou, yo pa eseye antre an kontak ak lòt anseyan ayisyen ki nan lòt lekòl piblik.

Emmanuel W. Védrine pale tou de plis «tan» ak «fleksiblite» anseyan nan Pwogram Bileng Ayisyen yo bezwen pou kapab mete tèt yo nan yon anviwonman nouvo kote konpòtman kapab genyen plizyè entèpretasyon ak esperyans ke y ap fè fas ak li chak jou nan lekòl kote yo ye ak nan kominote yo rete a gen siyifikasyon ak valè diferan. Védrine kontinye pou l di ke anseyan yo kapab vin reyalize ke kèk nan elèv ki fèk rive Etazini yo pa t gen oken tip alfabetizasyon kèlkeswa. Epi tou yo sipoze atann yon *pwogrè lan* ke kèk timoun ka montre. Pou kontinye, bagay ki pi enpòtan an sèke yo pa dwe blame tèt yo (an palan de anseyan) ni tou, yo pa dwe blame elèv yo lefèt ke yo montre yon *enkonpetans* oubyen yon *rezilta negatif*. Védrine kontinye pou l di: «*anseyan bileng yo kapab genyen yon enfliyans pou kreye oubyen devlope esperyans pozitif ki gen siksè nan lavi timoun nan lekòl*».

Daprè Védrine, menm si siksè a minim oubyen li pa egziste, anseyan yo dwe gen fèm asirans nan kapasite timoun yo ak fason anseyan an ankouraje pou l fè sòti travay ke timoun yo ap fè a. Védrine di menm si anseyan pwogran bileng nan itilize ide sa yo chak jou, sa mande anpil kreyasyon ak sa ke yo konfyè ladan l. Piti piti avèk tan, tout sakrifis sa yo ap gen merit. Védrine deklare ke li konsyan de pwoblèm pwofesè bileng yo ap konfwonte. Li mansyone ke nan kèk lekòl piblik pa gen anpil asistan anseyan (para pwofesyonèl ou asistan anseyan). Li ajoute ke pwogram bileng nan sipoze gen yon sèten nonb elèv pa klas men pafwa nomb sa a ogmante paske gen



nouvo elèv k ap antre nan pwogram lan. Pafwa, anseyan yo jwenn elèv k ap vin nan klas yo tout tan menm nan fen ane eskolè a. Selon Védrine, sa kreye yon tip dezekilib nan konesans epi tou anseyans yo dwe pase plis tan ak elèv ki fèk parèt yo. Pafwa, li trè difisil pou elèv yo fonksyone akòz laj yo ...

## CHAPIT 6

### 12.7. ALE NAN KOLÈJ (ETAZINI): PWOBLÈM AK SOLISYON POU ELÈV AYISYEN

Entèvyou ak *Inspiration Ministry* (pwogram televize, chèn 3 -- *Boston, Massachusetts*). Envite espesyal: Emmanuel W. Védrine, Tony Jean-Jacques

Tèm **kolèj** la, lè y ap pale de li Ayiti, yo fè referans a **lekòl prive** (nivo primè, segondè). Nan peyi Etazini, se yon tèm ki itilize pou refere a **edikasyon siperyè** (aprè nivo segondè).

**Ins. Min:** *Prof. Védrine, kisa yon moun bezwen pou l ale nan kolèj?*

**E. W. Védrine:** Dabò, nan peyi Etazini, pou antre nan kolèj oubyen inivèsite ameriken, ou bezwen yon diplòm segondè. Sa vle di ou sipoze acheve etid segondè ou. Donk, mwen kapab pran egzanzp elèv ki fin *high school* (lekòl segondè) Etazini ki potko fini (nivo segondè) Ayiti ki gen opòtinite fini isit. Donk, yo gen diplòm oubyen dosye sa a pou mete l nan aplikasyon yo (lè y ap fè demann pou antre nan kolèj). Lòt opòtinite ki genyen ankò se diplòm *G.E.D.* . Gen yon seri elèv tou ki kapab fini reto, filo (klas tèminal I, II); se

posib yo pa t pase oubyen tou yo rive nan yon nivo segondè yo pa t fini kèlkonk. Yo gen opòtinite pran egzamen *G.E.D* a (nan lang franse ou anglè). Donk, si yo pase egzamen sa a tou, se yon dosye enpòtan ki kapab ba yo aksè antre nan kolèj.

**T. Jean-Jacques:** Mwen kapab ajoute tou pa egzanp, mwen konnen gen anpil Ayisyen ki te fè yon ti klas segondè Ayiti (pa egzanmp: sizyèm, senkyèm), mwen kapab di jiska filo si moun nan pa t gen chans gen papyè a. Mwen konnen si l ap travay isit, li gen senkan ou dizan l ap travay, li gen tan metrize lang anglè a. Mwen kapab di li pale l, menm si li pa ka ekri l menm si l ale li pran yon kou anglè, sa kapab pèmèt li pase egzamen *G.E.D* a e si li pase egzamen sa a, li gen anpil chans si l vle antre nan inivèsite pou l kapab kontinye edikasyon l.

**Ins. Min:** *Kòm ou di ke si moun nan te la lontan e li kapab pale enpe anglè menm si li pa kapab ekri, èske pa gen mwayen pou moun nan ta kapab pran kèk kou menm avan l ale nan kolèj?*

**T. Jean-Jacques:** Wi, gen anpil kote moun nan kapab al etidye anglè; pa egzanp, nan *Haitian Multi-Service Center* ki chita nan vil *Dorchester* (Boston) kote yo bay kou anglè gratui. Gen kou lè maten, gen kou lè swa. Si moun nan ap travay lè maten, li kapab ale lè swa men si l ap travay lè swa, li pa ka vini tou, li kapab vin lè maten. E gen lòt kote ankò, gen *International Institute* kote si moun nan vle peye, li kapab peye pou l pran yon kou entansif. Li gen dwa ale la, epi l suiv kou yo. Pa egzanp, gen kou yo bay pandan ete. Yo bay twa mwa trè konsantre ke moun nan gen dwa fè e lèfini,

si moun nan an mezi pou l kontinye, pwofesè a gen dwa ba li ransèyman ki jan pou l fè pou l antre nan kolèj.

**E. W. Védrine:** E gen yon seri pwogram ete tou ki ka ede anpil elèv ki sòti Ayiti, mwen kapab di ki fini bakaloreya, ki gen diplòm yo deja. Donk, se yon «plis» pou antre nan inivèsite, ki pa gen yon fòmasyon kòman pou yo aprann lang anglè a rapidman. Gen yon seri lekòl mwen kapab di tèlke *University of Massachusetts-Boston* pa egzanzp ki gen pwogram ete, kote elèv yo kapab peye pa tèlman chè pou pwogram sa yo. Gen *Roxbury Community College* tou ki gen yon gran nonb etidyan ayisyen. Kolèj sa a ofri kou anglè pandan ete. Donk, se tout opòtinite sa yo elèv kapab genyen pou aprann lang anglè a rapid avan yo antre nan inivèsite, men yo bezwen enfòmasyon sou sa. Yo kapab kontakte elèv ki nan inivèsite deja pa egzanzp oubyen menm telefone lekòl sa yo, vizite yo pou jwenn tout enfòmasyon posib.

**T. Jean-Jacques:** Deplis, si moun nan pa t gen mwayen fè yon klas segondè Ayiti, bon lè li vin isit, si l te fè sètifika, li gen dwa ale nan sant *Haitian Multi-Service Center* a pou l pran kou anglè men si l fini tou, li gen dwa ale nan yon lekòl kote Védrine mansyone: *Roxbury Community College* kote gen kou yo bay pou preparasyon *G.E.D*, menm pou prepare moun nan pou l kapab pran egzamen sa a e si l fini, li gen papyè a nan men l pou kapab ale nan kolèj.

**Ins. Min:** *Èske nou kapab di mwen ki tip preparasyon yon moun bezwen avan menm li panse ale nan kolèj?*

**E. W. Védrine:** Kòm mwen mansyone deja, elèv la sipoze gen diplòm segondè a; li kapab yon diplòm *high school* isit (Etazini). Si l kontinye, li fini *high school* isit, e si l potko ale nan *high school* tou men li suiv kou preparasyon (tèlke pa egzanp, li vin pase pwogram *G.E.D* a), donk se yon lòt opòtinite ankò. Si l kite Ayiti tou ak diplòm li, yo kapab evalye diplòm sa a nan inivèsite a. Li gen yon preparasyon kèlkonk pou antre nan kolèj.

**T. Jean-Jacques:** De plis, si moun nan reyèlman pale anglè, li konn ki jan pou ekri l, li te suiv kou nan yon pwogram anglè. Si l te deja gen papye bakaloraya (*premye* ou *dezyèm pati*), moun sa a kapab ale nan yon sant kote yo ka evelye papye a pou li. Sa vle di: lè yo evalye l, yo tradui papye yo te ba l Ayiti a, tout nòt li te fè yo lè l te desann bakaloreya e yo kapab tradui nòt sa yo pou li. Lè yo fin evalye yo, y ap bay kredi pou kou li te suiv Ayiti (nan nivo siperyè). Gen kote se *26 kredi*, gen lòt se *trant*; li ka varye.

**Ins. Min:** *Prof. Védrine: Èske ou ka di nou ki jan pou yon elèv fè lè l pral nan kolèj pou l chwazi egzatteman sa l ta vle etidye a pou karyè li ta renmen kòmanse prepare pou li?*

**E. W. Védrine:** Bon, se youn nan pwoblèm anpil etidyan kapab rankontre: «*chwazi yon espesyalite*» oubyen sa yo rele nan lang anglè «*major*» lè yo nan kolèj. Donk, se pa yon bagay elèv la bezwen fè nan premye ane. Gen elèv, se nan twazyèm ane, pa egzanp, yo konn chwazi yon *espesyalizasyon*. Donk, sa ki enpòtan sèke elèv la dwe konnen kisa li vle fè egzatteman (a lavni), e fè yon bagay ke l kapab. Pa egzanp, si ou pa janm pran kou syans, kou chimi epi ou vle vin enjenyè chimik, donk ou dwe reyalis. Pa fè yon bagay ou santi ou pa kapab fè, oubyen ou santi w pa prepare pou li. Chwazi

yon bagay ou konnen ou ka fè, epi ou renmen l tou. Gen sa yo rele *konseye* tou, kote nan tout kolèj ou inivèsite konseye a kapab konseye etidyan: men sa pou l fè oubyen kisa pou l fè avan l pran tèl kou. Epi toujou gen ansyen elèv ki enpòtan nan kolèj oubyen inivèsite pou elèv la pran kontak avèk yo. Se kapab elèv ki nan menm depatman ke l enterese a; li kapab elèv tou ki jis nan inivèsite a ki konnen ki jan bagay yo fonksyone tou. Bon, tout sa enpòtan pou elèv la konnen, kòman pou l espesyalize l nan yon matyè presi, yon domèn pa egzanp.

**Ins. Min:** *E pou kisa li nesesè pou elèv la chwazi oubyen pou espesyalize l, matyè li ta deside pran oubyen ki ta fasilite l la?*

**E. W. Védrine:** Bon, nan tout kolèj oubyen inivèsite Etazini, pou diplome, pou yo ba ou diplòm ou aprè kat ane pa egzanp, ou sipoze espesyalize ou nan yon domèn kèlkonk. Si ou vle fè *biyoloji*, donk ou espesyalize ou nan biyoloji. *Kisa sa vle di: genyen yon espesyalizasyon nan yon domèn?* Nan plizyè kolèj ou inivèsite, elèv la ka pran yon maksimòm *dis, onz, douz* kou o nivo avanse nan depatman li espesyalize a pandan kat premye ane (sik siperyè) a. Si l ap fè filozofi pa egzanp, yo kapab mande l pou l pran *dis, onz* kou filozofi avanse; si l ap fè biyoloji, chimi se menm bagay la. Donk, se sa ke yo rele *espesyalite* apa de lòt kou kolèj oubyen inivèsite a mete pou pran, kou obligatwa tèlke filozofi, matematik, lang etranje, istwa, syans sosyal pa egzanp.

**Ins. Min:** *Prof. Jean-Jacques, gen yon ti konfizyon ke m ta renmen ou eklèsi pou mwen. Ki diferans ki genyen ant kolèj ak inivèsite?*

**T. Jean-Jacques:** Bon, isit gen kolèj ki pote non kolèj men yo genyen menm branch ak yon inivèsite: pa egzanp *Boston College*. Men, kolèj yo, òdinèman sa yo gen lakay yo espesyalman *Community College* yo, se yon seri pwogram ki dire *dezan*. Pafwa kolèj yo kapab genyen yon pwogram *katran* men inivèsite a nòmalman, li genyen yon pwogram *katran* e ki kontinye aprè katriyèm ane a paske si yon moun bezwen fè yon (dipòm) *metriz* obyen *doktora* (Ph.D), li gen dwa rete nan inivèsite a. Men lè ou nan kolèj ki gen pwogram *dezan*, si ou bezwen fè yon pwogram *katran* e si kolèj ou ye a genyen yon pwogram *katran*, ou sipoze chèche mwayen transfere pou ale nan yon inivèsite kote ou kapab konplete sik *katran* an.

**Ins. Min:** *Prof. Védrine, mwen gen yon kesyon pou ou. Gen anpil jèn timoun, yo pè al nan kolèj lefèt ke yo pa gen lajan pou al nan kolèj. Sa ou panse?*

**E. W. Védrine:** Bon, se yon pwoblèm nou kapab tandè kèk timoun ki nan *high school* oubyen ki nan lari a k ap pale de sa e kòman sa kapab enfliyanse yo paske gen yon seri moun ki montre ou kolèj la se yon bagay ki chè e ke fò ou ta chaje ak lajan pou antre ladan, ki pa yon reyalite (anpil fwa). Gen plizyè fason ou kapab peye kolèj. Gen kolèj piblik yo pa egzanp ki bay yon seri avantay men fò elèv la rezide oubyen li se sitwayen ameriken. Donk, li kapab benefisye de **èd finansyè** gouvènman an. Toujou gen *èd finansyè* pou elèv ki rezide, pou sa ki sitwayen. Donk ou kapab benefisye de *èd finansyè* sa yo. Gouvènman an gen tou, *èd* pou elèv ki gen estati *refijye*. Tout kapab benefisye de *èd finansyè* sa yo ki genyen nan kolèj ak inivèsite piblik yo. Apa de sa tou, lè ou pran kolèj ak inivèsite prive yo, anpil elèv panse se yo reyèlman chè, ke yo koute milyonven. Pa kite *pri* lekòl la etone ou oubyen

pa kite moun di ou tèl lekòl reyèlman chè (pou pa ta eseye antre ladan l). Sa pou fè, premyèman, se eseye antre nan kèlkeswa lekòl ou vle ale a. Depi ou fin antre, w ap toujou chèche mwayen peye l; gen sa yo rele *grant*, *fellowship*, *stipend* (yon seri èd finansyè ki ka vin sou diferan fòm) nan yon seri lekòl prive pou minorite pa egzanp. Gen lekòl tou, si elèv la enterese nan kolèj prive, gen travay ki la pou yon seri etidyan, sa yo rele *work study* oubyen lòt tip travay elèv la ka fè anndan lekòl la. Gen «*loan*», kote elèv la ka prete kòb labank pou peye frè eskolè l. Li pa peye bank lan imedyatman aprè etid li. Bank yo toujou bay yon pwolongasyon dat pou kòmanse peye yo ti kras pa ti kras (ak yon todenterè ki pa tèlman elve). Nan *Graduate Programs* (pwogram avanse aprè premye sik inivèsitè) kote gen sa yo rele *T.A (Teaching Assistant)*, elèv ki nan pwogram sa yo se plis elèv nivo *metriz*, *doktora*. Donk gen yon seri depatman, yo pa tèlman gen ase pwofesè oubyen tou, pwofesè yo tèlman okipe donk yo itilize elèv nivo sa yo pou anseye kèk kou nan plas yo. Anpil fwa, se yon seri *kou entwodiksyon* nan matyè pwofesè a anseye. Yo peye elèv sa yo tou (chak 2 semèn nan anpil lekòl). Gen tout opòtinite sa yo lèw la kapab benefisye de yo, men enpòtan an se eseye antre nan lekòl la dabò.

**T. Jean-Jacques:** Anplis, mwen kapab ajoute pa egzanp diferans ki genyen ant *lekòl prive* ak *lekòl piblik* la pafwa lè ou ranpli fòm èd finansyè a, yo mande ou konbyen kòb paran ou te fè nan travay yo, konbyen yo genyen pou ane a, se yon mwayen pou eta a kapab konnen konbyen lajan li kapab mete disponib nan lekòl la.

**E. W. Védrine:** Lòt bagay ankò sou menm èd finansyè a, gen yon sèten nonb de kou elèv la sipoze pran pa egzanp pou l kalifye pou yo ba li èd

finansyè. Donk, anpil fwa, se kat kou ki evalye a *12 kredi*. Donk sa ka ba l opòtinite pou jwenn èd finansyè epi tou, nan yon seri lekòl piblik, si l fè mwens pase \$5.000 (senk mil dola), li kapab kalifye pou jwenn èd finansyè. Si li fè plis pase sa, donk mwen pa asire ke elèv la ap jwenn èd finansyè selon lwa yon seri inivèsite piblik. Donk, gen plizyè fason pou elèv la antre lekòl, fò l pa kite lajan se premye pwoblèm ki pou fè l pa ale lekòl.

**Ins. Min:** *Bon, gen yon kesyon ki vin nan tèt mwen lè nou pale de «lekòl prive», «lekòl piblik». Kòm si m wè lekòl prive yo chè anpil, m ta renmen nou fè yon konparezon pou mwen ant lè yon elèv al pran yon kou nan yon lekòl prive ak lè li ale nan yon lekòl piblik an «tèm konesans», ki diferans ki genyen?*

**T. Jean-Jacques:** *Bon, sa depan de ki lekòl y ap pale. Pa egzanp, si ou ale nan yon lekòl piblik, ou konnen ke gen posiblite konpetisyon trè sere ladan yo. Pa egzanp, si n ap gran *University of Massachusetts-Boston*, mwen kapab konpare l ak nenpòt gran lekòl prive paske l pami meyè inivèsite ki genyen men konpetisyon an tèlman sere, nivo kou yo tèlman avanse tou, sa vle di: si ou nan inivèsite sa a, ou sipoze konnen ke si w ap pran kou ladan epi ou gen nòt «**A**» nan kou yo oubyen ou fè nòt «**B**», «**B+**» ou an mwayen pou pran kou nan nenpòt inivèsite prive.*

**Ins. Min:** *Mwen gen yon lòt kesyon. Men nan kolèj prive yo gen pwofesè ki anseye ladan yo epi ki anseye nan lekòl piblik yo. Èske lè yo nan lekòl prive yo anseye menm jan avèk nan lekòl piblik?*



**T. Jean-Jacques:** Mwen kapab di ou ke sa depan de kou a ak nivo kou a. Chak kou gen yon non ak yon nimewo. Pa egzanp, si m se yon pwofesè k ap anseye fransè nan *University of Massachusetts* epi si m al nan yon lòt lekòl epi m ap anseye yon kou ki nivo «250», petèt ke materyèl ke m itilize yo pa menm. Mwen sipoze gade tou nivo elèv m ap anseye yo. Sètadi, menm pwofesè a gen dwa anseye nan 2 inivèsite ki deferan men sa pa vle di pou otan ke yo anseye menm matyè a; sa depan de ki kou, ki korikilòm pwofesè a itilize nan kou sa a. Si kou yo gen menm non, menm nimewo, sa vle di se prèske menm bagay la li fè nan toulède. M ap pale ou de esperyans pèsònèl mwen. Pa egzanp, mwen t ap pran yon kou edikasyon nan *University of Massachusetts-Boston*, alò ke mwen pa t an mwayen pou m te pran egzamen final la, alò pwofesè pa m nan t ap fè kou nan *Boston University*. Sa li fè, li di: «kòm ou pa ka pran egzamen final nan *UMass-Boston* paske ou gen pou pati yon jou avan egzamen an, alò kòm mwen pral bay egzamen final *Boston University* a nan lè ke ou ta renmen pran l; ou kapab ale nan *Boston University*, tann mwen nan menm sal kote m ap bay egzamen an. Se menm egzamen an m ap bay». Donk, mwen te pran egzamen an la. Alò mwen pran egzamen an nan *Boston University (B.U)*. Sa vle di ke kou ke l t ap anseye a, se menm kou a li anseye nan toulède lèkòl yo.

**E. W. Védrine:** Se plis yon kesyon «nivo». Si se menm nivo a, pwofesè a ap toujou bay menm egzamen an epi se menm korikilòm ke l itilize pou toulède lekòl yo. Donk, se toujou menm konesans lan. Pa gen si ou pran kou nan tèl lekòl si l pi enpòtan pase tèl ou tèl lekòl. Se toujou menm konesans lan kit li prive, kit li piblik.

**Ins. Min:** *Mwen gen yon kesyon kounyeya. Mwen kwè ke se yon kesyon trè enpòtan. Trè souvan, timoun yo, lè yo deside yo e si yo gen yon pwoblèm lekòl la, yo pa konnen sa pou yo fè oubyen a ki moun pou adrese yo. A ki jan de moun yo sipoze adrese yo lè yo gen pwoblèm?*

**E. W. Védrine:** Bon, dabò, lè ou rive nan kolèj oubyen inivèsite, se pa reyèlman menm bagay la lè ou nan **high school** oubyen nivo segondè. Ou an kontak ak plizyè moun, ou an kontak ak etidyan k ap etidye plizyè bagay, ak pwofesè; mwen kwè ke m te mansyone «**konseye**» deja kote tout elèv nan kolèj, nan inivèsite genyen yon konseye. Anpil fwa, se dwayen depatman an kote yo espesyalize yo a. Donk, yo kapab adrese yo a moun sa a, yo kapab adrese yo a yon pwofesè k ap anseye tèt kou, si yo gen pwoblèm nan tèt kou pa egzanp. Yo kapab adrese yo tou a lòt ansyen etidyan ki la, ki pase menm pwoblèm ak yo. Donk se tout yon sèt de **sous** yo kapab jwenn pou solisyonè jan de pwoblèm sa a.

**T. Jean-Jacques:** Pa egzanp, bon si elèv la gen yon pwoblèm nan espesyalite li, si l bezwen adrese a yon moun ki kapab ede li reyèlman vre, paske chak elèv sipoze gen yon konseye ki nan depatman nan espesyalite elèv la menm. Donk, si l bezwen, li kapab ale dirèkteman kote moun sa a epi moun sa a kapab konseye l, pa egzanp si l gen yon pwoblèm, li t ap pran yon nivo «**200**» nan branch li a, li di bon kounyeya olye ke m pran «**200**», mwen pran yon kou «**400**». Alò, li kapab ale kote konseye a; konseye a gen dwa di l bon, dapre konesans li, paske konseye a se yon pwofesè li ye nan domèn elèv la ap etidye a. Sa vle di li konnen kou yo, li konnen ke si elèv la an mezi pou l fè fas ak kou ke l pral pran an. Alò, ke l gen dwa di: *bon si ou bezwen pran kou katsan sa a olye ke ou pran kou twasan an, si kou twasan an se*

*kòmansman pou katsan an li ye, li gen dwa eklere l sou pwèn sa a. Li gen dwa di bon ou sipoze pran twasan an avan ou pran nivo katsan.*

**Ins. Min:** *Èske yon elèv gen dwa ale nan 2 kolèj alafwa?*

**E. W. Védrine:** Bon se youn nan bagay mwen te fè lè m te nan inivèsite kote m te pran kou nan plizyè enstitisyon alafwa. Donk, li posib pouvike elèv la konn sa l ap fè, pa gen pwoblèm. Pa egzanp, mwen te nan *University of Massachusetts-Boston*, kapab gen yon kou ke yo pa ofri nan tèl semès epi tèl lekòl ofri l. Kounyeya sa m fè, mwen asire mwen ke lè m pran l nan tèl lekòl ke l ap transfere nan inivèsite a san pwoblèm. Donk, elèv la si l ap fè sa tou, fò li konnen ke tèl lekòl ap asepte tèl kou, ap transfere tèl kou. Donk fò l gen enfòmasyon sa yo avan li fè sa. Men pa gen pwoblèm; okontrè, li bon lè ou pran kou nan 2 lekòl alafwa. Ou kapab rive konpare metòddansèyman pwofesè yo.

**Ins. Min:** *Men sepandan avan menm ou al pran kou nan lòt kolèj la, se pou anonse kolèj kote ou ye a ke ou pral pran kou tèl kote?*

**E. W. Védrine:** Pa nesèsèman. Pa egzanp, si ou deja konnen yon seri kou, konbyen kou kolèj ou ye a ap asepte (andeyò de enstitisyon sa a), donk ou pa bezwen reyèlman fè yo konn sa davans.

**T. Jean-Jacques:** Sa depan de **matyè** a tou. Pa egzanp, si ou nan *University of Massachusetts* w ap pran kou nan espesyalite ou, pafwa inivèsite a gen yon lis kou lekòl ke l asepte kredi yo. Yo kapab gen dwa transfere kredi yo. Sa vle di: si ou al pran l nan yon *Community College*, tèlke pa egzanp yon kou

matematik avanse. Ou al pran l nan yon *Community College*, pa egzanp, yon kou «**Calculus**». Kou *Calculus* ou pran nan *Community College* la ka pa konparab a sa w ap pran nan inivèsite a (an tèm **nivo**). Yo gen dwa pa asepte kou sa a ou ta renmen transfere a. Ou sipoze kontakte dwayen depatman kote ou pral pran kou a; di l ou pral nan tèl lekòl, èske y ap ka chanje tèl kou pou tèl kou. Se li menm ki pou di ou **wi** ou **non**. Si l ta renmen ba ou plis enfòmasyon, li gen dwa voye ou nan ofis santral la e la, y ap ba ou yon lis lekòl yo asepte kredi yo. Alò lè ou pale ak pwofesè a dirèkteman, li gen yon ide de kou a.

**E. W. Védrine:** Nan menm ide a tou, gen yon seri etidyan ki kòmanse nan tèl lekòl, yo pa renmen lekòl la, yo transfere al nan yon lòt. Donk, nan menm pwosedi sa a kou elèv la pran deja, lè li transfere nan yon lòt lekòl, depatman kote l pral espesyalize l la kapab fè yon evalyasyon de tout kou l te pran deja, kisa nouvo depatman kote ye a pral asepte kounyeya, e kisa li p ap asepte. Donk, gen tout sa nan kolèj ak inivèsite Etazini.

**Ins. Min:** *Prof. Védrine, tankou yon elèv al lekòl li chwazi yon karyè e ke l vin wè li difisil pou li sa l te chwazi a. Elèv la santi l pa vle fè bak, li vle fè avan men li difisil e pafwa li vle fè bak, pafwa li pa konnen kisa pou l fè. Olye ke l kite sa tonbe, ki konsèy ou ta kapab bay elèv la?*

**E. W. Védrine:** Pafwa, pwoblèm sa a konn rive kote ou jwenn yon elèv ki espesyalize l nan yon domèn e ki t ap panse a yon sèl bagay, donk mwen toujou di etidyan yo panse a twa bagay yo kapab fè. Pa konsantre ou sèlman sou yon sèl bagay ke ou pral etidye. Donk pwoblèm sa a konn rive kote si elèv la ap panse a yon sèl bagay, donk sa kapab vin gen yon enfliyans sou li

kote l kapab anvè kite, li anvè rete lakay li pa egzàn. Donk si se tèl bagay ou pral etidye nan kolèj epi ou wè sa p ap mache, pa kite lekòl. Ou chanje domèn ou etidye yon lòt bagay men pa janm kite sa tonbe nè. Donk, gen plizyè bagay ou kapab etidye nan lekòl pa egzàn. Se pa sèlman sa ki nan espesyalite ou a ki egziste. Toujou mete omwen twa domèn nan tèt ou. Si m pa ka fè youn, m ap eseye de, si m pa ka eseye de, m ap fè twa. Ou kapab menm mete kat bagay ke anfen ou renmen men pa janm panse yon sèl domèn anfen se sa ou pral fè nan lavi ou paske kounyeya avèk pwoblèm ekonomik lan, nou konnen anpil elèv aprè ke yo diplome nan inivèsite; lefèt ke yo espesyalize nan yon sèl branch, anpil ladan yo gen pwoblèm pou jwenn travay. Pa egzàn, ou espesyalize nan tèl domèn epi pa gen travay nan domèn sa a. Pran *Computer Science* (**enfòmàtik**) pa egzàn, bon mwen pa gen anyen kont li men tèlman gen moun ki espesyalize nan domèn sa a, yon elèv gen dwa fè anpil tan li poko jwenn travay. Donk, si w ap fè *enfòmàtik*, eseye melanje l ak yon bagay ou kapab fè tèlke biznis, yon bagay ke ou renmen, yon bagay ou wè ki paralèl oubyen pwòch ak domèn ou chwazi a. Toujou panse a 2, 3 domèn alafwa.

**T. Jean-Jacques:** E anplis, li trè enpòtan pou moun nan pote anpil atansyon sou sa yo rele «**G.P.A** (*grade point average*)» ou **mwayèn total** etidyan an nan lekò la. Pa egzàn, si moun nan fè «**A**» ak «**B**» sèlman, bon li rive nan yon pwen li gen yon kou nan espesyalite li k ap ba li pwoblèm e li wè li di: a, mwen kwè m ap ka etidye men yon sèl bagay, m ap degaje mwen si pwofesè a kapab pase mwen ak yon «**D**» oubyen ak yon «**C**» men lè ou fè yon nòt «**D**», ou sòti nan yon bèl mwayèn kounyeya ou vin tonbe ba e se yon pi gwo erè ke ou kapab komèt lè ou di bon, kite mele m, m ap lage kò m, sa p ap ban m pwoblèm si mwen pran yon «**D**» pou sa. Lè ou di sa, ou kraze

mwayèn ou paske a lavni, ou pral bezwen l. Si ou wè ke ou pa ka kontinye nan branch sa a, retire kò ou paske gen anpil inivèsite ki bay «[dat limit](#)». Pa egzanp, ou kapab retire kò ou nan kou a. Ou ranpli yon fòm pou sa oubyen ou ajoute yon lòt kou aprè 2 semèn nan oubyen si lè a gen tan pase. Depi ou wè ke ou p ap fè bèl nòt nan kou a, ou retire kò ou men ou gen dwa kenbe liv ou yo pou etidye aprè sa ou rebran kou a lòt semèn. Li trè enpòtan pou kenbe mwayèn nan si wo ke posib paske si ou gen bèl mwayèn, li bon pou ou lè ou fin premye sik inivèsite a (nivo *Bachelor's Degree*) si ou vle kontinye a lavni, ou kapab kontinye pou yon metriz (*Master's Degree*) oubyen yon doktora (*doctorate degree, Ph.D*).

**E. W. Védrine:** Espesyalman kounyeya ak konpetisyon ki genyen pa egzanp sou mache travay la, lè ou diplome nan inivèsite, donk anpil kote ou pral travay, yo bezwen «[relve de nòt](#)» ou oubyen sa yo «[transcript](#)» nan lang anglè. Yo konpare mwayèn ou ak lòt elèv. Donk nan anpil inivèsite ou sipoze gen yon mwayèn total pou diplome. Aprè sa tou, gen mwayèn ki nan domèn etidyan an ke li sipoze fè. Donk, sa ki enpòtan an, se pa annik pran yon dal kou. Avan ou pran kou yo, mande elèv ki pran yo deja. Si ou wè tèl kou difisil, ou gen dwa fè sa yo rele «[auditing](#)» an(n) anglè; sa vle di ou mande pwofesè a pèmisyon chita nan klas la pou suiv kou a pandan tout semès la e aprè sa, ou kapab anrejistre pou kou sa a ofisyèlman lòt semès. Donk, ou gen tout fason pa egzanp ou kapaab fè pou mentni yon sòt *balans* nan mwayèn ou ki trè enpòtan.

**Ins. Min:** *Men gen yon bagay mwen panse etidyan yo kapab fè tou; pa egzanp, gen kote yo bay yon kou san oken «kredi». Ki avantay sa genyen?*

**E. W. Védrine:** Lè ou chita nan klas la w ap tandè, ou pa gen papye pou ekri pou pwofesè a, ou pa gen egzamen pou fè menm jan ak elèv ki anrejistre ofisyèlman. Sa ba ou yon ide de kou a (si li twò wo, si li twò ba, ki kote ou ye ... paske an menm tan lè ou chita nan yon klas kòm oditè, w ap pran nòt men ou pa gen pou konpoze menm jan avèk elèv ki anrejistre pou kou a).

**T. Jean-Jacques:** Lè ou chita nan yon klas kòm oditè, premyèman ou gen kontak ak etidyan ki nan klas la. Ou konnen pa egzant ou gen dwa mansyone sa ak yon elèv pou achte menm liv ke l t ap sèvi a epi ou chita ou tandè ki jan pwofesè a anseye. Pafwa ou gen dwa etidye ansanm ak yon elèv, ou fè egzèsis yo. Sa ede ou lè ou pral pran kou a. Ou deja konnen egzattèman ki jan pwofesè a bay egzamen, ki jan li poze kesyon, ki jan pwofesè a atann elèv yo reponn kesyon. Alò ou konn egzattèman kisa ou pral fè, ki jan ou pral etidye pou kapab fè bèl nòt nan klas sa a.

**E. W. Védrine:** Si se menm pwofesè a, etidyan an gen tan genyen yon ide deja de *metòddansèyman* li, kòman li anseye, kòman li vle bagay yo, apwòch li.

**Ins. Min:** *Yon kesyon ki poze la a kounyeya, anpil timoun renmen pale de «abite nan kolèj», se yon bagay ki trè kouran Ozetazini e alò nou menm, nou pa t tèlman abitye avèk sa lakay nou. Donk, gen anpil paran ki vle kenbe timoun yo. Paran sa yo vle yo ale swa nan lòt eta oubyen menm si y ap rete nan menm eta kote yo ye a, timoun nan pafwa, pou fasilite etid li e li konn vle rete fèmen anndan kolèj la, alòske paran ayisyen trè difisil. Mwen pa konnen ki konsèy nou ka bay sou sa.*

**E. W. Védrine:** Bon, se yon bagay ki gen pou wè avèk sa yo rele «**Campus**». Gen yon seri paran ki konn tande pale de *campus*, lè elèv yo fini *high school*, ou tande yo pral nan *campus*. Gen yon seri paran ayisyen ki pa reyèlman okouran de kisa *campus* la ye, sa l vle di. Pafwa yo konn anplwaye mo a, lòt moun nan lari konn montre yon seri bagay negatif apwopo *campus*. Donk, majorite kolèj ak inivèsite gen sa yo rele *campus*. Men kisa *campus* vle di? *Campus* la, laplipadefwa, se yon seri kolèj, inivèsite andeyò gran vil eta a, e pafwa nan kapital eta a tou kote etidyan an oblije kite lakay li pou al rete ladan pandan l lekòl. Men sa ki enpòtan nan *campus* la sèke elèv la kounyeya vin rete nan lekòl sa a menm; li pa bezwen vin dòmi lakay paran l (depan distans lan, eta kote lekòl la ye tou). Donk *campus* la gen tout bagay elèv la bezwen: manje, adòmi, espò, anmizman... Gen elèv tou ki konn pran tan sa a pou selebre, fè plis fèt, pran plezi olye yo ta konsantre sou etid yo. Donk sa depan de chwa elèv la. Depi ou antre nan inivèsite (menm si ou potko gen dizuitan) se **adil** ou ye (nan yon sans), ou pran responsablite ou an men. Si ou vle etidye pou gen bèl nòt, se chwa pa ou paske gen lekòl ki mande pou kenbe yon bèl mwayèn pou kapab kontinye ladan l. Si ou vle al nan fèt chak jou epi ou pa gen tan pou etidye, ebyen se chwa pa ou tou. Nan *campus* la ou konnen ou granmoun, se desizyon ou pou etidye.

**T. Jean-Jacques:** Si m ap analize l, mwen pran elèv ayisyen ki sot Ayiti, si pa egzanp elèv sa yo te lekòl Pòtoprens epi paran yo te rete an pwovens, elèv sa yo pi ekipe pou al abite nan *campus* paske afè «**endividyalite**» lakay yo vin trè enpòtan paske elèv sa yo lè y al abite nan *campus*, yo konnen sa yo bezwen, yo konnen deja ki jan pou yo etidye, yo konnen ke yo gen yon tan pou etidye, yon tan pou sosyalize yo; yo gen yon tan pou ale nan reyinyon; yo gen yon tan pou chak bagay men si elèv ki pral nan *campus* la



pa t gen chans sa a pou espoze nan yon vil pou kont li epi paran li te lòt kote, li pral gen anpil pwoblèm paske sa k pral pase li, elèv la pral di: *bon, kounyeya mwen vin adil; li mye pou mwen sosyalize m e li enpòtan tou pou l sosyalize l, men li enpòtan nan yon pwen pa egzanp. Si elèv sa a gen chans pou l rankontre ak elèv ki konnen egzatteman sa yo bezwen, bon yo konnen ke yo gen yon tan pou etidye, yon tan pou yo al nan ti fèt men si yo al tonbe nan move gwoup, yon gwoup ki pa bezwen etidye ki di bon, paran m deja byen mwen pa bezwen pèdi tan m ap etidye; senpleman nenpòt nòt mwen fè, mwen bon. Elèv sa a ap genyen yon move chans pou l etidye paske li kapab enfliyanse pa gwoup sa a.*

## CHAPIT 7

### 12.8. LANG AN(N) AYITI AK NAN LEKÒL

Sou koze lang, nou konnen gen **2 lang** nan peyi a: toudabò, kreyòl ki lang natifnatal tout Ayisyen ak Fransè ki itilize kòm **lang etranje** (lang achte). Fransè kòm lang etranje, se te sèl li ki te lang ofisyèl depi digdandan (menm kan yo pa t deklare l «**lang ofisyèl**» avan **konstitisyon 1918** la, li te la kòm lang **ofisyèl de facto**. *Konstitisyon 1987* la vin adopte **2 lang ofisyèl** nan peyi a: Fransè ak kreyòl. De lang ofisyèl nan yon peyi pa vle di anyen si pa gen oken gouvènman pwogresis k ap travay pou lonè ak respè peyi a.

Lang kreyòl la se yon lang ki gen rasin **fransè** (an majorite), **afriken**, **endyen**, **panyòl**, **anglè**. Plis pase 80% (katreven pou san) vokabilè kreyòl la sòti nan lang fransè. Lè esklav yo te debake Ayiti, yo te sòti nan plizyè rejyon Afrik; kidonk, yo te pale plizyè lang. Se konsa nan lang kreyòl la, n ap jwenn kèk mo tou ki gen orijin lang afriken (patikilyèman yon seri mo n ap jwenn nan **vodou**). Premye pèp ki te rete Ayiti avan Ewopeyen kolonize l, se te Endyen yo. Mo «**Ayiti**» a pa egzanp sòti nan lang Endyen, e li vle di «**kote ki gen anpil mòn**». Nou jwenn kèk mo nan lang kreyòl la ki sòti nan lang Endyen yo te pale. Nou kapab pran pa egzanp kèk non rejyon, bèt, bwa, plant nan peyi a, fri twopikal, ak kèk non anpil plant ak lòt mo nan lang kreyòl la: **Atibonit** (Attibonico: rivyè Atibonit), Tibiwon (mo sa a vin gen 2 siyifikasyon an panyòl: **tiburón** (1) reken, (2): yon machin long ki te trè popilè Espay (aprè lagè sivil 1936 la), **kayiman**, **mabouya**, **gayak**, **bayawonn**, **gwayav**, **kachiman**, **kowosòl**, **kalbas**, **manyòk**, **woukou**, **hamak**.

*«Lis 434 mo orijin endyen Don Carlos Nouel kolekte kòm endikasyon mo ki fè pati lang aborijèn lil d Ayiti rete konsève jis jounen jodiya, swa nan jewografi peyi a, swa nan lang moun an Dominikani ap itilize».*(12)

Lè n ap pakouri istwa d Ayiti, nou wè premye pèp ewopeyen ki te poze lapat sou li se te Espayòl yo. Nan lang kreyòl la, nou vin jwenn kèk mo ki devlope apati lang espayòl. Pou mo ki gen rasin anglè, nou kapab gade relasyon komèsyal Ayiti te genyen ak Anglètè depi epòk kolonyal. Anplis, nan kòmansman ventyèm syèk la, Etazini te okipe Ayiti pandan prèske ven ane (sou pretèks se lòd yo t ap vin mete nan dezòd nan kriz politik peyi a t ap travèse).

«Te gen pwoblèm nan 3 ane avan 1915 yo; prezidan pa t ka rete sou pouvwa. Nan 2 ane, te gen 4 prezidan ki te pase sou pouvwa. Etazini te twouve li te enpòtan pou yo t al mete lòd nan dezòd. Yo te fè konnen ke wòl yo se pou yo pèmèt lapè tabli nan kontinan an».(13)

Se konsa anpil mo anglè te vin kreyolize. Ak avansman lasyans nan lemond, anpil nouvo mo fè wout yo; konsa tou, tanzantan kèk «**mo nouvo**» ap antre nan lang kreyòl la. Se yon fenomèn lengwistik o nivo entènasyonal e ki ka plis enfliyanse lang peyi tyèmonn yo (ki konte plis sou sou **teknoloji** k ap devlope lòtbò dlo). Sa kapab fèt tou akòz yon **rezilta kolonizasyon, devlopman teknolojik** ak **dominans kiltirèl**, oubyen **enfliyans politik** yon peyi kapab genyen sou yon lòt, evennman ki fèt nan peyi a nan yon moman done.

O nivo lokal, Nou kapab pran egzanp **nouvo mo** ak **fraz** ki vin antre nan lang kreyòl la ak lòt sans yon seri mo kreyòl vin genyen akòz evennman politik Ayiti (apati kòmansman ane 1986) e ki jan yo tou vin rete nan lang kreyòl la. Gade rechèch sa a: «**Leksik kreyòl: ekzanp devlopman kèk mo ak fraz a pati 1986**»

**1. ATACHE:** (n.). Papa Dòk te gen yon ekip solid ki t ap fè yon travay pou kore gouvènman lan. Mesye sa yo te rele «makout». Yo te divize an gwoup tou; pa egz., S.D (Sèvis Detache ou Sèvis Depistaj), se te yon seri **makout lou** sou Papa Dòk ak Janklod yo te detache nan de tan twa mouvman pou al fè yon misyon. Sou gouvènman jal (jeneral) AVRIL la, li te gen nèg tou ki t ap fè tip travay makout yo t ap fè sou Papa Dòk, men yo pa t rele yo **makout**. Dabitid, 'makout' yo te toujou gen abiman pa yo sou Papa Dòk; yo te toujou pote yon **gwo ble**. Donk, li te fasil pou pèp la te rekonèt yo. Jal Avril vin itilize yon lòt estrateji: **atache** yo pa t gen inifòm; sètadi anpil moun pa t ka rekonèt yo amwenke yo te nan menm klan **ou gang** ak yo. Mesye sa yo pa t manje anyen

frèt; yo te fè tout posib yo pou teworize pèp la pou l te ka rete bouch fèmèn sou sitiyasyon peyi a lè jal la te sou pouvwa. [*De [atache fèk sot la a](#); yo dèyè yon moun.*]

**2. BANBÒCH DEMOKRATIK:** (fr.). Jal Nanfi te itilize fraz sa a anpil fwa lè li te nan tèt pouvwa a. Pou blofe pèp la; li te toujou fè konnen se gouvènman li an ki yon gouvènman kote demokrasi reye. Byenke aprè [dechoukay 1986 la](#) pèp la te fè yon ti respire pou l te kapab esprime l, sa pa t vle di pou otan yon moun te ka pale jan l vle. Te gen yon estrateji [bay pwason liy](#) oubyen [rale sou kòd](#) pou te kapab kontwole medya a yon fason pi klasik. [*Banbòch tafya pa [banbòch demokratik](#).*]

**3. BOURIK CHAJE:** (n.). Granmoun Ayisyen renmen pale an pawoli oubyen an daki; yo itilize [pawòl granmoun](#) anpil lè y ap pale. Sa fè pati kilti ayisyèn nan. Tout Ayisyen tandè pwovèb sa a: [Bourik chaje pa kanpe](#). Alvin P. ADAMS, yon anbasadè ameriken, te di pwovèb sa a nan diskou l lè li te fèk rive Ayiti; sa vle di: li gen yon misyon l vin akonpli alò li pa nan pèdi tan. Tout moun konnen ki jan klima politik la te ye nan ane katreven yo Ayiti. [*Toutan [Bourik Chaje nan palè](#).*]. [Tèm [bourik chaje](#) a vin refere anpil fwa a [anbasadè meriken yo voye Ayiti](#).]

**4. BRASA WOUJ:** (n.). Kriminèl ki te antre nan [Legliz Senjanbosko](#) nan dat [11 septanm 1988](#) pou te boule legliz sa a. Yo ponyade, touye kèk moun ki te ladan. Yo rele bandi sa yo 'Brasa Wouj' paske yo te gen yon brasa wouj pou lòt asasen parèy yo te kapab distenge yo. [*Gwo [Chilè te youn nan brasa wouj](#) yo.*]

**5. DECHOUKAY:** (n.). Netwayay konplè (tèlke yon tè avan yo kòmanse plante l). [Konbit la ap fè yon [dechoukay](#) nan tè a avan yo kòmanse plante.]. b) pwòpte pou retire tout vye kras. c) mekontantman anpil Ayisyen nan dat [7 fevriye 1986](#) pou te derasinen anpil makout ki t ap kraze brize (sou diktati a); youn nan fason yo te fè sa, se te [pè lehren](#) yo te ba yo. [[Dechoukay](#) la poko fini... (refren yon chante popilè sanba Manno Charlemagne)]. Fè yon [dechoukay](#) (fr. fam.)

**6. DECHOUKE:** (v.tr.). derasinen. s: rache. [Yo kòmanse [dechouke](#) tè a avan yo plante.]. 2. revoke, kase yon moun nan travay. || rechouke, repran (yon moun ki te revoke, kase nan yon travay). [Yo [dechouke](#) yon dal anplwaye Kontribisyon ki te nan magouy]. 3. fè yon dechoukay (balewouze). [Yo te [dechouke](#) anpil Makout an 1986.]. [dechouke](#) yon Makout (fr. fam.)

**7. DECHOUKÈ:** (n.). Mo sa a vin an vòg aprè dechoukay 7 fevriye 1986 la. Mo *dechoukè* a refere a plizyè gwoup moun ki t ap dechouke makout ak kay yo, non sèlman nan kapital peyi a (Pòtoprens) men an pwovens tou. [*Se sèlman makout potovi dechoukè yo te dechouke.*]

**8. DIZYÈM DEPATMAN:** (fr.). Jeografikman palan, Ayiti te divize an ‘9 departman’ (kèk tan de sa, avan 1990). *Dizyèm departman* se yon fraz ki vin popilè nan diskou prezidan Jean-Bertrand Aristide pandan kanpay prezidansyèl li (oktòb - desanm 1990). Li itilize fraz sa a pou refere a tout Ayisyen k ap viv lòt bò dlo. [*Y ap viv lontan nan dizyèm departman an.*]. [*Aristide se premye prezidan ki te resevwa dizyèm departman an nan palè.*]. [*Dizyèm departman an te kòmanse voye Ayiti monte.*]. [*Li gen dizan depi l ap viv nan dizyèm departman an.*]. var: «*dizyèm nan*». Remak: tèm sa a pa pran lontan tou pou l te vin yon tèm akayik (ak sans li) paske yo vin ajoute yon dizyèm departman (*Nip*) ajoute sou nèf ki egziste deja yo. Donk anpil retounen itilize ansyen tèm nan, «*dyaspora*» (an referans a Ayisyen k ap viv aletranje ou nan yon kominote aletranje).

**9. ELEKSYON BIDON:** (fr.). Fraz ki refere a tout eleksyon magouy ki t ap eseye fèt aprè dat 7 fevriye 1986. Tip eleksyon sa yo pa t an favè pèp ayisyen an, men yon ti gwoup moun ki te sipòte ansyen diktatè a e ki renmen koripsyon pa ta janm renmen wè bonjan eleksyon lib e libè fèt kote pèp la ta vote kandida ki nan gou li. [*Magouyè renmen eleksyon bidon.*]

**10. ELEKSYON FO MAMIT:** (fr.). Fo eleksyon. s: *eleksyon bidon, eleksyon magouy, eleksyon tèt chat*. Kèk politisyen kouwè K-Plim (Evens PAUL) itilize fraz sa a nan diskou pou refere a *eleksyon magouy*. [*Se kandida magouyè sèlman ki pral pran pa nan eleksyon fo mamit la.*]

**11. ELEKSYON MASKARAD:** (fr.). Fraz Roger LAFONTANT itilize nan diskou l (jounen 7 janvyè 1991) pou te refere a eleksyon 16 Desanm 1990 la. Lwa te danse nan tèt li lefèt se te Jean-Bertrand Aristid (Titid) ki te eli prezidan. Kèk lòt moun ki pa t patizan Aristid vin itilize tèm sa a aprè pou montre eleksyon 16 Desanm 1990 la pa t enpòtan. [*Magouyè yo di eleksyon 90 la te yon eleksyon maskarad.*]

**12. ELEKSYON TÈT CHAT:** (fr.). fo eleksyon. s: *eleksyon bidon, eleksyon fo mamit, eleksyon magouy*. [*Anpil moun di eleksyon 1988 la te yon eleksyon tèt chat*]

**13. FO KÒK:** (n./ fr.). Aparèy seksyèl yo fabrike e ki sanble ak yon vrè ògàn seksyèl. [L ap jwe ak yon *fo kòk*]. 2. Yon seri opòtinis pandan kanpay prezidansyèl Jean-Bertrand Aristide (1990).

Fraz sa a vin itilize tou aprè Jean-Bertrand Aristide te monte nan tèt pouvwa a kòm premye prezidan demokratik nan dat 7 fevriye 1991. Gwoup opòtinis sa yo kouri konvèti nan relijyon lavalas pou pa pèdi opòtinite yo. Yo parèt sou fòm demokrat tou pou pèp la ka kwè yo. [*Fo kòk sa yo parèt pi Lavalas ke Titid.*]. [*Après eleksyon 16 Desanm nan, yon dal fo kòk konvèti nan lavalas.*] 3. Espyon lòt pati politik ki enfiltre kan Lavalas la. [*Pa fè yo konfyans; se fo kòk yo ye!*]. [*Fo kòk sa yo se yon dal opòtinis.*]

**14. GOUVÈNMAN LAVALAS:** (fr.). Tèm ki refere a gouvènman Jean-Bertrand Aristide la. Fraz sa a vin pran tou yon lòt dimansyon nan kòmansman ane 1991 aprè Aristide monte sou pouvwa: *gouvènman pèp, gouvènman popilè*. [*Gouvènman Lavalas la rekonèt yon «dizyèm depatman».*]. [*Laprès pa t gen baboukèt sou gouvènman Lavalas la.*]

**15. IPOKRIT YO SEZI:** (fr.). Youn nan eslogan Jean-Bertrand Aristide te ililize pandan kanpay prezidansyèl li (oktòb - desanm 1990). Aristide fè referans a tout moun ki pa t renmen l (kòm yon aktivis ayisyen estraòdinè ki riske vi l pou yon chanjman nan peyi Ayiti). Li te itilize eslogan sa a tou pandan kanpay li nan dizyèm depatman an. [*Ipokrit yo sezi lè yo tande Titid kandida.*]

**16. KE MAKAK:** (fr.). Fraz ki sòti nan yon diskou Jean-Claude Duvalier (Bebe Dòk) te fè lè tansyon politik Ayiti a te monte sèt wotè. Pèp la, depi avan ane 1986, te kòmanse bat chalbari dèyè Divalye pou l te bay pouvwa a brid sou kou. Makout yo t ap kraze brize lè yo te wè pèp la kanpe. Anpil bri t ap kouri di Janklod ale. Lwa pèp la te monte nan tèt li e pou te eseye kalme l, Bebe Dòk ak madanm li fè yon dènye vizit nan kapital la. Lè yo te rive Mache Anba, pèp la te move kou kong. Yo t ap voye eslogan monte; makout yo te fin dechennen. Diktatè a ak madanm li te di: «Nou la pi rès ke yon *ke makak*». [*«Si se yon ke makak l a kase...»*]. (fraz nan yon chante popilè)]. [*«Kou ke makak rès konnen se kaka l pral kaka.»* (pwov.)]

**17. KE MAKAK LA KASE:** (fr.). Fraz ki vin itilize aprè dat 7 fevriye 1986 pou refere a Bebe Dòk ki kite pouvwa a sou presyon pèp souvren an. [*Se sèlman ke makak la ki te kase* (fr. fam.)].

**18. KÒK KALITE:** (n./ fr.). Yon *kòk kalite* se yon kòk ki renmen batay. Kèlkeswa kòk ki parèt devan l, li ta renmen fè yon dyèl ak li. [*Y ap souffle tafya sou kòk kalite yo.*]. [*Kòk kalite a bat kòk kayèt la ak kòk zenga a.*] 2. Fraz ki vin pran yon dimansyon politik pandan e aprè kanpay elektoral 1990 la. Majorite moun ki te sipòte Aristide nan eleksyon an wè l kòm yon *kòk kalite* ki pa janm pèdi yon pari e ki pote laviktwa nan gran batay sa a. [*Kòk kalite a bat 'kòk choublak' la.*]

**19. LAVALAS:** (n.). Gwo dlo ki desann ak fòs lè lapli tonbe oubyen lè gen move tan. [*Lavalas pase, li pa enpoze krapo kriye* (pwov.)]. 2. «Operasyon Lavalas»: mouvman politik Jean-Bertrand Aristide te tanmen e t ap mennen pandan kanpay prezidansyèl li (oktòb - desanm 1990). Politikman palan, tèm *Lavalas* la refere tou a «majorite», «espwa pou majorite pèp la». vòt lavalas (tèm ki itilize premye fwa pandan e aprè eleksyon 16 desanm 1990). [*Titid ak nou se lavalas*]. [*Yon sèl nou fèb, ansanm nou fò, ansanm ansanm nou se lavalas*] (fraz prezidan Jean-Bertrand Aristide toujou itilize nan fen diskou l.)]

**20. MAGOUY:** (n.). Vye mannèv, nenpòt tenten, move piwèt pou atenn yon bi. [*Magouy yo kontinye ap fèt anbachal*]. [*Yo kontinye ap fè magouy*]. [*Msye se yon nèg ki pa nan magouy*].

**21. MAGOUYÈ:** (n.). Moun k ap fè magouy; moun ki viv de magouy; moun ki renmen magouy; moun ki nan magouy. [*Gen anpil politisyen magouyè Ayiti*]. [*Pa okipe yo; se yon dal magouyè*]. [*Avantay magouyè se nan magouy*].

**22. MANMAN POUL LA:** (fr.). Fraz ki itilize pou refere a prezidan Ertha Pascal Trouillot. Se premye fanm ayisyèn ki rive monte chèfdeta nan istwa Ayiti (nan dat 10 mas 1990). Nan atanta Roger Lafontant («doktè Mengele») pou l te bay yon koudeta (nuit 6 pou louvri 7 janvyè 1991), Lafontant te deklare se pa yon koudeta men pito yon «pasasyon pouvwa». Pèp la vin konpare palè a ak yon kalòj kote yon manman poul kite yon pentad antre. Anpil moun di se pa t yon vrè koudeta men yon «koudèta» pito. [*Manman poul la kite pentad la antre nan kalòj la*]. 2. chante popilè nan kanaval 1991 lan. [*Ou tande tout moun ap chante Manman poul la aprè kanaval*]. [*Tout moun te ret ap tann cha Manman poul la*].

**23. MISTÈ KLIN:** (fr.). Fraz ki gen rasin anglè: «Mister Clean» («*Mouche netwayaj*»). Fraz sa a itilize pou refere a Marc L. BAZIN. Bazin te minis finans sou gouvènman Jean-Claude la. [*Mistè klin te kandida pou chèz boure a an 1990*].

**24. PENTAD:** (n.). Zwazo, bèt volay. [*Pentad se yon bèt ki malen, pa konprann ou kapab kenbe l fasil*]. [*Chasè a fizye de pentad*]. 2. Sou gouvènman Papa Dòk la, li vin chwazi *pentad* kòm yon senbòl enpòtan. Moun te ka wè yon foto *pentad* sou lanbi nan anpil bagay ki an rapò ak gouvènman l lan. Aprè atanta Roger Lafontant (dat 6 pou louvri 7 janvyè 1991) pou l te bay pouvwa a panzou, anpil Ayisyen te vin wè l kòm yon *pentad* (yon bèt malen). Anplis, tèm *pentad*

la fè pati de **literati makout yo** e Lafontant te vin pi gwo chèf makout sou gouvènman Janklod la. [*Msye tankou yon **pentad** (msye malen anpil).*]

**25. PÈ LEBREN:** (fr.). Selon kèk moun, **Pè Lebren** se te yon tonton ki te konn fè reklam pou bon kawotchou e kawotchou sa yo gen yon koulè bren. Moun te konn wè reklam sa a nan televizyon Ayiti. Msye te toujou gen kawotchou nan kou l lè l ap fè reklam. Nan dat 7 fevriye 1986, yo te boule anpil makout. Fason yo te fè sa se te foute yon kawotchou nan tèt yo, wouze l ak gaz epi pase alimèt. Se te yon sòt revanj, yon fason pou montre mekontantman yo kont tout abi ak zak malonnèt makout yo t ap fè yo pase sou gouvènman Divalye a. Pa t gen yon gouvènman ki t ap garanti yo jistis; donk, se konsa yo te fè jistis pa yo. bay yon moun **pè lebren** (fr.) (foute yon kawotchou machin nan tèt li pou boule l). [*Gwoup dechoukè a manke ba l **pè lebren**.*]

**26. RACHE MANYÒK:** (fr.). Fraz ki refere a rekòt manyòk lè l bon. Nan yon seri tè di, se fouye yo fouye manyòk, men nan tè mou oubyen tè sab, yo pa pèdi tan fouye manyòk la, yo rache l. Gen **manyòk anmè**, gen **manyòk dous** tou. Moun manje manyòk dous; yo gen dwa bouyi l (nan dlo oswa nan lèt) oubyen boukannen l pou manje. Manyòk anmè gen yon pwazon ladan. **Manyòk matyotas**, **manyòk ti Kiba** se **manyòk dous** yo ye. Si yon moun manje **manyòk anmè**, li ka touye l. Yo pa manje manyòk anmè a menm jan yo manje manyòk dous la. Lè yo fin rache oubyen fouye manyòk anmè a, yo graje l. Aprè sa, yo tòde l pou retire dlo a ki yon pwazon. Lè yo fin tòde l, yo konn pase l solèy avan yo fè bobori (pwès) ak li. Si se farin y ap fè ak li sèlman, yo mete l seche. **Manyòk anmè** touye kochon. **Dlo manyòk** anmè touye kochon. **bwa manyòk**. Yo kapab itilize **bwa manyòk** pou plan. **lanmidon manyòk**. Yo sèvi ak **lanmidon manyòk** pou mete nan rad. Lè n ap pakouri istwa Ayiti, nou wè ki jan manyòk te enpòtan pou Endyen yo. Se ak li yo te konn fè **kasav** (**kasab**), **doukounou** (**bobori**, **pwès**), **bòy** (**dounmbrèy**). Lè n ap gade tou nan anpil rakwen an(n) Afrik kote ki gen sechrès, **manyòk** trè enpòtan kòm manje. Yo itilize l menm jan nou itilize l Ayiti. Anpil kote Ayiti, se **farin manyòk** yo itilize pou fè labouyi pou timoun. [*Jilyen ap fè yon kòve pou ede **rache manyòk**.*]. [*Kochon an **rache manyòk** yo.*]. 2. Tèm ki vin pran yon dimansyon politik aprè dechoukay 1986 la. Monseyè W. Romulus (natifnatal Jeremi) te itilize l nan yon diskou; depi lè a, li rete nan lang kreyòl la. Li te fè referans a magouyè ki t ap dirije yo pou te kraze sa. **rache manyòk**: netwaye tout sa k pa bon; kraze kite sa. Aprè, anpil moun te vin **itilize fraz sa a**. Se konsa li vin popilè. **rache manyòk** nan eleksyon. [*Fò jal la **rache manyòk** li!*]. [*Fò magouyè yo **rache manyòk** yo nan eleksyon an!*]



**27. RECHOUKE:** (v.tr.). rebran yon moun ki te revoke, kase nan yon travay. || dechouke. [Ansyen direktè a te dechouke msye men nouvo a *rechouke* l.]. [Yo *rechouke* anpil magouyè nan travay leta yo aprè koudeta a.]

**28. SE PA POU LAJAN NON!:** (fr.). Fraz sa a ta vle di: se pa lajan yon moun peye pou l gen yon popilarite. Youn nan eslogan Jean-Bertrand Aristide te itilize pandan kanpay prezidansyèl li (oktòb - desanm 1990). Dabitid, lè gen kanpay elektoral Ayiti, anpil kandida konn ap eseye bay kòb anba pou pèp vote yo. Depi Aristide te kòmanse kanpay prezidansyèl li, majorite moun te gen tan sipòte l san l pa t ba yo yon peni, diferan de jan sa abitye fèt. Malgre kèk kandida nan eleksyon 1990 la t ap eseye achte konsyans pèp la ak lajan, pèp la te vin rekonèt magouyè sa yo. Yo panse yo te ka lolo pèp la ak kòb oubyen tafya. [*Se pa pou lajan non!*]

**29. TI WOUJ:** (n.). Non jwèt yo bay (jal) Nanfi (je de mo). Msye se yon grimo tou. [*Ti Wouj renmen ti gwòg li epi l toujou nan fi.*]

**30. VOYE AYITI MONTE:** (fr.). Fraz ki vin popilè an 1991 Aprè prezidan Jean-Bertrand Aristide pran pouvwa a. Peyi a te pran nan yon blokis finansye total kapital. Anpil peyi ki te pwomèt yo ta pral bay èd pa t kenbe pwomès yo. Pèp souvren an te voye eslogan sa a monte pou te chofe dyaspora te kapab pote tout konkou posib bay Ayiti. Anpil komite **V.O.A.M** (Voye Ayiti Monte) te kanpe nan dyaspora. Abreviyasyon **V.O.A.M** nan pwonse «*vwa m ou vwam*» ki vin ba li yon lòt siyifikasyon: *se vwa pa m* (pou m sipòte Ayiti). Donk, Ayiti tandè vwa chak moun ki voye l monte. [*Ayisyen konsekan ap voye Ayiti monte; Ayisyen magouyè ap voye Ayiti desann.*]. **V.O.A.M** se *vwa pa m*, se *vwa pa w*, se *vwa nou*, se *vwa tout dyaspora a*. [*Ann voye Ayiti monte pou l ka kenbe eskap figi l!*]

**31. WOULO KONPRESE:** (fr.). Fraz ki refere a kèk gwoup ekip solid ki t ap dechouke aprè 7 fevriye 1986. [*Woulo konpresè a deyò; se pa ni de ni twa se yon dechoukay yo pral fè.*]. 2. Fraz ki refere a ekip meriken an ki t ap jwe nan «*konkakaf feminen*» An(n) Ayiti (an 1991 sou gouvènman lavalas la). Ekip sa a bat tout lòt yo; se li k te chanpyon. [*Nanpwen yon ekip woulo konpresè a pa t bat nan konkakaf feminen 1991 lan.*]

**32. ZENGLENDO:** (n.). Vòlè, ekip vòlè ame ak zamfannfwa, kriminèl, atoufè k ap kraze brize nan peyi Ayiti aprè Janklod Divalye kraze rak. Se yon rezo san pitye, yon rezo byen monte ki difisil pou enfilte. [«*Reseau sans pitié*» se yon koken fim ayisyen sou *zenglendo* Patrick Jérôme

reyalize.]. [*Zenglendo yo antre nan kay la, se sa yo bliye yo pa fè.*]. [*Sezon sechrès Ayiti se yon woman ki pale anpil de zenglendo.*]

ABREVIYASYON AK SIY YO (ki parèt nan glosè anlè a) --- fr. = fraz; n. = non; s. = sinonim; var.: = varyasyon; v.tr. = vèb tranzitif; || = mo opoze, lekonntrè; [ ] = egz. jan tèm sa a itilize nan yon fraz

Gen anpil prejije Ayisyen fè an palan de lang kreyòl la ki pwòp lang matènèl yo. Gen tout yon seri **konplèksdenferyorite** lakay Ayisyen an ki pran nesans depi epòk kolonyal. Kolon yo te non sèlman kolonize Ayiti men yo fè tou yon **lavay sèvo** kay Ayisyen an. Kolon yo te toujou montre Afriken yo enferyè, yo lèd... Si n ap fè yon analiz sou **koulè**, nou wè nan liv n ap li, yo toujou montre koulè nwa kòm koulè ki an rapò ak tout bagay ki negatif. Menm *konplèksdenferyorite* sa yo, menm kwayans sa yo pase de yon jenerasyon a yon lòt an palan de pèp Ayisyen ki toujou gen tandans rejte bagay ki nan pwòp kilti l.

Lefèt ke fransè itilize kòm **lang ofisyèl** depi digdandan pou rive jis jounen jodiya, sa kreye yon batay ak lang natifnatal peyi a, kidonk kreyòl. Anpil moun pale anpil, di koze ki pa gen sans sou lang kreyòl la. Pa egzanp, nou kapab tande kèk moun di: «*kreyòl pa lang, se yon dyalèk, kreyòl pa itilize nan biwo ak anpil lòt tentennad*». Panse a powèm anba a e a kesyon ki vin aprè l la.

### **Lang(14)**

*Kisa tout moun panse de lang?*

*Mwen renmen tande lòt lang depi timoun*

*Paske m te kirye de lòt kilti.*

*Ak esperyans mwen, m wè ki jan zouti sa a enpòtan.*

*Zouti sa a konekte ak grenn je m  
Pou m ka kominike ak antouraj mwen.  
Pou kisa m pa t pale tout lang sou latè  
Pou m te ka pale ak linivè?*

*Pou mwen, pa gen lang ki pi bèl pase lòt  
Paske nou chak pale lang pa nou.  
Se yon zouti ki gen menm itilite  
Kèlkeswa l kote l fabrike.*

- a) *Kisa yon lang ye?*
- b) *Ki jan yon dyalèk ka defini?*

Lè ou jwenn moun k ap pale san reflechi epi ki vin ak agiman san fon, se kòm si yo pa t pase lekòl. Kreyòl la gen tout eleman ladan ki fè l yon lang tankou tout lòt lang. Dabò lefèt ke gen moun ki pale l, se yon lang li ye. Li gen gramè pa l tou, tout yon **estrikti gramatikal** ki pwòp a li menm. Yon lang se pa lè l kouche sou papye li yon lang pou sa. Nan kèlkeswa peyi a, moun pale lang manman yo avan y aprann ekri l, men yo pa janm aprann ekri l avan yo pale l. **Lang se jis yon mwayen pou kominike.**

*«Yon lang se yon senp enstriman pou moun kominike youn ak lòt, yon zouti plizoumwen efikas, ki plizoumwen adapte a yon tach an patikilye. Trè souvan, mwen apèsi mwen, swa lè m ap pale, swa lè m ap ekri ke m pa rive fè pase san traka nan lang fransè sèl ou bon gou kèk istwa ayisyen, ke m viv, ke m konnen an kreyòl e ke l sifi pou m rakonte istwa sa yo an kreyòl a yon konpatriyòt pou yo ka rejwenn **gou** yo nan bouch mwen ak tout yon bote nan*

*zòrèy moun k ap kominike ak mwen an»(15)*

Kèlkeswa kote Ayisyen an sòti Ayiti, li p ap gen pwoblèm pou kominike ak yon lòt paske yo non sèlman posede mwayen kominikasyon sa a, men tou yo gen *yon gramè similè* nan tèt yo (*yon gramè abstrè* nou pa wè men *ki gouvènè pa yon seri règ*; tout moun ki pale yon lang kòm *lang matènèl* posede gramè sa a). Anpil moun ta avèg sou koze lengwistik pafwa oubyen tou yo pa chèche fouye pou konnen ki lakoz yo aji san reflechi.

### 12.9. *Dyalèk, varyasyon dyalektal*

Yon *dyalèk* se yon mo ki an rapò ak lang. Se yon mo ki sòti nan lang grèk e ki gen pou wè ak *lang*. Lè y ap pale de *dyalèk* an tèm lengwistik (jounen jodiya), sa vle di: *varyasyon yon lang kapab genyen*. Ann pran pa egzanp kreyòl ayisyen, se yon lang ki divize an twa gran *dyalèk* (nò, sant, sid). Pa egzanp, si n al Okap, gen vokabilè ki itilize nan zòn lan epi ki pa itilize nan lòt rejyon Ayiti (nou ka rele yo *rejyonalis* tou) oubyen, menm vokabilè sa yo kapab genyen lòt siyifikasyon nan yon lòt andwa. Ann pran pa egzanp vèb **kwoke**, pou yon Kapwa li konnen vèb sa a gen yon **konotasyon seksyèl** epi li konnen jan pou itilize l tou. Pou yon Pòtoprensyan, se yon lòt siyifikasyon lè l itilize l.

Diferan fason moun ki pale yon lang pwononse mo yo, tou depan de rejyon kote l sòti a, rele *dyalèk* tou an lengwistik. Moun ki sòti nan menm rejyon toujou gen tandans pwononse mo yo men jan epi tou *semantik* (sans) mo yo gen menm siyifikasyon. Sa se yon fenomèn lengwistik ki natirèl. Egzanp *varyasyon dyalektal*:

1. (a) *yon moun fisèl*, (b) *yon moun mèt dam*, (c) *yon moun entelijan*
2. (a) *M ap koupe latya ou*, (b) *m ap fè ou fè respè ou*, (c) *m ap fè ou rete trankil*
3. (a) *Frè an m*, (b) *frè an mwen*, (c) *frè m*
4. (a) *pa mete m nan zen*, (b) *pa mete m nan akwochay*, (c) *pa mete m nan melimelo*
5. (a) *o levan vs. o kouchan*, (b) *anwo vs. anba*, (c) *o nò vs. o sid*
6. (a) *bwatat*, (b) *bwa patat*
7. (a) *zoren*, (b) *kòd*
8. (a) *pataswèl*, (b) *sabò*, (c) *souflèt*, (d) *kalòt*, (e) *jif*
9. (a) *pran yon ti kanpo*, (b) *fè yon kanpe*, (c) *fè yon (ti) poze*, (d) *pran rekreyasyon*
10. (a) *pann*, (b) *kwoke*

Depi gen 2 lang nan yon peyi, toujou genyen yon sòt prejije ki vin kreye. Ayiti se pa sèl peyi nan lemond kote pwoblèm sa a egziste. Prejije sa a kreye se pa paske youn nan lang yo ta pi bèl pase lòt me pito se jis yon rezon **pouvwa ekonomik**, **politik** youn kapab genyen sou lòt. Ayiti kòm peyi restavèk, soudevelope ak anpil gouvènman restavèk ki t ap gouvène l, se yon peyi moun pa ka reyèlman pale de ekonomi l. Kisa l pwodui o jis pou mache mondyal? Pwodiksyon nasyonal peyi a zewo; prèske tout sa Ayisyen bezwen sòti aletranje (to enpòtasyon l estrèmman wo, ki toujou lakòz peyi a rete ak yon balans defisitè). Kidonk, anpil moun lè y ap pale sou zafè lang, yo pa analize sa de yon pwendvi **ekonomik** e **politik**. Si yon peyi pa pwodui anyen pou mache mondyal, ekonomi li a zewo, anlès pa gen oken pwogrè k ap fèt o nivo syantifik, ebyen lang natifnatal peyi sa a kapab sibi yon gwo chòk tou.

Sandra Piverger, nan yon atik li pipliye an 2005, ki gen pou tit «Kole zèpòl ak zèpòl pou lang kreyòl jwenn vrè plas li nan sosyete a» fè yon bèl rale sou lang kreyòl la kote l pote kèk eklèsisman enpòtan pou lektè yo. Li pale konsa:

*«Anpil Ayisyen ki gen konesans, ki konn li ak ekri pa ta konsidere lang kreyòl la pou sa li ye oubyen pou ta ba l valè l merite. Yo pito vle fè kwè «kreyòl se yon dyalèk» (lè yo pa ka menm bay vrè definisyon yon dyalèk an tèm lengwistik), oubyen w tande yo di: «kreyòl se defòmasyon lang fransè». Nou ka di moun sa yo boure ak prejije (fo lide) paske yon lang se yon mwayen pou kominike, e youn tou pou defann lide. Men, èske nou ka toujou rete ap tande pawòl sa yo san nou pa di yon mo?*

*Pou kòmanse, fò nou defini sa yon «lang» ye. Kilè nou ka di fason yon gwoup moun kominike, pale, se yon lang? Si nou ale nan diksyonè, n ap wè yon lang se yon pakèt mo ak son ki makònen ansanm (ki vin bay plizyè siyifikasyon) kote moun k ap viv nan yon sosyete itilize yo pou fasilite kominikasyon antre yo (swa atravè pale, ekri pou fè lide yo pase). Nou ka di depi moun k ap viv nan kominote sa a konprann sa youn lòt di, nou ta ka deja kòmanse rele mwayen sa yo itilize a, yon lang.*

*Daprè gwo etid ki fèt, nou wè gen lang ki vivan (sa moun ap pale), konsa tou, gen lang ki mouri (sa ki pa pale ankò). Pa egzanp «laten» se yon lang mouri paske pa gen moun ki pale l ankò byenke (tras) itilizasyon l, nan sèten ka, enpòtan pou yon seri referans (tèlke nan syans, koze legal, elt.). Gen lang ki manman lòt lang. Nan ka sa a, nou ka konsidere «laten» tankou yon*

*manman lang (nan gwo branch «endo ewopeyen an») paske gen anpil lòt lang romàn (kouwè: espayòl, fransè, gayeyo, italyen, katalan, provansal, roumanyen) ki pran rasin yo ladan. Daprè sa nou fin wè la a, nou ka di kreyòl se yon lang vivan paske li pale nan yon peyi kote moun sèvi avèk li pou kominike toulejou epi fè sa yo bezwen ladan. Koze sentaks (chapan lang nan) ak semantik (sans mo yo), mòfoloji (fòmasyon mo yo), nou kite sa pou mesye lengwis yo ki dwe mete yo ansanm pou konble vid ki merite konble nan lang kreyòl la.*

*Daprè anpil rechèch ki fèt, lang kreyòl la ta gen estrikti kèk lang ki sòti nan zòn lwès kontinan Afriken an. Pou n pi klè, n ap di lang «ewe» ak «fon» (nan epòk disetyèm syèk). Afriken, sa yo kolon blan te trennen vin lage Sendomeng, pa t gen lòt bagay pou fè ke chache konprann youn lòt epi vòlè mo anba bouch kolon blan, yon kole pyese ki bay nesans a yon tip «pidjin» epi ki evolye nan yon lang oubyen yon kominezon ki vin bay lang kreyòl la (dapre sa Michel Degraff ekri nan rechèch li fè sou lang lan). Ernst Mirville (M.D), nan yon dokiman li ekri ki rele «Le créole peut-il être clair?» (èske kreyòl la ka klè?), montre nan travay sa a ke kreyòl se yon lang tankou tout lòt paske avèk lang sa a, ou ka fè sòti tout lide w genyen nan zafè lasyans, moral ak relijyon. Yon lide anpil moun pa pataje menm lè yo sèvi ak lang lan pou eksprime tout doulè, kontantman, kominike ak lòt bagay, bay blag, rakonte istwa, elatriye.*

*Nan Jounen Entènasyonal Kreyòl, nou vle voye yon gwo kout chapo bay tout moun ki kontinye ap fè rechèch sou lang sa a. Nou pa ka bliye Paul Dejean, ki depi nan ane 1963, t ap goumen pou redui kantite moun ki pa konn li ak ekri anndan peyi a. Yves Dejean, nan lane 1977, parèt ak liv sou kòman yo*

*dwe ekri kreyòl. Anpil efò te fèt pou rive bay lang kreyòl la yon òtograf ofisyèl (1979) pou tout moun k ap sèvi ak li suiv. Nou pa bliye Emmanuel W. Védrine, ekriven ayisyen, nan lite l ap lite (depi ane 80 yo) pou bay lang kreyòl la vrè plas li merite nan sosyete a. Sepandan, nou rekonèt gen anpil travay ankò ki rete pou fèt e jwèt la nan men lengwis, sosyolengwis yo, ansanm ak tout moun ki vle pote kole nan gwo konbit sa a pou avansman lang kreyòl la. Nou fini pa konprann pèp ayisyen, ki toujou ap bay leson, dwe ankouraje travay k ap fèt nan domèn nan pou ka rive fè lang kreyòl la jwenn vrè plas li nan sosyete ayisyèn nan ak nan lemonn. Se yon bagay ki va sèvi yon byen, yon modèl pou lòt pèp k ap pale menm lang sa a (ak varyasyon lokal), nan lòt kilti. Koze lòt fason oubyen aksan pa ta dwe gen anpil enpòtans paske anglè ki pale Ozetazini gen anpil diferans ak sa ki pale nan peyi Angletè; menm bagay la pou lang fransè. Lè pou fè diferans lan, yo oblije mande èske se fransè Kanada oubyen Lafrans, etsetera.*

*Tout rale sa yo se pou montre kòman nou menm Ayisyen nou ka sèvi ak sa nou genyen pou fè peyi nou vance. Majorite etid ki fèt sou lang kreyòl la, pifò ladan yo se etranje ki reyalize yo. Pandan Ayisyen rete lwen ap fè prejije pou lang lan, lòt nasyon ap fè rechèch e ap viv de lang nan, ekri liv ak mete sou pye sant dokimantè, elatriye».*

### **13.0. Sa Ayisyen panse lè moun ap pale fransè Ayiti**

Gen yon gawòl granmoun ki di **pale franse pa di lespri**. Men pale fransè Ayiti ka reprezante yon **pouvwa ekonomik** byenke anpil fwa se pa yon reyalite. Imedyatman yon mou ap pale fransè, lòt moun konn panse li fè pati laboujwazi. Bon, gen moun pa egzanp ki vle pete lòt pase Ayisyen kwè nan



**aparans** byenke se rans anpil fwa. Tip moun sa yo konn kenbe yon **konpa pale franse**. Gen moun se pa yon klas l ap eseye achte, men se kapab milye kote l leve a ak kontak zanmi l ta genyen. Pa egzanp, si majorite moun kote l rete a pale franse epi zanmi l yo toujou pale an franse, donk sa vin yon abitud.

Pale franse tou imedyatman bay yon ide ke endividi a te pase sou ban lekòl paske se franse k ap itilize lekòl pandan digdandan kòm lang (nan) ansèyman. [Reyalite lengwistik Ayiti](#) pa egal [reyalite lengwistik peyi frankofòn yo an\(n\) Afrik](#). Kisa sa vle nou di la a? Nan Afrik frankolòn, lang franse a non sèlman gen etikèt [lang nasyonal](#) men an menm tan li ta yon yon [lang veyikilè](#) kote tout kouch sosyal, san distenksyon, ta sèvi ak li kòm yon mwayen kominikasyon byenke li pa ta lang matènèl (pifò) Afriken. Nan yon eta Afriken ou ka jwenn yon karentèn, senkantèn lang. Donk se **lang nasyonal la** ki sèvi kòm **pon** pou relye tout kouch lengwistik, tandiske Ayiti ta konsidere yon [peyi omojèn](#) (o pwendvi lengwistik) kote tout ayisyen gen yon sèl lang natifnatal (kèlkeswa kouch sosyal y apateni) ki kreyòl.

Fason moun pale franse tou Ayiti kapab kreye lòt prejije (o nivo [sosyolengwistik](#)). Pa egzanp, gen moun ki pale franse **pa woutin** san li pa t pase lekòl ou ta rive lwen lekòl. Gen moun tou ki te fè yon pase lekòl men ki pa t gen opòtinite pouse pou pi devan men li kapab degaje l malgre li ka fè ti **sirèt**, konstriksyon fraz yo ka de grenn gòch. [Prejije sou koze lang Ayiti](#) fò anpil, men pou rive konprann pwoblèm nan byen, fò ou gen yon ide oubyen yon ti limyè so **ekonomi** peyi a. Jiskounye Ayiti, gen biwo w ale epi si ou pa ka di [je suis tombé, vous êtes ranmasé](#) zòt p ap tèlman pran ka ou. Men imedyatman ou pale ak sekretè a an franse, sa ta ba li yon ide ke ou pa

nenpòtreki. Sa nan mantalite anpil Ayisyen toujou. Ti powèm anba a bay yon ide sou prejije kèk Ayisyen genyen kont pwòp lang yo, atitid kèk te konn montre pa tèlman lontan, vizavi moun ki pa t pale fransè lè yo ta antre kèk kote pou yo ta jwenn sèvis.

### **ESPRIME OU!(16)**

Kisa? Se nan peyi m mwen ye

Kisa ou vle m pale?

Se lang zansèt mwen te kite

«Se nan yon biwo ou ye»

O, o tande koze!

Se kreyòl m ap pale!

Mwen nan peyi m

Epi se lang kilti m

Sa pou m fè pou enbesil

K ap ri m!

Prèske tout chan m yo an kreyòl

Lè m ap chèche bèl pawòl,

M toujou panse an kreyòl

Menm lè yo pa t vle m pale l lekòl

*«Entèdi yon moun pou l pa esprime l nan pwòp lang li, oblije yon pèp pou l wont lang li! Pou kèk moun, difikilte pou aprann fransè se yon bagay ki prèske politik ou sikolojik: yo pa ka domine lang sa a, li tèlman penetre konsyans yo, ki premyèman yon sinomin esklavay, epi esklavay lengwistik.*

*Yo te chase Fransè yo, pouki pou n bay lang yo privilèj epi pou n abandone pa nou?».(17)*

Bon, nou deja konnen apwopo batay ki genyen an 2 lang yo (fransè ak kreyòl). Ann kite pawòl, pran koze. Ann analize kesyon sa yo:

**13.1. Ki lang ki dwe itilize nan lekòl Ayiti?  
Èske si sèl lang kreyòl la te ofisyèl 100% (san pou san)  
moun t ap konn li ak ekri?**

Tout agiman filozofik dwe chita sou yon **lojik** ki pou sipòte l, san sa li p ap ka konsidere **agiman valab**. Kesyon sa yo se kesyon tout Ayisyen dwe panse. Anpil fwa moun di bagay ki pa gen sans oubyen yo pa vle prezante reyalite a jan li egziste. Anpil deba pèdi tan fèt sou koze lang Ayiti. Gen moun ki di: «gwo pwoblèm lekòl Ayiti se yon pwoblèm lang». Nou konnen deja gen **prejije** ki egziste **o nivo sosyolengwistik** men tou, nou pa ka vize dominans lang fransè a kòm sous prensipal pwoblèm lekòl Ayiti. Anpil fwa, gen moun ki santre sou pwoblèm lang jis pou evite pale de **reyalite politik** la (sa te fèt aklè sou diktati Divalye kote kèlkeswa sijè ke politik ta enfliyanse, yo ta fè **mawonaj** ak li yon fason pou evite mo sa a).

*«Egzijans sa a pou pale fransè, pa t yon bagay ki choke nou vrèman. Nou te pale lang Pascal la avèk plezi, non paske se yon nesesite pou te konnen l, pou te pratike l, gou konesans, swaf pou konnen... Avèk kondisip lekòl, lè n pa nan lekòl la, nou te konn diskite souvan an fransè. Nou te konn menm ap chèche mwayen amelyore lang sa a volontèman».(18)*

Pou rezoud yon pwoblèm moun analfabèt ki yon to 85% (katrevensenk pou san) nan yon peyi, se pa reyèlman yon pwoblèm lengwistik men pito [yon pwoblèm politik](#).

Albert Valdman, sou sijè, abode l konsa: «*Ba nivo devlopman edikasyonèl Ayiti a, yo gade l kòm rezilta relasyon konplèks ki egziste ant fransè ak kreyòl ayisyen. Erè sa a, ke yo fè nan sipozisyon yo, jwenn yon mwayen pou l divòse soudevlopman edikasyonèl ak soudevlopman ekonomik lan, politik ak enjistis ki nourri l*». (19)

Se pa mande ki lang ki dwe itilize nan lekòl pou redui to analfabèt sa a k ap grenpe lesyèl men, mande pito: konbyen leta ayisyen pral depanse pou kanpay sa a fèt? Mande tou: èske gouvènman yo ta renmen bati lekòl nan tout rakwen peyi a pou moun gen aksè ale lekòl?

«*Li evidan ke kreyòl dwe fè pati tout vrè pwojè alfabetizasyon pou peyizan ayisyen. Se nan lang sa a alfabetizasyon posib pou l fèt, e se ladan l sèlman l ap pote fri*». (20)

Men Sou lòt bò agiman an, gen kritik ki kapab di tou: Ayisyen pa reyèlman gen pwoblèm nan lekòl pou aprann nan yon lang (patikilyèman, lang fransè a la a) pouvike li gen aksè ale lekòl e egzanp nou kapab pran, se bèl egzanp tout Ayisyen ki te gen chans ale lekòl Ayiti ou aletranje epi ki vin pwofesyonèl nan plizyè domèn. Se pa t lefèt ke yo te etidye nan tèl ou tèl lang ki fè yo rive kote ye a, men se pito [aksè](#) yo te genyen pou ale lekòl. Men an menm tan tou, si ta vin gen yon vrè pwogram [alfabetizasyon](#) Ayiti (pou tout moun ta benefisye de sa), pa yon pwogram [betizasyon](#), lang kreyòl

la pa ta kapab absan paske l t ap pi fasil pou moun ki pale l deja kòm lang matènèl pou yo ta aprann li ak ekri ladan l (byen rapid) avan pou yo ta aprann li ak ekri an fransè (kote yo ta jis transfere konesans yo gen deja nan lang vènakilè a). Menm Ayisyen ki kapab ekri byen nan lang fransè a panse an kreyòl (yo jis fè yon transfè ide nan yon lang a yon lòt). Men fò nou pa rete vize lang kòm pwen ki ta pi enpòtan nan amelyorasyon pwoblèm lekòl Ayiti paske se plis yon pwoblèm politik (pou aksè jeneral) e ekonomik (mwayen limite). Lè latè te konsidere kòm lang ofisyèl nan anpil rakwen anpil women an, rezon ki te fè majorite pèp nan plizyè andwa pa t gen yon edikasyon se paske gouvènman pa t bay tout moun aksè pou ale lekòl e ti gwoup moun ki te gen opòtinite sa a, pa t gen pwoblèm pou li te edike nan lang ofisyèl la, kidonk latè alepòk.

Nan kèlkeswa peyi a, enpòtan nan lekòl se pa reyèlman ki lang ki dwe itilize nan edikasyon elèv men pito: ki opòtinite leta peyi sa a bay elèv pou resevwa yon edikasyon. Nan jounen jodiya, ann pa tèlman mete anfas sou ki lang ki dwe itilize nan lekòl Ayiti (pou dayè, nou bezwen tout lang yo), men ann mande pito: ki opòtinite leta ayisyen ap bay tout moun pou ale lekòl, kisa nou menm kòm endividi, sitwayen kapab fè pou ede (fason pa nou)?

## CHAPIT 8

### 13.2. KREYÒL AK LANG ETRANJE NAN LEKÒL AYITI

*«Tout timoun twa a trèzan sou latè, depi yo nòmral, atrap tèt lang. Yo pa konn tout lang. Lang yo atrap la oubyen lang yo atrap yo, se ak li oubyen se*

*ak yo entelijans yo kapab sèvi pou yo devlope tout kalite konesans . . . Se an chinwa mas moun an Chin konn ki lwa ak ki regleman ki nan peyi yo. Se an chinwa yo tandè enfòmasyon sou sa k ap pase nan peyi yo ak lòt kote sou latè... Se an chinwa doktè ak enfimyè ba yo esplikasyon yo bezwen lè y al lopital oubyen nan klinik. Se an chinwa agwonòm mete yo okouran teknik ki kapab fè tè yo donnen pi byen. Se an chinwa yo regle tout koze nan tribinal. Se an chinwa non wout pou yo vwayaje nan kokenn chenn gwo peyi yo a ekri. Se an chinwa tout sèvis leta fonksyone. Pou kisa? Paske lang chinwa a, se chemen konesans nòmal mas pèp chinwa». (Iv Dejan, *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba*, pp.259-60).*

Lang kreyòl la pran yon lòt dimansyon nan ane 80 yo. Kòm mwen mansyone deja, lang fransè a se sèl li ki te kòk chante depi digdantan Ayiti. Lang kreyòl ap pale sou tè sa a depi lontan epi l sibi anpil chòk tou.

*«Tout popilasyon Ayiti a pale kreyòl; se sèlman yon dizyèm ki aprann li ak ekri e ki aprann pale fransè. Sepandan, se lang sa a ki lang ofisyèl peyi a, e se nan konstitisyon ayisyèn ane swasant yo, plis pase yon syèk edmi aprè endepandans yo te rive rekonèt sitwayen ayisyen an, ki pa t pale fransè, dwa pou l itilize kreyòl nan tribinal oubyen posiblite pou reprezantan pèp itilize l pandan deba oubyen pandan manifestasyon piblik».*(21)

Pa egzanp, se sèl fransè ki te ofisyèl nan tout nivo; majorite materyèl didaktik elèv ap itilize nan lekòl toujou rete an fransè jis jounen jodiya. Non sèlman sa, men tou anpil fwa yo pa reflekte [kilti ayisyèn](#) nan ak [reyalite Ayiti](#).

Se yon bèl ide pou ta itilize kreyòl nan lekòl. Li t ap nan avantay tout elèv paske yo pale l deja kòm lang natifnatal. Men, fò nou ale pi lwen pou fè plis analiz. O nivo **materyèl an kreyòl** (si nou ta jete yon koudèy jiska ane katreven yo) pa tèlman gen anpil piblikasyon materyèl didaktik an kreyòl pou **nivo elemantè**. Nou desann pi ba lè n mansyone *nivo elemantè*, donk si n al pi wo (**nivo mwayen, segondè**) ta gen mwens. Ansòm, materyèl ki egziste o nivo elemantè (kòm premye baz) yo minim. Sa ta mande anpil **sipò gouvènmantèl, tèt kole gwoup pwofesè lekòl** pou devlope materyèl nesèsè, **fè tradiksyon yon seri piblikasyon** ki ta kouvri sik elemantè a nèt annatandan. Anpil tradiksyon e adaptasyon liv ta sipoze fèt pou bay elèv aksè epi pou yo ta aprann nan lang matènèl la. Se pa yon travay k ap pran yon mwa (si yon gwoup ta deside fè l), epi tou ak **pwoblèm politik Ayiti**, tout moun ta yon ti jan afekte. Ayiti konsidere kòm yon **tè glise** kote gouvènman ap tonbe leve, donk li nesèsè pou gen yon **politik estab** anndan peyi a kote lè ta gen yon bon travay ki ta kòmanse fèt epi pou l kontinye (san oken enteripsyon).

Premye gouvènman lavalas la (1991), dapre liv *Haiti: un an après le coup d'état*, ta bay espwa ke bagay yo pral amelyore e o nivo lekòl, espwa t ap boujonnen pou amelyorasyon. Men malerezman, toujou gen yon sektè ki pa renmen chanjman e ki la anbachal pou eseye kraze nenpòt mouvman popilè ki ta an favè majorite pèp ayisyen. Sektè sa a pa t pran lontan pou l te maniganse yon koudepa sanglan (atravè kèk gwo ponyèt nan lame d Ayiti e kèk men envizib lòtbò dlo). Se pi gwo koudeta epòk 80 yo ki fè Ayiti rale yon bak manch long nan istwa l, enkli yon anbago (prezidan dechi a, Jean-Bertrand Aristide ta mande mete sou Ayiti. Selon chèf leta a, li panse anbago

a te ka bloke pouchis yo pou lage rèn pouvwa a, men malerezman se majorite malere li ta plis frape pandan twazan egzil li).

*«7 janvye 1991, swa twa mwa aprè eleksyon Aristide e yon mwa avan prestasyon sèlman l, chèf tenmèrè makout yo, Roger Lafontant, te eseye fè yon kokenn koudeta pou bare wout prezidans Aristide».*(22)

Sektè sa yo finalman reyisi **30 septanm 1991** kote yo te fè gouvènman lavalas la kilbite. Donk, tout plan devlopman pou peyi a ta jele.

*«Aprè plis pase 189 ane endepandans, peyi nou an nan yon nivo edikasyon pami sa ki pi soudevelope nan lemonn, avèk yon to analfabetis ki depase 80%... Plis pase yon milyon timoun ki ajè de 6 a 14 ane pa ale nan oken lekòl e 70% anseyan pa kalifye pou anseye, yon bagay ki rann chak moun pi kapab pou patisipe nan elaborasyon, mizanplas, e nan jesyon nouvo kad lokal, rejyonal e nasyonal ki endispansab pou yo viv».*(23)

Donk, **koudeta 30 septann nan** vin mete yon kokenn fwen nan pwojè edikasyon gouvènman lavalas la ta gen nan tèt pou tanmen (toujou dapre liv *Haïti: un an après le coup d'état*). Dapre sa menm liv la rapòte, kèk jou aprè koudeta sanginè a, yon seri moun ame te antre nan Ministè Edikasyon kote yo te sakaje l, vòlè anpil materyèl. Aprè kèk jou, moun te kapab wè yon seri anplwaye kowonpi ak lòt ki te vin nan tèt administrasyon sa a. Donk tout magouy te vin kontinye fèt jan sa te ye avan.

*«Ministè a retounen a ansyen pratik admistratif avan yo. Klima koudeta a mete anplas la kontribye nan chase manm òganizasyon sektè edikasyon an,*



òganizasyon kouwè: CNEH, FEHEH, ZEL, FEP, MEP».(24)

Anpil fwa lè y ap pale de [itilizasyon lang kreòl la nan lekòl](#), anpil edikatè ta pale de yon [pon ant kreyòl ak fransè](#). Sètadi, aprè timoun yo ta fini ak premye sik elemantè a, fò yo ta janbe nan fransè nèt ([pasaj o fransè](#)). Pa gen anyen mal si timoun yo ta kòmanse ak fransè aprè premye sik elemantè a (menm jan sa fèt nan peyi Sechèl). Men pa gen anyen mal nonplis si elèv la ta kontinye ak kreyòl tou nan nivo avanse, menm jan ak fransè. Ta sipoze gen [egzamen obligatwa](#) pou elèv [an kreyòl](#) (o [nivo elemantè](#), [mwayen](#), [segondè](#) e menm [siperyè](#)) selon jan sa ta mache. Men, n ap oblije repete menm pwoblèm materyèl la ki egziste pou yon korikilòm 100% (san pou san) kreyòl ak voulwa leta (ki trè enpòtan) pou panche sou yon **politik lengwistik**.

Se yon reyalite ke nou p ap kapab itilize kreyòl la 100% (san pou san) nan korikilòm lekòl Ayiti (pou kounyeya) akòz [absans materyèl didaktik](#) ki egziste nan lang vènakilè a e anplis, fò nou ta refòme pwofesè lekòl nan alfabetizasyon kreyòl ak tout yon [fòmasyon lengwistik kreyòl](#) avan pou yo ta kòmanse anseye an kreyòl. Byenke se lang matènèl yo, edikatè sa yo te resevwa yon fòmasyon an fransè, epi anpil pa reyèlman konsyan pou ta gen yon sòt **balans bileng** pou ta rive netralize sitiyasyon lengwistik la dekwa pou elèv [sèvi ak 2 lang yo san traka](#). Tout sa se o nivo lekòl piblik yo. Lòt pwoblèm kounyeya, se lekòl prive yo. **Ki direksyon lekòl sa yo pral pran?** Bon, ta sipoze gen yon [balans ant korikilòm k ap itilize nan lekòl prive ak piblik](#). Balans sa a t ap enpòtan anpil si tout fwa ta vin gen yon refòm ki gen nanm. Youn nan gwo pwoblèm lekòl Ayiti sèke leta pa gen monopòl yo.

«An 1978-79, ansèyman segondè te repann nan 203 etablisman ki divize an 22 lise piblik avèk 181 kolèj prive. Kòm nou wè li, ansèyman prive multipliyè nan *tout* *nivo*».(25)

Majorite lekòl yo se prive yo ye. An palan de **lekòl prive** tou, gen prive ki trè sevè e ki bay elèv yon bon fòmasyon pou prepare yo pou nivo siperyè. Demèn, gen yon seri ti **lekòl tèt gridap** ki vin anba parapui **prive**. Tip lekòl sa yo ta parèt sou fòm **biznis pate cho**, kote n ap jwenn anpil fwa elèv segondè k ap voye flè, ki pa ka fonksyone nan nivo yo ye a. Se pa reyèlman yo menm ki chwazi pou nan eta sa a, men sa bay yon reflè de pwofesè yo ak tout administrasyon lekòl la. Kòm pwovèb la di: **mezi lajan w mezi wanga w**; anpil fwa se yon reyalite nan kontèks li itilize. Tip lekòl sa yo non sèlman ta yon **biznis pate cho**, men anpil pwofesè pa gen yon fòmasyon adekwa; kidonk, sa vin gen yon enfliyans sou **pèfòmans** elèv la.

Lang fransè a ta sipoze anseye kòm **lang etranje** nan nivo elemantè, (mwayen tou, si l posib) jiskaske elèv yo ta vin gen yon baz avanse ladan pandan yon sèten tan, avan yo ta kòmanse nivo segondè a (pou ta fonksyone pi alèz ladan kòm lang oubyen youn ki itilize nan ansèyman). Anpil fwa, yo ta montre oubyen mete Ayiti nan lis **peyi frankofòn** ki ta parèt yon sòt **fyète** (pou anpil Ayisyen ki renmen machande **prestij**. Bon, gen anpil bagay pou eklèsi sou etikèt **peyi frankofòn** (yo bay) Ayiti pote a. Dabò, lang fransè a se yon lang kolon yo te enpoze Ayiti (depi avan endepandans); anplis, klas dominan Ayiti a ta vin non sèlman adopte l kòm lang ofisyèl, men tou li vin kreye yon **zouti opresif** ak li, tout yon esklavay lengwistik (pi rès pase jan kolon yo ta itilize l). Reflè sa a non sèlman parèt nan mantalite plizyè Ayisyen ki swadizan **entelektyèl** oubyen ki ta **entelektyèl komokyèl** (ou fo

entelektyèl), vin jwenn ak etranje lòt peyi ki te pran edikasyon pèp ayisyen an chaj men tou, li vin enfliyanse timoun ki pral lekòl pou devlope yon sòt **repiyans** pou kilti natifnatal la akòz dezapresyasyon vizavi lang vènakilè a pou anbrase yon lang achte.

«*Mwen antre kay frè Salezyen yo a laj senkan. Mwen te konn tande moun k ap esprime yo an fransè, patikilyèman nan radyo men mwen te pale sèlman lang tout moun pale a: kreyòl. Yon lang pwofesè lekòl yo te entèdi pou pale l. Se fransè nou te dwe pale, menm ant nou te gen pinisyon anvè sa ki t ap ajè kontrèman. Pou sa ki ta 'bliye' e ki ta esprime yo an kreyòl, senbòl la t ap tonbe nan men yo. Objè sa a, sèl fason pou ta debarase de li, se ta pase l bay yon lòt elèv ki ta pale kreyòl. Nan fen jounen an, elèv (ki pa gen chans lan) ki kenbe senbòl la te jwenn pinisyon l kote l te pran yon vole baton devan kondisip li yo».(26)*

### 13.3. Konplèksdenferyorite lengwistik

**Konplèksdenferyorite** sa a yo fè ti Ayisyen devlope a, egziste toujou Ayiti, sitou nan **gran lekòl (prive) yo** ak lekòl prive ki domine pa **legliz katolik** kote se etranje ki alatèt yo. Pwovèb la di: *pwason toujou kòmanse pouri nan tèt; donk, tout vrè chanjman yo se nan tèt pou yo ta kòmanse e si tèt la malad l ap enfliyanse tout rès kò a. Ayiti se yon peyi ki gen mwens pase 20% (ven pou san) moun ki pale fransè. Gen varyasyon ki egziste anndan estatistik sa a o nivo edikasyonèl. Sètadi, yon moun ka poze kesyon sa a: *ki nivo fransè moun yo rive nan 20% sa a?* Repons lan depan tou de ki **distans** yo rive lekòl (pou bay yon reflè nivo pèfòmans yo nan dezyèm lang lan).*

Globalman, sitiwayon lengwistik Ayiti a pa kapab dekri kòm yon sitiwayon bileng kote tout moun kapab pale fransè ak kreyòl. Ansòm, se yon peyi monoleng (an majorite) kote se yon ti ponyen nan popilasyon an ki kapab konsidere yon pòsyon moun bileng. 100% (san pou san) Ayisyen pale kreyòl; sa pa gen manti ladan l. Donk, li fè sans pou n di: **Ayiti se yon peyi kreyolofòn**. Rezon ki fè majorite pèp la **monoleng** (pale yon sèl lang) sèke yo pa t gen opòtinite pase lekòl pou ta aprann lang fransè a ke yo itilize kòm lang nan ansèyman epi **Ayisyen pa pale fransè kòm lang matènèl**. Pa gen anyen mal nan sa si yon pèp **monoleng** (inileng), men ak kondisyon li resevwa yon edikasyon nan lang li pale a, epi li gen tout sa l bezwen nan lang sa a tou. Bonjan egzant pèp (prèske) monoleng nou ka pran se pèp meriken an, kote se ta yon vyep ti pousantaj ki ka degaje l (malman) nan yon lòt lang men, yo resevwa oubyen gen aksè resevwa yon edikasyon gratis ti cheri jiska fen lekòl segondè nan lang anglè a (sèl lang ofisyèl nan peyi Etazini) ki ini tout moun e tout kouch sosyal.

Pou Ayiti ta reyèlman konsidere yon **peyi frankofòn**, fò 100% (san pou san) Ayisyen ta kapab pale lang fransè a (lè n panse a enplikasyon tèm nan). Petèt kèk moun ta panse li ta bon pou ta genyen yon enstiti ki ta ap travay sou lang fransè k ap itilize Ayiti a (malerezman lang fransè ta plis itilize o nivo **ekri** ke **oral** lè n pran an konsiderasyon **reyalite lengwistik Ayiti**), men **èske sa ta pral reyèlman ede nan devlopman lokal kote ekonomi peyi a oblije fonksyone kòm restavèk lengwistik** (kote l fè tout efò pou l eseye kenbe yon fransè men youn ki ta, nan yon sans, **akayik** pa rapò ak reyalite lengwistik peyi Lafrans, ki li menm ap eseye lite kont enfliyan lang anglè a)?

Fransè n ap itilize Ayiti a se yon fransè ki non sèlman kopye dirèkteman sou fransè Lafrans, men tou Ayisyen toujou panse ke se tout vokabilè ki itilize nan peyi Lafrans ki **bon fransè**. Tandiske gen anpil vokabilè ayisyen ki deja fransize pa egzanp o nivo oral e menm ekri tèlke pa egzanp nan jounal ayisyen (kòm Pradel Pompilus\*, Andre Vilaire Chery\* montre nan rechèch yo sou **evolisyon lang fransè a Ayiti**). Richès vokabilè sa yo deja montre anpil bagay o nivo lengwistik e kiltirèl (tout yon kwazman lengwistik ant 2 lang yo e enfliyans youn sou lòt). Si nou pran egzanp Kebèk, yon pwovens frankofòn nan peyi Kanada, nou wè gen anpil pwogrè ki fèt o nivo lengwistik. Kebekwa a montre yon fransè ki an rapò ak kilti l. Menm paralèl sa a egziste ant lang panyòl la ki pale nan divès peyi an(n) Amerik kote lokitè natif yo gen vokabilè, kèk son fonetik ki pwòp a yo menm san ke yo pa wè se Espay ki pou dikte yo sa k bon pou pale ou pou adopte nan pwòp rejyon yo. Pa egzanp tout Pòtoriken, Dominiken itilize mo «**guagua**» pou refere a «**autéobus**» (otobis) ke yo di nan peyi Espay. Meksiken yo di «**camión**» olye «**guagua**» oubyen *autéobus*, mo peyi Espay itilize deja. Meksiken itilize mo «**mamá**» olye «**madre**» (mo pou manman) ki itilize nan peyi Espay. Pou Meksiken, mo *madre* gen doub siyifikasyon: 1) **manman** 2) **postitiye**. Donk, pou solisyone pwoblèm nan, yo adopte *mamá* (an referans a «manman») e si yon Meksimen ta di yon Espayòl: «¡**Recuerdate el 10 de mayo!**!» (Sonje dat 10 me!), nou pa kwè Espayòl sa a t ap byen konprann sa l Meksiken an vle di si Espayòl sa a pa konnen dyalèk meksiken an oubyen si l ta di san an mwa **me**. Menm konfizyon sa a ka rive yon Fransè k ap vizite Kebèk. Si pa aza li ta kwaze ak yon Kebekwa devan legliz **St. Angela**, epi Kebekwa a fè yon bitad, li frape pye l (atè) epi l di: «**St Angela!**»; imedyatman, Fransè a ap panse a **sen an** men li p ap janm panse a yon **sèman** si li pa konnen dyalèk Kebekwa a. Pou Ayisyen an, si Lafrans di l tèl bagay

pa fransè, li dakò. Se tout varyasyon lengwistik sa yo ki vin bay lang nan plis koulè, men sa pa vle di pou otan ke sentaks oubyen kontriksiyon (chapant) fraz nan lang lan ap chanje pou otan.

Konplèks sa a ta parèt pwent tèt li prèske tout kote. Si nou ta yon ti vire menm nan **aspè relijye**, l ap prezan tou e Iv Dejan montre nou l nan sitasyon anba a:

*«Daprè Fontis (Fritz Fontus, 2001), kèk pastè ayisyen ak kèk misyonè al twò lwen lè yo panse yo pa dwe sèvi ak fransè nan preche Bon Nouvèl la an(n) Ayiti. Pou ki rezon li pa dakò ak yo? Se paske gen Ayisyen ki p ap koute yon sèmon an kreyòl. Yo santi se vekse yo vekse yo si seremoni maryaj oubyen lantèman fèt an kreyòl, espesyalman moun lelit. E sa vre pou kèk moun lamas tou. Konsa pou yo pa choke yo epi pou yo rale yo vini, se pou kèk seremoni takou nòs ak lantèman fèt an fransè. Yo kapab ‘preche nan nenpòt ki lang, selon sa moun k ap koute yo prefere, depi yo konprann’. Remak sa a byen kab pa fin kadre ak reyalite a, lè nou chonje enpòtans ‘chèche konnen sa moun k ap koute a bezwen, ki konpòtman li genyen, kisa li bay valè, kòman li wè lavi a’. Reyalite a te fòse Fontis (2001: 36) rekonèt lekòl dwe fèt an kreyòl omwen pandan 4 premye ane yo... Èske nou ta annik di: se opinyon pèsònèl pastè Fontis, nanpwen diskisyon nan sa? Non! Se yon pwoblèm sosyal ki konsène 7 milyon moun ki konprann kreyòl sèlman, ki pale kreyòl sèlman, a kote yon ponyen bileng. E nou pa dwe bliye konbyen milyon timoun ak granmoun ki te viktim sityasyon sa a pandan plis pase 200 ane».* (Iv Dejan, *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba*, pp.232-33).

### 13.4. **Ki jan lòt edikatè ayisyen wè ansèyman lang kreyòl la Ayiti ak lòt lang**

«**Ansèyman kreyòl, ak bilengwis**» se tit yon atik Odette Frombrun\* ekri e ki te pibliye nan revni *Edikatè à l'Éducateur*. Daprè Frombrun, tout Ayisyen nan nò, nan sid, rich, pòv, tout pale kreyòl. Tout konprann tout moun. Li di:

*«Kreyòl la reyalize inite pèp ayisyen: Kreyòl se lang inifikasyon an(n) Ayiti. Vle pa vle, kreyòl se lang nasyonal Ayiti. Poutèt sa, avan refòm Pyèl-Bèna a, mwen te ekri nan yon rapò sou refòm eskolè: oken peyi pa gen dwa rejte lang abitan li pale, lang ki pote kilti pèp la... Tout Ayisyen dwe aprann li ak ekri kreyòl. Kolonizatè fè nou wont lang nou... Nou pa dwe santi nou enferyè lè nou pale kreyòl... Divès lòt lide m – sitou sou ki lè ak ki jan pou anseye fransè nan lekòl Ayiti – chanje enpe paske mwen toujou ap chèche solisyon ki ta pi bon pou peyi a».(27)*

Frombrun kontinye: «*Nou pa dwe santi nou enferyè lè nou pale kreyòl*». Daprè Frombrun, oken peyi pa dwe fèmen fwontyè kiltirèl li. Yon peyi dwe fe tout sa li kapab pou anseye sitwayen l yo anpil lang etranje. Li sijere tou ki lang etranje ki ta pi apopriye pou anseye Ayiti. L ap pale:

*«Kòm lang etranje, li ta pi pratik pou Ayisyen aprann anglè ak panyòl. Men, puiske fransè se lang ofisyèl Ayiti depi endepandans, lage li, se ta yon kokenn chenn chanjman. Men, bilengwis fransè-kreyòl pou tout Ayisyen, sa se yon bèl rèv ki ap pran anpil, anpil tan pou l reyalize. Lèfini, lè nou konsidere devlopman Ayiti, bidjè Edikasyon Nasyonal, nivo pwofesè yo, move fransè yo pale, nou oblije rekonèt, se yon itopi, yon gwo itopi si nou*

*kwè nou kapab anseye fransè nan tout lekòl nan peyi a, koulye la a. Anplis, di n ap montre enpe timoun kreyòl, se ta diskriminasyon. Di n ap defann montre moun fransè, sa pa t ap bon tou. Epi, rich ak save ap toujou montre pitit yo fransè. Se pòv ki ta pèdi tout chans yo. Poutèt sa, lide m sou refòm eskolè an(n) Ayiti chanje enpe. Mwen vin wè gen yon sèl jan pou nou vanse. An nou bay pèp divès kote nan peyi a mwayen pou l pran desizyon l, li menm. Annatandan, m ap di travay mwen nan **ansèyman fransè an(n) Ayiti montre gen anpil echèk**, paske yo pa janm anseye fransè tankou yon lang etranjè an(n) Ayiti».(28)*

### 13.5. **Ansèyman lang etranje nan lekòl Ayiti**

Kòm nou konnen, yo kòmanse anseye lang etranje nan nivo segondè Ayiti. Mwen pa foute **fransè** nan lang sa yo byenke se yon **lang etranje** li ye tou Ayiti lè nou analize l. Lang etranje tèlke anglè ak panyòl oubyen sa nou rele «lang vivan». Nou kite **grèk** ak **laten** (kòm lang klasik) dèyè. Byenke grèk se yon **lang vivan** tou, men se **ansyen grèk** (yon lang mouri) yo anseye Ayiti. Laten an, yo pa rele l *lang vivan* paske yo pale l ankò byenke gen pè ki te konn itilize l lontan lè y ap chante lamès.

*«Sa ki te enèvan pou mwen nan laten se pa t sèlman lefèt se yon lang mòt (yo pa pale l ankò), men se wòl yo fè l jwe pou konplike kominikasyon. Mès an laten se yon bagay ki te fè m konsidere layik (kretyen ki pa fè pati klèje a) yo an fransè tankou politisyen. Nan toude ka yo, yon bagay ki klè: moun yo pa t konprann».(29)*



Laten an se yon lang ki mouri menm jan ak ansyen grèk ou [grèk klasik](#). Men toulède enpòtan paske se apati lang sa yo ke yo te tradui anpil tèks oubyen dokiman o nivo syantifik, relijye ke n ap benefisye jodiya. Mwen pral chita plis pou lang [anglè](#) ak [panyòl](#) ke yo anseye kòm [lang etranje](#) nan plizyè lekòl Ayiti epi tou, ki [2 lang dominan](#) (an tèm estatistik moun ki pale yo e valè moun ki itilize yo) nan kontinan ameriken an e nan lemonn tou.

Apwòch ki itilize pou yo anseye lang sa yo pa tèlman fè elèv pwogrese. Pwofesè a li menm, non sèlman pa gen yon baz nan lang l ap anseye a (anpil fwa), men gen anpil lòt pwoblèm ki egziste tou. N ap tounen tanzantan sou koze [materyèl](#) la kòm youn nan bousòl analiz pwoblèm yo. [Ki materyèl pwofesè yo itilize pou anseye lang etranje?](#) Pou reponn kesyon sa a, nou pa menm bezwen al fè yon resansman pou jwenn repons lan. Nou menm ki te gen chans pase lekòl e ki konsyan de pwoblèm yo, nou sonje sa nou te esperyanse. Pou ta amelyore pwoblèm nan, fò ta gen laboratwa ki tabli nan lekòl sa yo, liv pou elèv ta prete pou al etidye lakay, e anpil lòt bagay ki ta dwe fèt ankò. Donk, anpil fwa, pwofesè yo plis mete anfas sou gramè lè y ap anseye lang etranje. Nan ansèyman kèlkeswa lang etranje a, anfas la dwe sou **konvèsasyon**. Pwofesè a ta dwe kreye yon atmosfè nan klas la pou elèv fè konvèsasyon chak jou, li ta sipoze pale sèlman nan lang l ap anseye a, li ta dwe eseye fè elèv panse nan lang sa a y ap aprann nan, li ta dwe kontinye kominike ak elèv nan lang sa a menm lè yo andeyò klas la. Si sa ta fèt konsa, dezan t ap twòp pou elèv ta metrize lang sa a, epi tou yo ta o nivo pou pale ak moun ki pale lang nan lè li rankontre yo. Donk, se raman pou ta jwenn yon elèv segondè ki metrize swa anglè oubyen espayòl aprè yon dal tan li pase ap aprann youn nan lang sa yo. Si nou ta rive jwenn kèk elèv, ou mè

konnen yo mete anpil efò deyò apa de ti pratik yo fè nan klas oubyen tou, li posib ke yo te fè yon pase nan kèk [enstiti lang etranje](#) ki gen Pòtoprens yo.

### 13.6. Fransè kòm lang dominan nan lekòl Ayiti

Nou kapab di lang fransè a se yon [lang dominan](#) nan kèk sans. Pa egzanp, lè n ap gade lekòl Ayiti, tout materyèl yo ekri an fransè. Èske gen yon pwoblèm ak sa? Mwen toujou pale de reyalyte bagay yo jan yo egziste. Donk, sa ki enpòtan pou wè se mande tèt ou: [ki opòtinite tout moun genyen pou benefisye de yon edikasyon?](#) Mwen eseye klè kou jou sou bagay yo. Donk, itilize yon lang an patikilye nan lekòl Ayiti se pa sa ki pral solisyone pwoblèm 85% (katreven senk pou sa) moun ki pa konn li ak ekri (yon bagay ki trè enpòtan nan rechèch sa a pou eseye konsyantize majorite Ayisyen sou sa). Pale tou de [refòm nan edikasyon Ayiti](#) se yon tèm ki anglobe anpil bagay e fò tèm sa a itilize nan bon ti kondisyon ak sa ke l enplike.

Ayiti ap toujou itilize lang fransè a ki deja yon **lang dominan** ki ekri sou zafè lekòl. An menm tan tou, fò Ayisyen travay sou lang kreyòl la pou eseye mete l nan menm nivo ak fransè a. Pou rive fè travay sa a, premyèman fò tout gouvènman (ki sou pouvwa) sousye de sitiyasyon lengwistik la Ayiti e ki jan pou amelyore l; fò tout Ayisyen (nan tout domèn) ki konsyan de pwoblèm nan pa rete 2 bra kwaze. Lè yon moun gen tèt fèm, li chèche yon konprime kèlkonk pou kalme doulè a (annatandan li wè doktè). Dezyèmman, fò edikatè k ap anseye nan tout nivo vin pran konsyans de **reyalite lengwistik la** epi kòmanse chanje atitik negatif yo vizavi lang matènèl la (pou vin fyè de epi pou gade l zòm yon zouti enpòtan yo deja gen nan men yo). Mantalite Ayisyen an tèlman kolonize, donk sa ap pran tan pou l ta vin dekolonize. Li toujou ap viv nan yon sitiyasyon kolonyal. Fò li

apran panse kòm yon pèp ki gen yon lang ak yon kilti e ki jan pou l vin fyè de yo.

Anpil edikatè konprann pwoblèm yo; sa ki enpòtan kounyeya se chèche mwayen solisyone yo. **Ki jan pou chèche mwayen solisyone yo?** Bon, gen anpil fason pou fè sa: pa egzanp etabli yon **sant rechèch** k ap veye sou lang lan (ankouraje tout rechèch k ap fèt sou li) epi kolekte tout dokiman ki ekri sou kreyòl ayisyen nan kèlkeswa lang nan (kòm yon envantè). Dezyèmman, anpil konferans ta sipoze fèt sou lang lan nan kad itilizasyon l pou avansman l. **Kilès ki pral fè konferans sa yo?** Repons lan se tout moun nan domèn (lengwis, edikatè, syantis, enjenyè, relijye, etc...), nou ka di tout moun ki konsène. Si sa ta rive fèt, t ap gen yon gran amelyorasyon o nivo devlopman e itilizasyon lang kreyòl la. Li ta bon pou gen [yon jounal nasyonal ki ekri an kreyòl](#) ak plizyè revi an kreyòl. Gen deja anpil ti bagay ki ekri an kreyòl. Bagay sa yo atire timoun anpil, gen [blag](#) pa egzanp ak [kont](#). Donk, tout bagay sa yo enpòtan pou ta fè konferans sou yo, sou ki jan yo kapab itilize pou ta kòmanse ak yon bonjan ansèyman nan lang kreyòl. Li ta bon tou pou kreye yon seri **emisyon radyo** ki gen pwogram patikilye pou timoun. Tout sa enpòtan nan devlopman yon lang. Lekòl ap toujou sèvi ak dokiman ki ekri an fransè (vle ou pa). Nou kapab pran egzanp nenpòt liv. Donk, anpil edikatè konprann sitiyasyon an. Li ta bon pou 2 lang yo itilize an menm tan nan plizyè sikonstans; pa egzanp, lè n ap gade liv sa yo ekri an fransè, pwofesè a ta dwe bay esplikasyon an kreyòl oubyen kreye yon atmosfè pou elèv diskite an kreyòl. Se youn nan pwoblèm grav kote n ap jwenn elèv ki pa reyèlman konprann sa yo sot etidye (an fransè) a. Kesyon an se: fot kilè? Ou panse se fòt elèv la? Non sèlman pwofesè a ka pa prepare (anpil fwa) kòm edikatè, men tou li konn ap eseye kenbe yon prestij pale sèlman an fransè pou bay

elèv enpresyon li edike e, anpil fwa, li oblije jwe wòl aktè olye li jwe wòl edikatè. Li ka fè sa pou **prestij lekòl la** tou, sitou si se yon (**gran**) **lekòl prive** kote paran (ou kliyantèl la) atann ke pwofesè pale fransè byen. Epi pou (anpil) Ayisyen, se yon prestij pou yo si etranje rele yo **frankofòn**. Donk nou vin remake tout yon seri **tentennad** (bagay san sans) ke nou ka rele «**La francofolie de L’Haïtien**» kote Ayisyen an toujou gen yon mantalite kolonize, lengwistikman palan.

Pale sèlman fransè nan klas la pa vle di pou otan elèv la reyèlman metrize lang fransè a. Se lè l ap ekri an fransè pwofesè a ka remake si li gen yon nivo avanse an fransè. Gen elèv nivo segondè, se an kreyòl yo ka santi yo pi alèz pou ta esprime yo oubyen pou ta fè yon ide pase, men sa egziste nan sosyete a oubyen nan yon anviwonman ki tèlman panse mal; donk sa vin enfliyanse elèv la entelektyèlman.

## CHAPIT 9

### 13.7. SELEBRASYON MWA KREYÒL MWA JEAN-JACQUES DESSALINES

Dabitid Ayisyen selebre **28 Oktòb**, kòm se yon koutim ki obsève nan peyi kreyolofòn yo. Kèk nan nou, **Pèp Kreyòl**, menm ale pi lwen pou selebre tout mwa oktòb la kòm «**Mwa Kreyòl**». An menm tan tou anpil nan nou, Ayisyen, bliye gran lidè revolisyonè a (ki te ranplase Tousen apre Fransè yo te kaptire l, al anprizone l an Frans kote l mouri), epi Ayisyen parèy li te

asasine l britalman nan dat 17 oktòb, 1806. Desalin, fondatè Premye Repiblik Nwa a (Ayiti), te sakrifye lavi l pou tout pitit Ayiti Toma.

Li eseye fè tout sa l te kapab pou l ini ofisye nwa ak milat dekwa pou te konbat lame Napoleon an, pi puisan lame ki te goumen kont Lame Endijèn lan nan Revolisyon Ayisyèn lan (*Bataille de Vertières* – 18 Novanm, 1803). Lame nou an te pote laviktwa tou nan kokenn lagè sa a kote non sèlman ansyen esklav yo te vin libere, men tou yo te vin gen yon patri ki rele yo chèmèt, chèmètès.

Nou pa dwe bliye tou kokenn enfliyans esklav nwa sa yo, ki te libere tèt yo, genyen sou plizyè milyon esklav (lòt kote) ki potko libere oubyen sa yo ki te libere a mwaye nan tout kontinan ameriken an nan epòk la. Desalin pa t janm gen chans pase nan oken lòt lekòl aprè *Lekòl Lavi*, men se te youn nan pi gran ewo Ayiti te kapab pwodui paske l te gen yon gran vizyon pou peyi a dekwa pou nou tout, Ayisyen, te kapab viv ak fyète sou tè brav yo (zanzèt nou yo ki pa t pè mouri pou libere nou).

Lè m t ap panse a yon sijè ki an rapò ak kreyòl pou ekri nan kad *selebrasyon Mwa Kreyòl la*, toudenkou Desalin te vin nan tèt mwen epi ak anpil plezi e omaj, mwen dedye powèm mwen, *Se kreyòl mwen pale\**, ansanm ak atik sa a pou fondatè patri nou nan. Kòm Felix Morisseau-Leroy\*, «dwayen literati kreyòl» la, fè sa ak tit yon powèm li ekri an memwa kokenn ewo sa a, «*Mèsi Papa Desalin*». M ap di tou mèsi Papa Desalin dèske ou fè m yon nèg lib jodiya; mèsi dèske ou fè m fyè de lang natifnatal ou a mwen pale e ekri tou, lang ou menm te pale avèk plizyè milye moun sou il yo rele «Ayiti» a, sou bèl tè montayez sa a jan ansyen natifnatal yo te konn rele l pandan plizyè

milye ane avan Lamè Karayib te vomi yon seri mons ke nou pa konnen kibò yo sòti pou te vin reklame tè sakre sa a kòm pa yo, epi asasine britalman premye abitan yo.

Nan paragraf anlè a, mwen mansyone «yon sijè ki an rapò ak kreyòl» paske gen yon dal ak yon pakèt ke nou te kapab pale de yo si nou ta pran pou layite yo. Pifò Ayisyen, m ta di sa yo ki ka li fransè e sa yo k ap fè efò aprann li kreyòl, pa gen okenn ide ki valè koze ki pibliye deja sou lang kreyòl la desanzan ki sot pase yo, oubyen nou ta di «plis pase desanzan». La a, mwen mansyone nimewo sa a, desan, ki fè m sonje [Bisantnè Endepandans Ayiti \(1804-2004\)](#) e an tèm sa peyi nou an kontribye lengwistikman palan. Donk, se te youn nan ide kle mwen te gen nan tèt mwen lè m te anbake m nan travay pi gwo rechèch sou «[bibliyografi kreyòl](#)» (1997-2003) pou te pibliye dènnye liv mwen an, *An annotated Bibliography On Haitian Creole: A review of publications from colonial time to 2000* (700 paj, 2003. Educa Vision).

Depi epòk kolonyal (byen lontan avan 1804), y ap pibliye dokiman sou kreyòl, men se pa yon bagay fasil pou jwenn tras yo pase poko gen yon sistèm fòmèl ki tabli pou pwoteje dokiman an(n) Ayiti. Reyalite sa a te pouse m travay san pran souf sou yon tèt bibliyografi. Anplis, Ayisyen (Ayiti kou nan dyaspora a) ap fè fas ak gwo pwoblèm «[dokimantasyon](#)». Chak moun k ap fè rechèch, chak ekriyen dwe panse nan ki fason yo kapab jwenn yon solisyon pou amelyore sitiyasyon sa a.

Lè n ap gade pwogrè ki fèt nan lang ayisyen an o nivo diksyonè ki pibliye, se yon testaman remakab pou lang sa a ak moun ki pale l. Jounen jodiya, [gen](#)

plis pase 20 diksyonè bileng ki pibliye sou lang nou an pandan trant ane ki sot pase yo. Li nesèsè pou gen plizyè tip zouti posib pou pwomote rechèch lengwistik nan plizyè domèn kote lang kreyòl la ap devlope rapidman. Men lè n konnen tou koze dokimantasyon se youn nan gwo bwalong Ayiti kenbe (yon defi pou l leve), anpil moun pa t okouran tout sa ki te pibliye sou lang natifnatal yo a. *An annotated bibliography On Haitian Creole...* kapab konsidere tou kòm yon **envantè** sou piblikasyon sa ki an rapò ak lang kreyòl la (nan sans sa a) kote l dokimante youn varyete sijè ki kouvri plizyè domèn lè n jete yon koudèy sou kontni liv sa a (*Yon Bibliyografi sou Peryodik ki gen piblikasyon sou kreyòl (268 antre); Agrikilti, Flora & Fauna (61 antre); Bibliyografi (12 antre); Diksyonè, Glosè ak sous ki an rapò (130 antre); Edikasyon, Alfabetizasyon ak Materyèl didaktik (334 antre); Foklò & (Istwa) Kont (230 antre); Sijè jeneral (445 antre); Jewografi & Istwa (63 antre); Gramè (72 antre); Sante & Ijyèn (52 antre); Lengwistik istorik (88 antre); Roman & Istwa kout (108 antre); Òtograf (112 antre); Pyèsteyat (enkli travay ki an rapò ak sa, 87 antre); Pwezi (204 antre); Pwovèb (54 antre); Dokiman relijye (145 antre); Sosyolengwistik (116 antre); Materyèl didaktik pou moun k ap aprann kreyòl (41 antre); Teyori lengwistik (325 antre); Tèz ki an rapò ak kreyòl (75 antre); Entèvyou ak kèk kreyolis ayisyen, Jounalis & Otè (13 antre); Apenndis (Pati I, II & III: Pati III, Tèz ki an rapò ak Ayiti, 308 antre).*

Ak enfòmasyon sa yo lektè ak moun k ap fè rechèch kapab gen youn ide jeneral ki valè koze ki pibliye sou lang nou an, e an menm tan, lang kreyòl la poko jwi tout privilèj lang fransè a ap jwi depi plis pase desanzen nan peyi nou byenke *Konstitisyon 1987* ta rekonèt li kòm youn lòt lang ofisyèl bò kote fransè e menm avan, an 1979-80, youn dekrè te pibliye kote l di kreyòl ta

itilize kòm lang anseyman pandan kat premye ane lekòl primè. Men bagay yo toujou rete ekri sou papyè an(n) Ayiti, e gouvènman pa janm fè travay li. Anyen poko janm fèt nonplis pou tabli yon **politik lengwistik** Ayiti menm jan sa fèt nan peyi Sechèl\* (yon peyi kreyolofòn nan oseyan endyen). Se ta yon modèl pafè pou gouvènman ayisyen an gade sou li pou bay lang nou an tout respè ak diyite li merite e kote difizyon l ta jwe yon wòl kapital nan tout peyi a.

## CHAPIT 10

### FASON KÈK EDIKATÈ WÈ ITILIZASYON KREYÒL NAN LEKÒL

#### 13.8. Itilizasyon kreyòl nan lekòl Ayiti: estrè nan yon chita pale ak André Vilaire Chéry(30)

**Kreyòl nan lekòl yo** – Daprè Vilaire, wi, li obligatwa pou elèv 3 sik (*cycles*) *Lekòl Fondamantal* yo (sètadi de «premye ane» yo a «nevyèm ane») aprann li ak ekri kreyòl. Sa a, se teyori a. An reyalyte, gen plizyè sitiyasyon ki prezante selon lekòl la: a) **Ki kliyantèl sosyal ki frekante l?** b) **Èske l nan milye riral?** elt ...

Teyorikman, kreyòl se «**lang anseyman**» pou 3 premye ane yo, sof pou anseye fransè (pa egzanp, **communication orale française** fèt depi premye ane a an fransè). Apati katriyèm ane a, lang ansèyman an se fransè; sa vle di:



tout matyè yo anseye an fransè. Yo kontinye anseye kreyòl ([langue d'apprentissage](#)), men kòm nenpòt lòt matyè.

An **pratik**, sa pa pase konsa vre nan tout lekòl. Nan sa yo rele «**gran lekòl yo**», lang ansèyman an se **fransè** (an fonksyon kliyantèl ki frekante yo). Yo repouse (kontinye) ansèyman kreyòl la nan **katriyèm, senkyèm** ou ankò **sizyèm** ane. Pou kisa? Paske alafen sizyèm ane a (ki ekivalan ansyen klas «sètifika»), tout elèv, endistenkteman, pral pase [egzamen ofisyèl](#), kidonk [egzamen d Eta](#) nan tout matyè; sètadi an kreyòl tou. Ansmoman la, lekòl sa yo gen inè /dezè ansèyman kreyòl pa semèn (aprantisaj grafi, lekti, gramè); pa tèlman gen pwodiksyon ekri an kreyòl.

Gen anpil lòt lekòl, sitou sa ki resevwa elèv [milye defavorize](#) yo, e ki pa gen pwofesè ki pa twò metrize lang fransè a. Nan lekòl sa yo, **lang ansèyman an se kreyòl** (soti premye ane pou rive sizyèm ane). Mèt la espoze tout matyè yo an kreyòl; elèv yo etidye leson yo an fransè; pifò materyèl yo ekri nan lang sa a. Men fò n di gen bon kou manyèl ki redije an kreyòl tou, sitou pou premye klas yo. Enfòmasyon sa yo soti nan bon sous. Nan *Editions Deschamps*, gen yon ekip ki espesyalize l nan **fòmasyon** sèlman; li deplase atravè tout peyi a pou al fòme mèt (keseswa Pòtoprens, an pwovens ou nan zòn riral ki pi lwen yo).

Gen yon lòt ka nou ta rele «[ka miks](#)»; se ka lekòl nasyonal defavorize yon kongregasyon relijyez (katolik) ap dirije. Kliyantèl lekòl sa yo se timoun ki [kreyolofòn inileng](#). Ansèyman an fèt an kreyòl; mèt la reprann sa l sot di a an fransè pou l ka bay timoun yo kèk **nosyon fransè**.

Gen lòt lekòl, kote apati twazyèm ane, lang ansèyman an se fransè; se elèv la ki pou degaje pou l adapte menm si li pa gen yon metriz sifizan nan lang lan.

### 13.9. Nan ki lang pwofesè yo pale nan saldeklas?

Plizoumwenn, kesyon sa a ta reponn deja, men n ap gade sa yon lòt edikatè deklare:

*«...Malerezman, sitou pou ansèyman disiplin syantifik yo, ansèyman an fèt nan yon anbyans voye monte, ki manke rigè ak egzaktitud lasyans egzije. Pifò pwofesè lekòl rekonèt lè yo pale an kreyòl, elèv yo konprann pi byen... Kapasite entèlektyèl yon moun makonnen ak lang moun sa a pale byen. Tank yon moun konprann yon lang byen, se tank li ka sèvi avè l pou li aprann. Sa yo se verite edikatè ki serye p ap janm sispann repete. Tank yon fouyadò gen materyo anba men l, se tank li ka ale lwen. Nan ka Ayiti a, lekòl ap neglije pi gwo resous Ayisyen genyen pou yo aprann: lang kreyòl la». (Pierre Michel Chéry).*

Yon bagay nou ka ajoute, sèke demakasyon an se pa ant lekòl prive /lekòl piblik. An(n) Ayiti aktyèlman, prèske 85% (katreven senk pousan) nan edikasyon eskolè, se sektè prive ki bay li. E lè ou di «sektè prive», se pa yon bagay an blòk. Gen sa yo rele «**gran lekòl yo**», an jeneral etablisman kongreganis katolik; gen «**bon ti lekòl**»; gen sa ki **youn** ou **de** nivo pi ba; gen sa yo rele «**lekòl bòlèt yo**». Nan 'lekòl bòlèt yo', gen yon bann lòt soukategori ankò, jiskaske ou jwenn kategori lekòl k ap fonksyone anba tonèl oubyen pyebya. Donk se pa yon opozisyon prive /piblik. Se pou konnen pito nan ki kategori tèt lekòl sitiye l, ki kliyantèl sosyal ki frekante l, ki nivo kalifikasyon pwofesè yo, an patikilye nan sa ki gen pou wè ak **metriz lang**

**fransè**, elt. Demèm, gen lekòl kote tout kou yo fèt an kreyòl, menm kou fransè yo.

Yon ka espesyal: nan inivèsite, gen anpil pwofèsè ki chwazi fè kou yo an kreyòl.

#### 14.0. **Òtograf ofisyèl la**

*«Nou suiv sa yo rele ‘òtograf ofisyèl’ la lan tout sa li mande. Tout liv oubyen dokiman Éditions Deschamps sòti respekte òtograf sa a alalèt. Yon sèl ti eksepsyon petèt, se kesyon apostwòf nou pa anplwaye aprè de gwoup kòm ‘m ap’ (m'ap); ‘sa k ap fèt?’ (sa k'ap fèt?), elt. Natirèlman, nou obsève yon espas blan pou make elizyon an oubyen kontraksyon an. Aktyèlman an(n) Ayiti, nou kwè se sa pifò moun k ap itilize òtograf ofisyèl la fè. Yo pa vrèman itilize tirè (‘tirè’) nonplis: ‘chèz la’, olye: ‘chèz-la’...».* (André Vilaire Chéry).

Ann gade yon ti moso nan yon atik Iv Dejan (Yves Dejean) ekri ki titre «Ann kase koub òtograf la»\*. Dejan rezime l konsa:

*«...Men sa ki merite fèt. Se pou tout moun ki deja konn li, prese aprann ekri. Men, on demi paj esplikasyon tou kout va ede pifò moun rekonèt detwa diferans ki genyen ant sistèm Preswa a ak **òtograf ofisyèl la**. Avèk sa, l ap fasil pou moun li tou sa ki te ekri anvan 1980 nan òtogaf Preswa a. Men koze 2 sistèm yo pa menm:*

1. *Kote nou jwenn **W** nan òtograf ofisyèl la, n ap jwenn **OU** oubyen **R** nan lòt la.*

2. Kote nou jwenn **EN** nan òtograf ofisyèl la, n ap jwenn **IN** nan lòt la.
3. Kote nou jwenn **IN** nan fen mo nan òtograf ofisyèl la, n ap jwenn **I-N** nan lòt la.
4. Kote nou jwenn **E** tou senp nan òtograf ofisyèl la, n ap jwenn **É** aksantegi nan lòt la.
5. Kote nou toujou jwenn **ya, ye, yè, yen, yo, yò, yon, you, yan** nan òtograf ofisyèl la, n ap jwenn on ale-vini **ya-ia, yé-ié, yè-iè, yin, yo-io, yò-iò, yon-ion, you-iou, yan-ian** nan lòt la.
6. Kote nou jwenn detwa mo ki ekri ak '**àn**' nan òtograf ofisyèl la, n ap jwenn detwa mo ki ekri ak '**a-n**' nan lòt la.

*Machin kreyòl la derape, li kase koub òtograf la. Ann kouri l tout boulin sou rout pwogrè pèp ayisyen. Chanjman òtograf - sa ki la toujou: Bon (on, b, ch) Fòk (ò, d, f) Nou ou, g, j) Admèt (è, k, l) Chanjman ki fèt (an, m, n) Yo (o, p, r) Piti (i, s, t) Yo pa anpil (a, v, y).*

*Sis chanjman sèlman ki fèt; pa 7 ni uit, u, z . Sis ti chanjman: Pare kò ou e pou é. Men chanjman EN pou IN. Nou jwenn nan òtograf ofisyèl la w pou ou (devan vwayèl), Atansyon (y pou i devan vwayèl) Pou machin nou (in pou i-n) Pa pran pàn (àn pou a-n)». (Iv Dejan).*

Youn nan pwoblèm ki prezante lè kèk moun ap ekri kreyòl se itilizasyon apwostòf ak tirè. Anpil fwa, siy sa yo parèt nan itilizasyon fòm kontrakte oubyen kout yo. Sa vin rann ekriti kreyòl la pi konplike pou moun ki fèk kòmanse li ak ekri l. Byenke te gen sijasyon ki fèt deja sou itilizasyon yo men, kounyeya se pou moun ki vle ekri an kreyòl eseye rann li pi fasil, e sa enpòtan nan alfabetizasyon an kreyòl kote elèv la ap jis ekri sa l tande a

trapde. Se menm bagay pou timoun ki fèk ap aprann ekri lang lan. Tank nou itilize yon fòm senp ak yo, se pi fasil y ap metrize kreyòl. Donk, enpòtan se elimine **apwostòf** tout kote nou panse n ta mete l. Fè menm bagay la pou tirè men sèlman nan kèk ka nou kapab itilize tirè: tèlke pa egzanp lè n ap koupe silab nan fen maj. (*Gramè Kreyòl Védrine*, pp.48).

Pou plis sou koze **tirè**, Iv Dejean di:

*«Nan egzaminen koze yo ekri an kreyòl depi kèk ane, nou kab remake yo sèvi mal ak **tirè**. Gen moun ki simen tirè tout kote. E sanble pèsonn pa suiv okenn prensip klè nan mete tirè. Poutèt sa, li kapab pi bon pou nou si nou prèske lage tirè a nèt. Nou mèt sèvi ak li espesyalman lè nou rive nan bout yon liy epi nou oblije koupe yon mo... Ekriti a ap vin pi fasil lè konsa».* (Yv Dejan, *Ann aprann òtograf kreyòl la*, pp.41).

Dejan vin ak plis ti detay klè sou òtograf la pou plis eklèsisman, e yon fwa pou tout, li trè enpòtan pou te ajoute yo nan rechèch sa a:

*« . . . Men 30 lèt ak gwoup lèt ki fòme alfabè kreyòl la:*

**a, an, b, ch, d, e, è, en, f, g, h, i, j, k, l, m, n, o, ò, on, ou, p, r, s, t, u, v, w, y, z**

*Chak lèt sa yo oubyen chak gwoup 2 lèt (tankou: **en, ch, en, on, ou**) reprezante yon son moun ki pale kreyòl depi yo timoun, kapab distenge fasil ak tout lòt 29 son yo.*

*Men kèk egzanp pawòl ki sèvi ak son tout lèt alfabè yo reprezante:*

<b>a</b>	ala	kale	leta
<b>an</b>	antere	antèman	sèman
<b>b</b>	bo	ayibobo	bab
<b>ch</b>	chaje	kache	kach
<b>d</b>	dakò	kado	kad
<b>e</b>	elèv	leve	rele
<b>è</b>	èske	kèk	yè
<b>en</b>	entèl	benyen	tenten
<b>f</b>	fou	soufri	souf
<b>g</b>	gade	nègès	nèg
<b>h</b>	hèl	hoholi	hòhòt (sid)
<b>i</b>	isit	pitit	pit
<b>j</b>	je	jije	jij
<b>k</b>	ka	makak	ak
<b>l</b>	lave	sale	sal
<b>m</b>	ma	lame	lam
<b>n</b>	ni	vini	vin
<b>o</b>	otan	poto	dodo
<b>ò</b>	òg	kòb	kò
<b>on</b>	onz	pon	tonton
<b>ou</b>	ouvriye	douz	dou
<b>p</b>	pa	tape	tap
<b>r</b>	rale	pare	pèr (nò)
<b>s</b>	save	pase	pas
<b>t</b>	ta	kata	kat
<b>U</b>	uit	andui	zuit
<b>v</b>	vit	anvi	viv
<b>w</b>	wi	piwèt	kaw
<b>y</b>	ye	baye	bay
<b>z</b>	ze	gazolin	gaz

\* Sèvi ak aksan grav sou *à* a goch n pou nou ekri 2 son ki nan pawòl tankou: *pàn*, *bekàn*, *vàn* (lè nou ekri *pan* *kan* *van* gwou an an se 2 lèt men se yon sèl son yo reprezante)

\* Nanpwen *aksantegi* nan òtograf kreyòl la menm.

\* Nanpwen *apostwòf* nan òtograf kreyòl la menm.

\* Sèvi ak *tirè* lè nou koupe yon mo nan bout yon liy. Egzanp, nou mete *tirè* adwat *kou-* lè nou oblije koupe mo *kou-pe*.

\* Fòm kout pwonon yo (*m* = *mwen*, *w* = *ou*, *l* = *li*, *n* = *nou*, *y* = *yo*, *k* = *ki*), se mo tankou tout lòt mo, ki fè yo pa dwe kole ak lòt mo. Egzanp:

*Timtim – Bwa chèch: fè m m a pase w: pon*

*Sèvi ak lèt majiskil nan ekri premye lèt on non pwòp epi premye lèt premye mo ki nan kòmansman yon koze oubyen a dwat yon pwen.*

*\* Sèvi ak aksangrav sou è ak ò majiskil. Egzanp: Èske òtograf kreyòl la klè? – Òtograf la klè.*

*\* Men kèk siy ki itil nan ekriti: pwen (.), pwendentewogasyon (?), 2 pwen (:), pwendesklamasyon (!), 3 pwen (...), vigil (,), prantèz (.) . . .». (Iv Dejan, Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba, pp.301-303).*

#### 14.1. Kreyòl ak Refòm Edikatif Bernard la

Daprè André Vilaire Chéry (2003), nan kòmansman ane 1980 yo, ta gen anpil efò trè vizib Leta te fè e sa te kowenside ak kreyasyon *Institut Pédagogique National (I.P.N)* ak lansman **Refòm Edikatif Bernard la**. Kòm nou konnen, entegrasyon kreyòl la nan lekòl kòm lang pou anseye e kòm lang pou aprann ta youn nan «**pwen fò**» refòm sa a. Li deklare:

*«Nan epòk sa a, te gen anpil efò ki te fèt nan domèn fòmasyon pwofesè, elaborasyon manyèl eskolè ak lòt materyèl pedagogik (didaktik), promosyon nan medya, elt. IPN te kòmanse elabore liv (an kreyòl) nan anpil domèn (pre-aprantisaj, evèy, lekti, gramè, matematik, elt. I.P.N pa egziste ankò depi prèske dizan. Bò kote pa m, mwen pa santi yon efò dyanm pou soutni kreyòl la vrèman nan lekòl oubyen nan medya a. Apa kèk efò ‘ponktyèl’ ou senbolik. Pa egzanp, ane sa a, nan bakaloreya, elèv yo ap ka konpoze an kreyòl ‘nan sèten matyè’. Se vre tou, gen anpil lekòl ki mete yon kou kreyòl menm nan klas segondè avanse yo.*

*Nan medya yo, nan radyo sitou, depi 86, 'kreyòl se wa', sitou pou sa ki konsène politik (nouvèl, emisyon antèn lib, lib tribin...). Jean-Claude Bajoux ekri nan yon liv li pibliye (Anthologie / Mosochwazi): 'Kreyòl la tounen lang politik la, se youn nan revelasyon aprè 7 fevriye 1986'. Sa pa anpeche anpil espesyalis kreyòl lanse tanzantan 'des cris d'alarme' pou jan yo maltrete lang sa a nan medya a (radyo sitou). Pierre Vernet se youn nan moun ki rele anmwe tanzantan. Selon pwendevi moun sa yo, se sitou 'sentaks' lang nan ki menase. Sa k pase, pa gen ase efò bò kote moun k ap sèvi ak lang nan pou yo respekte prensip 'òganizasyon entèn' li. Kòm anpil nan moun sa yo frankofòn tou, yo gen tandans plake pirman -e- senpleman estrikti franse a sou kreyòl la. Se vre ke sa ba w pafwa de bagay dwòl. Pa egzanp: 'poze l kesyon pou konnen sa l panse, li reponn...'. (cf. le français: Questionné / Interrogé sur le point de savoir ce qu'il en pense, il a répondu...'. Oubyen: Li frape pa yon polisye', (il a été frappé par un policier'). An rezime, kote 'kantite', kreyòl la trè prezan nan medya - radyo yo, men kote 'kalite', se yon lòt pèdemach.*

*Sa pèmet mwen fè yon lòt ti rale sou kesyon 'nòmalizasyon' an. Nan administrasyon piblik yo, sanble òtograf ofisyèl la pa toujou respekte. Pandan yon kolòk ki te fèt sa gen 3 ou 4 semèn konsa nan Pòtoprens (Université Quisqueya), gen yon entèvenan ayisyen ki notè sa m pral di la a. Lan yon ti tèks ki te gen 6 ou 7 liy, li te li nan yon biwo piblik, li te relve plis pase 20 fot.*

*Andeyò Leta, swa se nan bandwòl pou piblisite, ansèy, ekrito, reklam..., moun yo pa toujou respekte grafi ofisyèl la». (André Vilaire Chéry).*



#### 14.2. Kreyòl nan lekòl Ayiti: pwoblèm ki prezante ak manifestasyon ensekirite o nivo idantite

Caroline Hudicourt, pwofesè nan *Université Quisqueya*, debat sijè sa a nan bon ti mamit nan yon prezantasyon li fè an jiyè 2006. Nan menm atik la, li konkli ke itilizasyon kreyòl kòm lang ansèyman nan lekòl nou yo avèk fransè kòm dezyèm lang t ap yon pa annavan nan abolisyon yon [kolonizasyon sikolojik](#) ke nou dwe fè efò pou sa (anndan nou). Se yon senaryo k ap detwi pwòp tèt nou ke nou dwe, elimine (kèlkeswa sa l ta koute nou) de fason pou n avanse. Li kontinye pou l di ke tout sa pa kapab fèt nan patisipasyon gouvènman. Sepandan, travay ki fèt o nivo inivèsite, yo kapab san oken dout, sèvi kòm mwayen presyon. Li pwopoze pou n ta chèche mwayen fòme yon komite ekspè ki angaje yo nan travay sou kesyon pwoblematik kreyòl la nan lekòl epi tou sou tout pratik diskriminatwa ki kontribye nan antrennman negatif de nou menm, donk yon bagay ki anpeche n evolye. Se tout yon plezi pou tradui an kreyòl kèk pati nan sa l di:

*«Sa k pi bon pou mwen pou m pataje ak nou jodiya gen pou wè ak plis pase ven ane esperyans nan domèn edikasyon kote pwoblematik kreyòl /fransè nan milye ayisyen ki prezante jodiya. Premye anlwa m a laj dizuitan lè m te etidyan Etazini se te anseye kreyòl pou etidyan ak pwofesè Goshen Colleg t ap voye tanzantan Ayiti. Inivèsite sa a, lefèt li gen yon oryantasyon sosyal trè make voye tout etidyan ameriken yo pase twa mwa nan yon peyi tyèmonn. Lè m fin gen diplòm lisans mwen a venteyinan, mwen te travay kòm asistan pwofesè nan yon pwogram bileng kreyòl /fransè Etazini. Mwen te anseye kreyòl tou pou etranje ki te antre pou travay nan peyi a epi anglè*

*nan plizyè lekòl Pòtoprens. Nan kòmansman karyè m, ansèyman kreyòl te pèmèt mwen jwenn travay ki te byen peye. Kounyeya mwen gen plis pase dizan esperyans kòm direktris lekòl primè, nevan kòm pwofesè nan UNIQ e uitan kòm konsiltan nan 'Tipa Tipa'. Epi de tanzantan mwen fè tradiksyon tèks kreyòl, fransè, anglè.*

*Mwen chwazi pou m travay nan ti sal sa a, 'l'Espace Francophone', pou m kapab kòmanse yon deba k ap pèmèt mwen pataje konsepsyon ak esperyans mwen, e pou panse devlope yon estrateji pou lite kont [alyenasyon kiltirèl](#) ke nou tout soufri o nivo pèsonèl e o nivo enstitisyonèl.*

### **14.3. Itilizasyon ak pèsepsyon kreyòl nan lekòl Ayiti**

*Etandone n ap viv Pòtoprens e an(n) Ayiti, pratikman, tout desizyon enpòtan konsènan edikasyon, se nan kapital la yo pran yo; nou pral diskite premyèman fason yo wè bilengwis la nan zòn metwopolitèn. Yo ta pran kreyòl kòm pwoblèm nan. Lè w tandè pale kèk edikatè, se kòm si enkapasite kèk timoun pou esprime yo an fransè se akòz yo pale kreyòl olye pou ta wè ke timoun nan jis pa gen opòtinite aprann fransè. Souvan, anseyan yo gaspiye plis enèji pou limite kreyòl la olye yo inisye timoun yo nan fransè oral. Donk li pa ra ke kèk timoun pran abitid pou pa pale devan pwofesè lekòl pou yo pa repwoche yo.*

*Kèk lekòl ki bay egzamen oral an fransè atire yon kliyantèl ki ta parèt plis frankofòn ke posib. Timoun ki ta parèt plis kreyolofòn, yo wè yo kòm si yo ta gen yon gwo pwoblèm pou aprann. Kèk edikatè afime: yon fwa timoun yo*

*esprime yo an kreyòl, yo vin vilgè. Pafwa yon seri espresyon kouran ki toutafè aseptab an kreyòl konsidere vilgè pa yon kliyantèl ki plis frankofòn (pa egzanp, espresyon tankou ‘bounda chodyè a’).*

*Yo plis wè kreyòl fransize yon kreyòl ki pi pwòp. Yon paran te plenyen pou pitit li ke l tandè ap pale kreyòl nan lakou lekòl la pandan rekreyasyon, li di: ‘E ki kreyòl!’.* Li di konsa timoun kreyolofòn yo ta bese nivo timoun frankofòn yo, plis pase timoun frankofòn yo ta monte nivo lòt yo. Menm paran sa a di l satisfè de pwogrè pitit li an fransè. Donk, deba sa a se pa yon pwoblèm lengwistik men pito yon pwoblèm sosyal. Lè paran sa a pale de *monte nivo sosyal yon timoun*, li refere a estrikti lekòl dekwa pou kilti ayisyèn kreyolofòn nan ta disparèt devan yon kilti frankofòn nan ki domine pa oksidan. Timoun kreyolofòn nan, ke paran an pa sanble l ta wè pitit li sanble l, dwe non sèlman pale fransè men tou li wont kreyòl ki pa fransize a ke l aprann nan men paran l. E si lekòl adopte politik sa a – timoun, ke paran yo pa pale fransè ditou, ap wont paran l otomatikman donk pwòp orijin li e finalman, idantite l. Trè souvan kèk jèn, nan epòk y ap diplome nan klas filo, fè yon adil nan fanmi yo (ki gen yon fòmasyon, youn yo panse ki respekte) akonpaye yo de fason pou evite mennen paran yo ki pa ka pale fransè. Kilti paran ki travay byen di ki pèmèt yo fini etid yo, tounen yon sous wonte pou yo anndan enstitisyon eskolè a». (Caroline Hudicourt).

## CHAPIT 11

### 14.4. YON PWOGRAM MILTILENG PA SOLISYON VRÈ PWOBLÈM LEKÒL AYITI

Mwen ta di «**di ak fè**» se 2 (bagay diferan). Nou **dwe**, premyèman, solisyone pwoblèm ki an rapò ak kesyon **diglosi** e **bilengwis** an(n) Ayiti epi itilize fowòm ayisyen sou entènèt la kòm mwayen pou diskite kesyon sa yo. Pou fè sa, yon bonjan plan **politik lengwistik**(31) nesesè pou gouvènman an ta vin avè l (nenpòt lè youn ki serye ta monte sou pouvwa).

*Ki lang ou panse timoun nan peyi Japon aprann (li ak ekri) avan yo kòmanse klas uityèm (nivo mwayen)? Sètènman, repons lan se: Japonè. Yo kòmanse anglè nan uityèm, menm jan ak lekòl nan peyi eskandinav yo byenke pifò elèv nan peyi o nò Ewòp sa yo gen yon pi bèl metriz lang anglè a si n ap konpare ak elèv japonè, akòz metòd lengwistik aplike ki itilize nan peyi sa yo.*

Mwen kòmanse aprann espayòl pou kont mwen lè m te gen dizan Ayiti (kote m te itilize **metòd Sans Peine ASSIMIL** yo); sa vle di, li t ap yon bèl ide pou paran espoze pitit yo a lòt lang pandan yo trè jèn, epi vwayaje nan lòt peyi ak yo (si l posib e lè l posib). Enterè m nan **lang Cervantes la** (espayòl) te pi pwofon ke enterè m nan **lang Shakespeare la** (anglè), men aprè anviwon prèske 3 deseni (trantan) depi m ap viv Ezetazini epi vwayaje nan kontinan ewopeyen an, anglè vin tounen tankou **dezyèm lang mwen** byenke mwen toujou metrize lang espayòl la.

Nenpòt moun ki gen chans li dokiman sa a pral wè fokis mwen nan esè sa yo pa sou **itilizasyon lang** nan lekòl Ayiti (kòm anfas prensipal) tankou kèk otè ayisyen komik ta fè sa oubyen kèk entelektyèl sou rejim Duvalier a (kote yo ta rann kreyòl ak fransè responsab pou **to alnalfabèt** ki grenpe lesyèl nan peyi a olye pou yo ta santre vrè pwoblèm nan ki gen pou wè ak **politik**), kote yo eseye divòse yo de **realite ayisyèn nan**; men sa k pi enpòtan an, se pito **opòtinite pou ti Ayisyen ta genyen pou ale lekòl**. Timoun sa yo byen entelijan (si n ap gade kèk nan pèfòmans yo), kèlkeswa lang yo ta vle itilize nan lekòl Ayiti, sa p ap yon gwo pwoblèm pou yo, osilontan yo ta gen opòtinite ale lekòl.

#### 14.5. Nan ki lang vrèman elèv dwe jwenn pen lenstriksyon?

Vrèmanvre, sa nou dwe batay pou li a (pa ak zam) se ta **leve vwa nou pou gen lekòl gratis** (enkli materyèl) ak manje. Rechèch demontre ke pifò nan timoun Ayiti k al lekòl pa rive konplete menm **sik mwayen an** akòz sitiyasyon ekonomik peyi a: pa gen lekòl gratis, paran timoun k ap bat dlo pou fè bè pou voye yo lekòl pa kapab achte liv ak manje pou yo byenke yo fè sakrifis achte omwen yon inifòm (ke l se yon «lavanm metanm wetanm» yo mete sou yo chak jou). **Lekòl gratis** pa ta dwe konsidere kòm yon «**kado**» gouvènman ayisyen an ta bay timoun sa yo, men pito se yon «**pwovizyon**» ki kouvri anba **Konstitisyon 1987** la. Dwa legal sa yo (ki poko aplike reyèlman), yo ta dwe pale sou yo nan radyo ak televizyon Ayiti pou edike popilasyon an e nan yon fason, sa ta eradike maladi ki rele «**analfabetis**» la.

Si ti Ayisyen sa yo ap trennen nan lari, antre nan gang, tounen vagabon, dilè dwòg, dwòg adikte ak mandyan jodiya, se pa fèt yo men pito fèt gouvènman

ki pa fè travay (konstitisyonèl) e sivik yo. Sa se vrè **sivik** (ki pou ta anseye), e nou menm Ayisyen, nou dwe fè yon bagay ak sa, yon fason yon lòt (*ann eseye fè travay nou kòm sitwayen, ann eseye aktif nan ede Ayiti ale vè lavan, ann eseye tounen yon aktivis pou yon pi bon Ayiti, renmen Ayiti pa ta dwe sèlman yon pawòl k ap sòti nan bouch Ayisyen, men ann montre sa pito pa aksyon nou*).

#### 14.6. Men edikasyon nan lang matènèl la p ap izole pèsòn, okontrè se yon avantaj bab e moustach pou edike pi rapid ladan

Pou retounen a **Japon** (ki dwe youn nan sous enspirasyon pou Ayisyen ki ta vle wè vrè devlopman fèt Ayiti), nou te ka poze kesyon sa a: **Konbyen peyi nan lemonn ki pale Japonè?** Repons lan: **youn**. M ap li kòmantè komik sou kreyòl depi plis pase 30 ane tèlke li se «**yon lang izole**», vrè radòt ki sòti nan bouch «swadizan» Ayisyen save ki rive lwen lekòl. Li si komik pou wè a ki nivo mantalite (anpil) konpatriyòt kolonize. Kèk menm ale pi lwen toujou pou di «kreyòl pa yon lang»; donk si l pa yon lang, pèp ayisyen pa egziste nonplis paske chak moun pale yon lang matènèl, yon lang peyi kote l leve a pale. Nan yon fason, yo mete tèt yo nan klasifikasyon **omosapyen ki pi ba** (pase moun) lefèt ke yo panse konsa. Donk, **edikasyon** dwe fèt nan tout nivo pou refè mantalite kolonyal la oubyen pou mete vi ak sèl nan brenn ki zombifye yo. Pakonsekan, **lang matènèl la** dwe jwe yon gran wòl nan lekòl. Epi tou, nan peyi devlope yo nan lemonn (e.g., USA, Kanada, Lachin, Larisi, Frans, Lasuis, Almay, Itali, Japon...), ak nan kèk peyi tyèmonn (e.g. Brezil, Kiba, Lachin, Meksik...) **lang natifnatal la** se li menm tou ki lang ofisyèl ki itilize lekòl.

#### 14.7. Sityasyon lengwistik Ayiti pa menm ak lòt peyi ki itilize plis pase yon lang

**Sityasyon lang an(n) Ayiti** diferan de kèk peyi Afriken, kote pa egzanp nan peyi kouwè Kotdivwa, Nijerya, Senegal... (jis pou site kèk) yo pale plis pase 50 lang (ki reprezante diferan gwoup etnik, pakonsekan yo bezwen yon **lang nasyonal** (ke l se **fransè** ou **anglè**) ki an menm tan itilize kòm «*La langue véhiculaire et la langue des registres*» ki konekte tout moun tou, epi sèvi kòm «**lang ofisyèl**».

An **Giyàn Fransèz** (kote m vizite), gen anviwon **11 lang** ki pale la. Kòm «**department d'outre-mer**», lang fransè a se li ki **lang nasyonal**. Nan ka Ayiti, **tout Ayisyen pale kreyòl kòm lang natifnatal** (pa gen pwoblèm menm pou kominike paske se yon gwoup etnik omojèn), donk li dwe jwe tou yon wòl enpòtan nan edikasyon (kòm premye lang) avan aprantisaj ou metrize nenpòt lòt epi pou montre respè pou kilti ayisyen an paske **lang**, an jeneral, se yon koze ki trè sansib e se youn nan engredyan kiltirèl ke yo dwe manyen ak anpil swen.

#### 14.8. Valorizasyon lang vènakilè a

Gouvènman Ayisyen dwe kòmanse valorize lang matènèl tout Ayisyen, epi itilize l nan *pale* ak *ekri*. **Siy, ekrito** (tout kote) ta **dwe an fransè e an kreyòl**. Mwen pa t ap gen okenn pwoblèm ede ak tradiksyon sa yo gratis ti cheri si yon gwoup Ayisyen ta vle ede oubyen anbake yo nan fè kèk bagay pozitif ki ta kapab ede nan sans sa a.

Pou moun k ap viv Kanada, gen yon lwa nan pwovens Kebèk ki rele «**La Loi 101**», ki di li **obligatwa** pou **afiche** an franse. Nan ane 70 yo, lè m te kòmanse vizite Kebèk pou premye fwa, tout bagay te **bileng** (an franse, anglè), kounyeya tout siy yo an franse.

Ta dwe gen tout **yon kanpay pou epole 'bilengwis' an(n) Ayiti**. Ou pa ka janbe de yon premye lang a yon dezyèm epi a yon twazyèm, a yon katriyèm san metrize youn nan sa avan yo (ki ofisyèlman rekonèt nan konstitisyon peyi a); se jis yon konsèy pou lekòl an jeneral men lakay, se ta yon bèl ide si paran te kapab espoze timoun a plis ke youn, e an(n) Ayiti nou konnen deja se sèlman **paran ki kapab** ki pral gen opòtinite fè sa amwenke gouvènman anpanse a pwogram radyo ak televizyon kote ta gen televizyon nan tout lari dekwa pou timoun ki pa gen aksè ak sa lakay yo ta gen chans gade kèk pwogram timoun epi mwen gen anpil dout se yon bagay ki pral fèt akòz lajan sa ta koute, e nou ta ka menm mande konbyen tan l ap pran gouvènman ayisyen pou solisyone yon senp **pwoblèm elektrisite** lè Ayiti te ka itilize **enèji solè** (24 sou 24), yon bagay ki pa ta koute chè ditou epi ki ta nan avantay tout peyi a. Jiska yon lòt lè ankò, ann kontinye viv nan **ilizyon** (an tèm rèv nou pou yon bèl Ayiti) men, pataje bèl ide nou yo ak lòt moun.

#### 14.9. **Sou lang matènèl Ayiti ak frankofoni**

*«Devlopman Ayiti ap fèt atravè yon prizkonsyans de enpòtans lang matènèl la; sa pa vle di pou otan n ap mete de kote lang franse a; gen yon travay ki*



*ka fèt, kote 2 lang yo rete kòtakòt san moun pa bay youn plis valè pase lòt»*  
(Constel Charles).

Mwen espere ke tout Ayisyen ki pale fransè kòm **lang matènèl** va li kòmantè Constel Charles la ak anpil atansyon. Lafrans gen yon kanpay l ap fè, ki akselere nan ane 90 yo, kote l ap eseye sove lang Voltaire la oubyen akòz krentif li genyen pou anglè pa gen batay lengwistik la. Se sa kanpay *La francophonie* an ap pwone. Anyen ankò!

Lè nou poze kesyon sa a: **Kisa Lafrans fè deja pou peyi frankofòn an(n) Afrik ak pou lòt peyi soudevelope ki egziste nan lemond?** – mwen doute Jacques Chirac ta bay yon **repons klè** a sa. An menm tan, se pa yon kanpay m ap fè pou defann lang anglè a nonplis, ni lòt lang ansyen peyi pouvwa kolonyal yo, men mwen kwè metrize kèk lang se yon bagay enpòtan pou mete plis moun nan lemond an kontak.

Annefè, nou viktim de **kolonizasyon** e nou viktim tou de **komès esklav la** (sa gen plis pase 500 ane), fò n metrize kèk nan lang sa yo, men jis kòm yon mwayen pou kominike, paske nou bezwen konnen kèk nan lang prensipal ki pale nan lemond jodiya (tèlke pa e.g, *anglè, fransè, panyòl, pòtigè, alman...* jis pou site kèk) pou kominike ak plis moun epi chak lang nou pale se yon kilti nou reprezante e n ap an mezi pou kominike ak plizyè trilyon moun ki pale yo tou.

**Gwo pwoblèm** nan se: **Ki jan nou itilize lang an jeneral** (pou enpoze pouvwa, pou kominike youn ak lòt, pou fè chèlbè, pou blese moun, pou pwomote siperyorite)? E pou reponn kesyon sa a, nou wè deja ke pifò

swadizan entelektyèl ayisyen ak Ayisyen ki kapab yo ta itilize lang fransè a nan tan pase (kèk kontinye fè l toujou) plis kòm yon **zouti lengwistik** pou distanse yo de rès popilasyon an (moun ki enkapab yo nan plizyè fason, klas ba yo ki pale kreyòl sèlman). Toutsuit, nou ka analize tout prejije (si nou ta vle antre pi fon nan detay sosyolengwistik) ke **nouvo kolon** sa yo, ki ranplase ansyen kolon blan yo, envante men nou konnen ke se **lamajorite k ap pote viktwa** nan tout sans e nan sans sa a, lang kreyòl la siviv an(n) Ayiti e l ap kontinye siviv (paskè **pifò** Ayisyen ta vote pou chanjman nan tout nivo) nan yon peyi kote yo maltrete lang matènèl la pandan plis pase desanzan. Anplis, chanjan ki dwe fèt la se youn ki dwe kòmanse **anwo desann** (dewotanba), sa vle di: li lè, li tan pou entelektyèl ayisyen ak sa ki kapab yo chanje mantalite kolonyal la epi panse a **yon peyi, yon drapo, yon pèp, yon lang, yon kilti**.

Kòm Constel Charles sijere, nou bezwen yon **prizkonsyans** pou chanjman sa a fèt. Ide a se pa sèlman «itilizasyon lang» nan sosyete a, men tou pou n kòmanse **valorize** sa ki pa nou, tout yon eritaj kiltirèl. Sa, nan yon sans, te enspire m tradui (an kreyòl kou an(n) anglè) yon entèvyou yon radyo Il Moris te fè ak lengwis Diane Guillemin\* – kote l touche Ayiti.

... Mwen toujou souliye fot sa a tout kote m ta wè l: «**Ayiti se yon peyi frankofòn**». Se tankou nou ta di, nan yon sans, **kanada se yon peyi frankofòn** tou byenke pa gen konparezon posib ant Ayiti ak Kanada (menm kan nou ta gen yon deba sou fenomèn lengwistik ki rele **diglosi** a, ki ta plis dekri sitiyasyon lengwistik Ayiti a).

#### 15.0. Fidbak (reyaksyon) kèk natifnatal sou itilizasyon kreyòl

«Mwen dakò 100% (san pou san), se pou Ayisyen fè plis efò pou pale /ekri anglè ak espayòl k ap mil fwa pi itil nan tout sans. Fò nou sispann bay tèt nou manti. Jounen jodiya pèp ayisyen pa bezwen eritaj kolonyalis ak efè esklavaj ke kolon yo kite pou domine nou. Reyalite a sèke peyi nou antoure ak lòt peyi *anglofòn* ak *ispanofòn*; li ta pi profitab si nou kab kominike ak yo pou biznis ak lòt echanj. Onètman, Ayisyen dwe divòse ak ‘la francophonie’» (Daniel Ulysse).

«M ap mande èske nou pa tranble lè n ap di ‘Ayiti se yon peyi frankofòn’ Èske nou vrèman defini yon lang tankou ‘*mwayen efikas ki pèmèt moun kominike*’? Epi si se vre, konbyen nan nou ki kapab sèvi avè l? Kisa li fè pou nou lè nou sèvi avè l? Sitou jodiya nan moman tout peyi sou ap rasanble youn ak lòt nan tèm yo rele *globalizasyon* an, m ap mande èske li pa ta pi bon pou Ayiti ta vin yon yon peyi anglofòn? Si n ap konsidere kantite Ayisyen ki kapab manevre lang Voltaire la, li pa pi plis pase Ayisyen ki kapab dechifre lang Tonton Sam nan. Konsa, si nou pran plas nou nan monn komèsyal la, li lè pou nou ta kòmanse make pyon nan lang anglè a pandan nou pa bliye *Kreyòl nou*» (Mardy Hans).

«Plis moun dwe, ansanm ak mwen, admèt ke lang matènèl la se baz devlopman yon peyi. -- An(n) Ayiti, gen yon pwoblèm majè ki poze e ki gen konsekans sou sosyete a. Fransè, dezyèm lang, kwak li ofisyèl tankou kreyòl, lang matènèl Ayiti, menm 5% (senk pou san) popilasyon an pa pale l selon done estatistik. Majorite Ayisyen pa pale, pa konprann fransè; dayè, yo pa ka menm ekri l. (Mwen pa pral retounen sou sistèm òtograf fransè a ki trè konplike.). Lè aprantisay lang lan, pou timoun nan, fèt nan lang matènèl la, l ap santi l pi alèz pou l esprime l. An(n) Ayiti, se lekòl moun aprann fransè.

*Lè n kontinye devalorize kreyòl o pwofi fransè, se yon limyè vè pou kite bagay yo ale; se kontinye viv sikolojikman anba jouk esklavay.*

*An Frans, edikasyon pa fèt ni an grèk ni an laten byenke l pran orijin ladan. Okontrè, sa te bay anpil traka depi epòk renesans, pase nan 17èm syèk (avèk Malherbe ak akolit li) pou fè 18èm syèk pou fè fransè sa li ye jounen jodiya.*

*Ann gade sa espesyalis yo di sou lang matènèl la ([http://fr.wikipedia.org/wiki/Langue\\_maternelle](http://fr.wikipedia.org/wiki/Langue_maternelle) - yon atik Wikipédia, ansiklopedi lib). Nan majorite fwaye ayisyen, se lang kreyòl la yo pale ak timoun. Kèk fanmi ayisyen chwazi fransè, men yo pa anpil; anplis, fanmi sa yo, lè yo twouve yo nan yon sitiyasyon trè ijan (ka opoze, yon siklòn ki pase pa egzanp) ou panse yo pral di: ‘taxi où vas tu?’ M parye avèk ou y ap di: taksi, kote w prale?*

*Lè ou antre nan yon biwo Ayiti, si w pa ka esprime w nan lang Voltaire la, ou mèt atann yon akèy mwen chalere. Trè souvan, moun ki resevwa w la pa menm pale fransè alevwa ekri l...(Constel Charles).*

### **15.1. Rezime sitiyasyon lengwistik Ayiti: bilan ak previzyon**

Li ta enposib pou konkli yon bon pati rechèch sa a (sou itilizasyon lang Ayiti) san n pa ta jete yon koudèy sou rechèch manch long Michel St.Germain piblike ki rele «*La situation linguistique en Haïti: bilan et*

*prospective*». Nan 5 chapit, St.Germain elabore anpil sou sijè a, e li enposib pou n ta foure nan rechèch sou pwoblèm lekòl Ayiti a yon rezime chak chapit nan liv li a. Men lè n gade *rezime* ak *konklizyon* rechèch li a, nou wè l ta an(n) akò avèk anpi l koze ki diskite nan *Yon koudèy sou pwoblèm lekòl Ayiti*, byenke gen kèk ide ki rete pwòp a jan St.Germain ta entèprete kèk aspè nan rechèch li a (etan yon chèchè etranje) men li enpòtan pou n gade pozisyon l. Donk ann gade tradiksyon kreyòl rezime ak konklizyon rechèch li a:

*«Bi rechèch sa a se, premyèman, fè yon bilan de sityasyon lengwistik Ayiti a. Yo konstate ke kreyòl la omniprezan (prezan tout kote) nan prèske tout domèn itilizasyon enfòmèl e ke fransè, toujou itilize nan kèk sityasyon fòmèl men itilizasyon ak prestij li an bès. Diferan de sèten peyi Afrik frankofòn ou anglofòn kote lang wot la jwe wòl lang ki ini moun (yon lingua franca); li pèmèt divès gwoup etnik konprann youn lòt. Fransè a pa itilize anpil Ayiti apre itilizasyon l nan administrasyon, ansèyman segondè e siperyè ak nan sèten domèn kouwè laprès ekri ak sinema kote nou p ap jwenn anpil lokitè (moun ki pale l).*

*Ayiti twouve l nan yon sityasyon kote l fè fas, yon bò, ak sa yo rele diglosi faktyèl pou moun ki gen yon bonjan metriz lang fransè a kote yo kapab egzèse yon chwa lengwistik; yon lòt bò, peyi a fè fas, ak diglosi mantal. Pou moun ki pale kreyòl sempman yo konsidere l nòm al lefèt ke yo twouve yo nan yon seri sityasyon ki egzije itilizasyon lang fransè a ak lòt, itilizasyon lang kreyòl la.*

*Etandone yo rekonèt e admèt lang kreyòl kòm lang matènèl, fransè a se yon lang moun aprann lekòl. Etid sistèm eskolè a montre feblès enpòtan sistèm sa a o nivo kalifikasyon mèt yo e o nivo enfrastrikti. Yo konstate tou espansyon kantitatif sistèm nan fè nan sektè prive a e li sèlman sèvi kòm yon plis (avantaj) ki parèt vizib pou eskolarizasyon. Nan sektè sa a, yo mal peye pwofesè lekòl; yo pa vrèman fè yon karyè nan pwofesyon an. Tout ogmantasyon nonb bileng lan e tout emelyorasyon kalite fransè (k ap itilize) tout sa, se sèlman a pati sistèm eskolè a sa kapab akonpli.*

*Youn nan objektif prensipal refòm edikatif la se atenn yon **bilengwis fonksyonèl** aprè twa sik **lekòl fondamantal** e, pou rive la, yo te elabore pwogram lang trè enpòtan. Lektif diferan modèl ke yo te pwopoze bay enpresyon ke lang kreyòl la gen yon enpòtan patikilye apati premye sik. Donk yon etid yo pote atansyon sou li montre nonb lè yo mete pou anseye fransè a prèske egal sa yo konsakre pou ansèyman kreyòl la.*

*Entwodiksyon lang vènakilè a nan ansèyman se premye pa vè yon ripti sityasyon diglosi a; etandone edikasyon te toujou konsidere kòm youn nan domèn **lang wot yo** e youn nan domèn ki fè yon sityasyon diglosi dire lontan pa ranfòsman dezapresyasyon **lang bas** la. Menm jan alfabetizasyon an kreyòl revalorize nan yon sèten fason lang lan bò kote peyizan ayisyen yo e verite a klè, ke menm fenomèn nan pral pwodui o nivo edikasyon fòmèl.*

*Dezyèmman, rechèch sa a (sou sityasyon lengwistik Ayiti) vize pou pwodui sèten direksyon jeneral ki konsène konesans demen de sityasyon lengwistik la. Objektif refòm nan ki vize yon **bilengwis fonksyonèl**, petèt se yon bagay y ap atenn (a lavni). Demografi a (ou etid popilasyon an) pral kontinye fè*

*presyon sou yon sistèm eskolè piblik e prive ki enkapab pou l fè fas a demann nan. Etoufman klas premye sik yo avèk lekòl fondamantal ap kontinye epi pral rann ansèyman an difisil menm jan feblès apò lojistik ak pedagojik la pra l fè. Previzyon (ou fason yo ta prevwa) amelyorasyon nivo de vi ki a zewo oubyen ki trè fèb, frè eskolarizasyon pral toujou koze yon sichaj (dyegi) finansyè e pèt (oubyen diminisyon) eskolè yo ap rete la o menm nivo. Lang lan pa pral jwe wòl yon faktè demotivasyon (ki la pou pa motive) ankò men kondisyon ekonomik yo ak ‘chemen long’ atravè yon sistèm edikatif ki, fòtman, elitis pa pral chanje. Menm jan ak kounyeya, se sèlman sa ki pi ki gen plis fòs ak sa ki kapab yo ki pral rive atenn nivo eskolè a.*

*Dire eskolarizasyon majorite a pral jwenn ap kout (an tèm dire), e prensipalman an kreyòl, yon bagay ki sèvi deja yon gen (avantaj) sou sityasyon aktyèl la. Sou kalifikasyon mèt yo sa pa pral chanje lè n konstate ke pa gen tèlman atirans pwofesyon an pou meyè elèv sistèm nan; sa vin rann li itopik (ilizwa) ide yon anseyan ki satisfè, patikilyèman si l vize ‘bilengwis’ lè l kite lekòl fondamantal.*

*Men karakteristik prensipal kliyantèl la ki pa pral acheve lekòl fondamantal: yon edikasyon fonksyonèl li resevwa an kreyòl (kalkil, ijyèn, elt.) avèk kapasite pou li ak ekri lang (matènèl) la. Pasaj oral a lekri sa a pral pèmèt kreyòl monte nan kèk nouvo domèn kote tout popilasyon an ka itilize l. Avan pou rive a yon lang (pou sèvi) kòm enstriman konplè nan domèn sa yo, enkli domèn jiridik /administratif, gen 2 obstak (ki depann youn de lòt) pou franchi: youn se yon pwomosyon ofisyèl lang lan nan tout sektè epi lòt la, yon valorizasyon kreyòl pa elit la ak lokitè l (moun ki pale l).*

*Akoutèm e a mwayen tèm, kwak fransè a ap pèdi prestij, l ap kontinye jwi yon konsiderasyon sosyal enpòtan. Sepandan, si estimasyon teyorik yo e sa ki korije yo parèt egzat, espansyon lang fransè a pral trè limite e mwens grandyoz lè n pran an konsiderasyon **dire tanporèl** la (ki pa la pou lontan) pa rapò a nonb bileng potansyèl k ap ogmante. Espansyon domèn itilizasyon l pral jwe an favè lokitè kreyolofòn monoleng yo (ki pale kreyòl sèlman) e dilèm nan, selon kèk otè, pral poze nan adopsyon yon dezyèm lang. Nan kad refòm nan, fransè a anseye kòm lang etranje, donk dezyèm lang. Pa konsekan, nou kapab rekonsidere chwa sa a, etandone ke anglè ak espayòl reponn tou a kritè dezyèm lang epi yo prezante enterè ekonomik, pratik e kèk ouvèti sou lemond.*

*Paradoksalman (kontrèman a ide), pwojè refòm nan ansèyman ki vize, pami plizyè, pasaj kreyòl la pi fasil pou janbe nan fransè dekwa pou rive a yon **bilengwis jeneralize**. Sa pral sèvi kòm ranfòsman pozisyon kreyòl la, l ap febli sistèm aktyèl la e l ap ekate lang fransè a nan ran dezyèm lang (ou lang segond) an konkirans ak espayòl e anglè. Menm jan plantè koloni an te separe esklav ki te apateni a menm gwoup etnik pou te ka mentni konfizyon lengwistik e pou te anpeche yo òganize tèt yo, sistèm eskolè a, atravè itilizasyon e pwomosyon lang fransè a, sèl lang (nan) ansèyman, te anpeche mas pèp la òganize tèt yo. Itilizasyon kreyòl la kòm lang e zouti ansèyman pral pèmèt konesans kòd ekri a...*

*Finalman, etid sa a (sou sitiyasyon lengwistik Ayiti) pèmèt nou konstate ke pa gen rechèch sistematik nan domèn sosyolengwistik la Ayiti. Poutan, plizyè aks kapab vin debarase. Sou plan itilizasyon lang, fò nou ta verifeye*



*ipotèz (sipozisyon) ki fèt kanta pou sitiyasyon lengwistik nan endistri transfòmasyon ak soutretans. Yo te ka devlope tou kèk domèn pou aktivite rechèch ki santrè sou valorizasyon lengwistik lokitè bileng e monoleng yo, sou sitiyasyon lengwistik yo e sou kapasite konpreyansyon e pwodiksyon.*

*O nivo eskolè, yo te antreprann kèk rechèch sou atitud anseyan yo vizavi kreyòl (D'Mez, 1985) et sou divès aspè ansèyman lang (I.P.N)\*. Yo te ka rann li disponib tou kèk domèn pou aktivite rechèch ki kouvri kapasite lengwistik pwofesè lekòl yo, sektè k ap itilize lang yo espontaneman pami elèv, imaj mantal edikasyon kay paran yo selon klas y apateni, modèl lengwistik moun ki te nan peyi etranje ap sèvi, elt. Tout rechèch sa yo ta pèmèt pou kapte pi byen fenomèn lengwistik ayisyen epi ta founi done fondamantal nan kad pati lengwistik refòm sa a».(32)*

## APENNDIS

### Apenndis - Pati A: Kèk kesyon pou ouvè deba sou pwoblèm edikasyon Ayiti

1. Kisa refòm lekòl ye?
2. Kilès ki gen monopòl lekòl la Ayiti: leta oubyen sektè prive a?
3. Kisa Konstitisyon 1987 la di sou lekòl ak edikasyon?
4. Ki tip preparasyon anseyan ayisyen genyen avan yo kòmanse anseye (nan nivo elemantè, segondè ou siperyè)?
5. Elèv ki rive konplete nivo segondè a, èske yo resevwa yon edikasyon pratik (aprè yo fin pase 14 ane sou ban lekòl)?
6. Kisa ki pa mache nan korikilòm lekòl Ayiti (nan tout nivo)? Èske korikilòm sa a refilete reyalyte ayisyèn nan oubyen èske l pratik?

7. Èske leta reyèlman konsène pou l kreye **lekòl gratis, bonjan lekòl** nan tout rakwen peyi a pou tout timoun antre gratis ti cheri e san grese pat pèsòn pou achte yon plas pou yo?
8. Èske leta gen yon **près** pou enprime **materyèl didaktik** pou ede elèv ki pa ka achte liv? Si l gen youn, èske l ap fonksyone kounyeya?
9. Kilè leta pral fè l obligatwa pou tout timoun laj **5-16 ane** oubyen **5-18 ane** pou anndan yon lekòl kèlkonk?
10. Ki **tip pwoblèm elèv ayisyen konfwonte** lè y al lekòl nan **peyi etranje**?
11. Sou kesyon **lang** (kreyòl, fransè), èske se yon pwoblèm ki kenbe elèv tout bon pou pa vanse lekòl oubyen se yon kesyon **aksè** majorite elèv pa genyen pou al lekòl oubyen se jis yon chemen kout pou divòse de **reyalite politik la**?
12. Èske se pa ta yon bèl ide pou leta pase yon lwa ki ta fè **sèvis kominotè** vin yon bagay obligatwa?

La a, leta ta ka itilize pa ekzanp elèv ki konplete nivo bakaloreya pou angaje yo nan kèk travay kominotè tèlke: patisipe nan **kanpay alfabetizasyon** (si ap gen youn tout bon yon lè) atravè peyi a, angaje yo nan nenpòt tip travay leta ta tanmen (nan lavni) pou benefis peyi a. Pa bliye peyi tèlke Almay, Lafrans... itilize **sèvis kominotè**. Sa mache! Epi tou, nan ka Ayiti, se yon bagay ki ka ede gouvènman an ekonomize nan bidjè peyi a (anka si y ap gen youn alontèm). Sa fè pati de sa n ka rele **resous imèn**, ki yon bagay enpòtan nan devlopman Ayiti (nan tout nivo) oubyen sa n ka rele: **grès kochon an kwit kochon an**. An retou, leta ta dwe ede elèv sa yo (tèlke ba yo ti kòb ak lojman epi pi devan, sa ta ka sèvi kòm yon obligasyon avan pou pran yon pòs nan leta).

**Apenndis - Pati B: Yon koudèy sou pwoblèm lekòl Ayiti:**  
**kesyonè – sikilè**

Nan kòmansman desanm 2006, mwen sikile lis anba a sou entènèt la bay plizyè fowòm (enkli vèsyon l nan lang anglè). Mwen fè pou te kapab jwenn

plis kòmantè sou tèm nan e wè nan ki fason yo ta antre anndan rechèch la. Men ak [vèsyon elekwtronik lan](#), mwen swete jwenn kòmantè, sijesyon, reyaksyon sou sa e ki jan lektè, edikatè (an jeneral) resevwa rechèch sa a.

Lè m obsève pwoblèm anseyan ayisyen ap konfwonte, mwen fè kado plizyè kopi premye edisyon liv sa a ki pibliye an 1994 (pou ede anseyan, sant alfabetizasyon, bibliyotèk Ayiti kou nan dyaspora a). Mwen si e sèten ke moun ki li oubyen potko li premye edisyon an ta byen renmen di kèk bagay sou pwoblèm lekòl Ayiti ap konfwonte. Donk, mwen ta trè kontan si nenpòt moun ta voye kòmantè, sijesyon, sijesyon yo ban mwen (fason pou ta amelyore sitiyasyon an) ki an rapò ak tèm sa a. Yo ka toujou jwenn kèk ti plas nan [vèsyon elektwonik lan](#) (ki gratis sou entènèt la). Mwen espere dokiman sa a va sèvi yon bon gid pou tout moun k ap fè rechèch sou tèm nan, e yon gid pedagojik tou pou tout anseyan Ayisyen.

### Tèm pou kòmante sou yo:

1. Yon (diplòm) [lisans](#) obligatwa pou anseyan nivo segondè.
2. Yon korikilòm ki ta refilete [reyalite Ayiti](#).
3. Yon (diplòm) [metriz](#) (obligatwa) pou anseyan nivo siperyè (inivèsite) .
4. Yon nouvo metòd pou anseye (nan tout nivo).
5. Absans [laboratwa](#) nan lekòl yo (pou fè esperimantasyon).
6. [Aktivite](#) pou elèv (pandan gran vakans ou vakans ete).
7. Bidjè Anyèl Ministè Edikasyon Nasyonal.
8. Yon [diplòm bakaloreya](#) obligatwa pou anseyan nivo elemantè e mwayen.
9. Move konpòtman kèk anseyan.
10. [Liv](#) pou elèv nan lekòl leta (ta prete) epi remèt yo nan fen trimès, semès la...

11. **Kou** ki ta parèt nan korikilòm lekòl la ki pa ta nesèsè.
12. **Korikilòm** (an jeneral): pwoblèm /sijasyon (pou amelyorasyon).
13. Korikilòm lekòl *prive* vs. lekòl *piblik*.
14. Pou yon **politik lengwistik** solid nan lekòl Ayiti.
15. Pou yon **sentèz korikilòm** (Ayiti, USA, Japon, Kanada, Kiba, Frans, elt.).
16. **Atelye** gratis **pou anseyan** nan lekòl leta (epi pou yo ta fèt tanzantan).
17. Nesesite pou ta gen yon **edikasyon pratik**.
18. Enpòtans pou yon **sendika anseyan** ki solid pou pwoteje e respekte dwa yo.
19. Enpòtans pou tout elèv **nivo bakaloreya** (fen sik segondè a) ta patisipe nan kanpay alfabetizasyon pandan yon ane.
20. Enpòtans **tèt kole ant anseyan ayisyen** (Ayiti e dyaspora).
21. Enpòtans pou lekòl leta (lekòl prive tou) ta fè **pwomnad** ak elèv (atravè peyi a), enkli òganize pwomnad ak yo Sendomeng (pou yo ta kapab konpare 2 peyi sa yo ki pataje menm tè).
22. Enpòtans pou lekòl leta yo ta itilize jou **vandredi** pou fè diferan **aktivite** ak elèv (enkli òganize **pwomnad** ak yo nan tout rakwen peyi a) olye pou yo ta rete nan saldeklas la ap fè jakorepèt.
23. Enpòtans pou **desantralize lekòl Ayiti** (gaye yo olye pou yo rete konsantre nan milye iben).
24. Enpòtans pou gen **laboratwa òdinatè** (konpwoutè) nan tout nivo (pou elèv ka gen aksè a entènèt la pou fè rechèch).
25. Enpòtans pou ta gen **kantin** gratis **nan lekòl piblik yo** (pou ede elèv jwenn omwen yon repa, patikilyèman sa yo ki pa kapab achte l).
26. Enpòtans pou **enpòte bon ide pedagogik** ki sot nan lòt peyi (epi wè ki jan yo kapab aplike Ayiti).
27. Rate **lajan** pou achte liv.
28. Rate **resous** (mansyone ki tip).
29. Rate **espas** nan lekòl leta.
30. **Apwòch lengwistik** pou anseye an(n) Ayiti.
31. Ansèyman long distans (*via* entènèt).
32. Mete l obligatwa pou anseyan tout nivo **kondui** e **pibliye rechèch**.

33. Nesesite pou tabli yon **sal resous** (ti bibliyotèk) nan chak lekòl.
34. Nesesite pou ta genyen yon **bibliyotek santral**, youn ki byen ekipe ak dokimantasyon, e youn ki gen yon sistèm konpwoutarize.
35. Obsèvasyon **lekòl** nan **zòn Karayib la** (Giyàn Fransèz, Gwadeloup, Matinik – pou konpare yo ak Ayiti (an tèm kisa ki manke nan metòddansèyman, epi aplikasyon korikòlòm fransè a (peyi Lafrans).
36. Sou **pinisyon elèv** (ak respè dwa yo).
37. Klas ki twò chaje ak elèv (lekòl leta).
38. Prepare (elèv) pou **egzamen ofisyèl**.
39. Prepare anseyan pou anseye (**trening pou anseyan** avèk **seminè** obligatwa).
40. Lekòl prive vs. Lekòl leta (jeneral).
41. Pwoblèm twòp lekòl ki konsantre nan kapital peyi a.
42. Pwoblèm avèk **metòddansèyman** (metodoloj).
43. Rezon pou kisa elèv pa kapab al lekòl.
44. Devlopman materyèl didaktik (nivo *elemantè, mwayen, segondè e siperyè*).
45. Anseyan ki mal peye (**salè chich** anseyan yo).
46. **Resiklay anseyan** (trening pou yo ankò, ak enpòtans sa genyen pou gade nouvo metòd, aplikasyon teknonolojik, elt.).
47. Pwoblèm ak **bat pakè** vs. **asimilasyon**.
48. Wòl **fransè** ak **kreyòl** nan lekòl Ayiti.
49. Wòl Ministè Edikasyon Nasyonal (pou fè yon travay serye).
50. Pwoblèm **transpòtasyon** elèv ap konfwonte (tribòbabò nan peyi a).

### **Apenndis - Pati C: Devlopman Materyèl Didaktik An Kreyòl, entèvyou #1**

*Entèvyou sa a te reyalize sou antèn radyo Haiti Dyaspo Inter nan dat premye avril 1997 nan Boston. Envite espesyal: Féquière Vilsaint\*.  
Emisyon: «Chache konnen ak Védrine» sou antèn Haiti Diaspo Inter.*

**E. W. Védrine:** Zanmi oditè, n ap di w bonswa. Malgre tanpèt nèj, malgre premye avril, ebyen nou la nou menm, nou pa kagou. Kòm nou te pwomèt ou 2 semèn de sa, donk nou sipoze gen ak nou yon otè ayisyen k ap fè yon pakèt travay nan lakou Florida, n ap pale de Féquière Vilsaint ki pote yon kolaborasyon totalkapital nan materyèl li devlope pou Pwogram Bileng Ayisen kote yo itilize materyèl sa yo anpil sèjousi, yo itilize yo tou nan peyi Kanada, epi yo rive Ayiti. Donk, nou kwè nan «Cache konnen», li trè enpòtan pou chache konnen moun k ap fè yon seri travay enpòtan nan kominote a pou ede lòt ayisyen. Se konsa aswè a nou te resi jwenn konpatiyòt nou Vilsaint ki nan lakou Florid e ki pral fè yon ti koze ak nou sou materyèl li devlope. N ap di w bonswa, Vilsaint epi n ap di w byenveni nan miko «Cache konnen».

**F. Vilsaint:** Mèsi anpil pou envitasyon an Védrine! Mwen aprèsye okazyon sa a pou m fè yon pale.

**E. W. Védrine:** Oke. Kòman lòtbò a ye?

**F. Vilsaint:** Trè byen! Li fè 72 degre farenhay epi atè a agreyab, alòske bò kote w Boston, yo di m gen nèj.

**E. W. Védrine:** Bon, se kontrè a. Nou gen yon tanpèt nèj la a ki toutafè yon pwasondavril an tèm de *tanperati* pou nou kote tout moun oblije rete lakay yo jodiya. Donk, nou swete bagay yo amelyore trè byento dekwa pou n kontinye travay nou pa bò isit. Ebyen, zanmi oditè kòm nou te mansyone w deja, w ap tann Vilsaint lontan; ou kapab fè konesans ak kèk nan liv li yo ki tout kote pa bò isit. Donk se yon plezi pou n gen otè a avèk nou aswè a. Premye kesyon mwen gen pou ou, mwen ta renmen ou fè yon ti pale de sous enspirasyon sa a, istorik antrepriz mezondedisyon *Educa Vision* k ap pouse materyèl seryezman nan lang kreyòl e anglè alafwa pou timoun ayisyen ak tout pwofesè ayisyen.

**F. Vilsaint:** Bon, *Educa Vision* se yon antrepriz ki pibliye liv lekòl. Li pibliye tou liv lwazi nan lang kreyòl. Nou gen kèk tèks tou ki an fransè, nou gen an(n) espayòl men

majorite liv nou pibliye yo, se an kreyòl yo ye. Nou gen apeprè 70 tit. Ladan yo tou gen pwogram òdinatè, tep odyo pou moun tandè, videyo pou moun gade e tandè. Donk, nou gen anpil fòm, anpil diferan tip e nan liv yo, nou gen liv pou referans tankou diksyonè bileng, nou gen liv lekti tankou roman, nou gen diksyonè monoleng (kreyòl – kreyòl) epi nou gen liv nan syans, matematik, jewografi avèk liv istwa.

**E. W. Védrine:** Bon, yon lòt kesyon mwen gen pou ou, kòm mwen wè ou devlope anpil materyèl nan syans tou, ou travay ansanm tou an kolaborasyon ak yon lòt ekriven, an palan de Maude Heurtelou; donk, sanble nou gen yon bakgrawoun nan syans. Èske ou ka fè yon ti pale de enspirasyon sa a tou?

**F. Vilsaint:** Bon, mwen menm, se paske fòmasyon pa m e travay mwen se an *biyochimi* l ye. Avan m te nan piblikasyon, m te nan biyochimi. Mwen gen anpil enterè pou matematik avèk syans, se sa k fè plizyè nan tit nou yo, nou bay domèn sa yo enpòtans yo merite.

**E. W. Védrine:** Oke, mès. Gen yon dènye diksyonè syantifik ou fèk sòti. Sa a, se yon chedèw li ye. Mwen ta renmen ou fè yon ti pale sou li pou moun yo kapab gen yon ide de diksyonè bileng sa a, e ki kapab sèvi anpil nan lekòl Ayiti. Se yon chedèw pou pwofesè, egzatteman pou sa yo ki nan syans pou kapab gade modèl sa a, pou devlope materyèl pou elèv yo.

**F. Vilsaint:** Bon, nou wè gen anpil moun k ap travay sou *diksyonè* (anglè bileng, kreyòl...). Nou twouve te gen yon twou pesòn moun pa t konble, se te pou timoun ki al lekòl sitou nan pwogram bileng oubyen timoun ki al lekòl nan lang matènèl la, nan lang kreyòl pou yo gen aksè devlope vokabilè akademik, vokabilè lasyans, vokabilè matematik; anfen, mo yo rankontre avèk yo e bezwen metrize konprann nan klas primè, segondè. Nou deside kolekte tout mo sa yo ki nan fizik, chimi, matematik, jewografi, mete yo ansanm, ilistre yo, prepare yo ak yon seri «fè» epi avèk tablo pou elèv yo kapab konprann epi si l nesèsè, pou pwofesè yo sèvi avèk yo pou devlope davantay *konsèp* yo enterese devlope a ak elèv yo.

**E. W. Védrine:** Donk, mwen wè se yon trè bèl liv li ye ki antre pa bò isit tou nan *Boston Public Schools* kote kèk pwofesè kòmanse itilize l. Bon, kòm nou konnen travay w ap fè a se yon travay enpòtan epi anpil moun Ayiti rive konnen piblikasyon sa yo, rankontre ak ou tou. Èske ou ka pale nou de enfliyans piblikasyon w yo genyen nan lekòl Ayiti?

**F. Vilsaint:** Bon, se yon bèl koze! Gen kèk lekòl ki kominike ak nou dirèkteman. Nou gen detwa libreri ki distribiye liv yo Pòtoprens men fò m di ou, penetrasyon an poko fèt vrèman. Pi gwo difikilte moun Ayiti genyen sèke yo twouve liv an jeneral chè pou timoun yo, e yo pa gen lajan pou achte liv. E yon bagay ki kòmanse resamman, sèke gen kèk paran Etazini ki kounyeya, lè yo bezwen diksyonè pou timoun yo Ayiti, yo kominike ak nou tou dousman. Yo kòmanse voye yon seri liv bay timoun yo dirèkteman apati Etazini. Bon, se twa fason sa yo liv yo antre nan men timoun yo nou ta ka di. Mwen al Ayiti nan plizyè okazyon kote m rankontre moun nan lekòl ki pa gen resous ditou; mwen rankontre moun nan lekòl ki gen anpil resous e fò m di w gen plis lekòl ki pa gen resous e, pi gwo difikilte yo genyen sèke yo pa gen lajan pou achte zouti pou timoun yo. Pa egzanp, nan Site Solèy, pwofesè yo di nou si yon liv koute plis pase twa goud, ou mèt sèten paran yo p ap achte l.

**E. W. Védrine:** Donk, *faktè ekonomik lan*, mwen kwè se yon bagay ki trè enpòtan nan lekòl Ayiti, men an menm tan tou, èske w eseye pèse pou ta kontakte gouvènman an pa egzanp, pou ta fè yon sòt kontra paske materyèl ou yo trè valab tou pou moun ki wè yo. Donk, se ta yon plezi. Èske w travay nan sans sa a tou?

**F. Vilsaint:** Bon, fò m di w an 1996, nou fè omwen kat vwayaj Ayiti. Nou te gen reyinyon travay avèk plizyè moun nan ministè a, moun ki nan diferan seksyon depi omologasyon jiska rekòmandasyon, devlopman korikilòm tout sa. Men, fò m di ou, anpil pale anpil fèt sou kreyòl se vre, men gen yon *prejije* kont lang matènèl la Ayiti. Prejije sa a ou wè l toupatou depi nan pwofesè (pa tout) jiska moun ki gen responsablite jere lekòl piblik yo, men gen pwofesè ki vrèman gen prejije kont lang matènèl la. Donk, lè nou jwenn moun ki konprann pou kisa li enpòtan pou yon timoun konekte avèk sa l pote nan



saldeklas la, kèlkeswa sa l konnen o pwendvi lang, entèpretasyon milye li, e li enpòtan pou pwofesè a konekte ak sa timoun nan pote a pou avanse avè l, pou vin konnen sa pou l aprann nan. Donk, nou twouve ke gen yon prejije Ayiti. Gen moun ki dakò avèk ansèyman lang matènèl la, gen moun ki pa dakò akòz *tradisyon* yo genyen nan ansèyman fransè; donk nou bite dèfwa sou pwoblèm sa a ki fè nou jwenn bravo, men mouvman kontrè yo konn la, yo limite.

**E. W. Védrine:** Donk, m kwè se yon bagay ki enpòtan tou pou gouvènman an brase edikasyon an, pou l wè enpòtans ansèyman nan lang matènèl timoun nan, epi tou kreye yon pwogram bileng 100% (san pou san), ou konprann? Men, li enpòtan tou pou edikasyon an fèt nan lang matènèl la dabò, espesyalman o nivo elemantè pou timoun nan aprann li e ekri nan lang matènèl li. O nivo diksyonè, mwen konnen ou fè yon pakèt travay deja kote ou pibliye anviwon *sèt diksyonè* si m pa twonpe m. Èske ou ka pale nou de enspirasyon sa a byenke ou nan syans, an menm tan tou, ou travay anpil sou diksyonè. Èske w ka fè yon ti pale de sa?

**F. Vilsaint:** Bon, dabò nou kòmanse yon *diksyonè anglè – kreyòl*; aprè sa, nou wè gen lòt bezwen. Pa egzanp, nan ansèyman lang oubyen konpreyansyon tèks, nou rann kont ke timoun yo bite dèfwa sou espresyon idyomatik yo. Nou devlope yon *diksyonè espresyon idyomatik*. Aprè sa, nou di, nou pa ka fè edikasyon nan lang matènèl si pa gen yon diksyonè ki bay definisyon nan lang orijinal la; donk, nou devlope yon *diksyonè kreyòl – kreyòl*.

**E. W. Védrine:** W ap pale de *Diksyonè Kreyòl Vilsen*?

**F. Vilsaint:** Wi!

**E. W. Védrine:** Oke. Èske ou ka fè yon ti pale sou sa tou? Mwen wè se premye diksyonè kreyòl ki sòti e se yon bagay yo t ap tann depi lontan. Donk, yo potko wè yon *diksyonè kreyòl – kreyòl* byenke majorite diksyonè yo bileng (pa egzanp: anglè – kreyòl, kreyòl –

anglè). Donk, gen de a twa *diksyonè triling* (an twa lang): kreyòl – anglè – fransè, men pa w la, mwen kwè l fè istwa. Èske ou ka fè yon ti pale sou sa?

**F. Vilsaint:** Wi, gen moun ki panse se yon etap li ye. Pou nou gen yon diksyonè monoleng ki bay definisyon yo an kreyòl, egzanp yo, estrikti gramatikal yo, tout bagay an kreyòl. Fò m di ou nou te fè yon tiraj limite. Li epuize kounyeya. N ap travay sou dezyèm edisyon an. Nou gen pase 10.000 (dimil) mo ladan.

**E. W. Védrine:** Bon, kilè dezyèm edisyon an kapab prè pou piblik la ta fè konesans avè l epi achte l tou nan Boston?

**F. Vilsaint:** Nou planifye pou li parèt nan mwa me (dezyèm semèn me konsa) ane sa a.

**E. W. Védrine:** Nou konnen tou trè pwochènman w ap nan Boston pou gran koudyaj literè y ap fè pou Jean-Claude Martineau a pa bò isit. Donk, mwen pa konnen si ou ta vle pale de vant-siyati a; anpil moun wè liv ou tou. Petèt yo ta byen renmen gen siyati otè a ansanm ak ekriyen Maude Heurtelou.

**F. Vilsaint:** Bon, gen 2 roman nou pibliye: *Sezisman!* Epi *Lafanmi Bonplezi*. Elèv yo konnen roman sa yo. Otè a se Maude Heurtelou. L ap akonpaye nou nan vizit Boston an. Donk, m konnen li gen pou l vizite yon lekòl kote pwofesè nan lekòl la sèvi avèk liv yo pou anseye. Timoun yo vrèman eksite, yo ta renmen rankontre li. M konnen li pral nan lekòl la pou l rankontre elèv yo. Pandan espozisyon an nan samdi, l ap disponib, l ap gen plim li nan men l. Pou moun ki ta renmen l siyen liv yo, l ap fè sa avèk plezi.

**E. W. Védrine:** Donk, pou piblik la ankò n ap pale de selebrasyon y ap fè pou powèt Jean-Claude Martineau ki, li menm, gen plis pase trant ane depi l ap frape nan Boston. Tout moun envite nan koudyaj sa a k ap fèt nan *725 Commonwealth Ave. (Boston University)*. L ap fèt samdi 5 avril, a 6:30 (p.m). Donk, se yon koudyaj literè pou n pa rate. Ap gen anpil ekriyen ak atis ka p sot Ayiti, Boston, Nouyòk ak Kanada. N ap kontinye avè w Vilsaint. Nou konnen tou ou fè yon travay totalkapital kote w eseye ede

lòt moun pibliye. Pafwa, gen jèn ekri ki konn ap mande ransèyman kòman pou yo fè zèv yo sòti. Èske w ka fè yon ti rale sou sa?

**F. Vilsaint:** Bon, nou pibliye pou plizyè moun. An pasan, nou fèk pibliye dezyèm edisyon yon koleksyon pwezi ki sòti depi peryòd Endepandans Ayiti jiska 1950. Se dezyèm edisyon an. Li te pibliye an 1950 pa Maurice Lubin. Bon, rapidman, m te vle raple nou sa. Nou asepte maniskri diferan otè, nou revize yo, nou bay priyorite a liv kreyòl oubyen ankò, liv ki ka sèvi nan saldeklas. Donk, nou revize yo epi nou eseye investi ladan yo, si yo reponn a kèk kritè trè presi ke nou genyen. Outreman, si yo pa reponn a kritè nou yo, nou fè rekòmandasyon pou otè yo. Si yo dakò fè chanjman yo, nou rebran tèks yo epi n pibliye yo aprè. Donk, nou pibliye tèks pou plizyè lòt moun tou, e nou vin avèk anpil ekzanplè pou moun ki vle wè yo.

**E. W. Védrine:** Men, an tèm *lang*, chwa nou kanpe sou *kreyòl* ak *anglè* pou pwogram bileng lang? Pafwa gen moun ki ekri an fransè ki konn ap mande enfòmasyon. Donk, mwen kwè nou pi enterese nan kreyòl ak anglè, se sa?

**F. Vilsaint:** Wi, nou bay priyorite sou kreyòl. Bon, tout materyèl edikatif ki ka amelyore sitiyasyon ansèyman an(n) Ayiti, nan pwogram bileng pa bò isit, oubyen ki pote yon metòd nouvo pou anseye, yon apwòch diferan, na p gade l. Nou bay kreyòl priyorite l men si gen yon moun ki voye yon maniskri an fransè e ke lè nou analize l nou wè gen opòtinite pote yon kontribisyon reyèl, n ap konsidere l seryezman tou.

(poz)

**E. W. Védrine:** Lòt kesyon m gen pou ou Vilsaint, se nan ki ane nou kòmanse pibliye?

**F. Vilsaint:** Nou kòmanse an 1990.

**E. W. Védrine:** Wi, pou travay nou fè, m kwè gen yon kote ou mansyone kote nou reyèlman depase nonb piblikasyon mezondedisyon ameriken yo. Donk, m ap mande ou ki filozofi nou anpwaye pou travay rapid konsa pou lanse anpil materyèl?

**F. Vilsaint:** Bon, fò m di ou nou gen anpil lòt edikatè ki vrèman enterese nan kesyon an, ki pasyone de edikasyon. Nou ta renmen wè tan elèv yo pase la a pou aprann sa yo bezwen aprann pou yo vanse, pou yo kapab metrizè anviwonman yo ye a. Gen anpil timoun, fè yo vini, yo te pase lekòl se vre men yo te pase nan yon lekòl ki te alyene yo. Donk, nou te di si n ap devlope kesyon yo, fò yo konekte ak sa yo pote vini an. Keswa nan lang, kilti a, reyalyte a kòm esperyans yo. Se motivasyon yon sòt de pasyon pou nou gen rezilta.

**E. W. Védrine:** Yon kesyon enpòtan mwen gen pou ou se sou «finans» paske anpil fwa yon Ayisyen k ap fè yon bagay isit, yo panse ou gen milyonven oubyen fò ou gen senkant «grant» pou fonksyone. Finalman, mwen pa konnen kòman ou fonksyone pou fè tout travay sa yo. Petèt se yon bagay pèsònèl, men petèt tou nan ti rale sa a w ap fè a, sa kapab ede lòt moun ki ta vle devlope yon pwòje ki kapab sèvi Ayisyen ak Ayiti tou. Èske ou ka fè yon ti pale sou sa?

**F. Vilsaint:** Bon, nou gen twa kritè ki gouvènè desizyon nou: youn ladan, sèke sa n ap pwodui a itil. Dezyèmman, ke l ka peye tèt li (menm si li pa rapòte men nou vle l peye tèt li). Nou pa vle pou n mete lajan nan yon bagay ki yon sòt de *twou san fon*. Donk sa gouvènè nou anpil. Si nou bezwen ekipman, donk nou achte l, nou lwe l, nou prete l. Nou vle pou travay la kontinye menm si nou pa la. Donk, mwen ankouraje tout moun dapre sa y ap fè a pou ale dapre mwayen yo, e an menm tan tou, fò yo pa fè aktivite ki pa nan *twou san fon* paske li p ap dire.

**E. W. Védrine:** Bon, nou konnen se yon bagay serye w ap fè nan mouvman edikasyon an, se li ki #1 (nimewo en) Etazini. Donk, kisa ou ta atann de paran ayisyen yo an tèm de *èd*, kontak pou ta fè konesans avèk materyèl sa yo? Mwen kwè li enpòtan, men kisa ou ta

atann pou *Educa Vision*, pou antrepriz sa a ale pi lwen? Mwen konnen sipò paran timoun yo trè enpòtan nan koze a.

**F. Vilsaint:** Bon, premye konsèy n ap bay paran yo se pou yo konekte avèk pitit yo, konekte avèk lekòl, patisipe nan sa k ap pase, konprann sa k ap pase e zafè kilti a pou timoun yo enpòtan. Li enpòtan pou yo konnen Ayiti, sou Ayisyen, sou lang lan kèlkeswa sa yo li a men, fè yo li l (keseswa an kreyòl, anglè, fransè ou espayòl). Nou ankouraje paran yo pou ankouraje timoun yo li sou peyi yo, sou kilti yo. Kounyeya, youn nan fason timoun yo kapab konekte avèk reyalite peyi yo, avèk reyalite paran yo se aprann li lang yo pale. Yon timoun ki deja metrize lang anglè a, li mèt kontinye men nou vle pou yo li sou Ayiti an(n) anglè, kreyòl oubyen fransè, sa yo kapab la. Se konsèy sa a mwen bay paran yo: rete konekte, rete branche pase lè timoun nan konn kote l sòti, lè li fyè de kilti l, li solid nan avansman l.

**E. W. Védrine:** Mwen kwè sa trè enpòtan pou paran yo menm si yo pa t rive nan yon nivo avanse lekòl, men yo ka achte liv sa yo, paske se yon investisman y ap fè pou timoun nan. Si timoun nan fèt isit tou, li kapab aprann de Ayiti, paran an ka achte liv kreyòl, anglè sou Ayiti. Se yon bèl investisman paran kapab fè olye yo achte rad, yon seri lòt bagay pou timoun nan byenke rad la enpòtan. Mwen kwè liv enpòtan tou, liv sou kilti ayisyen, sou Ayiti. Bon, pou nonb de piblikasyon antrepriz ou a mete deyò, mwen kwè distribitè trè enpòtan. Kòman ou jwenn èd nan men distribitè yo Etazini oubyen Ayiti, pa egzanp si yo fè yon bèl travay pou kadre ou?

**F. Vilsaint:** Mwen pa kwè nou jwenn èd. Okontrè nou bay èd. Bon, gen moun ki pwomouvwa nou san enterè, sa se moun ki pasyone de kesyon langaj, edikasyon, kilti, lekti, elatriye... An jeneral, librerri yo achte liv yo si gen rabè ki enteresan pou yo. Donk, nou bay yon rabè y ap chèche pou ka vann liv yo. Konsa, nan tout gran librerri yo, nou gen youn ou de moun oubyen youn ou de librerri sitou ki fè afè ak nou e ki distribiye liv nou bay kliyan. Ansuit, lòt fason nou distribiye yo se lè moun ekri nou dirèkteman oubyen fakse nou dirèkteman epi yo fè kòmman nan men nou. Donk, nou gen kat fason

prensipal pou n fè distribisyon yo: youn se kay *gwo sis*, lòt la se kay *distribitè*, twazyèm nan se nan *libreri* yo e katriyèm nan se moun ki fè *kòmman dirèk* nan men nou.

**E. W. Védrine:** Mwen gen yon lòt kesyon pou ou tou. Kòm nou konnen sèjousi, zafè entènèt la se yon koze enpòtan tou e mwen wè w itilize l. Èske sa ede ou nan piblisite?

**F. Vilsaint:** Mwen panse li ede m, fè moun ki bezwen liv la konnen liv la egziste, sitou yo menm gen aksè a zouti entènèt la. Wi, se yon zouti mwen panse ki gen anpil valè e mwen santi siyifikasyon l jodiya paske m resevwa kourye elektwonik (kouryèl) ki sot toupatou Etazini e fò m di w tou genyen ki sòti Afrik, gen moun k ap ekri pou voye enfòmasyon ban nou. Dènyèman, nou resevwa yon kourye elektwonik ki soti Lachin, yon lòt ki soti Izrayèl; yo pa anpil men de tanzantan mwen panse entènèt la ban nou opòtinite pou kominike ak moun kèlkeswa kote yo ye a, sitou si yo menm yo gen aksè a zouti sa a.

**E. W. Védrine:** Donk, n ap di w mèsì anpil e nou swete piblik la va vini nan koudyay Martineau a pou rankontre ak ou, pou siyen kèk liv pou yo. E si ou ta gen dènye mo pou kominote Boston an, se kisa l ta ye?

**F. Vilsaint:** Mwen ta di yo kenbe fèm. Boston se yon kominote ki ase solid, ki enterese nan lang nan, ki enterese a peyi a. Kenbe fè m epi kontinye lit la.

**E. W. Védrine:** Ebyen, n ap di ou mèsì anpil pou bèl rale sa a ou sot fè depi lakou Florid. Mwen konnen dòmi nan je w tou. Fò ou al dòmi pou al travay demen maten epi n ap tann ou Boston samdi granmaten. Kenbe la, epi salye moun Florid. Mèsì!

**F. Vilsaint:** Mèsì anpil! Babay!

(fen)

**Apenndis - Pati D: Devlopman Materyèl Didaktik An Kreyòl,  
entèvyou #2 - Entèvyou: Emmanuel W. Védrine ak Vilaire Chéry  
(transkri, edite e tradui nan lang anglè pa: E. W. Védrine)**

Yon Entèvyou ak Vilaire Chéry nan kad rechèch li sou yon envantè mo /espresyon li dokimantè nan konjonkti politik Ayiti a, sòti 7 fevriye 1986 pou rive nan lan 2000. Se te yon plezi pou n te rankontre ak li pandan vizit li nan *Indiana University-Bloomington* pou l te pataje ide rechèch sa a ak nou. 10 desanm 1999.

**E. W. Védrine:** Nou di w byenveni Vilaire nan *Indiana University*.

**V. Chéry:** Mèsi Védrine! Monchè se yon gran plezi pou m fè ti pale avè ou e m ap gen okazyon di w de mo sou rechèch ke m ap fè sou *vokabilè fransè*, ki jan l evolye Ayiti depi 1986. Lè m di 1986', an patikilye, '7 fevriye 86'. Alò youn nan bagay ki te enterese mwen, m pati de yon «konstatasyon». M konstate depi 1986 avèk chanjman politik ki genyen Ayiti yo, chanjman enstitisyonèl, gen yon nouvel konstitisyon ki vini avèk nouvel reyalite enstitisyonèl. Vin genyen tout yon seri refòm ki vin fèt nan estrikti politik peyi a, epui vin genyen yon lòt fenomèn, fenomèn «*liberasyon lapawòl*» ki vin fè ke tout moun gen aksè a lapawòl. Tout moun ap pale nan radyo, nan laprès, ap ekri nan jounal. Se konsa vin gen yon bann mo ki vin sòti, ki pran lari, nou ta di. Gen yon seri de mo sa yo rele «*newolojis*», yon seri mo ki fèk kreye, ki kreye lan kontèks epòk la. Mo nou panse a li tou natirèlman, premye mo a, se yon mo kòm «*dechoukaj*», «*dechouke*», «*dechoukè*». Pita, yo pral menm pale de «*rechoukaj*», «*rechouke*» men se pa sèlman mo sa yo. Mo nou enterese a yo se pa sèlman mo ki fèk kreye; se tout yon seri mo, petèt ki te nan sosyete a men ki te nan yon kouch restren nan popilasyon an, ki te fè pati de sa nou ta ka rele «*yon vokabilè espesyalize*». Gen dwa se manb yon pwofesyon ki itilize l oubyen yon gwoup sosyal an patikilye ki itilize l. Mwen panse a yon mo kòm «*dilatwa*». Se yon mo mesye pwofesyonèl dwa yo: *avoka*, *jiris*, *majistra* te konnen. Gen moun nan sosyete a tou, kèk entelektyèl ki te konnen sa mo a vle di. Si yo te li l, nou t ap konprann sa l vle di men yo pa t gen okazyon anplwaye mo a. Men depi 1986 avèk «*reyalite politik*», «*reyalite enstitisyonèl*» ke l vin bay, pa ekzanp «*parleman*» ki vin devlope yon seri pratik. Mo

'dilatwa' a pa ekzanp, li vin kite «*sphère*» kote l t ap evolye a, «*c'est à dire, le monde des avocats, l'univers des tribunaux*» pou l vin tonbe «*dans le langage de Mr. Tout le monde*». Sa vle di: tout moun jodiya Ayiti konn sa mo 'dilatwa' a vle di paske trè souvan, yo konn anplwaye mo sa a pou defini atitud sèten «*parlemantè*» ou tèl kò nan 'parleman' k ap eseye fè dilatwa, k ap eseye tanporize pou «*gagner du temps*» nan yon seri kesyon. Alò mo a kounyeya se yon mo vin tonbe nan lari e lè l tonbe nan lari a, li pase ni nan krekòl ayisyen, ni nan fransè a. Donk se yon mo kounye a ki fè pati de «*vokabilè ayisyen*». Alò an rapò avèk kesyon sa a, gen «*2 nosyon*» nou ta kab evoke rapidman: se sa yo rele «*vokabilè pasif*» avèk sa yo rele «*vokabilè aktif*» la. 'Vokabilè pasif' la, se yon seri mo ke yon sosyete oubyen yon gwoup nan sosyete a gen dwa konnen; li gen dwa lè l li mo a li konprann sa l vle di men li pa gen okazyon pwodui mo a kòm tèl; li pa gen okazyon anplwaye mo a li menm paske mo a pa fè pati de reyalite vi li, men lè l gen okazyon li l swa nan liv, li tande l nan televizyon oubyen nan radyo, li konprann sa l vle di. E gen yon lòt konsèp ki «*contraire*», «*contraire de*» 'vokabilè pasif' la se 'vokabilè aktif' la. 'Vokabilè aktif' la se tout mo ki genyen ki pase nan sosyete a, kote tout moun gen okazyon itilize l nan vi kotidyen yo, nan pratik pwofesyon yo. Donk se sa. 'Vokabilè aktif' la, yo rele l ankò «*vokabilè pwodikatif*». Alò anpil nan mo m etidye yo se yon seri de mo avan 1986 te gen yon estati mo 'vokabilè pasif', pase yo nan yon estad de «*vokabilè aktif*» sètadi tout moun anplwaye yo kouramman.

**E. W. Védrine:** Bon, nou tande tout diskisyon yo, e nou konnen nan domèn sa a tou nan «*mo nouvo*» k ap antre nan lang lan, jounalis yo jwe yon wòl enpòtan; pa ekzanp nou kapab pran yon seri 'vokabilè pasif' yo, vin reveye oubyen si n ap fè yon «*etid dyakwonik*» epi nan tan prezan, yon «*etid senkwonik*», kòman mo sa yo kapab vin pran lòt sans. Nou kapab pran mo «*lavalas*», kòman li pran yon estansyon apati mwa «*oktòb 1990*» kote l vin gen lòt siyifikasyon. M pa konnen nan sans sa a, kòman ou kapab kòmante tou sou travay rechèch ou a?

**V. Chéry:** Monchè, jounalis yo, nou gen dwa di laprès, jounalis an jeneral se yon, sa n ta rele, «*caisse de resonance*» pou fenomèn n ap pale la yo paske nou sot pale talè a de *liberasyon lapawòl sosyal* ki fèt aprè '7 fevriye 86'. Ebyen jounalis yo jwe yon gran wòl



nan 'liberasyon pawòl sosyal' sa a kote tout moun nan sosyete a, tout moun ki pa t janm bò oken pozisyon, wi politik oubyen ki te toujou rete aleka de kesyon sa yo, tout moun te gen yon pawòl pou yo di, tout moun al nan laprès, al nan radyo, nan televizyon, tout moun ap pale e jounalis yo menm, yo jwe yon wòl estraòdinè nan fenomèn k ap pase nan domèn [langaj](#) la. Jounalis yo, se yo ki ouvri mikwo yo, oubyen tout moun ki gen yon baay pou yo di e nan baay moun k ap gen pawòl pou yo di a, gen anpil ladan yo ki espesyalis, òm politik k ap vini avèk nouvo konsèp, yo menm tou k ap repèkite tout 'mo nouvo' sa yo, tout sans nouvo ke mo yo kapab genyen, se yo menm ki fè l pase nan sosyete a, «*dans l'ensemble de la population*». Gen yon seri de mo ki vin pran nouvo sans ke yo pa t genyen. Ou sot mansyone mo 'lavalas' la Védrine. Mwen genyen l tou nan rechèch mwen an. Efektivman, se yon mo ki vin pran yon nouvo sans depi 1990. Gen yon bann lòt mo konsa, si n pran yon mo kòm [«beton»](#). Beton se yon mo ki te gen plizyè siyifikasyon nan sosyete a men apati de 1986, 87, 88 mo 'beton' an vin pran yon lòt siyifikasyon; li vin genyen tout sans li te gen avan, li kenbe yo men gen yon sans nouvo, yon sans tounèf ki vin grefe sou sa k te la deja yo e sans sa a, li refere a sa n ta kab rele yon [«afimasyon politik»](#). Sa vle di si yon moun di kounyeya [«ou pran beton an»](#), se pa sèlman pou al nan kanaval sou Chandmas men ou 'pran beton an' pou fè pase yon revandikasyon, pou fè pase yon dwa, pou fè pase yon [«priz de pozisyon»](#) ke w genyen. Se nan sans sa a 'beton an' vin pran yon siyifikasyon politik. 'Beton an' se la ke moun defann dwa yo, se youn nan kote moun defann dwa yo, se youn nan kote moun fè pase revandikasyon yo. Donk nou ka di 'beton an' li ranvwaye a yon espas 'afimasyon politik'. Se nan menm kontèks sa a gen w espresyon ki pase an kreyòl e an fransè nou tout konnen ki se [«diplomate du beton /diplomat beton»](#). Fò w konnen kisa 'beton an' vle di, kisa li konote.

**E. W. Védrine:** Se konsa mo sa yo tou, yo pa sèlman rete Ayiti men nou konnen gen yon enpak yo fè sou kreyòl nan dyaspora a, sou Ayisyen k ap viv nan dyaspora a atravè medya a. Nou pran Boston pa ekzanp kote nou tandè mo sa yo: 'diplomat beton' nan konjonkti politik la kote Ayisyen ki nan dyaspora a ki pa vwayaje Ayiti souvan men, ki pran mo sa yo tou alafwa pa radyodifizyon.

(pòz)

Kisa k te pouse w antreprann yon travay konsa?

**V. Chéry:** Sa k te pouse m kòmanse yon travay konsa, se te yon «konstatasyon». M konstate ke malgre tout efèvesans ki genyen nan domèn lengwistik la, nan jan popilasyon an pale, nan jan mo yo ap kreye, nan jan mo ap pran nouvo sans baay sa yo, pa t gen w sòt de travay, de rechèch ki te envantorye fenomèn sa a, ki te travay pou li, ki te travay yon dokiman analiz e de sentèz. Bon, nou konnen anpil nan mo sa yo, dispèse nan journal, yo dispèse sou riban mayetik, estasyon radyo ak televizyon men pa gen oken kote ou ka jwenn yon travay dansanm ki fèt sou yo. M te konstate dabò vid la, e pa gen yon liv ki fè yon travay dansanm sou fenomèn nan epi yon bon jou, m di: pou kisa m pa kòmanse yon travay konsa? Paske byennavan sa m te toujou konn note baay la; m te konn ap di ak madanm mwen: gade tout mo k ap sòti, gade tout mo k ap fèt men pa gen oken travay ki fèt sou sa. Epi yon bon jou, m di: pou kisa m pa kòmanse? E kòm mwen genyen koleksyon journal, tout sòt journal (sa k edite Etazini, revè k fèt Pòtoprens, m di bon m ap mete a pwofi tout baz dokimante sa a, pou m eseye fè travay la. Se konsa lè m etidye mo a, m dekri mo a selon jan yo fè sa nan diksyonè, men an jeneral m vin avèk sitasyon otè ke m jwenn nan journal ke m bay pou montre vrèman ke se yon mo ke anpil moun anplwaye oubyen yon mo ke anpil moun vin anplwaye nan yon sans detèmine. Pa ekzanp gen yon mo m note; se mo «*acteur*» an fransè. Se yon mo ke tout moun konnen, sa yon *aktè* ye, men l gen yon anplwa figire; tout moun ki jwe yon wòl nan w evennman se yon aktè li ye, men yon anplwa espesyalize m vin note ki emèje, ki parèt depi 1986, 87, 88 se lè w anplwaye mo 'aktè' a an referans a «*pèp*» men lè w di 'pèp', se pa «*l'ensemble de la population*» non. Li refere a «*kouch popilè yo*», a sa n ta kab rele «*mas popilè yo*» e trè souvan, anpil sektè, anpil moun konsidere 'pèp la' kòm «*l'acteur principal*» oubyen kòm «*l'acteur de premier plan*». Donk lè m gen «*acteur*» nan liv mwen an, mwen fè sòti aksepsyon sa a, sans espesyalize sa a ke l pran depi 1987, 88 la epi m site kèk estrè. M kwè m site kat ou senk estrè «*emprunté à des auteurs différents*» kote ke mo a anplwaye nan sans sa a. Donk «*l'acteur principal c'est le peuple*». Natirèlman, sa a ranvwaye w a yon lòt konsèp ke n ta ka evoke «*qui est la théologie de la libération*» kote ke nan kouran de panse sa a 'l'acteur principal' yon sosyete se 'pèp la' e lè yo di 'pèp la', se «*surtout les*

*couches populaires de la population», «les couches les plus pauvres», «les couches les plus deshérités».*

**E. W. Védrine:** O.K, nan sa pa ekzanp, nou konnen sitiyasyon lengwistik Ayiti a se yon «diglosi» l ye, kote nou gen «2 lang»: youn domine lòt, nan yon seri ka espesyal lè nou gade itilizasyon lang franse ak lang kreyòl. Kòman ou esplike rapò mo sa yo ki egziste an kreyòl e an franse: *èske yo pase nan toulède lang yo alafwa oubyen nan ki lang yo pase an premye?*

**V. Chéry:** Sa a se yon trè bèl kesyon, m byen kontan. Travay sa a m fè a, m fè l an franse men m te ka chwazi tou pou fè l an kreyòl paske gen sa w ta kab rele yon «entèseksyon»; genyen yon fon komen de mo ki pase nan toude lang yo. Leplisouvan, mo yo fèt nan yon kontèks de «kominikasyon» kreyòl anpil fwa, pa ekzanp, si nou pran **dechoukay**, **dechouke**, tout mo sa yo, yo fèt an kreyòl men franse a vin anrejistre yo, li vin adopte yo, li menm ba yo fòm franse piske «*de chou quer*» alò an kreyòl se «*dechouke*». An franse, trè souvan n ap jwenn 'dechouke' ekri «*ker*» men gen anpil moun ki ekri l tou «*quer*» donk, yon òtograf fransizan. Kòm m t ap di, gen anpil nan mo sa yo se nan yon kontèks kreyòl yo pran nesans, aprè sa yo vin pase an franse men «*à l'inverse*» gen anpil nan mo yo tou, se nan w kontèks **kominikasyon kreyòl**; bon baay la ka fèt nan w kontèks de 'kominikasyon kreyòl' men se yon seri de mo franse kounyeya ki pral vin pase nan sosyete a, atravè kreyòl ke kreyòl la vin adopte. Nou te gen dwa pran menm mo n sot pran la a 'dilatwa'; se jan de mo sa yo, yon seri mo ki franse alorijin men ki pase nan kreyòl, ke tout moun adopte. Donk sa vle di, m ta gen dwa fè travay mwen fè a nan kreyòl olye m etidye evolisyon vokabilè franse a, m ta pral etidye evolisyon vokabilè kreyòl pou menm epòk la.

**E. W. Védrine:** Nou konnen jan w pale a, ou puize anpil nan jounal e sa ki rapòte nan jounal. Sou teren an, nan kad oral pa ekzanp, kòman ou teste mo sa yo alafwa avè pèp la ki pale lang nan: *èske w rete nan jounal, ou al fè tès sou moun yo tou?*

**V. Chéry:** Alaverite, esansyèlman, se nan kad «ekri» ke m rete. Alò, natirèlman mwen menm m ap viv nan kominote a, m genyen pwòp konesans pa m de mo yo, pwòp esperyans mwen fè de mo yo kòm mo ki egziste, kòm mo ke deplizanpli moun ap anplwaye. Natirèlman, mwen gen pwendvi pèsònèl mwen ke m eseye mete de kote pou m kite lòt moun pale. Lòt moun m kite pale yo, jeneralman se nan jounal, se nan revyi, se nan magazin ke nou fè relve sitasyon oubyen mo y ap pale yo men nou gen dwa di ke mo nouvo nou pran yo, se mo ki an jeneral nan sosyete a. Natirèlman, gen yon seri mo, se pa tout kategori nan popilasyon an ki di yo, gen w seri de mo se plis «[klas entelektyèl la](#)» ki di yo si n pran w mo kòm «[sosyete sivil](#)». Kounyeya tout moun ap pale w de 'sosyete sivil' la an(n) Ayiti.

**E. W. Védrine:** Ki definisyon l pou kounyeya?

**V. Chéry:** 'Sosyete sivil' la se sa w ta kapab rele «*les secteurs organisés de la société*» ki t ap poze l kòm yon «*contre pouvoir par rapport à l'état, par rapport*» a enstans ofisyèl yo. 'Sosyete sivil' la se yon konsèp natirèlman filozofik ki te devlope pa anpil otè dantan lontan, men nan sans ke l anplwaye an(n) Ayiti depi 87, 88, 89 se nan sans «*de la société des citoyens, la communauté des citoyens*» antan ke yon ansanm òganize de sektè nan sosyete a ki pran «*des positions de citoyens*» ki kab fè pase pwendvi yo pa rapò a sa ke n rele «leta». Si n ta vle, yon 'sosyete sivil' se ta yon sòt de «*contre pouvoir*» ki la pou leta konnen ke se pa li menm sèl ki la, pou l ta garyonnen jan l vle nan savann nan. Gen w 'sosyete sivil' ki anfas li, k ap fè «*des propositions*» men ki ap entèvni tou lè l pa dakò avèk de bagay k ap pase pou l di li.

**E. W. Védrine:** Ou mete yon seri «[òganizasyon popilè](#)» nan kad sa a tou?

**V. Chéry:** M pa konnen ki sans ou di li.

**E. W. Védrine:** Pou fè leta tande revandikasyon yon seri gwoup pa ekzanp.

**V. Chéry:** Wi, bon se sa. Sa n rele 'òganizasyon popilè yo' se sa n rele «*groupe de pression*», yon lòt nosyon ki trè enpòtan Ayiti. M mete nan liv la tou, yo fè pati de 'sosyete sivil la'. Se yon seri gwoup ki pa fòseman la pou okipe yon fonksyon politik

ofisyèl kòm tèt, men ki la nan 'sosyete sivil la'. Yo gen pwendvi yo, revandikasyon yo, fristrasyon yo, opinyon yo sou yon seri kesyon oubyen yo fè pase li, donk gwoup sa yo fè pati danble de sa yo rele 'sosyete sivil la' e mo 'sosyete sivil la', ou jwenn li an fransè e an kreyòl. Tout moun ap pale se 'sosyete sivil' an kreyòl.

**E. W. Védrine:** Oke. Mèsi! VC. Se yon bèl travay w ap fè nan kad «leksik kreyòl e fransè» alafwa, pase nou mansyone tèm 'diglosi' a kote nou pa kab pale de 'fransè' pou n ta kite 'kreyòl' dèyè, nou pa ka pale de 'kreyòl' epi pou n ta kite enfliyans 'fransè' dèyè. Kesyon m gen pou ou kounyeya se: *kisa w panse de reyaksyon piblik la lè liv sa a sòti, pou y al li travay sa a, espesyalman pa tèlman gen anpil moun ki fè tip rechèch sa a?* Bon, mwen kòmanse yon tip travay konsa, yon koleksyon mo tou ki pibliye an (1994), yon travay paralèl. Mwen kontan, m wè gen moun k ap fè travay sa a. *Kisa w panse de reyaksyon piblik la pa rapò a liv sa a lè l pran lari?*

**V. Chéry:** M panse se yon travay ke moun ap resevwa byen, pase se yon travay de rechèch, se yon travay petèt ki pral pale de yon seri fenomèn petèt ke anpil moun sètènman deja obsève nan sosyete a swa ke yo rezone, yo reflechi sou li oubyen yo jis konstate l; sa pa ale pi lwen men m konnen lè travay sa a sòti, anpil moun pral di: a, sa a te yon nesosite, sa a se te yon bezwen, fò te gen yon moun pou te fè travay sa a. Mwen menm, mwen trè optimis, se sa k fè tou menm lè m fatige, monchè, m travay sou li samdi, dimanch; dèfw a m travay ase ta lè swa sou li paske m konnen se yon travay anpil moun ap resevwa ak anpil plezi. Fò m di tou se se yon rechèch li ye, se vre men m eseye vize m ta di w yon piblik jeneral. Donk se yon liv, byenke l ap devlope yon metodoloji kanmèm, inivèsitè, nou ta di men n ap gen yon metodoloji trè rigourez. An menm tan tou, se pa yon liv k ap enterese chèche sèlman, men se pou nenpòt moun ki ta enterese a sa k ap pase «autour» de yo, ki ta enterese a fenomèn lang nan. M panse se ak anpil enterè l ap gen yon ekzanplè nan men li, l ap feyte li e l ap panse se yon sous de dekouvèt e de juisans pou li pase mwen menm pèsònèlman, m pran anpil plezi lè m ap dekouvri bagay yo, lè m ap ekri bagay yo, m pran vrèman anpil plezi. Donk mwen panse ke anpil moun pral pran plezi menm jan avè mwen paske se yon travay kanmèm ki adrese l a tout moun.

Se pa sèlman moun k ap fè rechèch ki enterese nan kesyon lengwistik. Donk se tout piblik la, yon ouvray pou tout piblik la ak yon metodoloji kanmèm rigourez.

(fen)

**Apenndis - Pati E: Devlopman Materyèl Didaktik An Kreyòl, Entèvyou #3 - Eddy Le Phare, E. W. Védrine**

Entèvyou sa a te reyalize sou antèn «Radyo Ayiti Fokis» nan dat 22 septanm 1996 nan Boston ak animatè Eddy Le Phare. Li baze sèlman sou *Gramè Kreyòl Védrine*. Envite espesyal: Emmanuel W. Védrine.

**E. Le Phare:** Bon, m ap di bonjou a tout fanatik k ap koute «Miwa Marasa», espesyalman, fanatik «Ayiti Fokis». Kòm nou te anonse anba «Miwa Marasa», nan twazyèm pati pwogram nan, se yon entèvyou ak Emmanuel W. Védrine, ki nan estidyo a ak nou jodiya. N ap mande tout moun k ap koute, espesyalman moun ki konn kreyòl, moun ki ta renmen konnen plis sou kreyòl, moun ki ta renmen konnen kote kreyòl la ye, moun ki ta renmen konnen kote avni kreyòl la ye, youn di lòt, avanse pi pre, pa dekonekte paske nou gen youn nan moun ki trè aktif nan zafè kreyòl pa bò isit avèk nou, kote n a va diskite sou yon gramè li fèk sòti. M ap di tou, pèsonalite sa a ekri plizyè ouvraj avan l te ekri gramè sa a. Pami yo, li ekri:

*Dictionary of Haitian Creole Verbs With Phrases And Idioms, Ide pou kreye yon High School Ayisyen prive nan Boston, Materyèl Edikatif Pou Bileng Ayisyen, Di yon vèb tire yon kont, Poetry in Haitian Creole, Ti istwa kreyòl: Short stories in Haitian Creole, Un stylo international, Yon koudèy sou pwoblèm lekòl Ayiti, Koze lanmou, 23 Poèmes en français et en haïtien, Peyi m rele Ayiti, Dis powèm sou lanati, Petit lexique du créole haïtien, N ap aprann pwovèb ayisyen, Kri pou liberasyon, Manyèl pou anseye semine kreyòl ayisyen ...*

Atravè zèv sa yo, li montre enterè l menm jan ak lòt moun ki ta renmen wè yon avni pou lang kreyòl la vanse. M ap di Bonjou Védrine.

**E. W. Védrine:** Bon, m ap di w bonjou Eddy epi m ap salye tout moun k ap tande pwogram «Miwa marasa».

**E. Le Phare:** Ebyen bon, ou konnen rezon an deja, se pou nou pale de gramè sa a ou fèk sòti. E anndan vant travay nou pral fè a, n ap touche de aspè: yon aspè kote n a pral chèche konnen nan travay ou fè a kote l sòti. Dezyèm aspè a, n a va mande ou pou kisa se konsa li fèt, pou kisa li pa ta ka fèt yon lòt jan. N ap antre dirèkteman nan gramè a e nou konnen andepi de tout efò n ap fèt sou lang nan, nou vin genyen yon ekriyen pami lòt k ap ekri yo, ki vin ak yon gramè e andeyò de sa, nou panse ki ka poze yon premye pyon oubyen yon premye wòch ki plante nan jistifikasyon n ap chèche bay lang kreyòl la. Toudabò, èske w ka esplike nou filozofi sa a, ki kote l sòti?

**E. W. Védrine:** Bon, an patan, fò m di w gen anpil moun ki pibliye zèv deja sou lang kreyòl la. Genyen plizyè zèv ou ka analize, ki touche anpil aspè gramatikal lang kreyòl la. Donk, mwen fè anpil fouy sou sa, gen anpil otè ki pote kontribisyon pa yo deja. Si nou pral nan iswa, nou kapab derape ak Jules Faine\* ki youn nan filològ ayisyen trè popilè atravè rechèch li, pou apò li bay nan koze lengwistik, nan koze dokiman sou lang kreyòl la. Youn nan liv enpòtan Jules Faine te mete deyò se: *Philologie Créole\** (1936) ki te pran pri sa a: «Prix de l'Académie Française». Jules Faine kontinye ekri lòt gwo liv sou kreyòl tèlke *Le créole dans l'univers\** (1939). Aprè sa, li pibliye anpil zèv atravè jounal nan peyi Ayiti. Li te kòmanse travay sou diksyonè tou; finalman, pa tèlman lontan, ak konkou lengwis Gilles Lefèbvre ansanm ak yon gwoup espesyalis nan «Université de Montréal», «Édition Lemeac» (Kanada) pibliye maniskri yon diksyonè Jules Faine te ekri (avan l mouri an 1958), *Dictionnaire français – créole\**. Nan kad sa a, nou wè anpil chemen li ouvè pou rechèch ak lòt moun k ap vin aprè l pou kontinye fè rechèch. Aprè Jules Faine, nou kapab pale tou de Suzane Comhaire\* ki bay anpil kolaborasyon nan koze lengwistik kreyòl. Li pibliye yon liv enpòtan ki rele: *Syntaxe de l'haïtien\**. Aprè sa, nou kapab vin tonbe sou Pradel Pompilus ki yon kritik literè e lengwis ayisyen an menm

tan. Youn nan zèv li yo nou kapab site, se: *La langue française en Haïti\** ki sèvi kòm tèz doktora li te prezante nan *Université Sorbonne* (Paris). Li gen tou plizyè zèv lengwistik nou kapab analize ki gen aspè gramatikal tèlke pa egzanp: *Contribution à l'étude comparée du créole et du français à partir du créole haïtien\**, *Manuel d'initiation à l'étude du créole\** ak anpil lòt zèv. Nou kapab pale de Albert Valdman\*, yon lengwis fransè k ap fè rechèch depi lontan sou kreyòl ayisyen. Valdman pibliye plizyè zèv, plizyè atik sou kreyòl ayisyen; anpil gen pou wè ak aspè gramatikal lang kreyòl la tèlke: *Annale kreyòl\** (1998). Se yon leksikograf tou ki pibliye yon koken chenn diksyonè ki rele: *Haitian Creole – English - French Dictionary\** (1981). Se yon espesyalis nan lengwistik kreyòl ak lengwistik fransè. Nou ka mansyone Ernst Mirville\* (Pyè Banbou) ki jwe yon wòl enpòtan kòm direktè, fondatè «I.L.A.P» (*Institut de Linguistique Appliquée de Port-au-Prince*). Mirville ap anseye kreyòl depi lontan e li pibliye yon ventèn zèv sou kreyòl, pou frankofòn k ap aprann kreyòl ak rechèch lengwistik sou kreyòl. Nou gen Jean Targète ki pibliye *Advanced Grammar of Haitian Creole\** (1972). Nou ka mansyone lengwis tèlke Pierre Vernet\*, yon lengwis ayisyen, ki pote anpil kolaborasyon atravè rechèch li sou kreyòl. Li ekri plizyè zèv tou, plizyè tèz sou kreyòl nan «Université Sorbonne». Pami zèv Vernet yo, nou ka mansyone: *Techniques d'écriture du créole haïtien\** (1980) ki yon gid trè enpòtan sou ekriti lang kreyòl la e an menm tan, yon liv ki rich ak «aspè gramatikal» ladan. Nou ka mansyone Yves Dejean, yon lengwis k ap frape lontan sou kreyòl, yon chèchè ki pibliye plizyè liv sou kreyòl e ki kapab adapte nan pwogram alfabetizasyon ak edikasyon bileng. Nan plizyè liv sa yo, Dejean touche anpil aspè gramatikal lang kreyòl la. Nou kapab pale de Alix Renaud\* ki yon powèt, womansye ayisyen k ap viv lontan nan peyi Kanada. Resamman, Renaud sòti yon liv ki rele *Pale kreyòl\**. Byenke liv sa a fèt pou frankofòn k ap aprann kreyòl, li touche plizyè aspè gramatikal lang kreyòl la. Nou tonbe kounyeya sou Edner Jeanty\* ki mete plizyè liv kreyòl deyò deja. Youn nan liv Jeanty yo ki touche anpil aspè gramatikal, se: *Let's learn Creole!\** Jeanty se yon tradiktè ki fè an menm tan yon bèl travay sou «kilti oral la». Lè n ap pale de 'kilti oral', pa egzanp, nou ka mansyone «kont», «pwovèb»... Yon liv pwovèb li pibliye an kreyòl e an anglè, gen pou tit: *999 Pwovèb Ayisyen\**. Nou ka mansyone chèchè tèlke Mikelson Hyppolite ki fè yon bèl travay tou nan literati kreyòl la. Youn nan liv li yo, *Pwovèb ayisyen aplike*, pibliye an twa lang (kreyòl, fransè, anglè). Li pibliye lòt



liv tou ki an rapò ak «lengwistik kreyòl» e ki touche plizyè aspè gramatikal lang lan. Gen plizyè tèz anpil chèchè ayisyen e etranje ekri deja sou lang kreyòl e tanzantan gen rechèch k ap kontinye pibliye; rechèch ki gen pou wè ak aspè lengwistik oubyen aspè gramatikal lang kreyòl la. Mwen kwè tout liv mwen mansyone yo trè enpòtan si n ap fè rechèch sou kreyòl pou tyeke referans. Ansòm, nou wè devlopman kreyòl la lè nou fè tout analiz sa yo, gwo rechèch k ap pibliye sou kreyòl. De jou an jou, sa vin ogmante sou prestij lang kreyòl la.

**E. Le Phare:** Andeyò de tout filozofi sa yo, èske w ka pale nou ekzakteman desizyon ki te pouse w ekri gramè sa a? Mwen kwè ou pale de tout antesedan sa yo, yon seri moun ke w li rechèch yo pibliye. Èske w wè nan travay yo t ap fè a, atravè rechèch ou fè sou moun sa yo, sa te pèmèt ou panse tou a yon gramè kreyòl oubyen nan ki kontèks kontribisyon tout moun ou sot pale yo ki fè w vin mete *Gramè Kreyòl Védrine* sou pye?

**E. W. Védrine:** Lè moun ap fè rechèch, ou vini ak yon bagay nouvo. Gen moun ki ka rele sa «envansyon». Kèseswa nan syans ou nan literati, ou pa annik rete konsa ou di w envante yon bagay san ou pa t konsilte anyen, san ou pa t tyeke sa moun fè deja. Byenke ou ka vin ak yon bagay nouvo, men ou toujou baze envansyon oubyen rechèch ou a sou sa ki te egziste. Sètadi, lè w gade zèv ki mansyone deja oubyen chèchè sa yo ki pote anpil kolaborasyon, mwen wè gen yon bagay ki manke: mwen wè pa gen yon gramè kreyòl ki ekri an kreyòl e ki kouvri tout aspè lang lan, yon tèks ki ka itilize pou anseye Ayisyen nan lang manman yo. Se rezon sa a ki fè m te vin fè yon travay diferan de otè mwen mansyone yo.

**E. Le Phare:** Bon, ou fè yon travay diferan pou te ka sòti gramè sa a. Men yon ti aspè toujou, yon travay diferan konparativman a kisa?

**E. W. Védrine:** Bon, Sètadi, gramè sa a, yon liv de 354 paj, ak tout aspè gramatikal li kouvri, ekri sèlman nan lang kreyòl. Lòt liv mwen mansyone yo, an majorite, ekri an Fransè. Y ap sèvi frankofòn oubyen Ayisyen ki pale Fransè e ki ap fè rechèch sou kreyòl, lengwistik kreyòl oubyen sou aspè gramatikal lang kreyòl la. Men anpil nan liv sa yo pa

kapab itilize, si w vle, kòm tèks pou anseye Ayisyen kreyòl. Yo plis oryante nan nivo liv rechèch oubyen pou etranje ki bezwen konnen apwopo lang kreyòl la. Nan rechèch pa m nan, mwen analize tout rechèch sa yo, oryantasyon yo epi mwen vin ak yon rechèch tounèf, yon tèks pou itilize nan lekòl (plis nan nivo mwayen, segondè e siperyè). An menm tan tou, *Gramè Kreyòl Védrine* se yon liv rechèch trè avanse, yon liv referans pou chèche ak pwofesè.

**E. Le Phare:** Si m pa twonpe m, mwen kwè ou mansyone yon kote ki plis an rapò ak moun ki maton nan kreyòl deja. Èske w ka esplike difikilte yon moun ki pa espesyalize an kreyòl ka rankontre nan *Gramè Kreyòl Védrine*?

**E. W. Védrine:** Bon, an tèm de «difikilte», mwen pa kwè yon Ayisyen pral rankontre pwoblèm. Non, mwen pa kwè sa. Mwen esplike tout bagay nan liv la. Kèlkeswa nivo moun nan, l ap konprann liv la, kit li pa lengwis kit li pa grameryen. Mwen fè yon travay kote lektè a ap jwenn li nan beny li. Tout bagay esplike etap pa etap. Kòm mwen mansyone deja, sa depan de nivo moun nan. Pa egzanp, analiz yon moun ki pa lengwis oubyen grameryen ap fè p ap menm ak sa de espesyalis sa yo ap fè.

**E. Le Phare:** Bon, kòm ou konnen, lè yon ekri ekri yon entwodiksyon nan yon liv avan yon chapit kòmanse, gen yon plas enpòtan ladan. Anndan liv sa a, aprè entwodiksyon an, ou fè yon pale de lang kreyòl la kote ou bay yon ti goutte sou sa ou rele: «Bay kreyòl la elan». Nan tèt sa a, mwen panse gen yon filozofi, gen yon soufrans; an menm tan tou, yon vizyon. Èske w ka esplike kontèks ki fè w vin ak yon tèt parèy sa a paske anndan l, mwen panse gen anpil detay?

**E. W. Védrine:** Ki filozofi ki dèyè tèt sa a: 'Bay kreyòl la elan'? Filozofi sa a se pouse kreyòl la. Lè m ap pale de «elan», mwen vle di: fè bagay pozitif pou vance. Mwen kwè nan tout devlopman lang, gen yon seri travay ki pou fèt. Pa egzanp, mwen ka pale de òganize seminè, kolòk, woumble pou diskite sou lang lan, pou vin gen plizyè brase lide, pibliye atik, fè emisyon radyo, televizyon. Mwen kwè tout aktivite sa yo vin antre nan kad 'elan'. Si n ap gade tèt sa a, mwen fè yon seleksyon atik kèk ekri ayisyen te

pibliye nan yon revyi mansyèl, *Edikatè à l'Éducateur* oubyen nan kèk jounal. Mwen ka mansyone non tèlke: Michaëlle Auguste («[Yon reyinyon pou bay kreyòl la plis fil](#)»), Carrié Paultre\* («[Boukan, jounal moun ki fèk aprann li kreyòl](#)»). Deslande Rincher\* («[Kèlke konsèy pou bay kreyòl la jarèt nan peyi Ayiti](#)»), Mango Dyesifò\* («[Ann ede kreyòl la fleri](#)»). Mango Dyesifò se yon chèche trè koni atravè yon ribrik ebdomadè li te konn pibliye nan jounal *Haïti Progrès* ki rele «[Lang manman nou](#)». Nan ribrik sa a, mwen kè Dyesifò, fè yon bèl travay sou «[etimoloji](#)» ak «[filoloji](#)» lang kreyòl la oubyen ki travay pou n fè pou n kontinye pouse lang kreyòl la.

**E. Le Phare:** Dezyèm aspè mwen te wè, sèke ou antre avèk C.P.A.L, ki petèt sèvi yon egzanp nan travay w ap fè. Ki enpòtans sa genyen nan *Gramè Kreyòl Védrine*?

**E. W. Védrine:** Bon, kòm mwen mansyone Carrié Paultre deja ki otè atik sa a: «[Boukan, jounal moun ki fèk aprann li kreyòl](#)». C.P.A.L vin tonbe kounyeya nan atik li a kote Paultre di:

- «1. Pifò moun ki pale kreyòl pa t fin dakò pou sèvi ak lang lan nan edikasyon pèp la.
2. Pa t prèske gen monitè pare pou montre granmoun li an kreyòl
3. Sant yo pa t ka jwenn kantite liv ak kaye yo te bezwen pou travay la.
4. Lè moun yo te fin aprann li, yo pa t prèske jwenn anyen pou li.»

Pou legliz potestan yo ka jwenn solisyon, yo mete tèt ansanm epi yo monte yon komite ki rele an fransè: *Comité Protestant d'Alphabétisation et de Littérature* (C.P.A.L)»

Li kontinye nan atik la pou l montre w ki desizyon kèk legliz potestan te kòmanse pran pou pote yon solisyon nan pwoblèm lan. Paultre mansyone tou kòman jounal *Boukan* te rive pran nesans. Mwen kwè jounal *Boukan* se yon jounal trè enpòtan tou nan devlopman ak literati lang kreyòl la kote l te konn fè mizopwen sou sijè tèlkòm: *alfabetizasyon, agrikilti, sante*, elatriye, bagay ki enpòtan pou pèp ayisyen konnen. Anplis, yo te gen yon pwogram tou sou antèn «[Radyo Limyè](#)» ki te rele «[Konesans se richès](#)». Se yon pwogram

ki pote anpil eklèsisman pou Ayisyen, pou peyizan nou yo, moun ki plis sèvi ak lang kreyòl la.

**E. Le Phare:** An jeneral, nou kapab wè e tandè tou ki jan Védrine te chita pou l vin avèk gramè sa a. Bon, m ap antre dirèkteman nan aspè gramatikal yo e kòm mwen te di ou, pandan w ap pale, an menm tan n ap fè kritik sou yon bagay nou panse daprè nou menm fèt pi byen. Etan lengwis, grameryen e an menm tan otè liv sa a, nou pral pale ansanm avè w sou sa e si nou te kapab fè yon ti referans nan zafè gramè a, kòm tout lang yo prezante prèske menm jan, nou kapab wè ou pale nòmalman nan premye chapit la kote w touche plizyè pwèn: òtograf kreyòl la, son, vwayèl, konsòn, grafèm, kontraksyon, apwostòf, tirè, ponktiyasyon, aksanfòs, majiskil, miniskil, italik, gimè... Travay sa a, mwen panse l pran tan e gen anpil lòt bagay ke ou san dout reyalize. Premyèman, *èske w ka pale nou nonb de tan liv sa a pran pou te ekri l?*

**E. W. Védrine:** Bon, lè m ap travay sou yon pwojè, mwen toujou bay tèt mwen yon limit, konbyen tan m ap pran pou reyalize sa. Mwen te pran ennan pou konplete liv sa a kote m te mete omwen sizèdtan pa jou ap fè rechèch.

**E. Le Phare:** E malgre tout sa ke nou wè, mwen te kapab avanse yon premye kritik. Nan plizyè okazyon, mwen wè ou fè referans a plizyè moun. Pa ekzanp, nan premye chapit la kote m panse ki te ka dirèkteman travay Védrine, poutan ou refere a Yves Dejean\* (Iv Dejan) ke w entwodui nan chapit la. Ki rezon ki fè se yon otè ou pran andeyò de ou menm pou anbrase valè l nan chapit sa a?

**E. W. Védrine:** Kòm mwen di deja, lè w ap fè rechèch, gen yon seri moun ki te deja fè yon seri bagay. Donk, fò ou analize sa yo fè e an menm tan, ba yo tout kredi nesèsè. Yves Dejean se yon chèchè ki trè enpòtan pou konnen si w ap fè rechèch sou lengwistik ayisyen. Bon, gen tou plizyè lòt chèchè ayisyen enpòtan nan koze a men kòm ou mansyone Yves Dejean, m ap rete sou li. Kilès Yves Dejean ye? Se yon lengwis ayisyen ki pase plizyè ane nan Nouyòk ap fè e pibliye rechèch sou kreyòl, lengwistik ak edikasyon bileng. Nou konnen ki travay li fè deja nan devlopman materyèl kreyòl pou

edikasyon bileng kote anpil lòt pwofesè vin benefisye de travay sa yo. Aktyèlman, Dejan ap viv Ayiti kote l ap kontinye travay li, toujou nan kad edikasyon ak rechèch. Youn nan atik li yo ki te fè anpil eko sou nouvo òtograf kreyòl la, se: «[Ann kaze koub òtograf kreyòl la](#)»\*. Revi *SEL* mansyone: «Atik sa a te parèt deja nan nimewo 358 (26 oktòb 1980) nan jounal *Le petit samedi soir*. Malerezman, yo te chanje tit la, yo te mete '[Jouke kreyòl la pi ro](#)' e yo pa t di se Iv Dejan ki ekri l...». Mwen kwè l enpòtan lè n ap fè rechèch pou n bay moun kredi kote yo merite. Pafwa ou konn jwenn moun ki swadizan chèche k ap eseye pase sou yon seri moun ki kontribye nan rechèch yo a. Yo konsyan lè yo fè sa, yon fason pou lòt moun glorifye yo sèlman. Se sa k fè nan tout rechèch mwen pibliye ou toujou jwenn referans, referans dirèk a lòt moun. Mwen toujou bay tout moun kredi, yon fason pou rekonèt kolaborasyon yo nan travay pa m nan (endirèkteman). Se rezon sa a ki fè mwen repibliye atik Yves Dejean an nan *Gramè Kreyòl Védrine*. (1996, pp. 35-40); mwen kwè se yon bèl atik ki pote anpil eklèsisman sou nouvo òtograf kreyòl la epi tou, se yon referans dirèk.

**E. Le Phare:** Bon, m ap kontinye ak yon kesyon ki trè enpòtan; nou konnen anndan vant *Gramè Kreyòl Védrine* gen yon bagay selon jan w diskite l, mwen panse ou ta renmen pale de li. M ap pale de «[kreyòl swa](#)». Mwen panse ou gen anpil pou ta di sou sa.

**E. W. Védrine:** Bon, si w pran [kreyòl swa](#) pa ekzanp, ou kapab gade yon sòt «[varyasyon](#)» oubyen «[varyasyon dyalektal](#)» ki egziste sa yo rele «[dyalèk](#)». Mo «[dyalèk](#)» la, se yon mo ki sòti nan lang grèk e ki gen pou wè ak «lang». Men lè n ap pale de 'dyalèk', kounyeya (an tèm lengwistik), sa vle di: varyasyon yon lang kapab genyen (pa egzanp o nivo fonetik, pwononsiyasyon, semantik) nan yon zòn patikilye. Nan ka sa a, ou kapab pale tou de 'dyalèk' ki egziste anndan lang kreyòl nou pale a. 'Kreyòl swa' se yon tèm ke lengwis fè rechèch sou li deja. Pa egzanp, pwofesè Albert Valdman te fè yon prezantasyon sou sa nan setyèm konferans anyèl «H.S.A» (*Haitian Studies Association*) ki te fèt nan vil Milwaukee, eta Wisconsin (Ozetazini) nan dat 13 oktòb 1995. E menm avan sa, yo pibliye yon kritik Valdman nan liv sa a: *La République Haïtienne* (Gerard Barthélemy et Christian Girault. Éditions KARTHALA, 1993) kote Valdman di:

«*Kreyòl swa* a pa sèlman yon kesyon de vwayèl oral. Se yon kesyon de estrikti gramatikal. Se tou yon fason pou pale, yon fason pou konprann oubyen sezi bagay yo. Pwoblèm mwen poze a pa yon pwoblèm kreyòl pale, men se kreyòl ekri. Se de bagay diferan. Moun ka pale 'swa' epi ekri 'rèk' oubyen, li klè pou moun ki ekri an kreyòl rèk fè efò sa a pou adaptasyon. Malerezman, nou pa obsève konpòtman pale peyizan yo men mwen pa gen dout fason yo pale a varye selon sikonstans yo. Yo gen yon fason 'fòmèl', yon lòt 'enfòmèl', tout yon varyasyon. Mwen kwè l ta trè enpòtan pou konnen ka Ayisyen an, obsève nèt konpòtman pale peyizan yo si nou vle reyèlman mesaj ki ekri pou yo a kapab dechifre. Mwen kwè gen kesyon enpòtan yo pa t janm poze nan diskisyon sou òtograf la: pou kilès yo ekri, kilès ki pral li tèks sa yo?». (Tradiksyon franse - kreyòl: E. W. Védrine).

Nou kapab di tou, *kreyòl swa* a se yon varyasyon remakab pami moun ki bileng (an patikilye, Pòtoprensyan). Yo gen tandans itilize yon seri mo oubyen pwononse yo «*alafransèz*» (pwononse yon mo kreyòl ak yon pwononsiyasyon franse lè majorite lokite natifnatal ta pwononse ak yon pwononsiyasyon kreyòl), fè «*ti bouch pwenti*» oubyen ... Se yon varyasyon ki pwòch tou a «*kreyòl fransize*». Pa egzanp, yo ka foute «*R*» kote majorite lokite natif pa ta mete l. Pwoblèm ki vin prezante kounyeya, se yon kesyon «*nòmalizasyon*» (an tèm *chwa* lè n ap ekri). Nan kèlkeswa lang nan, 'varyasyon dyalektal' toujou egziste. Nan ka kreyòl swa, kèk Ayisyen kapab wè l kòm yon «*dyalèk prestijye*» ki kouran lakay Pòtoprensyan e ki ka an menm tan, konsidere kòm yon «*idyolèk*» (yon dyalèk nan anviwonman kote se yon ti klik moun ki pale l pa rapò a yon majorite moun ki pa pale l).

**E. Le Phare:** Yon aspè lang mwen wè w touche se «*filoloji*». Èske ou ka fè yon diskite sou sa?

**E. W. Védrine:** «*Filoloji*» kapab defini kòm etid istorik yon lang. Etid sa a kapab fèt atravè analiz kritik, yon seri tèks. Se yon etid ki chita nan kad «*istwa lang*» (etid dyakwonik, senkwonik) oubyen tou, «*lengwistik istorik*». Pa egzanp, si w ap trase rasin

mo kreyòl yo, nou ka wè rasin lang sa yo: *fransè, afriken, endyen, panyòl, anglè* ak tout yon istwa dèyè peyi a (devlopman ou enfliyans yo).

**E. Le Phare:** Lòt aspè ki genyen anndan gramè sa a se koze «**diksyonè**» a mwen wè w touche. E m panse ke diksyonè jwè yon gwo wòl. Èske ou ka pale nou de esans aspè sa a ke w touche anndan vant *Gramè Kreyòl Védrine*?

**E. W. Védrine:** Bon, mwen te vle prezante yon travay kote mwen ta renmen enkli tout bagay ki kapab sèvi kòm rechèch pou analize nan lang kreyòl la sou tout pwen. Se filozofi ki dèyè liv sa a. Mwen kwè nan devlopman lang, **diksyonè** ak **gramè** jwe yon wòl enpòtan. Se 2 zouti pou fè lang nan vanse. Sa diksyonè a fè li menm, se rekeyi mo ki nan lang lan, gwoupe yo, defini yo (tou depan de diksyonè a). Nan kad sa a, diksyonè kapab defini kòm yon rekèy mo, espresyon ki ranje annòd alfabetik ak tout definisyon yo pou pote yon enfòmasyon oubyen yon eklèsisman sou mo sa yo. Diksyonè kapab vin tou sou fòm «**leksik**» (yon mo tokay pou diksyonè nan anpil ka). Gen plizyè diksyonè, leksik kiibliye deja sou kreyòl ayisyen; pami yo, nou ka site:

1974. PELEMAN, L. C. *Diksyonè kreyòl - fransè*

1974. FAINE, Jules. *Dictionnaire français - créole*

1976. BENTOLILA, Alain. *Ti diksyonè kreyòl - fransè*

1981. VALDMAN, Albert. *Haitian Creole - English - French Dictionary*

1989. JEANTY, Edner. *Diksyonè kreyòl - anglè / Creole English Dictionary*

1989. FREEMAN, Bryant. *Diksyonè Òtografik Ayisyen*

1989. HYPPOLITE, Michel-Ange. *Atlas kò moun*

1989. FREEMAN, Bryant. *Dictionnaire inverse de la langue créole haïtienne*

1989. FREEMAN, Bryant. *Dictionnaire préliminaire des fréquences de langue créole haïtienne*

1989. FREEMAN, Bryant. *Diksyonè medikal kreyòl*

1990. VILSAINT, Féquière. *Pictorial Dictionary of Haitian Creole*

1991. VILSAINT, Féquière. *Creole - English Dictionary*

1991. VILSAINT, Féquière. *English - Creole Dictionary*

1992. VILSAINT, Féquière. *Diksyonè anglè kreyòl*

1992. VEDRINE, Emmanuel W. *Dictionary of Haitian Creole Verbs With Phrases And Idioms*

1992. VILSAINT, Féquière. *Idiomatic English - Creole Dictionary*

1993. RINCHER, Deslande. *Diksyonè Kreyòl - Anglè - Fransè Manman Penmba*

1993. TARGÈTE, Jean & URCIOLO, Raphaël G. *Haitian Creole - English dictionary*  
1994. VILSAINT, Féquière & HEURTELOU, Maude. *Diksyonè Kreyòl Vilsen*  
1995. THEODORE, Charvat. *Haitian Creole - English / English Haitian Creole Dictionary*  
1996. VEDRINE, Emmanuel W. *Petit lexique du créole haïtien*  
1996. FREEMAN, Bryant & LAGUERRE, Jowel. *Haitian - English Dictionary Dictionary*

Si n ap gade lis sa a, n ap wè gen plizè diksyonè ki pibliye deja sou lang kreyòl la. Mwen kwè l enpòtan pou tip de rechèch sa a kontinye, pou fè koleksyon mo ki kapab itilize toujou nan nivo oral men ki poko kouche sou papye. Sètadi, si n pa ekri yo, jenerasyon k ap vini yo p ap jwenn yo. Donk, se sa k fè mwen kwè l enpòtan pou te mansyone 'diksyonè' nan gramè sa a. E yon diksyonè trè enpòtan ki pa sòti tèlman lontan, se *Diksyonè Kreyòl Vilsen*. Otè yo, Féquière Vilsaint ak Maude Heurtelou\*, fè yon koken travay kote pou premye fwa yo leve yon defi nan lang kreyòl la, kote yo sòti yon diksyonè monoleng (nan yon sèl lang). Se yon bèl travay e an menm tan, yon modèl pou lòt leksikograf ayisyen k ap vini yo.

**E. Le Phare:** Bon, avan nou fini, fò m di w tou ou vini ak lòt tèm anndan liv sa a tèlke «efemis», yon lòt aspè nan lang lan. Ekzanp ou bay la tèlman klè pou mwen, kèlkeswa moun ki konsilte seksyon sa a nan *Gramè Kreyòl Védrine* ap santi yo alè nan fason ou esplike tèm sa a. Kòm otè liv la, mwen ta renmen ou touche tèm sa a ankò pou oditè yo. Pa ekzanp, ou vin ak yon ilistrasyon nan yon sèn ou ekri kote gen yon diskisyon ant yon machann pwason ak yon moun ki vin achte pwason. Achte a wè pwason an twò chè, li pa vle achte l epi machann pwason an reyaji, kote l di: «**Se pa pwason ou te bezwen... Ou konn byen pwòp sa w te bezwen epi w konn kote w ap jwenn li tou wi!**». Si n ap gade nan lespri tèt chaje, langaj difisil nou, ou ka wè sa madanm nan vle di. Nan menm chapit sa a ki gen «retorik» ladan l, ou vin ak kèk powèm; èske se pou fè elòj powèt la oubyen yo gen yon enpòtan?

**E. W. Védrine:** Bon, dabò, pou koze 'efemis' la, li vin antre nan kad sa nou ka rele 'retorik' nan yon lang. Lè n ap pale de retorik, se yon fason pou pale oubyen byen pale. Lè n ap pale de efemis, se yon **figi retorik** oubyen yon tèm pou evite britalite yon mo; konsa, nou kapab itilize yon lòt mo nan plas youn ki ta parèt vilgè, yon fason pou apeze



mesaj n ap fè pase a. Kòm ou remake nan dyalòg la, gen yon diskisyon ki pete. De moun yo te ka grennen mo sal jan nou konn tande nan lari oswa nan mache men, langaj la kontwole kote sa pa rive fèt. Nan ka sa a, nou ka analize ‘efemis’. Pou powèm yo, mwen vin ak ilustrasyon kèk: «[Fanm marabou](#)», youn nan powèm mwen pibliye nan rekèy *Koze lanmou* ak «[Malè yon bouk nan zantray Ayiti](#)», yon powèm Moriso Laza pibliye nan jounal *Haïti Progrès*. M ap pale de ‘retorik’ nan seksyon sa a epi mwen te vle vin ak kèk ilustrasyon nan kèk powèm. Lè yon powèt ap ekri, anpil fwa, li ka itilize yon langaj metaforik, yon langaj ki chaje ak imaj. Li pa bezwen di klèman sa l vle di a men, li kreye yon langaj pou l di l e langaj sa a pa yon «langaj regilye» pou dechifre oubyen devine fasilman sa k nan panse otè a. Fò m di w tou se yon estil lè w ap ekri, patikilyèman fiksyon; gen yon fason ou ka manipile lang nan.

**E. Le Phare:** Ebyen kòm moman an deja rive, Védrine se te yon plezi pou nou te chita la a pou te fè yon ti diskite tou piti sou *Gramè Kreyòl Védrine*. N ap di tout moun ki t ap tande orevwa, n a rankontre lòt semèn pou yon lòt emisyon.

(fen)

**Apenndis - Pati F: Devlopman Materyèl Didaktik An Kreyòl», Entèvyou #4**  
**Entèvyou: E. W. Védrine ak Rev. Daniel Telfort sou pwoblèm lekòl Ayiti,**  
**devlopman materyèl didaktik ak tradiksyon kèk zèv kle. Janvyè 2007.**

[ . . . ]

**D. Telfort:** Nou te kòmanse pale sou travay ke n ap retounen pou n fè, e youn nan aspè travay nou se [tradui \*Bib la\*](#) an kreyòl ayisyen. Nou rekonèt ke tout *Bib la* te pibliye an kreyòl an 1979, Ansyen ak Nouvo Testaman an pa yon komite ki te travay darachpye pou te bay chak grenn Ayisyen pawòl Bondye a nan pwòp lang pa yo. Se yon bèl efò ke nou

tout nou apresye, e ki gen efè sou fason Levanjil preche an(n) Ayiti paske nou konnen anpil nan moun k ap sèvi Bondye Ayiti, nan pastè yo, yo apèn ka li kreyòl. Sa vrèman enpòtan. Men, avèk yon òganizasyon ki rele *Bible International* ([Labib Entènasyonal](#)) ki gen sant yo nan *Grand Rapid, Michigan* (Etazini), yo te vin remake ke gen anpil pwoblèm nan tradiksyon sa a ki te sòti an 1979. Donk, se sa k fè yo te di y ap fè yon fason pou ke yo kapab bay pawòl Bondye a yon fason ki pi sèten, pi klè nan lang kreyòl la e ki ... yon travay sèten, sa vle di pou yo relve pwoblèm ke yo jwenn nan tradiksyon sa a. Pa gen tradiksyon pafè, men gen tradiksyon ki ka pi bon pase yon lòt. Donk kounyeya avèk msye Paul Hans Bernard, yon ansyen etidyan *Bob Jones University* (BJU) nan Carolin di Sid tou, msye te tradui Nouvo Testaman an an kreyòl ayisyen. Yo rele tradiksyon sa a *Bib kreyòl la*. Donk, diferans lan se *Bib la* (ki parèt an 1979). *Bib Kreyòl la* se nouvèl tradiksyon an. Lòt vèsyon (tradiksyon) Ansyen Testaman an poko sòti, se Nouvo Testaman an ki tradui kounyeya. Donk se travay pa nou lè nou retounen Ayiti pou n tradui Ansyen Testaman an, pou nou gen yon *Bib kreyòl* nan yon tradiksyon ki sèten, nan yon tradiksyon ke nou ka fè plis konfyans pouke pawòl Bondye a kapab preche avèk plis fidelite.

**E. W. Védrine:** An palan de *tradiksyon Bib la*, nou wè 2 gran lang ki mouri, 2 gran lang klasik, sètadi ebre pase Ansyen Testaman an ekri nan lang ebre klasik ki pa pale ankò (yon lang mòt) epi Nouvo Testaman an ki ekri an grèk klasik e yon lang ki mouri tou pase grèk ki pale kounyeya se grèk *koine* (grèk modèn). Ki baz tradiktè sa yo genyen pou fè jan de travay sa a? Nou pa ka pa mansyone Louis Segond ki tradui Ansyen Testaman tou (de ebre klasik a lang fransè), bon mwen konnen nou tout se tradiktè, nou li tou vèsyon Louis Segond an nan lang fransè. Lefèt ke gen yon vèsyon *Bib la* ki la deja (Ansyen e Nouvo Testaman an), ki enflyans sa pral genyen sou nou pou vin ak yon lòt vèsyon *Bib la* apati ebre?

**D. Telfort:** Bon, tradiksyon ki la kounyeya, *Bib la*, nou rekonèt ke ansyen tradiktè yo te fè yon travay ki ase byen, donk nou pa pral rejte tradiksyon ki la a, nou pa pral vin fè yon tradiksyon ki pa bon vin bon, men nou pral fè yon tradiksyon ki bon vin pi bon. Nou p ap pale de revizyon; nou pa pral revize e tradiksyon ki la a pou nou sòti ak yon revizyon

men nou prale pou nou fè yon travay tradiksyon. N ap konsidere travay ki te fèt deja nan Bib kreyòl la, sa vle di nou pa pral mete konfizyon nan tèt pyès moun kote nou pral di wi tradiksyon sa a pa bon. N ap di wi, li gen pwoblèm men se yon tradiksyon ki gen valè li e nou respekte travay ki te fèt deja a. Donk, nou pral pati apati tèks ebre a. Se sa k fè nou te fè yon Metriz an Tradiksyon Biblik pou n te ka fè travay sa a. Nou mete plis anfas sou lang ekri a, paske Ansyen Testaman an se an(n) ebre li ekri; nou tradui tèks la an kreyòl ayisyen. Donk, gen yon pakèt konplikasyon nan tradiksyon; se sa k fè nou di pa gen yon tradiksyon ki pafè men, ka gen yon vèsyon ki pi bon pase yon lòt. Donk, lò w ap tradui ou pa ka tradui mo sèlman, ou tradui ide, ou tradui gramè lang nan tou pou mete l nan lòt lang nan.

**E. W. Védrine:** Bon, m ka imajine lang ebre klasik ki pa pale ankò, li gen yon dal gramè ke nou p ap jwenn ki egal a sa gramè kreyòl la genyen; nou pa pral jwenn plikepafè, nou pa pral jwenn sibjonktif ... sa pa egziste an kreyòl. Si gen moun ki ekri sa, se yon erè. Ki pwoblèm ou te rankontre lò ou t ap etidye ebre klasik? Kòman bagay yo ye pou ou an tèm tradiksyon, ki pwoblèm ou te rankontre lò w t ap etidye ebre? Ki valè ayisyen ki gen fòmasyon sa a an(n) ebre klasik? Donk la a tou, sirman gen yon gwoup tradiktè menm jan avè w ki pran yon bonjan fòmasyon swa *Bob Jones University* oubyen lòt kote pou ta fè jan de travay sa a.

**D. Telfort:** Fò m di w ke ebre, lè m te kòmanse etidye l, m te sezi pou m te wè ke ebre pi pre kreyòl ke Fransè.

**E. W. Védrine:** Kòman w esplike sa? An tèm estrikti lang kreyòl la?

**D. Telfort:** Wi, an tèm estrikti. Pa egzanzp, si n ap di konsa: monchè chemen w ap mache ladan l lan pa bon non. Men se prèske konsa ebre a ta di l. An Fransè ou ta di: *Le chemin dans lequel vous marchez n'est pas bon*. Men, an kreyòl ou di: *chemen w ap mache ladan an, li pa bon*. Enben, ebre a se prèske se konsa l ap di w li. L ap di w: *Chemen w ap mache ladan an*. Sa vle di li repete mo «chemen» ankò nan yon referans prepozisyon an

«ladan an». Prepozisyon *an*, li repete ide «mache nan chemen an». Donk se konsa *estrikti* lang ebre a ye; li pi pre avèk kreyòl la ke li ta pi pre avèk fransè.

**E. W. Védrine:** Èske ou ka fè yon ti pale sou esperyans ou nan *Bob Jones University* kòm yon gran inivèsite Ozetanini, ou menm kòm etidyan an teyoloji, tradiktè ki gen yon dal konesans tou, ou jwenn elèv plizyè kote, plizyè peyi ki la? Petèt ou ta renmen di yon bagay de lekòl sa a pou Ayiti gen yon ide de li, pou moun ki Ayiti ki ta renmen etidye Ozetazini nan *Bob Jones*. Ki sòt inivèsite l ye?

**D. Telfort:** *BJU* se yon inivèsite fondamantal. Sa vle di, yo baze sou Labib depi kòmansman jiska lafèn, e yo pran *Bib la* kòm «règ estanda» pou yo baze tout lòt règ ki genyen nan inivèsite a. Se yon inivèsite ki trè rekoni. Ane sa a menm fè katreven ane depi inivèsite a egziste e fondatè a, *Bob Jones the Senior* (premye), se misye ki te vin ak ide sa a. Alò fado li te genyen, li te wè kòmman lekòl a prale an dekrechenndo Ozetazini kote timoun yo pa dakò pou yo priye ankò nan lekòl, li wè gen jenerasyon k ap monte aprè Gè Mondyal kote jenerasyon sa yo bay enpòtans plis a sa moun ka fè ke sa Bondye ka fè. Donk, kounyeya sa te enfliyanse misye pou l te di li ta renmen gen yon lekòl kote pou paran kretyen yo voye pitit yo, pou kè yo pa sote, pou yo pa anseye timoun yo evolisyon, pou yo pa fè yo kwè nan *Darwinism*. Donk se rezon ki fè Bondye te ba l yon vizyon antan evanjelis pou l te fòme yon kolèj e ki vin devni *Bob Jones University* jodiya.

**E. W. Védrine:** An palan de lekòl la, li ta sable yon sòt de lekòl lelit nan w sans. Ou menm ki sot Ayiti, bon, se pa yon inivèsite piblik li ye; li koute kòb. Kòmman w te fè tonbe w nan *Bob Jones*? Ki fòmasyon ou te gen Ayiti pou antre nan *Bob Jones*?

**D. Telfort:** Vini m nan *BJU*, m ka di se tout afè yon «mirak» paske nou pa te gen plan vrèman pou nou te vin etidye Ozetazini si vit. Lè m te fin etidye nan seminè nan **STEP** (*Séminaire de Théologie Évangélique de Port-au-Prince*) de 1999-2003, lè nou fini lekòl Nòminal Siperyè (2001-2004). Lò nou fini, te gen posiblite pou n al antre nan ministè pastoral, e m te kòmans ap anseye nan Pòtoprens nan klas twazyèm, segond, reto. Donk, mentnan lè m te fin wè kòmman bagay yo prale, nou pral fè ministè pastoral men Bondye

pa t gen plan sa a. Se sa k fè lè nou wè li pa t posib pou n al antre nan ministè pastoral la nan ane 2004 la epui m al pale avèk youn nan pwofèsè m yo pou l di l m ta renmen kontinye etid mwen e li di m èske m enterese nan tradiksyon piblik, m te reponn WI paske m renmen lang; m renmen lang bibliik yo (grèk, arameyen). Epi li di m gen yon òganizasyon k ap chèche yon moun pou al fè yon metriz an Tradiksyon Bibliik pou l ka vin tradui Ansyen Testaman an. Enben se konsa demach yo te kòmanse epi se *BJU* ki t ap bay bous sa a. Se sa k fè m rive twouve m nan inivèsite sa a... e yon pwogram bousdetid k ap esponsòriz travay tradiksyon an(n) Ayiti.

**E. W. Védrine:** Konbyen tan w panse ou kapab vini avèk vèsyon *Bib la* an kreyòl. Konbyen tan ou panse travay sa a ka pran w lò desann Ayiti?

**D. Telfort:** Nòmalmman se yon travay k ap pran dizan an tan nòmman. Dizan travay paske travay nou vle fè a, nou vle baze sou tèks ebre a dirèkteman pou nou fè travay la men puiske se yon travay ki vrèman rapid, sètadi se yon travay ke nou ta dwe reyalize trè rapidman, nou pral travay darachpye pou n wè si nou ta fini *Bib la* nan senk a setan. Nou pral mete plis tan ke nou te kapab mete an tan nòmman pou nou ka reyalize travay la vit paske gen yon kominote deja k ap tann Ansyen Testaman an. Kòm nou di w, Nouvo Testaman an fèt deja; gen yon gwoup moun k ap tann Ansyen Testaman an pou yo genyen *Bib la* an kreyòl ayisyen nan yon tradiksyon ki pi fidèl, ki pi sèten.

**E. W. Védrine:** An palan de tradiksyon, fò m mansyone *Sosyete Biblik Ayisyèn* (S.B.A), nou ta remake li ta yon ti jan retisan an tèm itilizasyon òtograf ofisyèl la ki pibliye 1979-80, tandike nan dènnye edisyon *Bib la* yo pibliye, yo ta sèvi avèk òtograf Preswa a (ki pibliye avan 1979), yon òtograf popilè tou men nou wè retisans lan pou kèk òganizasyon evanjelik Ayiti pa eseye fonksyone ak òtograf leta a, òtograf tout gran chèchè ap itilize; gen yon sòt *estandardizasyon*. Kisa ou kapab di nan sa? E lòt kesyon m gen pou ou tou, se kòman ou menm ou kapab fè *Bib la* pase o nivo lekòl ak legliz potestan yo? Èske y ap toujou sèvi ak *Bib* fransè a? Èske *Bib* sa a pral nan tout legliz yo? Èske pastè pral sèvi avè l oubyen l ap jis rete kòm yon zèv ki tradui men ki la, ki pa sèvi?

**D. Telfort:** Nou pa gen oken enterè nan pase tan depanse kòb pou tradui *Bib la* san ke popilasyon an pa sèvi avè l. Se sa k fè yon komite tradiksyon nan Pòtoprens ki ap kowòdone tout bagay, ki kenbe kontak avèk tout legliz yo pou ke legliz la konnen ke travay sa a ap fèt e ke se pou yo l ap fèt. Se sa k fè avan tradiksyon an pibliye, nou pral voye teste l pou li l nan legliz yo pou n kapab pran sijesyon nan men pastè ak fidèl yo tou k ap tandè kòman l sonnen nan zòrèy yo avan edisyon final la pou enprime plizyè milye kopi. Se nan sans sa a nou kwè ke se de konsè avèk legliz yo nou pral travay, ke nou te travay deja nan kad tradiksyon Nouvo Testaman an ki fèt deja. Donk Sosyete Biblik ke nou pral travay avè l la, gen Sosyete Biblik Ayisyèn ki la nan Pòtoprens ki te pibliye *Bib la*, e nou kwè ke travay yo te fè a se yon bon travay.

**E. W. Védrine:** E itilizasyon òtograf la? Èske y ap toujou retisan vizavi òtograf nou pral adapte a (òtograf ofisyèl la) pase gen yon pwoblèm *estandardizasyon* nan kreyòl la, e òtograf la se yon pwèn trè enpòtan nan estandardize lang kreyòl la. Aktyèlman gen bonjan zouti ki sou plas; pa egzanp, Enstiti Kreyòl *Indiana University* gen yon pwojè diksyonè (setan) li pral pibliye nan kòmansman ane sa a (*Haitian Creole-English Bilingual Dictionary*, 2007) kote gen yon ventèn chèchè konpetan (blan kou Ayisyen) nan domèn lengwistik ki patisipe nan pwojè dyanm sa a. Donk lè gwo travay sa yo fèt aletranje (bon yo jwenn fon pou fè yon seri travay), kòman nou menm nou pral sèvi avèk travay sa yo kòm *zouti* nan pwojè tradiksyon an, pase se pi gwo diksyonè *Indiana University* pral met deyò (yon pwojè setan, yon diksyonè bileng (kreyòl – anglè – kreyòl)? Fò m ajoute tou ke se pi gwo diksyonè ki pral disponib sou mache a.

**D. Telfort:** Egzattèman! Travay nou vle fè a, nou vle se yon travay ki *up to date* (ou *mizajou* resan) nan sans ke lang nan prale a. Nou vle itilize dènyè rechèch nan lang kreyòl la, e pou nou itilize l nan tradiksyon an paske tan an ap evolye. Donk, se sa k fè nou pa vle pou nou fè yon tradiksyon ki pa dyanm e avèk evolisyon, jan bagay yo ap ye a, nou vle itilize òtograf kreyòl leta ofisyalize a. Se li menm nou vize; nou pa vle itilize yon òtograf ki kreye pwoblèm.

**E. W. Védrine:** Lòt bagay ankò, se legliz katolik yo pase yo genyen Bib kreyòl la tou byenke yo gen kèk liv ki ajoute ladan l. Kisa w wè nan tout travay sa yo, kòman ou wè travay tradiksyon nou konte fè a, èske se yon bagay ki pral de konsè avèk legliz katolik yo? Ki wòl legliz katolik pral jwe oubyen, èske n ap kontakte legliz katolik yo pou n di men yon travay n ap fè?

**D. Telfort:** Bon, nou menm nan travay nou pral fè yo, nou pa deside kolabore avèk legliz katolik pou nou reyalize tradiksyon sa a paske nou pa vle okin tandans òganizasyonèl prime sou travay nou pral fè a, kòmsi nou pa vle okin entèpretasyon pase paske nou konnen *Bib la* sitou nan tradiksyon, li difisil. E ke gen moun ki ka vle pou se fason yo wè yo konprann Labib se fason sa a pou l ta tradui lè yo enfliyanse pa denominasyon. Se sa k fè nou pa pral fè yon travay pou batis, nou pa pral fè yon travay pou advantis, nou pa pral fè yon travay pou potestan, men nou pral tradui *Bib la* jan l ye a. Se pa wòl tradiktè tè a pou l entèprete *Bib la*, se wòl pastè, pè k ap preche a ki pou entèprete l. Nou pa pral enfliyanse pa yon òganizasyon kèlkonk pou nou fè travay nou pral fè a pou yo pa enpoze pwendevi yo nan tradiksyon an.

**E. W. Védrine:** Mèsi anpil! Nou konnen l trè enpòtan pou n mansyone lekòl potestan yo nan deba sa a, donk ou menm ki sou teren an tou, ou konn anpil de lekòl potestan: yo gen pwoblèm pa yo tou, gen anpil bagay ki fèt pou ede elèv yo atravè legliz jwenn mòso pen enstriksyon. M pa konnen ki rale ou kapab fè sou [lekòl potestan yo](#), pwoblèm yo, sa yo fè pa egzant pou ede Ayiti. M pa konn egzatteman travay y ap fè.

**D. Telfort:** Fò m di w *lekòl potestan yo* jwe yon wòl kapital nan peyi a paske anpil nan lekòl sa yo bay yon seri avantay a paran ke menm lekòl leta pa rive bay. Anpil fwa nan legliz yo, nan misyon yo, yo konn jwenn èd pou ede timoun; pa egzant gen timoun Ayiti ki gen parenn ameriken ki peye lekòl pou yo chak mwa, ki voye inifòm pou yo chak ane. Donk legliz sa yo pa entèmedyè misyon y ap desèvi yo, jwenn mwayen pou ede timoun sa yo ak kantin, inifòm, e ak founiti klasik. Yo gen pwojè esponsòrizasyon pou ede timoun sa yo. Mwen menm, mwen se yon pwodui lekòl potestan lè m te nan primè.

**E. W. Védrine:** Kòman w esplike ou se pwodui lekòl potestan an? Èske gen moun ki ta p sibvansyone w, ou te gen w parenn blan?

**D. Telfort:** M sonje lè m te lekòl an primè, nou pa t gen yon parenn ameriken men lekòl la te peye nan yon pri pou ke depi se kretyen moun nan ye, li peye nan yon pri ki pa t chè ditou. M sonje lè m an *mwayen II* (sa yo rele *sizyèm ane fondamantal* kounyeya), lè sa a m sonje m t ap peye 8 goud pa mwa. Kòb sa a te difisil, men lò w konpare l ak lòt lekòl y ap mande kòb ekolaj, w ap wè 8 goud la pa t anpil lajan. Men se paske misyon an te sousye de fòmasyon /edikasyon timoun kretyen yo, timoun pitit kretyen, se sa k fè yo te fè l nan sans sa a. E yo te bay bonjan fòmasyon, yo te vle fè yon bagay estanda, yo te seleksyone pwofèsè yo, yo te gen kalite pou yo te travay e sèke nou rekonèt ke legliz yo, anpil fwa gen legliz ki pa kapab men anpil fwa majorite nan legliz yo toujou eseye gen yon lekòl ki la pou ede timoun yo pran pen enstriksyon.

**E. W. Védrine:** Kisa ou kapab di: èske gen yon antant ant lidè potestan ki gen lekòl kote yo ta rankontre chak ane nan konferans oubyen chak sis mwa? M pa konnen si gen yon gwo konferans kote yo rankontre Ayiti pou diskite pwoblèm lekòl potestan yo.

**D. Telfort:** M pa kwè gen sa ditou. Paske sa m ta rele yon *Federasyon Nasyonal Lekòl Postestan Ayiti* (FENLA), alò se mwen menm ki imajine sig la konsa, men m kwè se konsa l ta sipoze ye. Men nou poko gen sa. Nou poko gen yon mouvman lekòl potestan Ayiti kote ke pou nou di nan lekòl potestan yo men kisa nou kwè, men kisa nou tyen, ke timoun yo priye avan yo kòmanse byenke yo anseye yo ke Jezikri se Bondye oubyen Lesentespri se Dye o menm tit Papa a. Yo pa asepte yo anseye timoun yo teyori evolisyon (*Darwism*). Nou poko gen mouvman sa a Ayiti. Se chak moun k ap goumen bò pa yo, e se sa ki fè tou gen yon seri avantaj e avansman ki ta dwe fèt. Pa genyen yo.

**E. W. Védrine:** Oke, mèsi! E an tèm *korikilòm*, èske lekòl potestan yo devlope yon korikilòm pou lekòl sa yo oubyen y ap panse devlope youn?



**D. Telfort:** Malerezman pa! Yo pa gen yon korikoulòm an patikilye. Yo depann de leta ki pou fikse kourikoulòm la pou yo. Donk se sa k fè se *leta* yo suiv. Yo pa genyen yon libète pou yo di lè timoun nan sòti swa nan lekòl primè ou segondè a, men ki anfas nou ta vle l genyen nan fòmasyon pa l. Donk se nivo peyi a menm ki fè lekòl potestan yo pa ka fonksyone nan nivo sa a. Nou pa kwè nou gen anpil kolèj potestan.

**E. W. Védrine:** *College Bird* pa yon lekòl segondè potestan?

**D. Telfort:** Mwen kwè sa. *Canado*, non. Men m pa kwè nou ka konte vrèman yon senk kokèj ki reponn a nòm, a kritè edikasyon modèn kounyeya ke nou ka konte pami lekòl potestan.

**E. W. Védrine:** Bon, la a tou, nou pa ka pale de *lekòl potestan* san nou pa ta pale de *lekòl katolik*. Ki paralèl ou ka tire ant 2 lekòl sa yo: èske lekòl katolik yo ta pi avanse? Èske yo menm yo ta pi prepare an tèm korikilòm? Fòmasyon yo bay elèv? Ki prejije ou apèsi ki ta egziste nan sistèm lekòl sa yo?

**D. Telfort:** Pou nou onèt, nou oblije di: meyè lekòl peyi a se lekòl katolik, kongregasyonis yo. Nou rekonèt sa paske yo fè anpil efò pou leve nivo edikasyon yo bay timoun yo, e yo depanse kòb pou sa.

(fen)

**Apenndis - Pati G: Konbit piblikasyon elektwonik  
pou ede nan difizyon lang kreyòl la Ayiti  
(desanm 2005)**

Se tout yon plezi pou ekri atik sa a, yon fason pou eseye reveye konsyans ekriven ayisyen kou etranje, kreyolis, e tout moun ki ta renmen wè lang kreyòl la jwenn vrè plas li merite nan sosyete Ayisyèn nan.

Rèw nou, se wè difizyon lang sa a 100% (san pou san) nan tout lekòl, biwo gouvènman, medya a, elt. epi pou tout *siy*, *ekrito* nan lari ta ekri an kreyòl tou. Fason ki pi bèl pou sa

ta fèt, se ta atravè yon pwosedi legal. Nan sans sa a, nou anvizaje pou nouvo palman ki pral vini an ta finalman vote yon ansyen pwojè lwa, ki gen pou wè avèk yon [Politik Lengwistik](#), yon bagay Ayiti bezwen depi plizyè syèk pami chanjman sosyal ki dwe fèt nan peyi a. Byenke yon tèl pwojè te egziste sou prezidan René Preval (premye tèm li), men li pa janm gen chans vin tounen yon *lwa* pou l ta pote siksè. Se rèv pèp ayisyen an pou ta wè kèk kandida konsyan eli nan palman an pou ta revize pwojè sa a, youn ki ta dwe fè pati ajannda yo pou ane 2006-2007 pou travay sou li.

Jounen jodiya, n ap viv nan yon syèk [wot teknoloji](#) ou [teknoloji avanse](#). Yo toujou konsidere Ayiti yon *peyi tyèmond* malgre richès kiltirèl nou ke anpil moun nan lemonn pa okouran. E malgre mepri yo gen pou nou o nivo entènasyonal, sa pa vle di pou otan ke nou menm Ayisyen, nou pa kapab vini ak bèl ide pou devlopman peyi nou menm jan sitwayen lòt nasyon fè sa deja pou peyi pa yo. E atravè ekri m yo, mwen repete konstaman ke [premye resous Ayiti se Ayisyen menm](#), yon resous ki poko vrèman esplwate.

Youn nan fason nou menm ekriyen, chèche k ap pwodui an kreyòl kapab ede Ayiti, se ta pibliye kèk nan zèv nou yo sou entènèt la. Kesyon an se: *Konbyen moun k ap dispoze fè kèk ti sakrifis pou benefis devlopman Ayiti lè pifò nan yo ap jis eseye fè lajan ak piblikasyon y ap mete deyò?* Trè byen! Absoliman, pa gen oken pwoblèm nan fè lajan osilontan nou fè l nan bon fason. Men *ki jan nou kapab ede kominote, peyi nou? Èske yon pati nan lajan sa a kapab, nan yon fason, ede Ayiti? Èske nou kapab pibliye gratis ti cheri sou entènèt la kèk nan zèv nou pou ede Ayiti?* Se ta yon fason pou ede moun li, ekri san bat je, patikilyèman elèv lekòl k ap navige entènèt la tout lasentjounen. Wi, nou kapab fè yon travay konsa si nou pran konsyans de reyalite peyi nou. E se sèl fason pou n ede Ayiti bouje, se chak moun ki dwe pote pwòp kontribisyon l epi eseye travay an gwoup tou (si l posib).

Malgre Ayiti ap konfwonte yon pwoblèm elektrisite depi digdantan, e solisyon l ta yon bagay estrèmman enpòtan pou ta kòmanse mete Ayiti sou ray devlopman, men nou toujou gen espwa pou yon demen miyò kote n ap reve pou ta gen bonjan lidè ki pou di: *Li*

*lè, li tan pou nou kòmanse solisyonè kèk nan gwo pwoblèm peyi a, yon fason pou jete premye baz enfrastriki ki nesesè yo.*

Jodiya, anpil moun an(n) Ayiti, patikilyèman nan kapital la, abòne yon saybè kafe (*Ciber Café*) ki yon plis (yon avantaj) nan sans ke yo konekte avèk lemond; yo kapab ekri zanmi nan lòt peyi epi yo pa bezwen rete nan liy byen long pou plizyè èd tan nan Biwo Postal Santral (Pòtoprens lan) pou achte tenm. Korespondans sa yo trè enpòtan e atravè kèk, yo rankontre gran zanmi e pafwa, moun ki vle ede yo, moun yo poko janm rankontre fas a fas nan lavi yo. E sa ki pi enpòtan an, yo kapab jwenn tout sòt enfòmasyon yo bezwen sou gran chemen savwa sa a (entènèt la). Se yon trè bèl ide, e n ap ankouraje plis moun k ap viv Ayiti fè sa (abòne yon saybè kafe), espesyalman jèn nou yo ki pa gen lòt aktivite aprè lekòl pou y ale. Donk, ale nan yon saybè kafe, se yon bèl pastan e youn ki edikatif tou, epi yo kapab aprann plis sou sa k ap pase nan lemond, de fason pou anrichi konesans yo tou sou tout pwen.

Aprè 15 ane rechèch ak piblikasyon sou kreyòl, mwen reyalize enpòtans piblikasyon elektwonik, yon fason pou trake (jwenn) san bat je, enfòmasyon nan tout domèn. Moun tout kote nan lemond k ap fè rechèch sou kreyòl kontakte m tanzantan, e rezon an sèke yo li piblikasyon m sou entènèt la. Se yon avantaj bab e moustach tou pou mwen pou travay ak kèk gran editè e tradiktè ke mwen pa janm rankontre bab pou bab, men ki vin kòlèg mwen lefèt ke nou pataje, yon fason, sèten enterè komen. Èske se pa yon bèl ide? Sa se [globalizasyon](#) an ye pou mwen (nan bon sans tèm nan, nan sans ke nou tout se *imen*, nou kapab travay ansanm, len kapab ede lòt, epi sa k pi enpòtan an, nou kapab kominike. Glwa a Dye! Wi, mèsè Bondye pou kokenn mwayen kominikasyon sa a lemond antye gen aksè a li jounen jodiya, e m ap ankouraje moun k ap etidye lasyans (kèlkeswa branch lan) pou kontinye apwofondi konesans yo ladan paske, a lavni, yo kapab rann limanite gran sèvis, menm jan n ap benefisye de wot teknoloji jodiya, ki konekte tout pitit latè.

Kèk ane de sa, mwen vini ak yon [anyè elektwonik](#) ki rele *Haiti's Super Web Directory*. Bi anyè sa a la pou dokimante tout sa ki an rapò ak Ayiti e dyaspora a, 2 vrè zèl zwazo a pou fè l vole tout bon. Pafwa kèk moun mande ki jan yo ka ede Ayiti. Mwen kontre anpil

jèn Ayisyen-Ameriken ak zanmi Ayiti ki poze kesyon sa a. Kòm chèchè (k ap fè rechèch ki plis an rapò ak Ayiti), mwen reyalize kòman l enpòtan pou ta gen yon anyè sou entènèt la ki ta enkli tout bagay ki an rapò ak Ayiti. Gen moun tou k ap fè rechèch sou Ayiti, ki toujou ap mande m enfòmasyon paske yo pa t gen aksè a yon anyè ki ta enkli tout bagay, de «A» – «Z». Mwen pran nòt de sa, epi eseye itilize aksè entènèt la pou kapab fasilite rechèch sou Ayiti nan venteyinyèm syèk la. Donk, moun ki ekri kèk dokiman sou Ayiti e ki ta renmen pibliye yo sou entènèt la, yo kapab voye *vèsyon elektwonik* yo ban nou pou dokimante. Moun ki ta renmen voye chapit nan liv yo pou pibliye sou entènèt la, nou di yo byenveni tou.

Otè ki ta renmen pibliye maniskri yo sou entènèt la (pa sèlman an kreyòl, paske Ayiti ap sèvi avèk twa lang: *fransè*, *kreyòl*, *anglè* epi tou gen plizyè milyon Ayisyen ki pale *panyòl* kòm lang matènèl tou e ki pale ou ka degaje yo an kreyòl), osilontan yo an rapò ak Ayiti, e ak tout respè yo montre pou Ayisyen, nou kapab fè sa gratis ti cheri pou kapab ede moun k ap fè rechèch sou Ayiti. Se otè zèv la ki gen *dwadotè* a. Nou pa la pou reklame *dwadotè* pèsòn. E lè otè yo ta bezwen anlve piblikasyon yo sou entènèt la, ke yo te voye ban nou, nou p ap gen pwoblèm fè sa nonplis. Se yon avantaj bab e moustach pou moun k ap ekri jwenn kòmantè ak sijesyon sou travay yo. Nou espere lektè ki li atik sa a va simaye nouvèl la bay lòt moun oubyen zanmi toupatou, yon fason yon lòt, pou ke ansanm ansanm nou kapab ede dokimante Ayiti e an menm tan, respekte lang ak kilti natifnatal pèp ayisyen an. Sou nòt sa a, nou swete tout moun meyè ve ak siksè nan tout antrepriz yo konte antreprann nan ane 2006 la. Nou swete tou nan nouvèl ane a pou chak Ayisyen ta chita reflechi sou ki jan yo kapab ede Ayiti, ki kontribisyon yo kapab pote tou nan pwòp domèn yo, ansanm ak tout estrateji pou travay ansanm pou devlopman Ayiti paske *linyon fè lafòs* e se tit batistè peyi nou.

(fen)

**Apenndis - Pati H: Konsèy pou paran**  
**(nivo nivo elemantè: matematik, lekti, jeneral) (33)**

**a) Kèk konsèy pou paran: matematik**

1. Ankouraje pitit ou itilize yon kaye pou fè devwa.
2. Li trè enpòtan pou konprann pwogrè pitit ou nan matematik chaj jou. Verifye devwa l.
3. Si ou pa konprann devwa matematik li dwe fè a, angaje ou nan yon kominikasyon trè souvan ak pwofesè li.
4. Si pitit ou a ap fè fas ak pwoblèm an matematik, antre an kontak pou konnen si l ap travay o nivo klas la e sa ki ka fèt lakay pou ede l amelyore pwogrè akademik li.
5. Si pitit ou a reyèlman bezwen èd, mande pou l pran yon randevou ak pwofesè l aprè lekòl pou yon sesyon leson patikilyè an matematik.
6. Ankouraje direktè lekòl la pou l itilize pwogram ki baze sou rechèch an gwoup pou leson patikilye an matematik. Pwogram leson patikilye sa yo gen bon rezilta, e etidyan reyèlman renmen yo.
7. Itilize bagay pou fè lakay kòm opòtinite pou ranfòse aprantisay matematik (tèlke pa egzanp: kizin ak aktivite reparasyon)
8. Fè atansyon kòman ou anseye pitit ou matematik, pa anseye estrateji chemen kout ki ta koze yon sòt de konfli avèk apwòch pwofesè a itilize. Konsilte pwofesè a pou mande l kòman pou ka ede pitit ou a. Mande pwofesè a sou resous ki sou entènèt la ke ou kapab itilize ak pitit ou a lakay.
9. O kòmansman ane akademik lan, mande pwofesè pitit ou a yon lis sijesyon ki va pèmèt ou ede l avèk devwa matematik.

**b) Kèk konsèy pou paran: lekti**

1. Mande pitit ou a pou l li a wot vwa chak swa.
2. Chwazi yon lokal ki pa gen bri, ki pa gen distraksyon pou pitit ou a fè devwa lekti l.

3. Mande pitit ou pou l li, touche ki jan mo yo ekri suivan metòd son yo (pwononsiyasyon) tankou nan mo *chat, pat, rat...*
4. Lè pitit ou a li a wot vwa pou ou epi li pa fè erè, touche mo li sote yo epi ede l li kòrèkteman.
5. Aprè pitit ou a fin koriye yon mo li sot li, mande l pou l reli tout fraz la depi o kòmansman dekwa pou asire ke l konprann sans fraz la.
6. Mande pitit ou a pou l di ou nan pwòp mo pa l sa k pase nan istwa a.
7. Pou verifye konpreyansyon sa pitit ou a li, fè yon pòz pafwa kote w poze l kesyon sou pèsonaj yo e sa ki pase nan istwa a.
8. Mande pitit ou a pou kisa l panse yon pèsonaj aji tèl ou tèl fason epi mande li pou l sipòte sa avèk enfòmasyon nan istwa a.
9. Avan ou rive nan fen istwa a, mande pitit ou a sa l panse ki pral pase aprè e pou kisa.

**c) Konsèy sou devwa yo pou paran: jeneral**

1. Asire ou ke pitit ou a gen yon andwa kote ki pa gen bri pou fè devwa l. Evite pou pitit ou a pa fè devwa l ak televizyon l ouvri, ou kote ki gen distraksyon, kote moun ap monte desann.
2. Asire ou ke materyèl pitit ou a bezwen (tankou papye, kreyon avèk yon diksyonè) disponib. Mande l si l bezwen materyèl espesyal pou kèk pwojè epi pou l ta genyen oparavan.
3. Ede pitit ou a avèk fason pou l jere (itilize) *tan* dekwa pou l byen itilize l. Etabli yon orè fiks pou l fè devwa l. Veye pou l pa abandone devwa l avan l al dòmi. Panse itilize yon orè fiks pandan wikenn nan, swa pandan lè maten ou nan aprèmidi pou travay sou gran pwojè, patikilyèman si l dwe travay avèk kondisip li sou tip pwojè sa yo.
4. Eseye pozitif pou devwa yo. Di pitit ou a kòman lekòl enpòtan. Atitid ou esprime konsènan devwa l yo reflekte tou nan atitid li.

5. Lè pitit ou fè devwa l, ou fè devwa w tou. Montre pitit ou a ke konesans li pran yo an rapò avèk bagay ou fè nan lavi kouran (kòm adil). Si pitit ou a ap li, li tou ou menm. Si pitit ou a ap travay sou matematik, balanse kanè chèk ou.
6. Si pitit ou a bezwen èd, sèvi l yon gid; pa mande l repons. Bay repons vle di ke pitit ou a pa aprann sa li dwe aprann. Twòp èd anseye timoun nan ke lè bagay yo difisil, gen yon moun ki pral fè travay li.
7. Lè pwofesè a mande pou jwe yon wòl nan devwa l, fè sa. Kolabore avèk pwofesè a. Sa montre pitit ou ke lekòl ak lakay fonksyone kòm yon ekip. Suiv direksyon pwofesè a bay.
8. Si pitit ou a dwe fè devwa l li menm sèl, pinga ou patisipe. Lè paran bay twòp èd sa ka anpeche efè pozitif devwa yo. Devwa yo se yon bèl fason pou timoun devlope endepandamman, epi pou ranmase konesans kote y aprann nan lavi.
9. Rete enfòmè. Pale avèk pwofesè pitit ou a. Asire ou bi devwa yo avèk règ klas la.
10. Ede pitit ou a rekonèt sa ki difisil ak sa ki fasil. Veye pou pitit ou a pa fè devwa difisil avan. Sa vle di ke l ap okouran lè l ta gen pou fè fas a gran defi. Pou materyèl ki fasil, sa gen lè ale rapid lè l santi l fatige.
11. Veye sou pitit ou, siy ki montre echèk li oubyen siy ki montre ke l fristre. Kite pitit ou a pran yon ti repo si l konfwonte pwoblèm pou konsantre sou yon devwa.
12. Felisite pitit ou a pou pwogrè l nan devwa yo. Si pitit ou a konplete devwa l avèk siksè e si l travay di, selebre siksè sa a kote ou òganize ti fèt espesyal (pa e.g, avèk yon fèt pitza, fè pwomnad, yon pwomnad nan pak) pou ranfòse efè pozitif sa a.

**Apenndis - Pati I: Rechèch bibliyografik sou kreyòl ayisyen:**  
*An annotated bibliography on Haitian Creole:  
a review of publications from colonial times to 2000*

**(a). Abstrè**

Dokiman apibliye sou Ayiti depi *epòk kolonyal*(34), men li pa fasil pou jwenn tras yo lefèt ke pa gen sistèm fòmèl ki tabli pou pwoteje yo. Sa te estimile m pou travay sou

rechèch sa a. Anplis, Ayisyen (Ayiti kou nan dyaspora a) ap fè fas ak bonjan defi ki gen pou wè avèk *dokimantasyon*. Chak grenn chèchè ak ekriven dwe panse a ki jan yo kapab jwenn yon solisyon a defi sa a ou kòman yo kapab kolabore pou amelyore sitiyasyon an.

Lè n gade pwogrè ki fèt nan lang ayisyen an o nivo leksikal, se yon testaman remakab a lang e a pèp la. Jounen jodiya, gen plis pase 20 diksyonè kiibliye sou lang lan nan 30 ane ki sot pase yo. Li nesèsè pou gen plizyè tip zouti ke posib pou pwomote rechèch lengwistik nan diferan domèn e nan devlopman rapid etid lang kreyòl la. Men kòm dokimantasyon vin tounen youn nan defi kle pou Ayiti, anpil moun pa ta o kouran de valè bibliyasyon enpresyonan sou lang matènèl la. Moun kapab wè *An annotated bibliography on Haitian Creole* kòm yon envantè sou bibliyasyon, ki dokimante bibliyasyon ki kouvri yon gwo varyete sijè nan diferan domèn jan ke sa detaye nan tab matyè liv la.

### **Rezime Detaye**

1. Yon koudèy bibliyografik sou sa k fèt deja
2. Premye obsèvasyon kòm jèn anseyan k ap anseye nan Pwogram Bileng Ayisyen nan Boston.
3. Obsèvasyon e bibliyasyon (*pwoblèm poze vs. solisyon pwoblèm*)
4. Plis bibliyasyon nan yon epòk done (bibliyasyon 8 liv an 1994)
5. Premye pwogram radyofonik mwen («Chache konnen ak Védrine») e ki jan mwen ta itilize kèk done (de sa) pi devan nan rechèch bibliyografik mwen
6. Yon baz bibliyografik solid pou avanse avèk rechèch la.
7. Yon itinerè bibliyografik (enkli Ayiti, Etazini, Kanada).
8. Èske se yon bibliyografi konplè?
9. Chwa lang pou ekri rechèch bibliyografik sa a (ak respè pou twa lang kle ke kòmantè, kritik oubyen dokimantasyon premye ekri ladan yo, twa lang tou k ap itilize Ayiti: fransè, kreyòl, anglè).
10. Sitiyasyon lengwistik Ayiti (yon diglosi).



(b). Yon pi gwo koudèy bibliyografik – Kèk kritik ta sètènman agimante ke pèp la pa janm kòmanse san anyen. Sa vre nan yon sans. Dwayen trè koni nan Etid Kreyòl, defen John Reinecke\*, tante pibliye yon bibliyografi ki kouvri lang kreyòl (a diferan baz). Lamò l an 1972 te yon kokenn pèt pou kreyolis nan lemond, men semans li fè a kontinye jèmen kote aprè, kèk lòt kreyolis eseye kontinye travay rechèch la nan lespri travay li. Etandone li kouvri kreyòl ayisyen nan rechèch li, kòm pati yon pi gwo branch nan kreyòl zòn Atlantik la, Albert Valdman et al. (1983) – yon chèchè byen koni nan domèn kreyòl ayisyen, eseye reviv rèv Reinecke avèk piblikasyon *Bibliographie des études créoles, langues et literatures*\*. Men kòm bibliyografi se yon rechèch ki pa janm konplè, li limite tou nan sans ke l pa ta kondi yon rechèch ki ta enkli piblikasyon ki kouvri tout aspè lang ayisyen an, sòti epòk kolonyal pou rive ane 80 yo, dat piblikasyon l.

*An annotated bibliography on Haitian Creole...* dènye liv mwen pibliye (an 2003), se yon dokiman enpòtan nan domèn istwa ak estansyon lang kreyòl la pou l jwenn diyite l merite. Se yon dokiman tou ki fè m sonje chemen long mwen mache pou te ka vin yon ekriyen e chèchè, pou konsantre sou devlopman materyèl ki an rapò ak kreyòl ayisyen ki kapab adapte pou sèvi plizyè fonksyon moun ki pale lang nan (ke l Ayiti oubyen nan dyaspora a).

(c). Yo te anboche m pou anseye nan [Pwogram Bileng Ayisyen](#)\*. Se te vrèman yon defi pou mwen epòk sa a lè mwen te kòmanse obsève bezwen anseyan avèk elèv nan pwogram lan, yon defi pou kòmanse yon bagay pozitif pou ede remèdeyè sitiyasyon an. Vrèmanvre, pa t gen materyèl disponib nan lang matènèl elèv yo oubyen materyèl bileng ki reflekte anviwonman yo.

Kiltirèlman palan, pifò Ayisyen ta fè plis pale ke aji. Nan ka Pwogram Bileng Ayisyen, yo ta pale, kontinye pale sou pwoblèm yo men pa janm eseye jwenn kèk fason konkrè pou solisyone kèk ladan yo. Nan obsèvasyon pa mwen, pa egzanp, gen 2 jenerasyon anseyan ayisyen anndan sistèm lekòl yo, epi chak ladan yo ta adrese pwoblèm sa yo nan fason pa yo:

a.1. Nan klasifikasyon *premyè jenerasyon an*, nou ta mete anseyan ki ta plis nan senkantèn yo e plis) ki te edike Ayiti, diplome nan inivèsite leta epi *UNESCO(35)* te anboche yo an ane 60 yo (plis) pou anseye nan nouvo peyi frankofòn endepandan an(n) Afrik. Anseyan sa yo te edike an fransè epi yo pa t espoze a oken pwogram oubyen seminè ki gen pou wè ak *lengwistik aplike*, ki ta entèprete vrè misyon yon pwogram bileng e lang natifnatal etidyan an kòm kolòn vertebral lengwistik li. Pa egzanp, pifò panse ke *metriz lang fransè a ta yon siksè pou elèv* epi bliye itilizasyon materyèl nan pwòp lang matènèl yo, kreyòl (lang ki pale nan fwaye yo, ak kondisip yo, lang kote yo kapab esprime yo ladan pi byen e lang yo konprann pi byen.

a.2) Dezyèm jenerasyon an ta anseyan, kote plis ladan yo tan an ventèn e plis. Ladan yo, n ap jwenn sa ki konplete nivo segondè Ayiti oubyen Etazini epi ki travay pou rive diplome nan inivèsite ameriken kote yo te pase tou nan kèk pwogram (pedagojik) pou anseyan pou te kapab vin lisansye pou anseye nan yon sijè patikilye. Pami kou obligatwa yo te dwe suiv, yo te pran kou ki an rapò avèk *lengwistik aplike* kote yo ta vin sousye de teyori ki an rapò avèk *edikasyon bileng*, akizasyon premye ak dezyèm lang, epi *wòl lang matènèl la nan edukasyon* pou gen siksè. Donk yo ta pi ouvè pou itilize kreyòl nan saldeklas la (byenke pifò ladan yo ta atann elèv yo fè sa yo kapab pou ekri anglè). La menm, yo pa sèlman rann li pi fasil pou elèv ayisyen (o nivo oral), men tou etidyan sa yo gen fyète pou patisipe nan klas la nan lang matènèl la malgre tout bagay sa yo fèt o nivo *oral* lefèt ke pèsòn nan sistèm nan pa t vini avèk ide pou devlope materyèl bileng apwopriye (pandan tan sa a) ki ta jwenn plas nan anviwonman elèv yo (ke l an fransè, anglè ou kreyòl - anglè) pou kapab ede yo fè tranzisyon an pi rapid.

Nan klas mwen, m eseye fè tout posib mwen pou ede elèv. Pa egzanp, mwen ta prezante konferans mwen an kreyòl lè pifò elèv mwen yo t ap pran premye nivo E.S.L (anglè kòm dezyèm lang), men an menm tan, sistèm lekòl la atann nou ede elèv metrize lang anglè a. Donk lefèt ke tout liv yo te nan lang anglè, mwen ta fè rezime kèk chapit m ap wè nan klas la an kreyòl; mwen fè rezime sa m prezante a sou papye, enkli lis vokabilè ak esplikasyon nan lang matènèl la. Mwen ta fè yo li an(n) anglè nan klas la, epi esplike ki valè bagay yo konprann nan sa yo li a. Mwen ta fè nenpòt egzèsis k ap ede yo. Lè m ap

bay egzamen, elèv gen chwa ekri nan lang anglè, fransè ou kreyòl. Mwen eseye rann tout moun alèz; pa t gen oken eskiz pou yo pa t patisipe nan tout aktivite klas la paske sa k enpòtan pou mwen se ta fè yo konprann nannan sijè m ap anseye a.

(d). Pandan 2 ane mwen fè ap anseye nan Pwogram Bileng Ayisyen (o nivo *high school*, 1987-89) mwen fè tout obsèvasyon posib (nan sans *brèch* ki te bezwen fèmen). Pou eseye retounen a premye sous pwoblèm nan, premye repons mwen nan ekri se te piblikasyon yon atik ki touche *pwoblèm lekòl Ayiti*, ki gen pou tit «Lekòl an Ayiti, yon pwoblèm totalkapital» ki pibliye nan jounal *Haiti Courrier* (Vol.I, # Avril 1992 – Boston, *Massachusetts*) kote m ajoute sou li pou fè l tounen yon liv esè (*Yon koudèy sou pwoblèm lekòl Ayiti*, 1994). Se plis yon dokiman ki ta itilize pou anseyan ayisyen Ayiti kote ki fò ladan yo pa janm gen yon chans atann yon pwogram pedagojik an patikilye. Lè n gade pwoblèm yo, ki yon jan yon lòt parèt atravè pèfomans elèv yo nan pwogram bileng). Premyèman, mwen t ap panse a yon fason pou ede kondi seminè pou yo, kote m ta desann Ayiti pandan gran vakans ete, men akòz sitiyasyon politik inestab peyi a, sa vin pi difisil pou atenn bi pou ede sa yo ki nan bezwen. Donk, mwen te fè kado anpil kopi gratis piblikasyon sa a (bay anseyan Ayiti kou nan dyaspora a) lè m te ka kontre ak yo kote m asire m ke kèk kopi al jwenn libreri piblik nan Pòtoprens, e kòm mwen aprann nan menm kèk manm l'UNNOH, kèk pati ladan itilize nan egzamen bakaloreya. Premye roman mwen, *Sezon sechrès Ayit\** itilize tou nan kèk lekòl segondè Ayiti kòm tèks.

(e). Se te yon benediksyon pou m te ka pibliye uit liv an 1994 pou ede Pwogram Bileng Ayisyen. Enspire yon fason pa ide Thomas Madiou\* (ki ekri premye liv istwa Ayiti paske l pa t ka jwenn youn pou l li), pandan mwen te elèv nan peyi Espay (an 1995), mwen travay entansivman alafwa sou bouyon *Gramè Kreyòl Védrine*. Nan prentan 1996, mwen te konplete maniskri sa a, e kòm mwen te anonse yon mwa davans premye seminè gratis *Védrine Creole Project*(\*). Maniskri sa a te premye itilize ansanm ak kèk lòt materyèl didaktik nan seminè sa a pou premye fwa avan piblikasyon l (ete menm ane a).

(f). – Ankouraje pa jounalis ayisyen David Cangé (an 1996) pou te pwodui yon pwogram radyo «talk show» trant minit atravè pwogram radyo l nan Boston (*Haiti Diaspo Inter*),

malgre lefèt ke mwen te trè okipe nan rechèch, mwen te finalman asepte òf la epi mwen te fè yon cho ki te plis baze sou «kritik literè» pandan yon ane. Pandan *talk show* sa a, mwen te gen opòtinite fè yon seri entèvyou ak kèk ekriven, jounalis kle ki pran pa nan kreyòl ayisyen. Pami yo: Féquière Vilsain (*Educa Vision*), Jan Mapou (Libreri Mapou\*), Kesler Brézault (Edisyon Lagomatik), Roodly Barthelemy (*Kreyòl Connection*)... Avan mwen te kòmanse cho a, tanzantan mwen ta jwenn entèvyou nan men manm medya Ayisyen nan *Massachusetts* (tèlke pa egzanp: Charlot Lucien (*Tele Kreyòl*), David Cangé (*Haiti Diaspo Inter, Tele Diaspora*), Eddy Le Phare (*Lèt ak Kilti*), Emmanuel René (*Ayiti Fokis*), Friz Alvarez (*Inspiration Ministry*), Gerathel Théodore (*Ayiti Fokis*), Jako (*Ayiti Fokis*), Pè Ati (*Tandèm Pawoli Kreyòl*), Orèsjozèf (*Tele Kreyòl, Vizyon 2004, Orèsjozèf Publications*), Roro Jean (*Paj istwa d Ayiti*), Serge Claude Valmé (*Radyo Vwa Lakay*), Wideneer Jean-Michel (*Radyo Choukoun Inivèsèl*), ak Yvon Lamour (*Radyo Liberasyon, Anva Tonèl Lakay*). Anpil nan entèvyou sa yo, ke m ka retrace, vin fè pati integral bibliyografi mwen an epi yon *corpus* enpòtan ak **done leksikal** pou moun k ap gen pou travay sou diksyonè kreyòl a lavni.

(g). – Tout premye rechèch avèk piblikasyon sa yo, ansanm ak yon **pwomnad edikasyonèl Ayiti an 1996**, ta pral sèvi kòm yon baz solid e enpòtan pou bati sou rechèch bibliyografik mwen an. Mwen mansyone vwayaj pwomnad mwen Ayiti kote nou, kèk anseyan nan *Boston Public Schools*, sou sipèvizyon Joel Theodat\* (nan epòk la, chèf pwogram Bileng nan *West Roxbury High School*), òganize yon pwomnad edikasyonèl, kote l te pran yon ventèn elèv *high school* pou al Ayiti. Pifò nan yo, yon seri jèn ki te kite Ayiti lè yo te tou piti epi ki grandi nan zòn Boston. Nan yon sans, yo ta konnen plis de Etazini ke pwòp peyi natifnatal yo, Ayiti. Enfliyanse pa medya ameriken an, ki toujou montre bagay negatif de Ayiti, yo ta (san oken dout), konnen plis de bagay negatif de Ayiti ke akonplisman pozitif Ayiti nan istwa kòm «Ansyen Pèl Zantiy yo». Donk, li te trè enpòtan pou te antreprann yon tèl pwomnad ak jèn sa yo pou te kapab wè ak pwòp zye yo **reyalite ayisyèn nan**.

Mwen te gen opòtinite fè kèk entèvyou pandan mwen te Okap e Pòtoprens tou pou te kapab anrichi rechèch leksikal mwen, tout yon *corpus* pou kontinye fè plis rechèch sou

dyalèk rejyonal lang kreyòl la. Nan pakou m Ayiti, mwen pa t reyèlman jwenn anyen serye sou kreyòl nan Bibliyotèk Nasyonal. La a, nou ka wè klèman pwoblèm *dokimantasyon* an tèm ki jan sant dokimantasyon yo pa ekipe nan Pòtoprens e kèk nan nou konsyan de pwoblèm sa yo, sa nou kapab fè pou ede.

(h). – Yon fwa mwen te fini avèk pwogram radyo a nan ete 1997, e aprè mwen te fin konplete yon pwogram lidèchip menm ane a nan *University of Massachusetts-Boston (College of Public and Community Service)*, Libreri Mapou nan Miyami te envite m pale sou **istwa lang kreyòl la**. Mwen te pwofite opòtinite sa a pou te rete nan vil sa a pou yon semèn pou te ka fè rechèch nan libreri sa a ki kenbe yon bon valè dokiman sou Ayiti, kote mwen te ka lokalize sèten referans ki an rapò ak kreyòl. Jan Mapou\*, fondatè e manadjè a, te ede m anpil kote li te rann dokiman sa yo disponib pou m te fouye yo.

Tounen mwen fin retounen sot Miyami, mwen te prè pou vwayaje *Indiana* pou al fouye *Enstiti Kreyòl Inivèsite Indiana* kote mwen ta jwenn plis dokiman sou kreyòl ke nenpòt lòt kote; tras dokiman ki pibliye depi epòk kolonyal. Rive nan *Indiana* pou premye fwa, mwen pa t pèdi tan rankontre bab pou bab ak pwofesè Albert Valdman (direktè enstiti a) pou premye fwa byenke nou toulède te familye deja ak travay youn lòt. San pèdi tan, li ban m aksè a dokiman nan Enstiti a. Sekretè a, Madam Deborah Piston, te mete dokiman yo disponib pou m te revize pandan orè rechèch mwen. Pwofesè Valdman se premye lengwis tou (nan domèn Etid Kreyòl) ki, aprè piblikasyon premye diksyonè m (*Dictionary Of Haitian Creole Verbs With Phrases And Idioms*), envite m (atravè yon lèt li ekri m nan prentan 1993) pou te kòmanse kolabore ak li sou rechèch – kote, san pèdi tan, mwen te revize yon pati nan yon diksyonè li t ap travay sou li alepòk (*A learners's Dictionary of Haitian, Creole*, 1996) epi annaprè mwen vin kontribye nan pi gwo pwojè diksyonè bileng *Indiana University (Haitian Creole-English Bilingual Dictionary*, 2007), yon pwojè setan.

Lefèt ke mwen te anvi wè manman m, [Elenize Zama Védrine](#), ki te nan *nursing home* Boston (1997), mwen pa t ka pase yon lòt semès *Indiana* pou te kontinye rechèch bibliyografi sa a byenke mwen te gen yon òf pou anseye yon kou lang (semès prentan

1998). De tout nòt mwen te pran avèk kopi dokiman mwen te fè, kounyeya mwen te prè pou retounen Boston chaje kou Legba pou te kòmanse ekri premye bouyon rechèch la pandan mwen t ap panse an menm tan a lòt andwa mwen te ka vizite pou al dèyè plis dokiman pou revize pou rechèch la. Mwen vin fè yon vwayaj nan *Cambria Heights, New York* kote mwen te pase kèk jou ak fouye dokiman nan sant *Haitiana Publications* (yon mezondedisyon, distribitè Ayisyen) Madam Patricia Reicher t ap dirije. Nan sant sa a, mwen te ka revize dokiman ak materyèl didaktik sou kreyòl. Otè byen koni kouwè Féquière Vilsaint (*Educa Vision*, Florida), Maude Heurtelou (*Educa Vision*, Florida) avèk Kesler Brézault\* (Edisyon Lagomatik, Monreyal), kontribye anpil nan devlope materyèl edikatif an kreyòl, kreyòl – anglè founi m avèk kèk dokiman pou te revize.

(i). – Youn nan kesyon kèk kritik te ka poze lè yo fèk wè liv sa a: *se tout sa ki pibliye sou kreyòl?* Repons lan se: Non! Rechèch bibliyografik pa janm konplè, e sa a pa yon esepsyon nonplis. Tip rechèch sa a se youn ki san fen paske se tout tan moun ap pibliye. Moun kapab toujou jwenn kèk dokiman ki pa nan yon bibliyografi. Kòm tip gwo rechèch konsa pa youn kote dezyèm edisyon an pral sòti avan lontan, atravè patisipasyon nan plizyè fowòm ki an rapò ak Ayiti sou entènèt la (depi 1998), mwen twouve ke li enpòtan olye pou mwen ta pibliye yon [bibliyografi siplemantè](#) aprè premye edisyon an, ke li ta pi saj pou eseye lokalize enfòmasyon ki rate sou tit ki pa t parèt nan premye edisyon an avèk enfòmasyon mwen konte resevwa nan men chèche avèk moun ki ta renmen pote kolaborasyon yo. Nouvo enfòmasyon sa yo, mwen ajoute yo pito nan anyè mwen kreye pou dokimante Ayiti sou entènèt la: [Haiti's Super Web Directory](#). Kreyasyon paj wèb sa a se pou ede bouche kèk twou nan pwoblèm dokimantasyon sou Ayiti. Nan sans sa a, mwen ankouraje tou kreyasyon diferan [bazdone elektwonik](#) ki ta kouvri yon dal sijè kote anyè sa a sèvi kòm modèl.

Premye edisyon rechèch sa a, ki eseye kouvri piblikasyon soti epòk kolonyal pou rive a lan 2000, se yon premye etap preliminè pou yon travay pi long ke m anvizaje anrichi avèk plis dokimantasyon. Bibliyografi sa a se yon pwojè ki ouvè pòt li a tout moun ki vle kolabore nan avansman kreyòl nan venteyinyèm syèk. Mwen espere rechèch sa a va sèvi

kòm estimilan pou tout moun ki li l ta panse a pwoblèm **dokimantasyon** nan tout domèn, e ki jan yo kapab ede Ayiti solisyone pwoblèm sa a.

**(j). Chwa lang pou ekri rechèch la** – Rechèch bibliyografik sa a parèt nan twa lang (anglè, fransè ak kreyòl). Se twa lang enpòtan Ayiti kounyeya e twa lang tou nan Etid Ayisyèn (byenke lang anglè a pa gen yon estati ofisyèl, fason yo itilize l nan sèten ka gen yon gwo enpòtan).

Koze **lang** Ayiti se yon bagay ki te toujou enterese mwen. Kòm powèt ayisyen Kesler Brézault (Keslèbrezo) mansyone: «*Lè yon Ayisyen ap ekri an fransè ou nan yon lòt lang, mesaj otè a ap eseye fè pase a, se youn ki tankou yon sik blan. Ou ka devine gen yon reyaksyon chimik ki fèt pou konvèti sik jòn an sik blan. Anpil nan vitamin yo pèdi atravè pwosesis la*». Andotretèm, mesaj yon otè ap eseye fè pase (lè l pa ekri nan lang matènèl la) toujou parèt yon tradiksyon e souvan nan tradikson, gen eleman nan tèks orijinal la ki pèdi. Men fò nou respekte tou chwa yon otè ayisyen ka fè pou l ekri nan yon lang ki pa kreyòl. Anpil otè ayisyen ki grandi nan yon anviwonman alesteryè Ayiti, ap ekri nan lang dominan anviwonman sa a.

Lè y ap pale de **lang prensipal Ayiti**, yo refere dirèkteman a *fransè e kreyòl* (2 lang diferan). Pifò dokiman ki pibliye Ayiti parèt an fransè paske pifò otè ayisyen ekri an fransè epi gen anpil etranje toujou ki panse Ayiti se yon *peyi frankofòn*. Enplikasyon an sèke pifò Ayisyen (si se pa tout) pale fransè, pandan reyalite a se 20% (ven pou san) nan popilasyon an ki ka pale fransè e *nivo* yo pale l la tou (pou ta montre metriz lang nan) varye.

Lang matènèl la, kreyòl, toujou jwe yon wòl enpòtan nan sosyete ayisyen an: se li ki kolòn vètebral kilti nou ak mak fabrik etnisite nou. Li klè *Konstitisyon 1987* la deklare ‘yon sèl lang ki simante tout Ayisyen – se lang kreyòl’. Menm Konstitisyon an rekonèt kreyòl kòm yon lòt lang ofisyèl bò kote fransè.

(k). **Sitiyasyon lengwistik Ayiti** – Sitiyasyon lengwistik Ayiti (jiska prezan) se yon diglosi(36), kote pifò dokiman ofisyèl yo, enkli materyèl didaktik toujou rete an fransè. Gen yon nesosite pou tradui yo an kreyòl. Gen yon bon valè materyèl didaktik an kreyòl (soti nan ven dènye ane yo) ki kouvri sik elemantè ak mwayen. Byenke piblikasyon sa yo pa ta volimine, nan zye kèk kritik, men inisyativ ki pran pou relve defi, se yon bagay ki bezwen ankourajman nan men tout moun k ap reve chanjman pou Ayiti nan tout domèn.

Malgre tout aktivite sa yo, vrè chanjman an se nan men gouvènman ayisyen an li ye – pa sèlman pou bati lekòl gratis nan tout rakwen peyi a, men tou pou pwomote ansèyman ak pwogram alfabetizasyon nan lang kreyòl la dabò, epi eseye travay pou yon bonjan pwogram bileng. Lejou rèv sa a ta tounen reyalyite – lè tout timoun Ayiti kapab al lekòl gratis ti cheri, pou aprann li ak ekri nan lang matènèl yo, epi pou metrize l avan y aprann yon dezyèm lang, edikasyon va yon gwo pa nan devlopman peyi a, e va gen plis siksè nan yon vrè refòm eskolè, yon mouvman anpil Ayisyen konsekan ap reve.

(l). **Konklizyon** – Ankò, yon rechèch bibliyografik pa janm konplè e *An annotated bibliography on Haitian Creole* pa yon esepsyon nan lwa a. Mwen di byenveni a sijasyon (k ap sòti nan men lektè yo) avèk moun ki li rechèch la, ki ta renmen kolabore nan jwenn dokiman pou anrichi l epi pou avansman lang kreyòl nan venteyinyèm syèk la. Mwen espere piblikasyon sa a sou lang matènèl Ayiti a kapab sèvi moun k ap itilize l pou diferan bi, lè nou gade sa ki anndan l, mo ki gwoupe plizyè aspè (*Ansèyman kreyòl, Bibliyografi kreyòl, Corpus kreyòl, Deskripsyon kreyòl, Estati kreyòl, Etid kreyòl, Gramè kreyòl, Istwa Ayiti, Jenèz kreyòl, Kilti ayisyen, Kreyòl a baz fransè, Kreyòl atlantik, Kreyòl ayisyen, Lang ayisyen, Lang nan Karayib la, Leksik kreyòl, Lengwistik ayisyen, Lengwistik kreyòl, Literati ayisyèn, Literati karayib, Pidjin ak lang kreyòl yo, Pwogram Bileng Ayisyen, Tèz ak disètasyon sou kreyòl ayisyen ak tèz sou Ayiti*).



## BIBLIYOGRAFI

CHARLES, Jean Frito, Josué Mérielien, Norbert Stimphil. 1995. *Anmwe! Osekou! Pou Lekòl Peyi Dayiti K Ap Depafini Ansanm Ak Metye Fè Lekòl La Ki Pa Vo Anyen*. (Tradiksyon kreyòl: Jean F. Charles). Pòtoprens: UNNOH (Union Nationale des Normaliens d'Haïti).

CHERY, Pierre Michel. «Sou ansèyman lasyans an kreyòl an Ayiti».

DEJAN, Iv (Yves Dejean). 2006. *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba*. Pòtoprens: FOKAL (Fondasyon Konesans ak Libète)

HUDICOURT, Caroline. 2006. «La Problématique du créole à l'École: une manifestation d'insécurité au niveau identitaire». (Présentation du Professeur Caroline Hudicourt à l'Université Quisqueya. *Espace Francophone* - 14 juillet 2006).

HURBON, Laënnec. 1987. *Comprendre Haïti*. Paris: Éds. Karthala.

EDIKATÈ À L'EDUCATEUR. (revi bileng: Fransè, kreyòl). Port-au-Prince: Éds. Henri Deschamps.

FOUCHARD, Jean. 1988. *Langue et culture des Aborigènes d'Ayiti*. Port-au-Prince: Éds. Henri Deschamps.

JEAN-BERTRAND, Aristide. 1992. *Haïti un an après le coup d'état*. Montréal: Éds. Du CIDIHCA.

---.1992. *Tout homme est un homme*. Paris: Éds. du Seuil.

JEAN-JACQUES, Tony. 1992. *Pour mieux t'aimer / Pou m ka pi renmen w*. Cambridge: Soup to Nuts Publishers.

LAROCHE, Maxilmilien. *La littérature haïtienne*. Montréal: Éds. Leméac.

- METELLUS, Jean. 1987. *Haïti une nation pathétique*. Paris: Denoël.
- PIVERGER, Sandra. 2005. «Kole zèpòl ak zèpòl pou lang kreyòl jwenn vrè li nan sosyete a». Boston: E. W. Védrine Creole Project.
- RENÉ, Jean Eric. 2005. «Kijan yon plant fèt». Boston: E. W. Védrine Creole Project.  
---.2005. «Rasin yon plant». Boston: E. W. Védrine Creole Project.
- ST.GERMAIN, Michel. 1988. *La situaton linguistique en Haïti bilan et prospective*. Ottawa: Faculté d'Éducation Université d'Ottawa.
- TONTONGI (Eddy Toussaint). 1992. *La présidence d'Aristide: entre le déficit l'espoir*. Boston, MA: Nouvelle Stratégie Book Project.
- VALDMAN, Albert. 1996. *A learners's Dictionary of Haitian Creole*. Indiana University – The Creole Institute. Bloomington: Indiana.
- VALDMAN, Albert and Charles R. Foster. 1984. *Haiti Today and Tomorrow. An Interdisciplinary Study*. Lanham, Maryland: University Press of America.
- VEDRINE, Emmanuel W. 2007. (editorial team) *Haitian Creole-English Bilingual Dictionary*. Bloomington, IN: The Indiana University, Creole Institute.  
---.2007. (co-editor). *Premye etap avèk yon òdinatè*. Collegeville, PA: Pwof Ansanm.  
---.2006. *Di yon vèb tire yon kont*. (2<sup>nd</sup>.ed). Coconut Creek, FL: Educa Vision.  
---.2006.«English – Haitian creole computer terms». Boston: E. W. Védrine Creole Project.  
---.2006.«Commentaires en ligne sur les langues en Haïti». (fowòm: *Haitian Politics*).  
---.2006.«Correspondences with teachers in Haiti». Boston: E. W. Védrine Creole Project.

- .2006.(panel).«Standardizing Haitian Creole? A Roundtable Discussion». HAS' 18<sup>th</sup> Annual Conference. University of Virginia.
- .2005.«A bibliography of theses and dissertations related to the Dominican Republic». Boston: E. W. Védrine Creole Project.
- .2005.«A bibliography of theses and dissertations related to Haiti (from 2001-2004)». Boston: E. W. Védrine Creole Project.
- .2005. Ayisyen ak mit 'Moun Nwa pa li'. Boston, MA: E. W. Védrine Creole Project.
- .2005.«Èske yon pwogram multileng pral solisyone vrè pwoblèm lekòl Ayiti?».
- .2005.«Estrateji Pou Rebwaze Ayiti». Boston: E. W. Védrine Creole Project.
- .2005.«Haitian Creole D-Base: Writings By Emmanuel W. Védrine». Boston: E. W. Védrine Creole Project.
- .2005. *Petit lexique du créole haïtien*. (2<sup>nd</sup>.ed). Boston: E. W. Védrine Creole Project.
- .2005.«The English language in Haiti». Boston: E. W. Védrine Creole Project.
- .2004.«Agrikilti ta dwe premye sib nan devlopman Ayiti». Boston: E. W. Védrine Creole Project.
- .2004.«Dyalòg sou rebwazman an(n) Ayiti». Boston: E. W. Védrine Creole Project.
- .2004.«Kèk plant kreyòl ak non yo an laten». Boston: E. W. Védrine Creole Project.
- .2004.«Haitian Creole D-base: Haiti Progrès». Boston: E. W. Védrine Creole Project.
- .2003. *An Annotated Bibliography On Haitian Creole: A review of publications from colonial times to 2000*. Coconut Creek, FL: Educa Vision.
- .2003.«Fè rechèch : pwoblèm ak solisyon pou elèv ayisyen Ayiti e Etazini». Boston: E. W. Védrine Creole Project.
- .2002.«A bibliography of theses & dissertations related to Haiti (20th Century)». Boston: E. W. Védrine Creole Project.
- .2000. «Leksik kreyòl: ekzanp devlopman kèk mo ak fraz a pati 1986». Boston: E. W. Védrine Creole Project.
- .1999.«Ayiti, yon peyi ravaje nou dwe sispann detwi». Boston: E. W. Védrine Creole Project.
- .1996. *Gramè Kreyòl Védrine*. Boston: E. W. Védrine Creole Project.

- .1996.«Konvèsasyon kat ti zanmi ki te nan 'High School'» (un échantillon d'alternance codique parmi la jeune génération haïtienne aux Etats-Unis). Boston: E. W. Védrine Creole Project.
- .1996.«Premier rencontre avec Eddy Le Phare». ('Lèt ak Kilti').(pdf, 43 KB). Boston, MA: E. W. Védrine Creole Project.
- .1996. *Kreyòl Lesson for beginners: An introduction to Haitian Creole*. Boston, MA: E. W. Védrine Creole Project.
- .1994.«Ann pale de bwa ak fri Ayiti!». Boston: E. W. Védrine Creole Project.
- .1994. *Ide pou kreye yon High School Ayisyen prive nan Boston*. Boston: E. W. Védrine Creole Project.
- .1994.«Peyi m rele Ayiti». Boston: E. W. Védrine Creole Project.
- .1994. *Sezon sechrès Ayiti* (roman). Cambridge: Soup to Nuts Publishers.
- .1993.«Pou restriktire lekòl Ayiti». Boston: E. W. Védrine Creole Project.
- .1993. *Poetry in Haitian Creole*. Cambridge: Soup to Nuts Publishers..
- .1993. *Un stylo international*. Cambridge: Soup to Nuts Publishers.
- .1992. *Dictionaray of Haitian Creole Verbs With Phrases and Idioms*. Cambridge: Soup to Nuts Publishers.
- .1992.«Lekòl Ayiti, yon pwoblèm total kapital». Boston: *Haïti courier*, Vol. 1, no.6
- .1991.«Chita tandè sou kreyòl ayisyen ak kote l sòti». Konferans sou kreyòl ayisyen – Gordon Seminary Extention. Boston, Massachusetts.
- .1990.«A brief history of Haiti». Boston: *Prisma* (multi-cultural magazine), University of Massachusetts-Boston.
- .1990.«A panorama of Haitian Indian civilization». Boston: *Prisma* (multi-cultural magazine), University of Massachusetts-Boston.
- .«Kèk chapit istwa Dayiti atravè pwezi». Boston: E. W. Védrine Creole Project.
- .«Kisa n ka fè pou ede Ministè Edikasyon Nasyonal Ayiti?». Boston: E. W. Védrine Creole Project.

## NÒT (\*), (\*\*)

- (ii). Haitian Ministries for the Norwich Diocese, Inc. (Tradiksyon anglè ⇨ kreyòl: E. W. Védrine).
- (1). **Jean Metellus**, *Haiïti une nation pathétique*. (Tradiksyon kreyòl: E. W. Védrine).
- (2). **Charles, Jean Frito, Josué Mérilien**, Norbert Stimpil. 1995. *Anmwe! Osekou! Pou Lekòl Peyi Dayiti K Ap Depafini Ansanm Ak Metye Fè Lekòl La Ki Pa Vo Anyen*. (Tradiksyon kreyòl: Jean F. Charles). Pòtoprens: UNNOH (Union Nationale des Normaliens d'Haïti).
- (3). **Jean Metellus**, *Haiïti une nation pathétique*, pp. 97. (Tradiksyon franse ⇨ kreyòl: E. W. Védrine).
- (4). **Laënnec Hurbon**, *Comprendre Haïti*, pp. 19). (Tradiksyon franse ⇨ kreyòl: E. W. Védrine).
- (5). **Haiti Today And Tomorrow**, pp. 119.
- (6). **Albert Valdman, Foster** (ed.), *Haiti Today and Tomorrow*, pp. 123. (Tradiksyon anglè ⇨ kreyòl: E. W. Védrine).
- (7). **Jean-Bertrand Aristide**, *Tout home est un homme*, pp. 45. (Tradiksyon franse ⇨ kreyòl: E. W. Védrine).
- (8). **Lyonel Prime**, «Haitian Culture Curriculum», *English High School – Academic year 1988-1989*.
- (9). **Albert Valdman, Foster** (ed.), *Haiti Today and Tomorrow*, pp. 124. (Tradiksyon anglè ⇨ kreyòl: E. W. Védrine Védrine).
- (9a). **Jean Frito Charles**, Josué Mérilien, Norbert Stimpil (1995). *S.O.S pour l'école haïtienne en péril et la valorisation du métier d'enseignement*.
- (10). **Atik 32, 32-1, 32-2, 32-3, 32-9, 32-10, 33 (Konstitisyon 1987 la)**.

**Atik 32:** *Leta dwe degaje l pou tout moun jwenn bon fòmasyon. Leta fèt pou li kontwole, si yo respekte dwa sa a. Se yon dwa tout moun genyen ni pou lespri yo an fòm, ni pou yo an fòm. Ni pou yo kapab aprann mache dwa, nan lavi a. Ni pou yo kapab aprann byen viv, youn ak lòt. Ni pou yo kapab aprann travay nan avantaj peyi a. Ni pou yo kapab gen yon bon metye nan men yo.*

**Atik 32-1:** *Bon fòmasyon pou tout sitwayen, sou kont Leta ak moun ki alatèt chak zòn peyi a. Se pou yo rive mete lekòl gratis pou tout moun. Se pou yo kontwole si moun k ap fè lekòl yo, alawotè, ni pou lekòl Leta, ni pou lekòl prive.*

**Atik 32-2:** *Premye travay Leta, ak moun ki alatèt chak zòn peyi a, se fè yon jan pou tout moun rive al lekòl. Se sèl jan yo va kapab mete peyi a sou wout pwogrè vre. Tout moun ki vle bay konkou nan travay sa a, fèt pou yo jwenn ankourajman ak avantaj nan men Leta.*

**Atik 32-3:** *Tout timoun dwe fè klas primè yo. Lalwa va di ki pinisyon yo prevwa lè sa pa fèt. Leta dwe bay elèv lekòl primè tout liv ak tou sa ki nesèsè pou yo aprann, gratis.*

**Atik 32-9:** *Leta ak moun ki alatèt chak zòn peyi a dwe fè mwayen posib yo, pou tout granmoun nan peyi a, rive konn li fen, e rive konn ekri fen. Yo va ankouraje tout lòt moun ki soti pou yo bay konkou pou sa.*

**Atik 32-10:** *Lajan yon pwofesè dwe touche kòm salè, pou pi piti, dwe sifi pou bezwen l.*

**Atik 33:** *Lekòl pou tout degre konesans, dwe lib. Men, Leta gen pou li kontwole kouman yo sèvi ak dwa sa a.*

**(11). Sou koutmen Kiba ap bay Ayiti nan domèn edikasyon** – Tradiksyon kreyòl (E. W. Védrine) yon atik ak tit «Pwennvi: Kiba kontinye pwogram kiltirèl e edikasyonèl li». Kredi sous (an liy): Max Blanchet. Tèks orijinal reposte ak pèmision Bob Corbett, jeran fowòm «[Haiti Mailing List](mailto:haiti@list.webster.edu), [haiti@list.webster.edu](mailto:haiti@list.webster.edu)» - Sijè #7212: «*Cuba and Literacy in Haiti*». © 2001 Radio Habana Cuba, NY Transfer News. All rights reserved.

**(12). Jean Fouchard**, *Langue et littérature des Aborigènes d'Ayiti*, pp.78. (Tradiksyon franse ⇨ kreyòl: E. W. Védrine).

**(13). Lyonel Prime**, «Haitian Culture Curriculum», *English High School – Academic year 1988-1989*.

**(14). Emmanuel W. Védrine**, «Lang» (pwezi) - *poetry in Haitian Creole* (1994), pp. 6.

**(15). Jean Metellus**, *Haiti: une nation pathétique*, pp. 235. (Tradiksyon kreyòl: E. W. Védrine).

**(16). Emmanuel W. Védrine**, «Esprime ou!» - *poetry in Haitian Creole* (1994), pp. 29.

**(17). Jean-Bertrand Aristide**, *Tout homme est un homme*, pp.44-45. (Tradiksyon franse ⇨ kreyòl: E. W. Védrine).

**(18). Jean-Bertrand Aristide**, *Tout homme est un homme*, pp.44. (Tradiksyon franse ⇨ kreyòl: E. W. Védrine).

**(19). Haiti Today And Tomorrow**, pp. 77. (Tradiksyon franse ⇨ kreyòl: E. W. Védrine).

**(20). Jean Metellus**, *Haiti une nation pathétique*, pp. 227. (Tradiksyon franse ⇨ kreyòl: E. W. Védrine)

- (21). **Maximilien Laroche**, *La littérature haïtienne*, pp. 108. (Tradiksyon franse ⇒ kreyòl: E. W. Védrine)
- (22). **Tonton Guy**, *La présidence d'Aristide: entre le défi l'espoir*, pp.45. (Tradiksyon franse ⇒ kreyòl: E. W. Védrine).
- (23). **Haïti Un An Après Le Coup D'état**. (Tradiksyon franse ⇒ kreyòl: E. W. Védrine).
- (24). **Haïti Un An Après Le Coup D'état**, pp.124. (Tradiksyon franse ⇒ kreyòl: E. W. Védrine).
- (25). **Jean METELLUS**, *Haïti une nation pathétique*, pp. 98. (Tradiksyon franse ⇒ kreyòl: E. W. Védrine).
- (26). **Jean-Bertrand ARISTIDE**, *Tout homme est homme*, pp.43-44. (Tradiksyon franse ⇒ kreyòl: E. W. Védrine).
- (27). **Odette FOMBRUN**, *Edikatè à l'Edicateur* (revi). ref. *Yon koudèy sou pwoblèm lekòl Ayiti* (1994), pp. 65-66.
- (28). **Odette FOMBRUN**, *Edikatè à l'Edicateur* (revi). ref. *Yon koudèy sou pwoblèm lekòl Ayiti* (1994), pp. 65-66.
- (29). **Jean-Bertrand ARISTIDE**, *Tout homme est un homme*, pp. 53. (Tradiksyon franse ⇒ kreyòl: E. W. Védrine).
- (30). **REFERANS**: mòso nan yon prezantasyon E. W. Védrine nan Giyàn Fransèz (me 2003): «L'utilisation de *An Annotated Bibliography On Haitian Creole* de E. W. Védrine comme un des outils importants dans le cadre de la standartisation du créole haïtien». Konferans: «Comment écrire les langues de Guyane».
- (31). **POLITIK LENGWISTIK**. --- An referans a yon atik Adeline Magloire-Chancy (ansyen Sekretè d Eta pou Alabetizasyon) pibliye, ki gen pou tit «Plaidoyer pour une politique linguistique nationale», revue *Rencontre* #19, août 2004). Pou site yon mòso nan atik sa a, Chancy deklare: «21 me, 1996, twa mwa aprè nominasyon mwen, Premye Minis lan, Rosny Smarth adrese yon lèt voye bay Sekretè d Eta Alfabetizasyon an (mwen te an fonksyon depi de (2) mwa, mas 1996) pou mande Sekretè a prepare yon Pwojè Lwa sou itilizasyon kreyòl nan Administrasyon Piblik, avèk objektif pou fasilite kominikasyon avèk sitwayen yo e pou ede yo patisipe san pou san nan zafè ki konsène Leta. Lèt Premye Minis lan, ki ekri an kreyòl, presize pwen ki dwe figire nan lwa a: itilizasyon kreyòl nan lekòl yo, sòti nan matènèl pou rive nan egzamen ofisyèl, nan tout Ak Sivil Leta e lòt dokiman, nan Lajistis: jijman, pwose vèbal e avèk obligasyon pou tout anplwaye leta kapab li e ekri kreyòl. Pa gen pwoblèm, Sekretè a reponn imedyatman e Biwo Lang nan kòmanse travay. Pwojè a te depoze ofisyèlman nan Biwo Premye Minis lan, 5 septanm 1996, lavèy Jou Entènasyonal pou Alfabetizasyon. Nan dat 8 septanm, pandan preparasyon seremoni yo, nan okazyon Jou Entènasyonal la, Premye Minis lan fè anons

lan epi l enfòmasyon yo suivi imedyat ta vin aprè kote minis li yo (paske l te voye kopi yon lèt sikilè, ki te ekri an kreyòl tou, ba yo). Nan lèt sa a, ki date 9 septanm 1996, li di: ‘*Mwen toujou panse ke alfabetizasyon reprezante yon pòt ki dwe ouvri ak de (2) batan pou kapab bay tout sitwayen aksè nan aprantisaj lekti ak ekriti ke tout moun gen chans patisipe san pou san nan yon chantye trè vas nan chanjman sosyete a. An menm tan, li mande pou tout sitwayen Ayisyen gen abitud itilize l tout kote: nan lekòl, nan administrasyon piblik, nan tout aktivite ekonomik, lang nasyonal ki konekte nasyon an, jan Konstitisyon an deklare l’...».* (Tradiksyon franse ⇨ kreyòl: E. W. Védrine).

(32) Michel St-Germain, *La situation linguistique en Haïti: bilan et prospective* [Tradiksyon franse ⇨ kreyòl: E. W. Védrine]

(33). **REFERANS:** *Initiativa para la Excelencia en Educación de los Hispanoamericanos* ([www.yosipuedo.gov](http://www.yosipuedo.gov)); *White House Initiative on Educational Excellence for Hispanic Americans* ([www.yic.gov](http://www.yic.gov)) of the US Educational Dept. and reformatted by Title I Dissemination Project, Inc.).

(34). **EPÒK KOLONIAL.** La a, li refere a peryòd istorik avan endepandans Ayiti (1804).

(35). **UNESCO** (*United Nations Educational, Scientific and Cultural Organization* /Òganizasyon Edikasyonèl, Syantifik e Kiltirèl Nasyonzini).

(36). **DIGLOSI.** (Diglossi. 1983a. Yves Dejean. «*Diglossia Revisited: French and Creole in Haiti*». *Word*. Vol.34. #3, pp 180-273). «Premye pati etid sa a egzaminen konsèp diglosi a ke Ferguson te fòmile (1959) fason li aplikab a sitiyasyon lang Ayiti. Dezyèm pati a analize, an relasyon tou ak Ayiti... ak transfòmasyon konsèp sa a. Konklizyon ki tire de analiz sa a pa restren a envestigasyon teyorik lang kreyòl. Yo gen enplikasyon pratik pou kesyon oubyen òtograf, alfabetizasyon, oryantasyon epi bi lekòl primè ak segondè, metòddansèyman ak aprantisaj franse, e fason ki apopriye pou diskite pwoblèm lang ak yon odyans ayisyen.

(\*). **ANDRÉ VILAIRE CHÉRY**, otè: *Dictionnaire De L'évolution Du Vocabulaire Français En Haïti dans le discours politique, économique et social du 7 février 1986 à nos jours* (Tome I & II).



(\*). «Ann kaze koub òtograf kreyòl la». (Iv Dejan).

(\*). *Bibliographie Des Etudes Creoles, Langues Et Litteratures*. 1983. Albert Valdman, Robert Chaudenson, Marie-Christine Hazaël-Massieux. Indiana University-Bloomington. «Bibliyografi sa a pran orijin li nan yon pwojè ki te lanse pandan preparasyon premye rankont *Conseil International des Études Créoles* (C.I.E.C – Nice, novembre 1976). «Premyèman, premye moun ki te kòmanse pwojè a te pwopoze pou konplete pati bibliyografi etid kreyòl John Reinecker a (*A Bibliography of Pidgin and Creole Languages, Honolulu: University Press of Hawaii, 1975*), ki santre sou etid kreyòl e pidjin a baz leksikal franse – nan tèks bibliyografi sa a, abreviyasyon CLF ak PLE sèvi pou refere a kreyòl e pidjin a baz leksikal franse. Endikasyon defen dwayen etid kreyòl la founi te kanpe nan ane 1972, yo te dwe pwolonje pou peryòd 1972-76...».

(\*). **EVALYASYON SEMINÈ KREYÒL: VEDRINE CREOLE PROJECT** – Enstriktè a kouvri tout sa li te planifye pou l wè. Li bay ase enfòmasyon atravè manyèl *Gramè Kreyòl Védrine* ki kouvri plizyè bagay. Mwen gen yon pi bon metriz òtograf la kounyeya. Se te vrèman yon bonjan pratik pou tandè Ayisyen natifnatal k ap li materyèl a wot vwa. Mwen santi m pi klè kounyeya sou sistèm yo an kreyòl. Li te reyèlman enteresan pou revize chanjman nan òtograf la (konpare ak ansyen an). M aprann anpil nan jis tandè enstriktè a tèlman avèk konvèsasyon patisipan yo, diskisyon yon seri sijè ki an rapò ak kreyòl. – Mwen te reyèlman enterese nan pati kiltirèl la, tankou pwovèb yo ak referans a fòklò literati ayisyen an (tèlke istwa sou Bouki, Malis ak dyalite sa montre nan kilti ayisyen). Diskisyon sou kèk pwovèb ayisyen ak espresyon idyomatik pou analize yo, pou rann sans yo pi klè epi pou wè nan sitiwayon yo itilize – sa te reyèlman yon bon egzèsis. Mwen rekòmande e definitivman pral kontinye rekòmande seminè sa a a lòt moun ki enterese a lang e a kilti ayisyen. Mwen ta renmen wè tip seminè sa yo kontinye epi pwopoze bagay sa yo pou amelyorasyon: fòmasyon ti gwoup k ap pratike òtograf la, petèt pratik sou diksyon ak kèk ti koreksyon pou ka asimile vrè règ pou eple. – Kèk ti travay pratik an gwoup sou istwa kont yo: pa egzanzp, travay sou kèt plan leson kout – ki jan materyèl sa yo ta itilize nan klas. – Pou ta kòmanse chak pati seminè a avèk yon ti pratik kout avan enstriktè a prezante konferans li oubyen li nan yon liv. Se ta yon bon

fason pou idantifye kibò moun gen plis kesyon oubyen dout konsènan lang. – Mwen, patikilyèman, apresye pratik enstriktè a fè ak tout patisipan yo: chak moun estope klas la tanzantan lè yo pa t konprann yon bagay an kreyòl, e mwen santi m trè chance pou te fè pati de gwoup sa a. Finalman, tout materyèl sa yo enstriktè a te bay, yo trè itil e mwen trè kontan resevwa yo...». (Corinne Etienne, *Ph.D in French Linguistics – Indiana University*).

(\*) **FON POU PIBLIKASYON SA YO:** *Di yon vèb tire yon kont, Ide pou kreye yon High School Ayisyen prive nan Boston, Materyèl Edikatif pou Bileng Ayisyen, Poetry in Haitian Creole, Sezon sechrès Ayiti, Ti istwa kreyòl: Short stories in Haitian Creole, Un stylo international, Yon koudèy sou pwoblèm lekòl Ayiti*, mwen te pran l dirèkteman nan kòb bousdetid *Harvard University* te ban mwen. Fon pou senkan rechèch bibliyografi sa a, se Jesula Védrine (sè mwen) ki te finanse l. Ke Bondye kontinye beni l. Mwen montre gratitud mwen anvè l, yon moun ki gen bon kè, youn ki toujou prè pou ede sa yo ki nan bezwen. Filozofi m nan sipòte pwojè kreyòl la pou pa mande ti lajan *grant* (sibvansyon) oken kote – se youn ki gen pou wè ak diyite nan sans ke enèji nou bezwen an se nan nou menm menm li ye tou; an dotretèm, anpil nan nou gen potansyèl pou fè bagay grandyoz (san konte 100% sou èd k ap sòti de lesteryè). Sa se yon gwo pwoblèm pou devlopman Ayiti: pifò Ayisyen panse vrè èd Ayiti bezwen se aletranje l ap sòti (nan sans ke lòt moun pral vin fè bagay de baz nou bezwen yo – kote yo pa panse a potansyèl yo kòm resous imèn). Nan de grenn je mwen, se yon defi pou relve.

(\*) **I.P.N :** Institut Pédagogique National.

(\*) **KONKÒDA.** – *Yon kondòda se yon akò, se yon kontra yon gouvènman pase ak Vatikan.*

(\*) **LIBRERI MAPOU.** – Youn nan pelerinaj literè mwen te fè se rann Libreri sa a yon vizit an 1997. Prandan 30 ane depi m ap viv Etazini, se te premye fwa mwen pase yon semèn Miyami. Libreri Mapou se tankou yon andwa kote moun pa sèlman vin achte liv ak lòt bagay, men se yon sant tou pou *dokimantasyon* ki egziste nan Miyami, e youn ki trè enpòtan pou Ayisyen tout kote nan Dyaspora a. – Anpil moun k ap fè rechèch sou Ayiti (ke l te etranje, Ameriken ou Ayisyen) vin nan sant sa a dèyè enfòmasyon. Pa

egzanp, premye jou mwen te rive nan librerri a, te gen yon gwoup etidyan Ameriken blan (nan inivèsite) ki t ap fè rechèch sou plizyè kominote. Yo te estope la pou aprann de kilti ayisyen e sou Ayisyen k ap viv nan Miyami.

(\*). **PWOGRAM BILENG LAN.** Pwogram sa a te yon *pwogram tranzisyon* li ye. Yo te atann pou elèv metrize lang anglè a vit ke posib dekwa pou yo antre nan pwogram anglè nèt (ak tout elèv ameriken). Sepandan, se pa t yon bagay fasil pou anpil elèv, patikilyèman vag elèv ki t ap sot Ayiti nan fen ane 80 yo kote edikasyon an(n) Ayiti pa t reyèlman tounen yon defi, akòz inestabilite politik, e avèk anseyan ki mwen kalifye pou anseye. Moun te fatige ak dikati Jean-Claude Duvalier a epi yo yo te kòmanse leve kont li. De tanzantan, lekòl t ap fèmen pòt yo; elèv pa t reyèlman rive konplete ane akademik lan konplètman, epi tou kalite edikasyon an(n) Ayiti te kòmanse tonbe an degraba nan kòmansman ane 80 yo. Pami vag elèv yo ki kite Ayiti, te genyen n ap jwenn Lekòl Piblik Boston yo. Akòz laj yo, yo ta mete yo nan *high school* (ekòl segondè). Anpil ladan yo pa menm janm konplete nivo eleman tè ou mwayen epi yo t ap fonksyone anba nivo klas yo ta mete yo. Yo pa t alfabetize ni an fransè ni an kreyòl; pakonsekan, anpil ki te tonbe nan kategori sa a yo te refere yo a pwogram *SPED* (*Special Education Pwogram*). Anseyan nan Pwogram Bileng Ayisyen te santi presyon ki sòti nan administrasyon lekòl la ki pa t reyèlman konprann ki sa k t ap pase reyèlman pase lekòl t ap fonksyone nòmalman. Kèk anseyan ayisyen ki te reyèlman fèt tout mwayen posib pou chèche konnen vrè pwoblèm timoun yo, pou eseye pran pasyans ak yo. Yo te fè sa yo kapab pou ede elèv yo e kèk ladan yo te gen siksè (omwen sa k rive jwenn yon diplòm *high school*).

(\*). **SECHÈL** (Seychelles). Selon konstitisyon (ki adopte 8 jen 1993), lang nasyonal nan peyi Sechèl se: *anglè, kreyòl ak fransè*. To moun ki ka li ak ekri se: 62% a 80%. «Yo te adopte kreyòl, lang matènèl 94% popilasyon an (1990), kòm premye lang ofisyèl nasyon an nan ane 1981. Anglè se dezyèm lang peyi a epi fransè, twazyèm lang lan. Yo rekonèt tout kòm lang ofisyèl. Bi anfas k ap kontinye fèt sou kreyòl la se pou fasilite ansèyman lekti a elèv nivo eleman tè epi pou ede tabli yon kilti distenge ki makònen ak eritaj li. Plis pase yon tyè Sechèlwa yo kapab itilize lang anglè a, e gwo majorite jèn Sechèlwa yo kapab li anglè, ki lang gouvènman ak komès. Se lang palman an, byenke moun k ap pran

lapawòl kapab itilize kreyòl oubyen fransè tou. Atik pi pibliye nan jounal prensipal yo ekri an twa lang». (Sous enfòmasyon sa a soti nan: *U.S. Library of Congress*, enfòmasyon an liy - tradiksyon anglè → kreyòl: E. W. Védrine).

**(\*) SE KREYÒL MWEN PALE**

*Mèsi Papa Bondye dèske se kreyòl mwen pale  
Ala bèl lang sa a bèl!  
Mwen di sa m panse ladan san tèt grate  
Mwen pa gen okenn vèb pou m konjige,  
Okenn sibjonktif m ap anplwaye  
Pa gen fè tilititi  
Pou blofe pitit natifnatal yon peyi  
Mèsi Papa dèske se an kreyòl mwen panse  
Mèsi dèske m fèt sou tè Dayiti  
Kote lang sa a soti  
Lang yon dal gwo Ewo te pale:  
Tousen  
Desalin  
Kapwalamò  
Anrikristòf  
Chalmayperal  
Yo tout te pale kreyòl  
Se nan lang sa a yo te kominike  
Pou yo te ban m libète  
Yon lang ki pa lang vini  
Lang kolon yo ta renmen detwi  
Men m p ap boukante lang mwen an  
Pou lang ki soti lòt kontinan  
Mwen p ap fè boukantay pou okenn bagay  
Zafè sila yo ki renmen esklavay  
Fòk se li pou m pale  
Se nan li pou m reve  
Se li m pi renmen  
Se li ki san mwen  
Kreyòl se nanm mwen  
Nenpòt Ayisyen ki ta meprize lang sa a  
Pa yon vrè kreyòl  
Se pa yon vrè natifnatal peyi d Ayiti  
Son w ti sousou lòt peyi  
Yon sousoubrake k pa gen kote pou l rete  
Yon reskiyè k toujou ap tann kras manje  
Yon moun ki san diyite  
Ki pa konn sa l ye.*

(\*) **SEZON SECHRES AYITI** (premye pibliye an 1994, dezyèm edisyon an 2005). Se youn nan roman trè ra Ayisyen ki anbake pwoblèm peyizan yo, pou kisa y ap kite Ayiti. Tit roman sa a gen 2 bi: *yon je de mo* e *yon metafò* ki santre sou pwoblèm politik Ayiti kote se toujou peyizan yo ki soufri plis nan sosyete nou an. Pa tèlman gen anpil moun ko pote atansyon a vrè pwoblèm y ap konfwonte epi eseye konprann mati yo pase, ki nan yon sans, fòse yo kite Ayiti. Tout pèsonaj nan roman an se peyizan yo ye. Ekri an 1992, se yon zèv literè ki fè n sonje peyizan Ayisyen ofisyèl Sendomeng te pimpe Ayiti jis kèk mwa aprè Jean-Bertrand Aristide te vin monte sou pouvwa (7 fevriye, 1991) kòm premye premye prezidan ki eli demokratikman. Majorite peyizan te vote l, ak espwa ke sitiyasyon yo ta chanje men malerezman, koudeta 30 septanm 1991 lan ki te voye Aristid an(n) egzil pou twazan chanje tout bagay. Mèsidyè se youn nan pi gwo ewo nan roman an. Li t ap travay nan chan kann an Dominikani, li se youn nan moun yo te pimpe Ayiti. Rive l rive Ayiti, li t ap eseye òganize peyizan yo tèlke òganize fon pou ranmase lajan pou ede tèt yo achte zouti nesèsè pou irige tè.

(\*) **THOMAS MADIOU** (1814-1844) nan pwòp pawòl li deklare kòman li t ap chèche yon liv istwa d Ayiti pou l li men l pa t kapab jwenn youn (aprè l retounen sot an Frans kote l t ap etidye). Li di papa l ke l pral travay sou youn. Rechèch volimine l sou sijè aprè, enspire anpil istoryen ayisyen.

(\*\*) **PLIS REFERANS SOU NON ANBA YO** nan liv *An annotated Bibliography On Haitian Creole: A review of publications from colonial time to 2000* (BIOHAC) ak sitasyon paj yo (Pou otè yo, nan seksyon *General Authors' Index*; pou tit liv, nan seksyon *Index of Titles*) ou sou entènèt la nan paj wèb *les oeuvres complètes de védrine*.

*Advanced Grammar of Haitian Creole*; Albert Valdman; Alix Renaud; Andre Vilaire Chery; Carrié Paultre; *Contribution à l'étude comparée du créole et du français à partir du créole haïtien*; Deslande Rincher (pp.); Diane Guillemain; *Dictionnaire français – créole*; Edner Jeanty; Ernst Mirville; Felix Morisseau-Leroy; Féquière Vilsaint; *Haitian Creole – English - French Dictiona*; Jan Mapou; Joel Theodat; John Reinecke; Jules Faine; Kesler Brézault (Keslèbrezo); *La langue française en Haïti*; *Le créole dans l'univers*; *Let's learn Creole!*; Mango Dyesifò; Manno Sanon (foutbolè ayisyen, koni o nivo entènasyonal); *Manuel d'initiation à l'étude du créole*; Maude Heurtelou; Odette Frombrum; *Pale kreyòl*; *Philologie Créole*; Pierre Vernet; Pradel Pompilus; Suzane Comhaire; *Syntaxe de l'haïtien*; *Techniques d'écriture du créole haïtien* (pp.); Yves Dejean; *999 Pwovèb Ayisyen*.